84 (2Чеч)6
А-12



А. Айдамиров

Маршонан цIарах

С 2 (Чеч)
А 36

А. Айдамиров

428195
155413



Чечено-Ингушская
Республиканская
Библиотека
имени А. П. Чехова

МАРШОНАН ЦІАРАХ

Национальная
ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦБ г. ГРОЗНОГО
364051 г. Грозный, пр. Победы 22

А-12

ЧУЛАЦАМ

Пролог 3
Хьалхара дакъа. Вешин весет 9
ШолгIа дакъа. Малх къилбаседехьара лепа 125

Айдамиров Абузар Абдулхакимович.

ИМЕНЕМ СВОБОДЫ

(на чеченском языке)

Редактор **М. Мусаев**
Художественный редактор **Ю. А. Шевченко**
Оформление художника **В. П. Глушкова**
Технический редактор **Х. Д. Юпаев**
Корректор **А. Х. Хаджимурадов**

*

Сдано в набор 22.V 1968 г. Подписано к печати 15.X 1968 г.
Формат 70x108 1/32. Объем 9,5 (13,30) п. л. Уч.-изд. 12,55 п. л.
Тираж 2000. СФ04322
Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по печати при Совете Министров ЧИАССР.
Грозный, 21, ул. Ленина, 14.

**

Заказ № 79.
Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по печати при Совете Министров ЧИАССР.
Грозный, Интернациональная, 12/33.
Цена 46 коп.

7-3-3
29-68

С2 (чеч)

«Хьовсал оцу воккхастаге... Шен дахарна кхерам боллушехь, цхьа кана кIа ден оцу берзанчу орца тIехь лаьттан коржам лоьху цо... Къен бу цуьнан даймохк, амма и стенан дуьхьа беза хатта цуьнга... Цо жоп лур ду хьуна: кхузахь ас сайна луъург до, кхузахь цхьанна а хьалха ас корта ца теIабо, кху лайно, кху дерзанчу лаьмнаша сан маршо ларйо...»

А. А. Бестужев-Марлинский.

ПРОЛОГ



Эзар иcс бIе пхоьалгIачу шеран Iаьнан шийлачу буса Яьссин хи йистерчу жимчу юьрта вуьйлира цхьа некъахо.

Бутт тоххара дIабуьзнера. Куьйга кхийсича санна, стиглахь даьржинчу седарчаша серладаькхинера лайн кIайчу шаршоно хьулдина Iалам.

Хан йоцчу хенахь урамехула воьдучу некъахочо ког безза боккхура. Хеталора, цуьнан когарчу летийнчу, якхийчу валенкаша иза юха а озийна, хIинцца охьатухур ву. ГIорийнчу цара а, цо лаьтта луьйзучу шогачу гIожо а цIийзадора шелделла ло. Цо ког мосазза боккху цIийзачу лайн гIовгIаной, наггахь тухучу екъачу йовхарший меттахъхьедора керташкара жIаьлеш. Амма уьш, шаьш Iохкуш бохбина меттиг а битина, ураме довла мало еш, дезага жимма бага а тухий дIатуьйра.

Букар таьIна воьду иза, урам некъаш къаьстачохь я морзахдовлучохь соций, шен дегI нисдой, гонах бIаьрг бетташ цхьана ханна хIуттий лаьттий, тIаккха, доккха са а доккхий, шен ги тесначу стоммачу гатанан пIаьлди-

ган доьхкарш белшашкахь нисдой, дIаволалора. Юьрта юккъе мел гIоьрти лагIлора цуьнан болар, сецар а дукха хуьлура.

Эвла юккъерчу майданахь лаьттачу рузбанан маьждигна тIе нисвелча, буйна къевлинчу хьозанан санна, тохаделира цуьнан дог. Говзачу куьйгаша цестина тIулг нийса хьажош доьттина хIара маьждиг, кхуьнан лаккха хьалаяхана момсар буьйсанан хьешо шен ма-хуьллу лоьхура юьрта юххе гIоьртичхьана дуьйна. Амма къоьжачу цIоцкъамашна кIелхьарчу сийначу бIаьргийн гIийлачу сина ца гира уьш, веана хIара царна тIеIоттавалац.

Маьждиган майданара дIасаоьхучу ураман некъашка бIаьрг а тоьхна, тIаккха, дуккха а тилавелла леллачул тIаьхьа новкъаваьллачух тера, цIеххьана ша лаьттачуьра меттахваьлла, царех цхьана новкъа дIаволавелира.

Шина а агIор тIекхозаделлачу бIарийн дерзанчу дитташна кIелхула болчу урамехула хьалавоьду иза, цхьа-ши бIе метр дIавахча, гу тIехь доллучу тIулган шина чуртана тIекхаьчча, жимма сецира. Барз боцу ши чурт цхьана докъаза байначийн безамна доьгIна хила тарлора. Царех цхьаннах букъ товжийна, вехха лаьттира некъахо. Кхузара дIа цунна, кераюккъехь Iуьллуш санна, шера гора ерриг юрт. Генна, охьа чуьра къорра хезара чехкачу Яьссин гIовгIа. Дехьо юккъехь нIаьна кхайкхира. Цунна жоп луш гена доццуш, цхьана дуткъачу озаца, йиш хаьлча санна, кхайкхира къона нIаьнакIорни. Дукха хан ялале шозлагIа декачу котаман гIовгIано дуьзира хIаваъ.

«Кху юьртахь, и серлонаш къегачу цхьана цIеношна чохь, маьрша бийшина Iохку хир бу сан кIентий... Айза а. КIентийн бераш а хила там бу».

Некъахочун дог тохаделира, юьхь гIийла екхаелира, кIадделлачу дегIе цIеххьана ницкъ беара.

Иза, чехкка волавелла, Iинца хьала а вахана, лакха маьIехь, бIарийн къеначу дитташна кIел сецира. Масех минот хьалха цуьнан даг чу иккхина воккхавер, деган йовхо дIаяйира гонах керт йоцуш тесна лаьттачу оцу къеначу бешо. Леррана гонах дIаса а хьоьжуш, бодашкахь цхьа хIума лоьхура цо. TIаккха хьаьдда вахана бешан цхьана маьIIе хIоьттира иза. Цуьнан сецар, лелар, дегIах цIе кхерстина хьийзачух тарлора хан мел ели.

Дуккха а иддачул тIаьхьа, бешан малхбузе маьIIехь, лаьттах дикка хьалаайабелла гучу борза тIехь сецира иза. Борза тIехь, цхьа аьрша айаелла лаьттачу цIенойн ширчу херцарша гойтура, кхузахь мацах цкъа цIеноп хилла хилар.

Оцу борза тIе а хIоьттина гонах гIийла бIаьрг беттара цо. Амма, мел хьежарх цунна ца карадора ша лоьхург, ца карадора доьхна иэккха доллучу дагна там беш цхьа а хIума. Цхьаннан чIир кхобуш санна, кхоьлина хьуьйсура наха гепаш хедийна, дохийна, дерзана даьхна бIарийн къена дитташ. ЦIенойн херцарех хIоьттина барз, гонах кертан лол боцуш лаьтта беш а къеначу кешнех тера хетара. Муьлххачу стеган даг тIе сингаттам тосур болуш дара гонах лаьттачу Iаламан сурт.

Дийнахь а долуш, некъахочунна юххехь хиллачунна гур дара, цуьнан аьтту бIаьрган цIоцкъама тIехула дIа болу ирчу герзо йинчу чевнах бисна цIен, беха муо кIезкIезиг кIайлуш, кийра хьаьвзинчу, цунний бен ца хаалучу, балиш цIаро кхохкийна сийна бIаьргаш, его чIениг.

Некъахочо стигла ирах а хьаьжна, пхенаш тIедевлла шога куьйгаш хьала кховдийра.

— ХIай ницкъ болу дела! Хьо хууш ву-кх ненан кийрара ваьлчахьана ас диъна къиза дуьне, ас лайна халонаш. Къанвелла, дегIера ницкъ эшна кIелвисинчу хенахь ас хIинццалц хьегнарг дицдеш бала гайта воллу-те хьо суна? Мичхьа бу, ткъеберхIитта шо хьалха кхузахь бисн-

на сан доьзал? Хьуна гуш ву-кх йиша-вешех, бевза-бевзарех ваьлла, цIа-цIа доцуш цхьалха висна со. Хьанна хьашт ду, хьан тIелоцур ву со? Ялхитта шарахь ас тIеман цIеран алу кегочу хенахь хIунда ца йира ахь сан Iожалла. ХIунда ца елира ахь суна Iожалла туркойн махкахь вешина уллохь я сийначу Сибрех накъосташца? Тоъур дац-те ахь сан зер, соьга хьоьгуьйту Iазап? Цкъа а хьуо дехнарг лур долуш велахь, лохьа суна тховса Iожалла...

Мохь тоьхна цо болийна кхайкхам дош мосазза олу аз лахлуш, шабаре белира. ЦIийбеллачу бIаьргашна чуьра юьхьанца къен ледда хиш, вал хаьдча санна, хецаделира, мотталора багара дош къамкъаргехь кхехкаш, дуьхьалонашца къуьйсуш арадолу. Воккхастаг кхойкхура. Кхойкхура мохь бетташ, кхойкхура шабаршца а, дукхах дерг бIаьргашца дехар деш. Амма цуьнан кхайкхамна жоп луш цхьа а вацара я стиглахь а, я лаьттахь а. Воккхастаг дIатийра, амма ца тийнера цуьнан кийрахь кхехка дог. Иза десташ, иэккха доллуш санна хетта, некхах катуьйхира цо. Цхьа хьере детталора иза.

Воккхастеган кийрара схьаелира кхагаран хьожа. Иза воьлхура. Воьлхура, шена гонах дерг дерриге а, ша дуьнен чохь дийна хилар а дицделла. Иза хIинца ойланца генна шен беран хене дIавахнера. БIаьрхиша дуьхьал бода хIоттийначу цуьнан бIаьргашна хьалхахула, хе текхо чалх санна, цхьацца, шишша дуьйлуш чекхдуьйлура цуьнан дахаран декъаза денош...

«Баккъалла а дика ян а ю, уггар дуьхь-дуьхьал долу ши хIума — тIом а, маршо а — шена чохь цхьа башха цхьаьна догIу и акха край».

Л. Н. Толстой. Нохчичоьнах лаьцна.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

ВЕШИН ВЕСЕТ



I-РА КОРТА

«Оцу лаьмнех летта кхозучу хIусамашкахь дехаш а ма ду адамаш... Кхузахь а деттало адамийн дегнаш хазахетарций, безамций, массанхьа санна, кхузахь а бу дахаре безам а, лаам а, дуьне мел ду даржийнчу адамийн берийн санна, хIокхера а ю цхьа Iалашо—даха а, къахьега а, сагатдан а, баккхийбе а, безам а...»

Декабрист П. П. Беляев.

Кхузткъе кхойтта шо хьалха, кхузахь, иза тIехиъна Iен пенийн херцарийн барз болчохь, тIе латта тесна тхов а болуш хиллачу кегийчу цIенойн мискачу хIусамашкахь машаре бехира цуьнан ден, Абубакаран бертахь жима доьзал.

Амма хIетахь дуьнен тIе валаза хиллачу Iелина ца доьгIнера шен да а, я иза чохь ваьхна цIенош а ган.

Iаьржа Iожалла йохьуш, нохчийн ярташ сийначу цIарах ягош Яьссица хьала волавеллачу инарлин барон Розенан яккхийчу тоьпийн татано цхьана дийнахь дохийра, сийначу бошмаша тIехула тхов а тесна Iуьллучу Гати-Юьртан машаре дахар. Iелина ца хезара оцу яккхийчу тоьпийн хIоьъначу юрт отуш, цIеран меттанаша цIенош хьерчош, ца хезара цIеххьана хIоьттинчу оцу къематдийно хьере динчу дохно хьоькху акха маьхьарий, ца гора гаттийчу урамашкахула, Iохкучу декъашна кIелхула йолаелла цIийн Iовраш. Цунна ца хаьара хIумма а. Иза оцу дийнахь шен ненан кийрахь вара, ткъа, нана юьртарчу кхечу зударшца цхьаьна оцу къематдийнах

едда, орцахь, юькъачу хьаннийн хотийн кIоргехь лечкъина Iара.

Ненан кийрахь Iуьллучу цунна ца хаьара шен да а, дейтта шо кхаьчна ваша Лоьма а, йогучу юьртахь, мостагIех леташ вуйла, ткъа нана, пхи шо кхаьчна Аьрзуй, цул йоккха ши йоIIий мара а къуьйлуш, важа зударий санна, юьрта са а диллина Iеш юйла.

Цунна цул тIаьхьа масех шо даьлча бен ца хиира, оцу буса байинчийн декъий дохьуш орца юха бевллачу юьртахоша майрачун дакъа а, чов хилла Лоьма а шена хьалха веъча шийла мохь баьлла охьайоьжначу нанас ша хеназа дуьненчу ваккхар. Берзан кIезан санна, шен дуьненчу валар акхачу хьуьнчохь, йоьхначу буса хилар. И дерриге а тIаьхьа хиира цунна.

Декъаза хилла цуьнан дуьненчу волу буьйса. Iаьржа буьйса хилла дIаяхана цул тIаьхьа цо дуьненчохь яьккхина хан а.

Iела тIе хиъна Iечу борзана шина а агIор кхин а ши барз бу. Царех цхьаъ хьанна а къаьстар болуш, лаьттах дикка айабелла, ткъа важа, оцу бешан, цигахь даьхначу адамийн дIадахнарг ца хуучо я леррана тIе тидам ца бахийтича кхин хаалур болуш а бац. Цигахь динера цераш доьзало шайн да вийначу буса дагийнчийн метта керла цIенош. Цул тIаьхьа дейтта шо даьлча, уьш лардеш шен къона дахар дIадала дийзира IелагIарна ден метта висинчу Лоьмин. Оцу дийнахь паччахьан эскаро цIеххьана динчу тIелатаро хIоттийнчу инзаречу суртан теш ша а хилира Iела.

И де Iелина гуттаренна даг чохь дисира. Оцу дийнахь байинчийн декъий наха дIадухкуш иза ша а вара кешнашкахь. Декъий барамашкахь ца кхоьхьура кешнашка. Цунна божарий ца тоьара. Уьш варданашкахь кхоьхьура цига. ОьгIазаллех юьзначу яххьашца, герзах боьттинчу наха, бист ца хуьлуш, лаьтте лора шайн дайн,

панойн, зударийн, йижарийн, вежарийн, кIентийн, йоьIарийн декъий... ХIетталц баьсса лаьттинчу сийначу бай тIехь цхьа бIе сов кошан барз, хIолламийн хьун хIоьттира оцу цхьана дийнахь.

Иза тIаьххьара де дацара буьрсачу тIеман. Дуьнен чохь а нуьцкъала, йоккха пачхьалкх, дуьненан къизачарна юкъахь а къиза паччахь шен берриге а ницкъаца нохчийн жимчу, маьршачу махка гIертара.

Жимчу халкъо шен паргIатонехьа къуьйсура.

Вийначу ден метта кIант хIуттура, вешин метта ваша хIуттура.

Лоьмин метта Аьрзуна юххе дIахIоьттира Iела а.

Оцу дийнахь дуьйна юкъах дихкинчуьра герз ца достуш, нуьйрара ца вуссуш, бовха кхача а биъна, тхов кIел кIедачу метта охьавижа аьтто ца нислуш дIаяхара цуьнан къона хан.

Уьш а дара адамаш. Церан кийрахь а дара безаман марзо а езаш, маршо а, дуьне а дезаш дегнаш. Амма уьш дера летара шайн а, шайх летачийн а цIий Iенош. Гор яI, ма лаьара царна цкъа а адамана топ ца йолийла, тур-шаьлта ца ойийла, цхьаннен а нана, йиша ца йоьлхийла! Пайда ма бац царна лаарх. IШайн доьзалш, шайн догIмаш, шайн цIенош, шайн даймохк ларбан деза церан, царна лаац шайн махка эскарш лоьхкучу генарчу оьрсийн паччахьо шаьш хьийзадойла, дуьненах хьегадойла.

Iелин кийрахь а догура бовхачу безамах дуьзна дог. Цунах цIе йиллира цуьнан юьртахочо Айзас. Царшимма сатийсира тIом чекхбаларе, цхьаьна а кхетта безамах марзо а оьцуш маьрша дахаре. Сатуьйсура, ши сту а боьжна дечиган нахарца ирзо аха, цхьа етт, тоьлий йолуш даха а хиъна, доьзал болоре. Амма церан сатийсар кхочушхила гена дара, тIеман чаккхе гуш яцара.

...Шемал тIелоцуш, нохчашна моьттура, тIом сихха чекхбер бу, колонизаторех шайн мохк цIанбина баьлча,

шаьш Шемал а цIехьа хьажор ву, шаьш, хьалха санна, патриархальни демократица дехар ду. Амма болабелла иттех шо а далале тIамо кхузахь хьалхатеттира баккхий а, кегий а тIеман куьйгалхой, динадай, совдегарш, Шемалан феодально-клерикальни пачхьалкхан чолхе йоцчу машинан бернаш, винташ, хьостамаш. Хенан йохалла цара шайн буйна къийлира халкъан лаг. Иза къиза таладора цхьана агIор Шемалан наибаша, вукху агIор тIамо.

Нохчашна кIордийна хьех а, сих а чекхваьллера и имам а, шайн Iадатан гIиллакхашца ца догIу шарIан Iедал а, амма лаъане а ца лаьара оьрсийн паччахьан Iедална кIел иэга а. Царна дика евзинера паччахьан инарлийн акха къизалла. Шемалан Iедале безам а боцуш, амма шайн ницкъ цунна дуьхьал берзийча паччахьан эскаршна дан хIума а доцуш, мел ца лаахь а садетташ, шина а къизаллех хьалхабовла гIерташ хIилланца а, ницкъаца а кIелхьарабуьйлуш текхира цара и тIаьххьара итт шо.

Паччахьан эскарша нохчийн тIаьххьара юрт — Ведана дIалоцучу хенахь ткъе ворхI шо дара Iелин. Оцу дийнахь а, хIетале а нохчийн дуккха а наибаша дIатесира Шемал. Амма буьрсачу наиба, бенойн БойсагIара ца витира Шемал, цо ша витталц. БойсагIаьрца цхьаьна Шемална тIаьхьа суьйлийн лаьмнашка вахара масех бIе нохчо. Цаьрца вара Аьрзу а, Iела а.

Шемал Барятинскийна йийсаре воьдучу дийнахь, БойсагIаьрца цхьана гонна юкъара волуш, мостагIчун туьро йиначу чевнан муо бара Iелин хьаьжа тIехь бисинарг.

Ягийна ярташ дIайохуш, хийла доьзал байлахь буьтуш, хийла да-нана доьзалх доккхуш, дийна бисинчарна цкъа а дицлур доцу ирча сурт хIоттош чекхбелира и бахбелла буьрса тIом.

Маситта шарахь лаьттинчу тIамо лаьхкина лелийна гIелбелла нах, шайн йохийна ярташ меттахIитто буьйлира. Масех шарахь вовшех хьегначул тIаьхьа Iелин а, Айзин а аьтто нисбелира цхьаьнакхета.

Шаьш къона хиларе терра, кIад ца луш къахьегарца царшиммо, мацах цкъа шайн дас цIенош динчохь лаппагIанаш юьйгIира. Етт а, дужуш хьайба а дацара царшиннан кертахь. Уьш хьехо а ца оьшура. Чохь цхьана маьIIехь, поппараш терхина тIе хIоттийна дечиган, кхийраш масех пхьегIий, цIенкъа тесна цхьа-ши кхакхий, сона хIоттийна кохьаррий, цунна юххехь гирда сов хьаьжкIаш чохь, йоманаш техкина галий — иза бара царшиннан бахам. Амма и шиъ хьага кхин тоьлла бахам болуш доьзал ерриге Нохчичохь а кIезиг бара. И шиъ цхьаьнакхетча я ловзар а, я синкъерам а ца хилира. Ца ихира керта совгIаташца зударий а. И гIиллакхаш цкъа ца хилча санна, моллица мах а бина, тийна дIадирзира нускал далор.

Сингаттаме дара керла даха хиъначу къоначу шина адаман цIенойн дерзина пенаш. Оьшург бен хIума дацара, хIетте а шаьшшиннал ирсе адамаш дуьненахь а дац моьттура къоначарна. Дахар хала мел хили, оьшург алсам мел дели чIагIлора юккъера безам. Вовшийн дезаро оьшург ца гойтура, безамах дуьзна ши дог юх-юххехь долуш атта дара денна тIетеIа халонаш лан. Амма иза цхьа йоца, кIеззиг юкъ яра. Мецачу барзах тера бага а гIаттийна тIе хIоьттина лаьттачу мацаллей, къеллей хьалахьажа ца лууш, шаьш шайн Iехо гIерташ царшимма тоькху денош а чекхдевлира.

Гор яI, ма атта дара гуш волчу мостагIчуьнца герз буйнахь къийсам латто! Ма атта дара иза! Амма муха къийса деза тIамал а буьрсачу мацаллица, къеллица? Муха йицъян еза дайшкахь дуьйна лаьттина маршо, муха нйза деза нйза ца Iемина олаллин дукъ?

ГIоли яц ткъа валар, лай хилла вехачул? Иза бохура хIораммо шега. Иза олий гIоттура хIора а, амма церан некъ тангIалкхашна тIе я Сибрех хуьлура. Вийра къена БойсагIар а, хьаьшира шотойн Iумма а. Шайн стратегически хьесапашка хьовссий, Iедалша дIасалоьхкура ярташ. Дуьйцура, уьш ГIебартойн махкий, Теркал дехьа гIалгIазкхашна юкъий кхалхийна, нохчашкара мохк дIабоккху, нохчий керста дине берзабо бохуш. Нохчичоь юьзна лаьттара паччахьан эскарш. Туркойн махкахь бен карор яц паргIато, машар, цигахь ялсамане ю, бохуш, нахана цига кхалхар хаздеш лелара гихойн наиб СаIдулла, зандакъойн наиб Шахьболат, гезлойн Хасу, бильтойн молла Нуркиши, кхин масех а.

Къизчу тIамо ах хIаллакбинчу, хIоьттинчу хьоло берриг хIаллакбан герга болчу нахана мичча бахана а, шайна синтем безара, хIаллак хиларх хьалхабовла лаьара.

ХIетахь я Iелина а, цхьанна а ца хаьара нахана туркойн махка кхалха хаздийриг, паччахьан Iедало хIирийн Мусегахула царна эзар туьма ахча деллийла, шаьш цига кхалхар оьрсийн паччахьана а, туркойн султанна а оьшийла. Царна ца хаьара, дуьнен чохь массанхьа а нийсо яцар, харцой, къизаллий юйла.

БIарзбелла уьш тийшира шайга дуьйцучух.

Iелина дагадеара, 1865 шеран бIаьста салтий, эпсарш юххе а баьхна, шаьш гIаш туркойн дозанашка дигар. Муш а, Эрзарум а шахьаршна юххехь ерзинчу стигли кIел массеран къинхетамах хаьдда нохчийн пхи эзар доьзало текхна ялх бутт. Мацалло хIор денна дIахьора бIе, ши бIе стаг. БIарзбелла нах Муш шахьарна цхьана дийнахь шозза тIелатар. Шаьш даймахка цIа дерзийтар доьхуш наха яздина де. Цо дехар духатоьхча, шаьш цIа дерза новкъа довлар. Чохь синош ду аьлча стаг теша хала, тIехула гуш можа чкъор бен хIума доцу адамийн чархаш, ши эзар ялх бIе стаг, зудий, бер Россин дозане

кхачар, цигахь туркойн эскарша шайна яккхий тоьпаш йиттина и доьхна де. Оцу дийнахь туркойн эпсаран куьйго вожийна майра Аьрзу...

Царна ца хаьара паччахьийн дворецашкахь, тIеман штабашкахь инарлаший, дипломаташий шайх йохкаэцар йойла, ца хаьара цара шайна къайлах кечъеш къиза Iожалла юйла.

Ткъа царна гонах и гезган маша бузу масех шо а дара...

1334/13
4881/95

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЧГБ г. ГРОЗНОГО
364051 г. Грозный, пр. Победы 2

Чечено-Ингушская
Республиканская
Библиотека
имени А. П. Чехова

2-ГІА КОРТА

«Кавказехь вайн урхалла цхьана ца доГІура меттигерчу къаьмнийн хьашт-дезаршца а, юкъаметтигашца а... Шемалал тІаьхьа кхин керла деятель ца гІаттийта а, гІаьттича цуьнан кхиам ца хилийта а цхьаъ оьшу: гуманни а, нийсонан а урхалла хІотторца, ламанхойн оцу тайпанчу деятельшка долу хьашт дІадаккхар...»

Н. А. Добролюбов.

Кхузткъе кхолгІачу шеран бІаьстенан юьххьехь Терски областан эскарийн командующи хІоттийна Іаьржачу аматахь, хьийзина Іаьржа корта а, хаза ши мекх а долуш, лохочу дегІахь, ткъе берхІитта шо хенара инарлалейтенант граф Михаил Тариэлович Лорис-Меликов синтем байна хьийзара оцу дийнахь.

Диллина лаьттачу коре а водий, геннахь лаьттачу лаьмнийн раьгІнашка а хьоьжуш, ойланашка волий вехха хІуттий а лаьттий, тІаккха ша-шеца лохха къамел а деш, цІенкъа тийсинчу кІедачу кузашна тІехула чехкка дІасаволалора иза.

Кавказ дІалацале а, дІалаьцначул тІаьхьа а — даима Россина хала хиллачу областана коьрте хІоттийнера иза императора. И гуш долу лаьмнаш, и буьрса мохк, цигахь деха и къар ца лун адамаш — дерриге а цуьнан куьйгаллина кІел ду. Оцу махкана, оцу адамашна тІехь Іедал латто белла боккха тІеман ницкъ бу цуьнан карахь. Амма Михаил Тариэловичана ша, тоьпан молханах дуьзна дІахІоттийнчу чермина тІе хиъна Іеш санна хетара.

И ойланаш тахана дуьххьара ца йора Михаил Тари-

эловича. Шен дагахь дерг ма-дарра цо дІаяздинера Тифлисе, Кавказски Эскарийн Коьртачу Штабан начальнике инарла-лейтенанте Карцовга. Цул тІаьхьа бутт сов хан яьллера, амма цигара хІинца а жоп дацара.

Лорис-Меликов синтем байна хьийзара...

Кавказски тІом Нохчичохь чекхбелира я иза иэшна а, я Росси тоьлла а йоцуш. Нохчаша дІатесча йийсаре ван бен Шемална кхин некъ ца буьсийла хуучу фельдмаршала, эла Барятинскийс машаран барт бира нохчашца. Ткъа шарахь ягийна чим бинчу Нохчичохь хІоттийнчу оцу барта тІехь, ах кхачаделлачу, мацаллой, цамгарший, къеллой бІарздинчу, хаддаза бечу тІамо кха чорна тІедуьгучу, гинчу иэрчонаша артдинчу, нуьцкъалчу оьрсийн паччахьана кхин дІа дуьхьало ян ницкъ боцчу, машаречу дийне сатуьйсучу нохчийн халкъо тІелецира ша бен тІом сацо а, кхин цкъа а дуьхьало ца еш Россина муьтІахь хилла саца а. Паччахьан правительствон цІарах сардала тІелецира нохчашкахь герз дита а, уьш салт ца баха а, церан дин, къоман гІиллакхаш ца талхо а, мохк ца хьебан а.

Шемал йийсаре веъча, ламанхошца долу гІуллакх чекхдаьлла а, Кавказ тІаьххьара а караерзийнарг а лерина, паччахьан правительство Нохчичохь шен колониальни Іедал хІотто юьйлира. Иза дора аьртачу тІеманколониальни урхаллин методашца—къоман гІиллакхаш, амалш ца лоьруш, дукха хан йоццуш нохчийн халкъаца шаьш бина машаран барт эхь ца хеташ бохорца.

Шайн уггар дикачу, аренца долчу лаьтта тІера дІабаьхна нохчий дерзанчу лаьмнашка а лаьхкина, и латта гІалгІазкхийн колонисташна а, оцу тІамехь шайна гІо динчу гондІарчу къаьмнийн элашна а, шайн халкъана ямарт хиллачу нохчийн эпсаршна а, динадайшна а, совдегаршна а дІадийкъира паччахьан Іедало. Ламанца йолчу ярташкарчу доьзалшна шайн кхаш тІера даьлла ялта

кхузткъе итт денна, ткъа цанин аренашкара хьаькхна йол ткъех денний бен ца тоьура.

Гатте доьллина халкъ иэрчачу къелле доьжнера.

ТIаккха кхузахь юха а, цхьаъ вукхунна тIаьххье хуьлуш буьйлабелира антиколониальни гIовттамаш. ТIаьхьтIаьхьарчу гIаттаман оьмар йоца а, декъаза а хуьлура. Уьш къиза хьоьшура паччахьан инарлаша. Церан куьйгалхой бойура, дакъалацархой Сибрех хьийсабора, ярташ хIаллакйора. МостагIчунна йохкаеллачу къоман буржуазис а, динадайша а чоьхьара барт бохош долу, вуьшта а ницкъ иэшна къам, цхьаьна а тоьхна, колониальни Iазапна дуьхьалдаккха ницкъ ца тоьура тIеман баьччанийн. ТIехула тIе, паччахьан Iедалша иэцна динадай а кхойкхура нахе паччахьна, цуьнан Iедална муьтIахь хиларе.

ХIинца халкъа юккъехь яккхий гIорториаш яра паччахьан Iедалан: цо лерана юзош кхиайо нохчийн феодально-буржуазни а, динадайн а, эпсарийн а лакхенаш. Кхузткъалгlачу шерашкахь, къоман-маршонехьа болчу къийсамна тIехоттало чоьхьара классови къийсам.

Нохчий дагахь а бацара къарбала.

Юкъарчу гIаттамах догдиллина цхьаболчара, ткъа вукхара и хирг хиларх а тешаш, амма шайн мостагIех биэкхам иэцар оцу хене дIатетта собар ца хилла, антиколониальни а, классови а кийсаман керла мур болийра — обаргалла.

Лорис-Меликовс кIелхьарадовла некъ лоьхура...

3-гIА КОРТА

«ХIай дела, ма инарлаш а бу-кх тхан кхузахь! Чинашка а, лакхаваларе а йолу сан жерго кхин тIе а чIагIъян кхоьллича санна бу-кх уьш!»

А. С. Грибоедов.

Михаил Тариэловичан ойланаш юкъахъехира тIулг хьажош тобинчу урамера схьа хезачу ленаш тоьхначу говрийн бергийн татанаша. Иза ладоьгIна а валале, гIопах чоьхьавелира ялх бере. Уьш ца бевзийла дацара. Хийла эпсар шех хьоьгуш зоьртала, элдар-дегIара инарла-майор Кундухов, виллина цунна улло ваьлла хуьлу парталчу дегIара цуьнан ваша Афакой, церан виъ ялхой.

Дукха хан яллале чувеанчу адъютанта хаам бира, Кундуховс ша тIеэцар доьху, аьлла.

— Чувола ала! — реза воцуш кхоьссира Лорис-Меликовс.

Ша цIена кавказец воллушехь, ткъа Кундухов кавказец хьовха, шен гонан стаг воллушехь, цуьнга безам бацара графан. Кундухов — хьуьнаре инарла а, ламанан халкъашлахь сий долуш къоьнаха а хиларна ца везара цунна иза. Амма Кундухов, империна дуккха а гIуллакхаш диний, Петербургехь якхий зIенаш йолуш а, массара сий деш а, тешам луш а стаг хиларна цунна са ца диттича ца волура.

Дерригенал а Лорис-Меликовна собар лург берриге ламанхой гучуьра дIабевр болу хан гена ца хиларе догдахар дара.

— О, Мусса Алхазович! Мича дикано валийте хьо тхо долчу! — маракхета санна, ши куьг дIаса а тесна, цунна тIе волавелира Михаил Тариэлович, амма и ца деш, цуьнга мелла куьг а делла сецира.

Кундуховна охьахаа шена дуьхьал кIеда кресло а гайтина, дукха ирахь хьийзина настарш кIадъелла ша а охьахиира иза.

— Ткъа, дийцахьа дукха сагатлой хьан хьайн Скут-Кохехь? ХIун ду керла?

— Ломахь хIун керланиг хезар ду? Керла хабарш дерриге а кхузара, Владикавказера, дIаса ма даьржа. Со-м уьш дахьа ма вогIу кхуза. ТIаккха, хьо ларавой гIуллакхашца?

— Суна-м хаац цунах лаьцна айса хIун эр ду. Соьга хIара гIуллакх делла а биъ бутт бен хан яц. Динарг кIезга ду, амма планаш яккхий ю.

— Цуьнан Императорски Воккхаллина хьалха доккхачу сийлалле кхаьчна хьо Хьан Локхалла. Кавказехь уггар хала область хьан кера елла цо. Иза боккха тешам бу.

— Ас дозалла до цунах.

Оцу масех минотехь коьртера дIаевлла чолхе ойланаш уьйриг хилла юха а коьрте хьаьвзира Лорис-Меликовна.

— ХIаъ, со цунна хастам бина а ца волу, и тешам цо сайна баларна! Амма хала-м ду. Гой хьуна, Кавказ кераерзийна аьлла шозза кхайкхийна вай: пхи шо хьалха цкъа а, хIинца, дукха хан йоцуш, кху деношкахь шозлагIа а. Кхузахь вай тIом чекхбаьлла лору пхи шо кхаьчча. Кху махкарчу кхин долчу къаьмнашка граж-

данственность тIе а иэцийтина, царна тIе бера а йиллина, цара налогаш а тоькху. Ткъа нохчашка иштаниг хIинца а хьехадойла яц. ОхI-вай, ма гена ду-кх вай хIорш кераберзо. Масех де ду ас кху гIуллакхан ойла ен. Латта тоац. Мел лехарх ца карабо кIелхьаравала некъ. Иэккха боллучу вулканна тIехь лаьтташ санна, хета сона суо.

— Цхьа некъ ца карош дуьсур дац вай кхузахь а. Йисинчу ерриге а Кавказехь хIоттаелла порядок Нохчичохь а хIотталур ю. Хьан план къобал ца йина Коьртачу Штабо?

— Жоп дац. Нагахь къобал яхь а, цуьнан кхиамца кхочушхилар шеконе ду. Нохчичоь шина декъе а йоькъуш, нохчийн ламанца йолу ярташ аренца йолчех а хедош, кхузара дIа Хасу-Юьрта тIе кхаччалц гIалгIазкхийн станицаш яхкар атта гIуллакх дац.

— Вуьшта, нохчий бертахь бевр буй ткъа цигара дIа? Вайна ма-хаъара, царна санна, шайн даймохк дукха безаш къам дуьнен чохь кхин хир а дац.

— Дуьхьало-м йийр ю. Цаьрца дерг чекхдаллалц арахьарчу мехкашца вайн тIом ца хилахь-м, догдохийла яра кхиаме.

— Дала гIо дийр ду. Ницкъ ца тоьучохь хIиллане волу стаг, — цхьа хIума къадош элира Кундуховс. — Ницкъаца нохчий къарбан гIертарх вайн гIуллакх ца хирий-те моьтту суна. Кхузара кхин каьмнаш керадало атта дара. Элашна, ханашна, динадайшна чинаш, совгIаташ луш, уьш Iехош а, оьцуш а, кхерош а схьалийцира вай ДегIаста, ХIиричоь, ГIебарта, кхиерш. Ткъа кхузахь иза дер ала меттиг бац вайн. ХIара шен амалехь къам ду. Вай ницкъ тIе мел теIо, дера дуьхьало еш, хIаллак хир бу уьш.

Кундухов, шен къамел а сацийна, къайллах Лорис-Меликовга а хьоьжуш, сецира. Командующин хьекъале-

чу бIаьргашна чохь йоккха гIайгIа гора Мусина. Амма Муса сих ца лора ша дохьуш веанарг дийца.

— ХIаъа, нохчий кIел совцур бац, — доккха са а даькккхина, долийра цо. — Тешалахь сох, Хьан Локхалла, цара хIинца а иттаннаш шерашкахь дуьхьало йийр ю вайна. Кхин вайна синтем ца хуьлуьйтуш, шаьш хIаллак хир бу уьш. Ткъа, хьан план кхочушхирг хиларх со а ву шек. Цигара шаьш кхечухьа кхалхор дIа ма-хьединнехь, герз кера оьцур ду цара. Иза кийчча тIом бу. Юха а дIадолалур ду шовзткъалгIа шо. ХIетахь вайна нохчашка бийца мотт карийнехь, кху тIаьххьарчу ткъа шарахьлера тIом ца хила а мегара. Цунах лардала деза хIинца мукъана а.

— Со а ву цунах тешна. Шемал Ахульгахь веллера, амма нохчаша денвира иза. ХIаъа, Шемалан оьмар кхин а ткъа шарна яхйира цара.

— ХIан-хIа, ткъа шарна яхйина ца Iа. Суна хетарехь, дегIастанхоша дIатеттинчохь висанехьара, муьлхха а бунтар санна, цIе йоцуш вовр вара Шемал. Ткъа оцу шовзткъалгIачу шарахь шен ирсана Нохчичу нисвелла иза дуьнен чохь цIе яхана стаг хилла дIахIоьтти. Доцца аьлча, нохчий ца хиллехь, Шемал хир вацара, амма Шемал ца хиллехь, царна кхин карор вара.

— Бакъду иза. Оцу тIаьххьарчу ткъа шарахь цунна бIаьхой а, сурсаташ а латториг Нохчичоь яра. Берриг бохург санна, и беха тIом нохчийн лаьтта тIехь хилира. Муьлш бара цуьнан уггар тоьлла наибаш? ШоIип, ТIелхиг, Батукъа, СаIдулла, БойсагIур, Эдал, Эска, ГIойтамар! Еккъа цхьа тIеман образовани ца тоар бен, шайн хьекъалций, хьуьнаршций европейски полководцел цуьрриг а оьшуш-м дер бацара уьш.

— Толара, алахьа, толара. Мосазза йиттира цара вайн цIе яхханчу полководцашна, — тIетуьйхира Кунду-

ховс, шен лулахойн майраллина Лорис-Меликов къера хиларх дагахь воккха а веш.

— Вайн иэхьана ишта дан а ду иза. Оьрсийн салтийн шина тIаьхьено тIом бина хIара мохк дIалоцуш. Кхузахь бахчалуш кхиъна кхузаманан цIе яххана полководцаш а.

Лорис-Меликовн къера ца хуьлийла дацара. Кавказ дIалоцуш бинчу бехачу тIамехь лаьмнашкахь-хьаннашкахь бечу тIеман луьра школа чекхъяьккхира оьрсийн салташий, эпсарший. Кхузахь Iеминчу салтех, эпсарех вовшахтоьхна а, оцу тIеман урокаш хьоьхуш-Iамийна а дара Россехь тоьлла Кубански а, Сунженски а, Терски а гIалгIазкхийн эскарш. Гуш ма-хиллара, эрна ца дайра инарла Ермолов шен хенахь лаьмнашкахь-хьаннашкахь тIом бан керла эскарш кхолла гIертар. Французаша Алжирехь, австрийцаша Къилбседа Италехь, англичанаша Индехь, тIаккха бурски тIамехь а Ермоловн оцу системех пайда а оьцуш бинчу тIемаша баккхий кхиамаш бехира.

Кавказски эскарш оьрсийн эскаршлахь уггар тоьлла дакъош хилла лаьттира иттаннаш шерашкахь. Ламанхошца бечу тIемашкахь Iемина, бахчабелла бара оьрсийн эскарийн уггар талантливи тIеманачальникаш: Турцина тIехь баккхий толамаш баьхна инарлаш — Орбелиани, Бебутов, Бриммер, Тер-Гукасов, Лазарев, англофранцузашца хиллачу тIамехь гIарабевлла Лиддерс а, Тотлебан а, Юккъерчу Азира Ханстваш дIалецна Кауфман а, тIеман министраш хилла Милютин, Чернышев а. Кхузарчу тIеман школехь кхиънера ша тайпа, тIаьхьа лаьмнашкахь-хьаннашкахь бечу тIемийн говзанчаш инарлаш: Круковский, Слепцов, Бакланов кхин иттаннаш. Амма оцу инарлийн наггахь а вацара нохчийн наибашна хьалхара мосазза а вадазаниг.

— Тамашийна къам ду нохчий. Шаьш тоьлар боций

а хаьа, нисса ах хIаллак а хилла, хIетте а къарбала ойла,а яц, — ша-шега санна вистхилира Лорис-Меликов.— Испански герилье маликаш хилла кхаьрга хьаьжча.

Цул тIаьхьа ши инарла вовшашка вист ца хуьлуш вехха лаьттира. Малх чубуза герга бара. Де суьйренгахьа лестича самаелира гIала а. Арахь наггахь говраш а чехош, чIоггIа вовшашлахь къамелаш деш, салташца забарш еш хIиттина лаьттира Мусин некъахой а.

— Михаил Тариэлович, суо дохьуш веанарг дийца пурба лохьа суна? — хаьттира Кундуховс эххар а.

— О, со бехке ву, Муса Алхазович! — бехкала вахана хьаьвзира командующи. — Сайна тIедиллинчу жоьпаллин гIуллакхан ойла ян а хIуттий, цкъацкъа кхин дерг дерриге дицлой суна-м. Со ладугIуш ву-кх хьоьга.

— ХIара край къаръярехь вайн государана сайн ницкъ кхочу гIо дан лаьа суна, — жимма ладоьгIуш Iийна, вистхилира Муса.— Хьан план — цIий Iенош бен кхочушхир яц. Вуьшта а ах сов хIаллак хилла нохчий. Юха а цIий Iенорах къахка деза вай.

— Иза дара суна луург а. Амма муха?

— Шовзткъе ткъоьсналгIачу шарахь санна, ламанхой шайн лаамехь Турце кхалхор карладаькккхича бакъахьа хир дара.

— ХIан-хIа, Муса Алхазович, иза ца хиндерг ду. Царна шера ма хаьа кху тIаьххьарчу шерашкахь Турце кхелхинчу Малхбузе Кавказерчу туземцех новкъахь а, дIакхаьчча а хилларг. ТIехула тIе, ахь ма-аллара, нохчашна чул шайн даймохк дукха безаш къам кху дуьненахь а дац.

— Ткъа, хьуна луучу, Жимчу Кабарда а, Сунженски полкийн лаьтта тIе а кхелхар буй уьш?

— Цига кхалхор атта хир ду. ХIунда аьлча Кубань гена яц церан махкана.

— Кхузахь хьо галваьлла, Хьан Локхалла. Оьрсийн

бахархошна юккъехь даржийча, шаьш керста дине а дерзийна, шайн маршо а, шайн мотт а, къам а дарна кхоьру малхбузера ламанхой, цига ца кхалха, Турце кхелхира. Турцехь шайна ялсамани кароригхиларх теша нохчий а.

— Царна и моьтту бохучух со-м ца теша.

— Кхечу агIор мухха делахь а, — Турци бусалба пачхьалкх ма ю. Дин — политикан коьрта гIирс бу массо а пачхьалкхийн. Вайна-х къайлах даций Малхбалин гIуллакхехь динах ваьш боккха пайда иэцар. Закавказера халкъаш Россих схьакхетийтанарг а, Балканерчу халкъийн ойла вайгахьа йоккхург а — дин ду. Закавказехь вай Армянски область кхоьллича цига бусалба Иранера а, Турцера а ведда маситта эзар эрмало веара, ткъа Турцица вайн тIаьххьара хилла ши тIом чекхболуш иштта Россе кхелхира маситта эзар болгараш, сербаш. Ас ма боху хьоьга, ницкъ ца тоьучохь стаг хIиллане кхевда. Вайн боккха аьтту бу, цуьрриг ваьш бехке а ца хуьлуш, нохчий шайн лаамехь Турце кхалхо.

— Делахь хIета, нохчий Турци кхалхор ду-кх хьан дагахь дерг? Иза-м дика идея ю, нагахь кхочушъялахь. Схьайийцал хьайн план, суна чIогIа дика хетар ду, иза тIеэца мегаш хилахь.

— План-м хIумма а чолхе яц. Малхбузе Кавказерчу ламанхошна юккъехь Евдокимовс санна, нохчашна Турце кхалхар хаздеш, кхузахь агитаци лелор ю вай. Царна юккъехь султанан цIарах прокламациш яржо а тарло. Евдокимовс а дирий ткъа иштаниг. Цул сов, цигахь санна, тIаьхьо кхелхачарна вай казенни ахчанца гIо дича мелхо а дика хир дара.

Лорис-Меликов гIайгIане велавелира.

— Хьоме Мусса Алхазович, массо агIор а мел йоккха башхо йоллу нохчашний, Къилбседа Кавказерчу дисинчу къаьмнашний юккъехь? Цигахь Евдокимовн санна, аьтто бац вайн. Цкъа-делахь, цигара туземцаш хIор-

да йистехь бара. ХIордехьа йолу агIо маьрша а юьтуш, вукху, кхаа агIонгахьара эскаршца тIетаьIначу графа, цигарчу туземцийн, шайн мохк а буьтуш, Турце бовда дезийтира.

— ТIом болчу хенахь уьш кхалхар-м кхеташ ду. Ткъа тIом чекхбаьллачул тIаьхьа кхелхинарш?

— Цунах кхета-м кхин а атта деца. Цигара ахархой церан туземни аристократин долахь бара. Ткъа и элалгаш вайна ма моьтту Iовдал бац. Россехь помещикийн долара ахархой мукъабаьхча, уьш кхерабелира шаьш вайн кера баьхкича, шайгара ахархой а, царна тIехь лаьтта шайн Iедал а шайн керара дIа а даькхина, шаьш ялкхан тIе ховшорна. Цундела цигара туземни аристократаш шайн ахархошца цхьаьна Турце бовда сихбелира. Ткъа даима цара аьлларг дан Iемина, бодане ахархой царна тIаьхьахIиттира. Казенни ахчанца царна вай дина гIо ахь хьехадахь, иза хIумма а доцург ду: сина — ши сом! Бакъду, кху шарахь буьгучарна пачхьалкхан харжах кеманаш-м лийцира вай.

Муса, къоланна тIехь лаьцна къу санна, вуьйхира цхьана минотана.

— Амма, нохчий Турце кхалхалург хиларх со тешна ву-кх. Ас дукха ойла йина цуьнан.

Лорис-Меликов ара бIаьрг а тоьхна, сахьте хьаьжира.

— Садайна дели вайна-м вайша цхьацца дуьйцуш Iешшехь.

— Делахь хIета, ас доцца дуьйцур ду. Нохчий хIордан йистехь а бац, церан элий а бац. Амма уьш маьрша нах бу. ТIом чекхбаьлла, амма царна вай бIаьрга дан ца деза. Церан молланаш а, шайлахь лоруш баьччанаш а бу. Ахчанах ца дохкалуш а, ца эцалуш а адамаш дукха дац. Цхьа масех молла а, цIеяхначу баьччанех цхьашиъ а вай иэцча, цара кхузахь тIехиндолчу дахарх дог-

доккхуш, нахана Турце кхалхар хаздеш агитаци лелор ю. Со оьрсийн эскарийн инарла велахь а, уьш сох чIогIа теша. Нагахь вайн барт хилахь, цхьа-ши шо далале нохчийн кхо эзар доьзал дIабигалур бу соьга.

«Цкъа долчунна бакъ ма лоь хIара, — ойла йора Лорис-Меликовс, — хьанна хаьа, цхьа аьтто нисбала а мегий хIоккуьнан-м. ГIуллакх хилахь дика ду, ца хилахь башха галдала хIума а дац».

— Тхоьгара хIун оьшу хьуна?

— Нохчашна Турце кхалхар хаздеш агитаци лело царех пхи-ялх стаг иэца итт эзар сом ахча деза суна уггар хьалха. Ас цаьрца «къайлах» бен барт шайна ца хуучуха тийна Iен деза шу. ХIунда аьлча, ас дуьйцург а, лелориг а шун бертахь дуйла хиъча гIуллакх кхиамца чекхдериг хиларе догдохийла а яц. Иза, цхьаллиг цхьанна ца тосадолуьйтуш, йоккхачу къайлехь латто деза.

— Айхьа дIахьийсо нохчий Турцехь тIеоьцург хилараи, ца хилараи ойла йиний ахь?

— Дуьйцуш воллий со-м. Нагахь вайн барт хилахь, ас, кханнехь Константинополе а вахана, и гIуллакх, сайна бевзачу нахехула дуьйцуш, цигахь дIанисдийр ду. Уггар коьртаниг хIинца а ца аьлла ас. Нагахь ас дагалаьцнарг кхиамца чекхдалахь, со гIуллакхера мукъавакхар а, нохчашна тIаьххье сайн доьзалца Турце кхалха бакъо ялар а доьхур ду ас шуьга. Амма цига вахар сан нислур дац, нагахь правительствос соьгара сан латта а, цIенош а цунна боггIучу мехах дIа ца иэцахь.

«Нохчий кхечухьа кхалхараи ма чIогIа бала кхаьчна-кх хIоккунна. ХIун дагахь лела-те хIара?» — ойла йора Михаил-Тариэловича.

— Хьуна хIун пайда хуьлу нохчий цига кхалхарх? — хаьттира цо Iе а ца велла.

— Суна хIун пайда хир бара? Декъаза къам ду иза.

Нагахь соьга уьш цига бигалахь, ас хIаллак хиларх кIелхьарабоху уьш. Иза бу-кх суна хуьлу пайда.

«Оцу тIехь-м аьшпаш буьттура ахь. Хьох хилахьара хьайна луург, нохчий тхан кочара бевличхьана. Цига ваханчу пхи бIе эзар ламанхочунна тIаьххье цхьа хIири вахарх тхан хIун галдолу».

— Мел ду хьан латта?

— Ши эзар бархI бIе десятин. ТIулгех йина яккхий гIишлош а ю.

— ХIун доьхур дара ахь ерриге хьайн именех?

— Шовзткъе пхи эзар сом уггар лахара мах бу церан.

«Аьшпаш буьтту ахь, инарла. Хьан бахаман мах пхийтта эзар соьмал тIех бац».

Аудиенци чекхъяьллийла хаийта санна, хьалагIеттира Лорис-Меликов.

— Дика ду, Мусса Алхазович. Хьажа мегар долуш идея ю хьайниг. Кестта йолчу ханна со Тифлисехь хир ву. Цигахь, цуьнан Императорски Локхаллин Кавказски эскарийн коьртакомандующина хьалха хIоттор ю ас хьан план.

Кундухов дIавахча, Карцовга ша хьалха дахьийтинчу запискина тIедузарш а деш, хIинцца Кундуховца хилларчу шен къамелах лаьцна сихха кехат яздира Лорис-Меликовс:

«...Къилбаседа Кавказерчу къаьмнашлахь барамана дукха хиларо а, шайн юкъараллин дIахIоттамо а, мехкан топографически башхаллаша а аьтто беш, массарчул тIех а, чIогIа а, еха а, дера а дуьхьало йина вайна нохчаша. Кхузара дерриге къаьмнаш гражданственность тIе а иэцна, шайна тIе ехкина беранаш токхуш, къарделла кIел севцца, амма нохчий дуьхьало ечуьра совца дагахь а бац...

Нохчичохь дерриге галдаькхинарг, кхузахь Iедал хIотто а, нохчий къарбан а новкъарло йийриг мохк бу.

Хала дацара Закавказ, Дегlастий схьалаца а, цигахь керла lедал хlотто а. Кlезиг адам, дукха мохк болчу цигахь масех тlеман чlагlо дlа а лаьцна, оьрсийн масех юрт йиллина, хьалхалерчу lедалан урхаллин кеп хийцичхьана дlаделира. Оцу гlуллакхо цуьрриг ца талхийра церан бахаман хьалхалера дlахlоттам. Ткъа, Кубански областе гlалгlазкхийн станицаш яхка йолийча, хьалха хиллачу тlамо кlаддина цигара къам, шайн мохк а битина, Турце кхалхаро мукъа даькккхира церан латта. Хlордаца дехачу оцу къаьмнийн иза дан аьтто бара. Ткъа массо агlор хьаьшна, цига баха ховшийнчу колонисташна юкъа а ийна дисна кегий къаьмнаш хенан йохалла лар йоцуш довр ду. Кхин хьал ду Нохчичохь. Вуьшта а кlезиг латта долчу нохчашна гатто йина, церан дуьхьало кагъяр lалашо йолуш, царна юкъа ваха хаийначу бlе эзар гlалгlазкхичо. Ялта кхиорехь уггар тоьллачу лаьтта тlе гlалгlазкхийн станицаш яхкаро рицкъах хадийна нохчий кхин тlе а карзахбуьйлу. Цхьана агlор шера, еса ареш, вукху агlор лайн лекха лаьмнаш долчу церан меттиг яц цигара дlасабовла. Вуьшта, уггар токхе ах латта цаьргара дlадаькккхинехь а, тlеман lалашонна боккха аьтто болуш ду церан керахь дисина важа ах дакъа. Хlинца шаьш ма-барра битича, сагlадоьхургийн хьолехь хене бовла а аьтто боцу уьш хаддаз вайна дуьхьало еш бен lийр бац...

...Цундела ас шуна хьалха хlиттабора нохчийн гlуллакх дерзоран цхьаъ бен боцу некъ: lаьржачу ломаца Гlачалкхан дукъаца йолу ярташ Гlеберта а кхалхийна, ламанца болу нохчий аренца болчех хадор, Владикавказа тlера схьа Хасу-Юьрта тlе кхаччалц гlалгlазкхийн керла станицаш яхкар. Оцу гlуллакхана лаххара а кхо-диъ шо хан, къинхьегамца йоккха харж еза. Цул сов и гlуллакх чекхдаллалц Нохчичохь муьлхха а гlаттам хьаша даима кийча эскарш а, кхечу пачхьалкхашца йолу юкъа-

меттиг ма хуьллу машаре латто а еза. ТIаккха аьтто хир бу кIез-кIезиг юьллуш царна тIе налог, оброк йилла а, гражданственность тIеэцийта а, уьш Iедална кIел совцо а...

Амма дуьхьало ца еш нохчий шайн махкара дIабевр бу бохург хьехо а ца оьшу.

Цундела суна лаьа, Терски областехь вай кхидIа дан дезачу гIуллакхашна боккха аьтто хир болуш инарла-майора Кундуховс сайна хьалха деана гIуллакх Хьан Локхалле сихха дIахаийта. Тахана Владикавказе веанчу Кундуховс соьга хьахийра Терски областерчу туземцашна Турце кхалха лааран гIуллакх царна юккъехь юха а меттахъхьадан тарлуш хилар. И гIуллакх шена тIелоцур ду ша боху цо, ша къайлах ден долчу некъаша аьхкенан кхаа баттахь кхо эзар доьзал цига бохуьйтург хиларх тешна а ву иза.

Ша тIелаьцна гIуллакх кхиамца чекхдаларан коьрта закъалт лору инарла Кундуховс, оцу гIуллакха юккъехь ша дакъалоцуш хилар къайлехь латтор, цул сов и чIогIа тешна ву, ша деш долу гIуллакх правительствон бертахь дуйла халкъана хаахь, ша хIуъу дарх иза кхиамца чекхдериг ца хиларх. Цундела ас цунна дош делла, хIара гIуллакх чIогIачу къайлехь латто дезарх лаьцна Хьан Локхалле яздан.

Инарла Кундуховс элира соьга, и гIуллакх кхочушхилахь, ша Одессе я Турце кхалха а мега. И гIуллакх долош уггар хьалха шен доьзал Турце дIахьажо ойла а ю цуьна. Нагахь кхелхина боьлхучаьрца ша дIавахаро оцу гIуллакхана пайда лахь, шена делла латта а, шен цIенош а правительствос дIаэцаре догдахар а хаийтира цо.

Нагахь санна инарла Кундуховн предложени Цуьнан Императорски Локхалло къобалъяхь, ма-хуьллу сиха иза кхочушъян цунна бакъо ялар бакъахьа хета суна.

Цундела, Хьан Локхалле чIогIа дехар ду сан, оцу гIуллакхана Государ Воккхачу Элера бакъо ехар а, нагахь цо иза лахь, уггар хьалхавогIучу курьерца я телеграфан депешаца сайга хаам бар а.

7 май 1864 го. № 34, Владикавказ гIала».

* * *

Цул тIаьхьа нисса итт де даьлча, Лорис-Меликовга Тифлисера телеграмма кхечира:

«Владикавказерчу телеграфе. Потера. Телеграмма № 198. 17 май 1864 шо.

Правительственни.

Владикавказ.

Эскарийн Командующега.

Сийлахь-воккха Эла реза ву инарла К. предложенина. Буьззана кхиам хуьлийла а лаьа. Гена мел бехи дикахо ду. Карцов».

4-ГІА КОРТА

«ХІара хІун коменданташ, хІун полковникаш бу кхузахь берш бан ткъа!.. Кхаьнаш иэцар доцург хІумма а ца хаьа, я хаа а ца лаьа...»

А. А. Бестужев-Марлинский.

Ерриге шен орденаш тІе а оьхкина, цхьа наггахь хуьлу меттиг тІехІоьттича бен духуш доцу кІайчу исхарийн чоа а дуьйхина, юкъах тоьлла герзаш а дихкина, Іаьржа верта а кхоьллина, уггар дикачу дина а хиъна, ваша юххе а ваьккхина, хьеший чуэца эвлах ваьлла воьдура Кундухов.

Ша дехьна гІуллакх кхиамца чекх а даьккхина, Константинополера иза цІа вирзина цхьа кІира сов хан яра. Цигахь шен гІуллакх ма тов чекхдериг хиларх цуьрриг шек вацара иза воьдуш дуьйна а. Алхазан Мусина Петербург а, Константинополь а цхьаъ яра. Шиннахьа а бара цуьнан баккхий хьеший. Мелхо а, хьалха дуьйна цига кхелхина яккхий хьаькамаллин меттигаш дІалецна дуккха а хІирий, кавказски кхечу къаьмнех нах болчу, туркойн столицехь цунна аттахо дара гІуллакх дийца а, нисдан а. Бакъду, цо хІинца дехьна гІуллакх, башха цунна ма моьтту атта а ца хилира. Туркойн правительствона даггара лаьара, кавказски ламанхойх уггар карзахе а, доккхачу къомах а болчу нохчийн пхи эзар доь-

эал шайн махка тIеэца. Царна ца лаарх доьхна хIумма а дацара; дерриге а дохийнера бухарчу, хIетта цига кхелхинчу чергазийн ламанхошка хIоьттинчу хьоло.

Кавказски тIеман чаккхе хьалххе дуьйна гуш хилла дукха молланаш а, таронаш йолу нах а, Шемал йийсаре вахале а, ваханчул тIаьхьа а шайн лаамехь бевдда Турце кхелхира. Церан гIуллакх цигахь дIанисделлера, хIунда аьлча, уьш кисанахь шортта ахча а долуш бахана хиларна. Нохчий Турце кхалхаран гIуллакх айана Россин дуьхьа а, нохчех къахеташ а лела ша бохуш, Кундуховс Лорис-Меликовга дийцинарг цIена харц дара. Дуьххьал дIа, хьекъалечу коьртана гора Россехь хуьлуш лаьтта социальни хийцамаш а, цуьнан хинйолу тIаьхьало а, къаьстана шех хиндерг а. Кавказски тIом чекхбаьллера, Россия кхузахь чIоггIа ког а гIортийна дIахIоьттинера. Хьалхалера сий хирий-те хIинца хIирийн алдарийн? ХIан-хIа, шаьна ца оьшучу бевлча паччахьан Iедало юьстах теттира гуьржийн дворянаш, абхазски элий. Шех а изза хиларна кхоьрура Кундухов. Мел иза хьекъале, хьуьнаре инарла велахь а, кхидIа карьере догдохийла яцара цуьнан. Цул сов, Россехь крепостной ахархой мукъа баьхнера. ХIинца изза деш ду Закавказехь а. Кестта и закон Къилбседа Кавказан лаьмнашка а кхочур ду. Долахь леш боцчу элан ши кепек мах бац. Цу тIе, ахархой ца хилча ши эзар бархI бIе десятин лаьттах цо хIун дан деза? Хьанна хаьа, Iедало мукъабаьхначу ахархоша, мийра а тоьхна, дIакхосса а тарло иза. Иштта хилла меттигаш ю.

Цунах кхоьруш, шайн долара бовлале ялхой а иэцна, хьалххе Турце кхелхинера Кубанерчу ламанхойн мехкадай. Амма Кундуховна иштта ведда ваха ца лаьара. Хьанна хаьа, цигахь гIуллакх ма-луъу ца нислахь, юха цIа верза а ма веза. Цундела Россира дIавала веза-

ра пачахьан Iедална хьалха дикачу цIарла а хуьлуш, безчу мехах цунна шен латта а, бахам а бухкуш.

Шен доларчу юьртан ахархой иэцна ваха а ца лаьара Кундуховна. Иза — тIеман стаг ву. Ткъа цуьнан ахархой латталелорна бен кхечу гIуллакхана пайде бац. Уьш тIаьхьа а хIиттийна Турце вахарх, цигахь каръера ялур яц цуьнга. Цул Нохчичуьра уггар паччахьан Iедал ца деза, бехачу тIамехь вахчавелла цхьа эзар тIеман говзанча а иэцна Турце кхелхича ма тоьла. ТIаккха цигахь цунна йиллина хир ю ирсан неIарш. Нохчийн цхьана шина полкаца иза гIаравер ву цигахь. Хьанна хаьа, цуьнца цига вогIу нохчо-м масех эзарнга вала а мегий. Цхьа дивизи нохчийн дошлой! Уьш-х цо хуьйцур бацара дуьненан муьлххачу а паччахьалкхан дийнна цхьана эскарх. Цаьрца дан цунна шортта гIуллакхаш ду Балканехь а, Жимчу Азехь а. Нагахь Турцис цхьанца тIом болабахь? ТIаккха цаьрца иза чекхвер ву Месапатамехула, Аравехула, Египтехула. Ткъа, Туркоша Россица бен тIом-х цкъа а бац хедаш. Росси бIаьрга ян ца еза нохчий, оьрсий тIеман говзаллий, Кавказ евза инарлий — иза баккхийчу кхиамийн закъалт ду. Веза дела, цунна шеца Шемалан гIарабевлла нохчийн наибаш — шелахойн ТIелхиг, шотойн Ботукъа, гиххойн СаIдулла, бенойн Солтмурд, мичхойн СоIада, Эски а, веданхойн Эдал а вига велча! Бенойн БойсугIур ца вийнехьара, Iумма а, Атаби а лацаза велхьара.

И ойланаш дукха йинера Мусас оцу тIаьххьарчу шарахь. Турцехь нохчий тIеэцаран гIуллакх а цо дIанисдинера. Цигахь цунна сацам боллуш дош деллера эскарехь лаххара а пашин чин дала. Цкъачунна и тоьар ду. Иза ламин хьалхара тIегIа ду, цигахь оцу тIера хьалаволалур ву Муса.

И дара Муса Терски областан начальник волчу валийнарг.

Амма уггар а коьртаниг хьалха ду: нохчий цига дIакхалхор.

Нагахь СоIдулла а, Iелаха а, хIетахь, цаьршингахула биснарш а тIеберзо ницкъ кхочур бу цуьнан.

Тахана къасто деза Мусас дагалаьцнарг кхочушхир ду я дац. И ойланаш а еш, шен шуьйрачу махке бIаьрг а бетташ накъосташна иттех гIулч хьалха воьдура иза.

5-ГІА КОРТА

«...Мохк тІеман хьолехь хиларо тІедохкура, ламанхой шайн оьздангаллех бохор кхион долу, амма вайн ницкъ чІагІбен долу гІуллакхаш царна юкъа даржор... ХІетахь вай къобалйора нохчочун сутаралла... ХІетахь бохо безара вайна зуламе, ламанхойн шайн даймахке болу безам, дезара царна юккъе девнаш, питанаш тийса... ХІетахь цаьргара тІеман шпионство а, ямартло а оьшура вайна... ХІинца цигахь чІогІа оьшу нийсо енйолу диканиг луу, оьзда администраци...»

Н. А. Добролюбов.

Цкъа уггар хьалха делкъан ламазаш дарца делан дехкар дІа а делла, тІаккха токхечу шуьне хевшира хьеший.

Кавказски ламанхошна юккъехь бІеннаш шерашкахь схьадогІу гІиллакх дохо ца лууш, уьш кхача биъна бовлалц хеттарш ца деш Іара хІусамда. Декъаза шуьна оьгура тІерачу дерстанчу жижгах цІанъелла даьІахкаш. БІаьрг тІехІотта ца кхиош лахлора жижган а, галнийн а баьрзнаш. ХІинцале а дассийнера гуьржийн цинандольски кемсийн дикачу чагІаран масех шиша. Амма, хьаьж тІей, логаххий дайн хьацар тохар бен кхин цуьрриг шек бацара элдара-догІмаш долу зоьртала хьеший а, хІусамда а.

Детица, дешица кхелина маІанаш уьйуш хІусамдена а, цуьнан доьзална а, хІирийн, нохчийн къаьмнашна юккъерчу доттагІаллина а тІера кедаш муьйлура хьешаша.

ТІаьххьара а кад айбана, шена дош ала пурба дийхира хІусамдас Алхазан Мусас.

— Сан хьоме хьеший, нохчий! Сайн дешнаш хьуна

тIе дерзадо ас, СаIдулла. Цкъа-делахь, шуьшиннах хьо воккха ву, шолгIа-делахь, вайша шира ши доттагI ву. Суна хьо вевзина, я вуьшта аьлча — гина, нисса ялхийтта шо хьалха, Хьалха-Мартана уллохь. Iелаханна а хезна хила тарло цигахь хиллачу тIамах лаьцна. ХIетахь тхоьца ца ларийра, Шемалан Нохчичу керла ваийтина наиб, ДегIастанара Абкаран Дибир. Тхо духа ца дахаделира майрачу, ас даим лоьруш волчу, хьекъалечу полководце шелахойн ТIелхаге а. Амма ахь коьртах хIума туьйхира тхуна СаIдулла. Цкъа тоьхна ца Iийра, дуккха а йиттира. ХIетахь ерриге а Кавказски лини аьрру агIорхула хьайн цIе яххаичу хьаргIачу динахь, тхан дошан дарц тергал а ца деш, парггIат схьа а хьоьжуш хьуьнан йистехула хьан чекхвалар хIинца а сайна гуш санна хета суна. ХIаъа, ахь цIена этира тхан эскарш, берриге инарлаш цецбуьйлура хьан майраллех. Пурба лохьа суна, хьоме СаIдулла, хIара кад хьайна тIера дIамала. Дала лардойла вай ямартлонах, дала къонахалла ма эшайойла вайна!

— Амин!

Кедахоша шайн маIанаш ясса а йина охьаехкира, ткъа СаIдуллас шениг юха юза Афоке дIакховдийра.

— Хьан дашна юкъаиэккха ца лиъна, дерриге ала витира ас хьо, Муса, — элира цо цIечу чагIарх юьзна маIа кара а лаьцна. — Ахь, со ТIелхагал лакхавоккхуш дош алар нийса дац. ТIелхаг—тхан нохчийн эскаран хье бара, ткъа тхо дисина наибаш цуьнан куьйгаш дара. Цуьнга кхочуш наиб цхьаъ вара—дала гечдариг, цIонтаройн ШоIип. Цундела, суна луур ду къеначу ТIелхигна а, шотойн Ботукъана а тIера вай цхьацца кад мала.

— Бакълоь хьо, СаIдулла, — тIетайра Алхазан Муса. — Амма ас айса аьлларг ТIелхаг лахван гIерташ ца элира. Хьуна нисса ала лаахь, ТIелхаг нохчийн эскаран хье хилла ца Iара. Хууш ду Шемал — нохчаша вина стаг

хилар. Дуьненна а хаьа цуьнан тIеман ницкъ, тоьлла наибаш нохчий хилар. Шу дIакъаьстича, тIемаш хадийна аьрзо санна, Шемал гIорсиз висина хилар а. ДегIастанхой, цигара наибаш, динадай цкъа а, цхьана дийнахь сарралц а тешаме ца хилира цунна. Ахульгохь Шемал вохийначу дийнахь Россин когашка юьйжира ДегIаста. ХIетта яхана Шемалан цIе а юьйжира. Тхо тешна дара Къилбседа Кавказ гуттаренна а тхешан керахь хиларх. ТIаьххьарчу ткъа шарахь лаьттина тIом шу бахьанехь болабелира. ШовзткъалгIачу шарахь нохчий ца гIевттинехь билггал чекхбаьллера иза. Ахульгохь велла Шемал денвинарг шу нохчий а, цуьнан тIеман сий айанарш шун наибаш — цIонтаройн ШоIип, даьргIойн Жовтха, аьккхийн Уллуби, ГIойтмар, мичкхойн СоIду, шотойн Ботукъа, веданхойн Эдал, гумсойн Эски, бенойн БойсугIур, Ахьверда — Махьма, кхин дуккха а майра, хьуьнаре кIентий бара шайн коьртехь шелахойн ТIелхаг а волуш. Со реза ву царна тIера кад мала!

Цхьа а чу ма вита аьлла, Мусас омра дарна, хьешашна гIуллакх деш чохь цхьа а ялхо вацара. Цундела, царна кад буттург Мусин ваша Афока вара. ЧагIарх юьзна маIанаш массара а буйна йоьххича СаIдулла вистхилира.

— Кавказан сира лаьмнаш мел деха, цуьнан кийрара буьрса Терк бух мел дуьйлу, де-буьйса мел хийцало, дуьненчохь са долу хIума мел еха, и цIерш яьхнарш санна майра, хьуьнаре, хьекъале, тешаме къонахой ма оьшийла кху вайн хьомечу лаьмнашкара! Цхьана а къоман нанас дена ма войла яхь йоцу, тешам боцу кIилло кIант, и вича ма вехийла хIара маьлхан дуьне даа. ХIара нана-лаьмнаш мостагIех лардеш хеназа беллачу къонахошна дала эхарт лойла, дийна бисинчара хIара Iаьржа латта гIоза хьоьшийла!

— Амин!

— Дала барт цхьаъ бойла вайн, кIентий!

— Амин!

Веа стага маIанаш юха а хьалаерзийра. Чохь тIадам а буьтуш, уьш стоьла тIе охьахIитто йиш яцара. Иза дуккха а мийла Iеминчу Мусас, Афакос сихха яссийна охьатийсира шайн керарнаш. Дагара ца хаийта гIерташ, нуьцкъала дIамелира Iелахана а.

— ХIаъ, дагадогIу суна, Муса, ахь дуьйцу денош, — элира СаIдуллас, шен кад дIа а мелла, мекхех куьг а хьаькхна. — Бакъдерг аьлча, оцу деношкахь оха хIума туьйхира оьрсийн инарлех. Цигахь шайна хиллачу зено Чахкара-гIала юхабовла дезийтира церан. Амма цкъа а тхан меттиг ца хуьлура тхешан толамех даккхийде. Шаьш Хьалха-МартантIара юха бовлуш цара къиза хIаллакйира ярташ, бошмаш, ялташ, цанаш. ГIунаш чу елла говраш тийсира.

— Амма и хиъначу ахь цара хадийнчу хIор диттана дуьхьал цхьацца салти-м вийра!

СаIдуллас гIайгIане корта хьовзийра:

— ХIун пайда бу биэкхаман? Тхан халкъо бIеннаш шерашкахь къахьоьгуш кхиийна бошмаш, ярташ паччахьан эскарша цхьана дийнахь чим беш ягайора. ХIинца, сагIадоьхургаш санна, лела тхо. Берриге нохчий ломан кIажа берзийна, ткъа мегаш долу латта гIалгIазкхашний, эпсаршний декъна. ЦIубдарш санна, тхох бекхаш бу берриш. Масех бIе урд латта делла Iодин ВахIабана, Къурмин берашна, Чермин Орцина, кхин иттаннаш паччахьана хьалхара лелачу писашна. Эла санна, ваха хиъна Шамурзин БатIа. Цицигашка ун деъча дахка хуьлуш, дехкашка ун деъча цициг хуьлуш шен цIока ядийна лела и гIизби.

— Ахь хIунда ца доьху хьайна совгIат? Хьо вац Шамурзин БатIа санна? И санна Шемалан наиб а хилла хьо, хIинца и санна, майоран чин а долуш, паччахьна гIуллакх деш а ву хьо?

— Цунах санна, сох тешац Іедал. Суна ца хаьа, цунна санна, халкъана ямарт хила!

— ХІун башхо ю? И санна, Шемал дІа а тесна, хьо а ма велира паччахьехьа.

СаІдуллин юьхьа тІехула цІе бос кхерстира.

— ХІан-хІа, башхо йоккха ю. БатІа шен лаамехь велира оьрсашкахьа. Цо доккха гІо дира царна тхо дохо. Со — тхаьш иэшна девлича, толаме догдохийла дІаяьлча, эрна адамийн цІий ца Іенорхьама велира. Цул сов, сол хьалха Евдокимовна тІевахара мичкхойн наиб Эска а, шотойн наиб Ботукъа а.

— ТІаккха, ТІелхаг, Умалт, Эдал а, Дуба а. Доцца аьлча, шун халкъан тешам байна шух, Іедална хьалха сий а дац шун. Шаьш мел дукха дахарх, ахь цІерш яьхначу, паччахьна гІуллакх дечу нохчийн эпсаршка кхочур дац шу. Уьш-х шун Іаьржачу мІаран меха нах а бац.

— Хаьа суна, Муса. Суна иэша а ца оьшу ахь дуьйцу сий. Паччахьна нохчий а бухкуш оьцу чинаш а, бахам а эшац суна.

— Амма, мел новкъа хуьлу хаьий хьуна, ахь ма-аллара, и цхьа писаш коьшкала хевшича? Я хьуна бен а дац иза? Суна-м, ала дашна, суо санна болу, нах сайн гихь лелочул, суо церан гихь лелар бегІийла хета.

— ХІумма а дац. Жимма сатухур ду оха. Сихалло са диъна, собаро лам биъна боху кицано. Цхьа де догІур ду, оха, уьш гира охьакхиссина, тхешан халкъ марша доккхуш.

— ХІета, бакъ даний, нохчий керлачу гІаттамна кечлуш бу бохург?

— Хаац. Ахь ма-аллара, тхан нах сох тешац. Тхо хьалха хиллачу наибех цхьаннех а ца теша уьш. Церан гІуллакх къайлах ду. Амма тера ду цхьаъ вовшахдеттачух.

Мусиний, СаІдуллиний юккъера къамел сецира. ХІинца, хІоре ойланашка а ваьлла, цхьана кІеззигчу юкъана дІатийра и шиъ. Мусас Іоттаре аьллачу дешнаша СаІдуллина карладаькхира, ша, Шемалах дІа а къаьстина, оьрсашкахьа ваьлла де.

...ТІеман оцу тІаьххьарчу шарахь Барятинский лоьруш лелийра СаІдулла а, бисина, бевдда шайгахьа бевлла наибаш а. Ткъа тІом чекх а баьлла, нохчийн хьаннашка ондда ког а гІортийна шаьш дІахІиттича, паччахьан инарлашна бицбелира уьш. Наибаш боху цІерш яра церан, амма кхин тІехъдаьлла Іедал дацара церан керахь, цхьа Шаммурзин БатІа воцчун.

— Ахь Іоттар йина суна, Муса, — элира хІетталц Мусас а, Іелахана а дечу къамеле ла а доьгІуш, амма царшиммо дуьйцург ца хезаш Іийначу СаІдуллас. — Далла дика хаьа ас динарг сайн цІоканах кхоьруш динехь а, ца динехь а. Тхуна маршо езара, кхетий хьо, тхешан вархІий дайшкахь дуьйна схьа хилла нохчийн маршо. Тхуна ца лаьара тхаьшна юккъера элий бовлийла, тхаьш цхьаннан а ялхой хуьлийла. Цундела хІоттийра оха Шемал тхаьшна коьрте. Моттара оьрсашца дерг кестта чекхдер ду, тІаккха имам иэккхийна шайн Суьйличу дІавохуьйтур ву. Амма дерриге а ца нисло ма моьттту. ТІом бахбелира. Шемал нохчашна тІе нуьйр тилла гІоьртира. Нохчашна ца везара я иза а, я паччахь а. Хьуна ма хаьа, оцу ткъа шарахь оха лелийнарг. Имамаца а, паччахьца а, юха вовшашца ца торлуш, вовшийх леташ а хІаллак хили тхо. Ткъа шо. Хаддаза тІом. И берриге а Нохчийн махка тІехь. ДІадийна ялта чудерзадойла а ца хуьлура. ТІамехь даькхинарг бен рицкъа дацара. Зударий бераш дан ца кхуьура. Нисса ах сов хІаллак хилира тхан къам. Тхо кхераделла ца севцира, ткъа ницкъ кхачийна, гІелделла, тІаьхье йоцуш дерриге хІаллак ца хилархьама, оьрсашца машар а бина, севци-

ра. Кхетий хьо, Муса, адам эрна хIаллак ца дан вахара со инарлина тIе!

— ХIета, ас халахетийтина-кх хьуна, СаIдулла? — эсала вистхилира шен хьешан кхехка дог хуу Муса. — Ас, дагахь хIума доцуш, аьлла дешнаш дара уьш. Гечделахь.

— ХIан-хIа, Муса, стагана гечдан бакъо яц тоьллачун бен. Ткъа со иэшнарг ву. Хьо паччахьан инарла ма ву. Нохчийн пхеа эзар доьзалан боццучул бахам бу хьо цхьаннан долахь. Хьан сий ду. Хьуна хиъна хьайна некъ баккха. Россехь дешна веанчо, котаман кIорни дуьйчул башха ца хеташ, цIий Iенадо шен вежарийн. Со миска ву, амма цIийша буьзна шун бахам сайн ца хилийта, сагIа доьхуш лела а реза ву!

Iелахас муьшка йира шен накъостана:

— СаIдулла, ахь ден къамел лан хала ду. Диц ма делахь, вайша Мусин хIусамехь хьаша хилар!

СаIдулла, ша хиъна Iечуьра хьала а гIаьттина, кIедачу кузашна тIехула чехкка дIасаволавелира.

— ХIусамдена а хаа деза шен хьешан чевнаш ларъян. Кхетий хьо, Муса? ХIор нохчочун дегIа тIехь и дуьзина луьра чевнаш ю. Ма хьее уьш, ма е Iиттарш, тхан чевнаш карзахйоху аш! Шаьш тхуна йина чевнаш ерза йита!

Лом карзахдала доллийла хиъначу Мусас, хьалагIаьттина СаIдуллина тIе а вахана, цуьнан белшаш тIе куьг диллира.

— ОьгIаз ма эхахьа, доттагIа. Вай дерриг ламанхой, цхьа вежарий ма ду. Цхьанна иккхина лазар массеран а дегIе кхерста вайн. Со мила ву? Инарла! Кхин дIа хIумма а вац! Цхьана хенахь хьо санна, со а оьшура паччахьана, хIинца совваьлла. Хьох тешачул а ца теша сох. Сан кийрахь бац моьтту хьуна бала? Айса шуи халкъан Iенийнчу цIийно буса наб кхета ца вуьту со, оцу

къих хьалхавала некъ лоьхуш синтем байна хьийза. Цунна кхайкхина ас шуьша схьа а. Нагахь сох теша а тешна, ашшиммо ас аьлларг дахь, ас хоуьйтур ду-кх шуьшинна нохчийн халкъан дуьхьа сайн са дIадала а со кийча хилар!

СаIдулла, сиха Мусигахьа а вирзина, нур иэца санна, лерана цуьнан бIаьргашна тIевогIавелира. Амма царна чохь цунна ца гира я ямартло а, я вохар а, я кIиллолла а.

— Схьадийца, Муса, къиза хиллехь а, амма цкъа а къонахаллех воьхна ца хилла хьо.

— Цкъа саметта а волий, охьахаахьа. Вай дуьйцу дерг кIезиг гIуллакх дац.

...ШолгIачу дийнахь, хьеший дIа а хьовсийна, цIа вирзинчу Кундуховс доцца кехат яздира. Лорис-Меликовга:

«Хьан Локхалла, Михаил Тариэлович!

Наибе СаIдулле дуьххьал дIа а, кхетош а дийцира ас, хIинца шаьш болчу хьолехь битича нохчашна хиндолу зен а, оцу хьолехь уьш биса таро яцар а, ткъа оцу хьолехь баха реза боцчарна хIара мохк а битина Турце кхалхар тоьлаш хиларх уьш кхето безар а. СаIдулла массо агIор а соьца реза хилира, шайн гергарчу нахаца цхьаьна шаьш уггар хьалхарчаьрца кхелхина цига дIадоьлхий а хоуьйтуш, ма-хуьллу сиха халкъ дIакхалхор хIоьттинчу хьолах кIелхьардаккха цхьаъ бен боцу некъ хиларх а тийшира. Со санна, иза тешна ву, адам дIакхалхар зензулам доцуш, машаре чекхдериг хиларх, иза дIадолор ду буц яьллачу хенахь. Мартан хьалхарчу дийнахь хьо волчу, Владикавказе вогIур ву со.

Даггара хьо лоьруш волу Хьан Локхаллин тешаме лай Мусса Кундухов.

26 февраль 1865
Скут-Кох эвла».

6-ГІА КОРТА

«Кавказехь бечу тІамехь вай дІакхоьхьучу некъашна дуьхьал хІинццалц схьа гІеттинарг со дуьххьарлерниг а, цхьаъ а ву, цундела хІара край йита дийзи сан. Кавказехь вай дечу гІуллакхаша дагабохкуьйту испанцаша Америка дІалоцуш юьхьанца хилла берриге а бохамаш, амма кхузахь суна гац и дІалоцуш Писарон, Кортесан хилла кхиамаш а, турпала хьуьнарш а. Оцу мехкашдІалецархоша Испански истори тІехь йитинчух тера, Кавказ дІалацаро оьрсийн истори тІехь цІийн лар ма юьтийтойла дала...»

Инарла Н. Н. Раевский.

Гуьйренан тІаьххьара бутт хаза беара оцу шарахь. Кхоларш йоцуш декхна денош, дегІана там беш бовха малх. Амма сарахь-Іуьйранна лергийн тІилдигаш зийзош шело хуьлура. Дукха хан яра лаьмнаш сирделла. Де-дийне мел дели герга гІертара ло. ХІинцале а кхераме дара Гуьржин бІаьн новкъахула Тифлисе ваха. Делахь а, Кавказехь вина, кхиъна волу Михаил Тариэлович ца кхоьрура Іаламан буьрсаллех. Цунна дош ца хетара лаьмнашкахула, чІажашкахула, лайн токхамашна кІелхула и гена некъ. Іай бІозза Тифлисе вахар гІоли яра, иэккха йоллучу Нохчичу хиъна Іечул.

Тифлисе кхаьчча цхьана дийнахь-буса са а даьІна, Коьртачу І[illegible]бе вахара иза. Тахана иза кавказски столице валийнарг кІезиг гІуллакх дацара. Бакъду, я Коьртачу Штабан Начальникана Александр Петрович Карцовна а, я цуьнан Императорски Локхаллина Воккхачу Элана Михаил Николаевична а гуш бацара хьалха лаьтта и кхерам.

Коьртакомандующис Кундуховна бакъо елира Кон-

стантинополе ваха а, нохчий цига тIеэцаран а, уьш дIатарбаран а хьокъехь туркойн правительствоца къайлах дийцарш дан а, барт бан а.

ГIуллакх кхиамца чекх а даьккхина Кундухов цигара цIа вирзина бутт сов хан яра. Константинополехь волчу оьрсийн векалан гIоьнца динчу дийцаршца церан къайлах барт хилира кхузара нохчий Турце дIакхалхо, ткъа туркойн правительствос тIелаьццера уьш шайн Махка бита а, шайнна билгалдинчу лаьтта тIе дIатарбан а. Коьртакомандующи а, цуьнан штабан начальник а тешна вара гIуллакх дика чекхдаьлла хиларх. Амма Кавказ а, Азиатски Турци а, кхузахь дехаш долу дерриг къаьмнаш а церан амалш а, гIиллакхаш а, шен куьйган пхи пIелг санна, дика девза Лорис-Меликов реза вацара оцу бартан цхьана агIонна. Нохчий Турце кхалхор шина а правительствона чIогIа луург дара. Амма шина а правительствос лоьхург ша-ша пайда бара, ткъа оцу тIехь туркойн правительствон Арахьарчу гIуллакхийн министра Iелам-Пашас граф Игнатьев а, инарла Кундухов а кхоччуш Iехийнера. И гIалат Лорис-Меликов воцчунна гуш а, хууш а дацара.

Оцу хьокъехь Михаил Николаевиче кехат яздира Лорис-Меликовс, амма цунна дуьхьал шена жоп ца деъча, иза тергал ца деш дитина хиларна кхеравелла, дерриге гIуллакхаш дIа а тийсина, Тифлисе веара иза.

Цуьнан ширчу доттагIчо Александра Петровича, даима санна, везаш тIеийцира Михаил Тариэлович. Вовшийн доьзалшкара хьал а, беза-бевзарш а хаьттинчул тIаьхьа шайн декхарийн хьокъехь дийцаршка велира и шиъ.

— ТIаккха, вайн гIуллакхан хьокъехь Петербургехь ахь дийцинчунна жоп дуй? — хаьттира, Карцовн Милютинца хиллачу къамелах хIинца а официальни жоп кхачазчу Лорис-Меликовс.

— Кху деношкахь кхаьчча.

— Къобалдой цара вайн дIадолор?

— ХIунда ца до! Хьоьга ца кхаьчча ткъа, инарла-адьютантан Милютинан рапортан копи? Ас дIа-м яийтина иза. Хьо цIера ваьллачу кхаьчна хир ю-кх. Соьга дуьйцуьйтучул, айхьа дешахьа и рапорт.

Карцовс, цхьа папка шена хьалха а оьзна, цу юккъехь лехна карийна кехат схьа а эцна, Лорис-Меликовга делира.

«Цуьнан Императорски Локхалла, Кавказски эскарийн Коьртакомандующига Сийлахь-Воккхачу Эле Михаил Николаевиче.

1864 шо, 3 ноябрь, № 190.

Кху карарчу хенахь Кавказехь хIоьттинчу хьолах лаьцна Кавказски Эскарийн Коьртачу Штабан Начальника соьга деллачу записко гойту, — доьшура Лорис-Меликовс.— Нохчичохь хуьлуш долу низам дацарш, карзахаллаш дIадаха шиъ бен некъ ца хилар: тIетаьIана — вуьшта аьлча, нагахь оьшуш меттиг хилахь, герзан ницкъаца, берриге а нохчий Теркан а, Соьлжан а аьрру агIон тIе кхалхор, церан лаьтта тIе Сунженски гIалгIазкхийн 1-чу, 2-чу полкийн станицаш яхкар...»

— Хьан Локхалла, сайн записки тIехь ас-м ма ца гайтинера берриге а нохчий шайн лаьтта тIера меттахбахар? — цецвелира Лорис-Меликов.

— Иза-м хIумма а дацара. ХIинца бакъо ю-кх вайна, нагахь оьшуш меттиг хилахь, цигара уьш берриге дIалахка а.

Лорис-Меликов кхин дIа а деша вуьйлира.

«Я сих ца луш — хенан йохалла, шайн лаамехь арен тIе кхалхорца ламанца болу нохчий гIелбар, царна Турце кхалхар марздар...»

— Вай схьалаьцна система кхин тIе а кхиош дIахьо боху-кх хIоккхо?

— Доцца аьлча нохчий ламчу а хьовзабай, я Жимчу ГІебарта, я Турце кхалха дезарна тІехІиттабе боху-кх.

«Цунах лаьцна шега йинчу докладе ла а доьгІна, Государь Императорна шен лаам схьахьебан лиира, нохчий нуьцкъала кхалхоро Кавказан дерриге ламанан къаьмнашна тІе зуламе Іаткъам баржориг хилар а, цул сов гІуллакх оцу тІе даькккхича дуккха а харж ян дезарг хилар а, цундела цуьнан императорски Воккхаллина ала лиира, Нохчичоь дІатеяран гІуллакх ницкъ ма-кхочу машаран некъаца — нохчий, шайн ма-хуьллу бертахь кхалхош дІадерзор шена лууш хилар».

— Делахь хІета, уьш бертахь дІа ца бовлахь, цигахь бита дезарг хир ду-кх?

— ХІан-хІа, кхин дІа дешахьа.

«Амма гІуллакх ишта бертахь чекхдалар хьалххе ган таро йоцчу цхьацца бахьанех а, минотех а дозуш хиларна, Кавказски Начальство, записки тІехь гайтинчу, халачу хьоле йожа а, тІаьххьарчу таронашка кховда а дезаш меттиг нисъяла а тарло. Цундела, ишта меттиг хІоттахь, Государь Императора Хьан Императорски Локхаллина пурба ло Хьайна хетта некъ дІабахьа а, ткъа ца хуьлчу далахь, хІуъу дина а берриге нохчий Соьлжан, Теркан аьрру агІонна тІе кхалхо а.

Инарла-адъютант Милютин».

— ХІинца кхеташ ду, — элира Лорис-Меликовс, рапорт Карцовга юха а дерзош. — Кхийолчу ерриге таронех пайдаиэцарх гІуллакх ца хуьлуш кІелдисахь, герзан ницкъаца нохчий шайн обаргийн баннашкара дІалахкар а, цигара дІабевлчхьана, шайна луъучу агІор дІабаха битар а тІедуьллу вайна Государь Императора.

— Хьо нисса кхетта, хьомсара Государь, — велавелира Карцов.

— Амма Кундуховс туркойн правительствоца бинчу

бартана а, шу цунна тIетарна а реза вац со, Хьан Локхалла. Оцу хьокъехь веана со леррана.

— Хьо реза ца хила бахьанаш ду ткъа?

— Iаламат доккхачу маьIнийн.

— Хаа мегар дарий?

— Уьш дерриге а Цуьнан Императорски Локхалле дийца дезар ду. Вайша цхьаьний гIур ву иза волчу.

Александр Петровича реза воцуш корта хьовзийра.

— Хьоьга ладогIа цуьнан хан хир ю ала-м хаац суна.

— ХIунда?

— Цхьана масех денна тахана садаIа Каджаре ваха кечлуш ву иза.

— Амма сан гIуллакх дIатетта йиш йоцуш ду. Сан таро яц иза цигара цIаверзалц Iен. ХIинца цо лундолчу жоьпах дозуш ду нохчий кхалхо болоран гIуллакх. Цул сов, хьомсара Александр Петрович, хIара гIуллакх дIадолорхо ваьшшиъ хиларе терра, вайша жоп дала дезар ду кхуьнан тIаьхьенах а. Цундела дIа мел дийриг дика узуш, лоруш, сих ца луш дан деза вай.

— Хьан гIуллакх дукха дахлур долуш дуй?

— ХIан-хIа, цхьа сахьт хан тоъур ю суна.

Воккха эла новкъавала кечвелла Iеш карийра царшинна. Амма генара веана Лорис-Меликов цо тIеийцира, шен резавацар ца тосадолуьйтуш.

— Хьуна ма-хаъара, хьомсара государь, Михаил Тариэлович, со некъана кечам бина Iеш ву. Цундела дехар ду хьоьга, хьайн гIуллакх сиха схьадийцар.

— Ас хьалха яздинчу доццачу кехатца Хьан Императорски Локхалле хаам бира, Турце дIакхалхош болу нохчий Азиатски Турцехь дIатарбаран хьокъехь инарла-майора Кундуховс а, инарла-адъютанта Игнатовс а туркойн правительсьтвоца бинчу бартана со реза вац аьлла.

— ХIаъа, оцу запискех лаьцна соьга доклад йира

Александр Петровича. Амма хьо хьуо схьаваре догдохуш, дуьхьал жоп ца луш сацийра ас.

— Цигара цIавирзинчу инарла Кундуховс соьга хаьттира, нохчашна Турце кхалхар марздеш, уьш бIаьстанан юьххьехь, буц йолучу хенахь дIахьовсо кечам хирриг гIуллакх дIадоло мегий ша аьлла. Амма Константинополехь хиллачу бартана реза воцчу ас, сайн реза ца хиларан бахьана Хьан Императорски Локкхале дийццалц, гIуллакх дIадоло пурба ца делира. Суна хаьа, ас хьан гIуллаккхана новкъарло йинийла, амма сан гIуллакх дIатетта йиш йоцуш ду. Пурба лохьа суна, ма дарра дийца.

— Со хьоьга ладугIуш ву-кх, Хьан Локхалла, — бен доцуш тIетайра Михаил.

— Хьан Императорски Локхаллина хьалха айса йинчу докладашца а, хьуна хьалха хIиттийначу запискашца а даим ас гойтура, латта кIезиг, адам дукха долчу Нохчичуьра, ах бIе шарахь вайна дуьхьал латтийнчу къийсамехь кхиъна а, дахчаделла а долчу адамех цхьа дакъа мукъане а цигара дIадаккхар нохчийн гIуллакх къасторехь а, Терски крайхь машар, синтем хIотторехь а, цаьрга гражданственность тIеэцийтарехь а йоккха гIулч лараяларх со тешна хилар. Амма кхелхина нохчий вайн дозанца йолчу Азиатски Турцин областашка — Карски пашалыкерчу Саганлукски ломаца а, Топракх-Калехула, Милазгердехула, Патносехула дIа Ван Iомана тIекхачалц йолчу меттигашка дIатарбан туркойн правительствос тIелацаро вайн гIуллакх буххенца хуьйту. Терски областера кхалхийна туземцийн пхи эзар доьзал оцу меттигашка охьахаоро машаран а, тIеман а заманахь вайна доккха зен дийр ду. Шайн схьабовларца осмонски къомаца юкъара дерг кIезиг долуш я данне а дац ала мегаш долу курдойн къам даима туркошца мостагIалла долуш ду. Доцца аьлча, вайна нохчий санна бу туркошна и шайн курдой. Изза ала мегаш ду Карски пашалы-

кан дозанца дехачу каракапак къомах лаьцна а. Туркошна оцу къаьмнел кIезиг кхераме белахь а, амма туркойн правительствоца доккха мостагIалла долуш бу цигахь беха эрмалой, несторианаш, айсараш. Цундела, туркошца вайн тIом болчу хенахь оцу къаьмнийн ойла даима оьрсашкахьа хуьлу, ткъа тIаьхьарчу тIамехь туркойн курдойх нисса ах вайн эскарийн магIаршка хIиттира, ткъа биснарш юьстах а бевлла, оцу тIаме бен доцуш хьийса севцира.

— Нисса бакъду иза, — тIетайра Михаил Николаевич, — оцу кампанехь инарла Бебутовн кхиамаш хиларан бахьана, суна хетарехь, цуьнан тIеман говзалла лакхара хилар доцуш, ткъа вайн аьтто бина цигара мохк, бахархой цунна юххера бевзаш хилар а, царех пайдаиэца цунна хаар а дара.

— Хьан Императорски Локхалло со ала гIертарг эли, — даг тIе аьтту куьг а дуьллуш, корта таIийра Лорис-Меликовс. — Амма хIетахь хIоьттинчу хьолехь иштта хийцам хила тарлора Азиатски Турцин вайн дозанашца йолчу областашкахь хIинца беха бахархой болуш. Цигахь нохчийн пхи эзар доьзал хиллехь, бухxенца кхин сурт хIуттург хиларан шеко яцара. Партизански тIамна, лаьмнашкахь-хьаннашкахь бечу тIамна нохчел йоккха говзалла йолуш халкъ дерриг дуьненахь хеталац. Иттаналш шерашкахь Нохчичохь хиллачу тIемаша зийна бакъдерг ду иза. Цул сов, доза дац нохчийн вайга болчу цабезаман а. ХIинца ойла ел шайна, Нохчичуьра уггар карзахе, вайга безам боцу пхи эзар доьзал туркойн правительствос вайн дозанца йолчу шайн областашка охьахаийча хиндолчун. Турцица вайн тIом болабелча, вайн эскарш ког дIатаса-м дуьтур дацара цара. Кегийчу гIеранашка а бекъабелла, хаддаза тIелетарш деш, дерриге некъаш кхерамна кIел латтор дара цара цкъа. ТIаккха вайн дезар дара туркошна дуьхьалбаькхина цхьаьна-

тоьхна ницкъ дакъошка а бекъна, оцу гIеранашца къийсаме берзо. Шеко яц вай дIадолийна муьлхха а гIуллакх цара сецориг хиларан. Цул сов, нохчаша атта шайна тIаьхьа хIиттор бу туркойн курдой хьовха, вайниш а. Ткъа шаьш аьлларг а дина уьш вайна дуьхьал ца бахалахь, хIинццалц санна, курдойн тхьамданаш вайгахьа бовлучуьра цара атта совцориг хилар-м цхьа а тайпа шеко йоцуш бакъдерг ду. Кхин кIезиг кхераме хир бацара вайна и туземцаш машаран хенахь а. Уьш цига баха ховшийча дозанашкахь вешан кордонаш шозза-кхузза алсам яха дезар дара вайн, амма тIаккха а цигара вайн доза Iалашдар хIинцалерчул вочу хьолехь а хир дара вайн. Суна дика хаьа, Нохчичуьра туземцийн пхи эзар доьзал дIабаккхаро вайна мел боккха пайда ло. Иза дуьххьал дIа ас сатуьйсург ду. Амма цигахь вайна хуьлуш болу пайда тIепаза бойу туркойн правительствос Россин дозанашца йолчу шайн областашка уьш баха ховшоро. Цунна реза хиллачу инарла Кундуховс а, графа Игнатьевс а доккха гIалат далийтина, амма и гIалат тIаьхьа доцчуьра нисдан вайн хан ю.

Михаил Николаевич, хьала а гIеттина, чухула дIасаволавелира. Инарла-лейтенант Лорис-Меликов тIеоьцучу хенахь цо къамелана тоьхна хан тIехъяьллера. Ткъа Сийлахь-воккхачу элан зуда шен майрачуьнга хьоьжуш оьгIазъоьхуш Iеш хила а тарлора.

— Хьан Локхалла, ахь дийцинарг дерриг кхеташ а, нисса бакъ а ду. Ткъа, нохчий кхалхоран хьокъехь гайта кхин некъ буй хьан?

— Хьан Императорски Локхалла, туркойн правительствос гайтинчу меттиге нохчий кхалхийча вайна хуьлуш долу зулам гуш волчу ас и гIуллакх дIа ца доладойтуш сацийна инарла Кундухов. Оцу гIуллакха тIехь куьйгаллина хьоьгара омра ца хилча далац. Кхин тIаьхьатиттича вайн аьтто хир бац бIаьстенан юьххьехь нох-

чий дIахьовсо. Суна хетарехь, нохчий кхалхорна кхо некъ хIутту: 1) Туркойн правительствос инарла Кундуховга гайтинчу меттигашка нохчий кхалхо реза хилар; 2) Азиатски Турцин вайца доза долчу областашка нохчий дIатарбан туркойн правительствос гайтина меттиг реза ца хуьлуш юха а тоьхна, нохчий Эрзинжанна а, Эрзерумана а, Диарбекирна а малхбузехьа, уьш вайна кхераме хинбоцчу дIатарбар тIелоцуьйтуш туркойн правительствоца юха дийцарш долор; 3) ТIаьххьара некъ—нагахь кху карарчу хенахь туркойн правительство вайга оцу барта тIе ца яккхалахь, нохчий дIакхалхоран гIуллакх цхьана аьттоне дIататтар.

— Хьомсара Михаил Тариэлович, ахь далийна дерриге масалш со тешош ду, — элира Михаил Николаевича, аравала а кечлуш. — Амма сан дехар ду хьоьга, айхьа дийцинарг дерриге а дIаяздеш, сан цIарах записка хIоттор.

— Хьан Императорски Локхалла, иштта записка ас кийчча сайца схьадеана.

— Баркалла хьуна, Михаил Сариэлович, — коьртакомандующи Карцовна тIевирзира. — Ткъа хьоьга, Александр Петрович, сан дехар ду, кхалхош болу нохчийн пхи эзар доьзал Азиатски Турцин вайн дозанашца йолчу областашкахь дIатарбича, вайна хиндолу зулам а гойтуш, уьш Диарбекирна а, Эрзерумана а, Эрзинжанна малхбузехьа а дIатарбайта берриге пицкъ тIе баххийте туркойн правительствоца керла барт бар тIедуьллуш граф Игнатьевга кехат яздар. Амма оцу гIуллакхана сихо елахь. Юха а боху ас, вай цIерш яьхначу кхаа гIалина малхбалехьарчу областашкахь цхьа а нохчо вита йиш яц вайн.

— Хьан Императорски Локхалла, инарла Кундуховга хIун ала омра до ахь соьга?

— ГIуллакх дIадоло пурба ду шуна. Кхалхийнарш

Турцехь ахь боххучу меттиге дIатарбарна тIекхочур ду вай. Мел гена делахь а, декабрехь Игнатьевгара жоп догIур ду суна. Со тешна ву, иза вайна товчу агIор хирг хиларх.

— Ткъа, инарла Кундуховгара мохк, цIенош иэцарний, иза Турце дIавахийтарний хIун ала ас?

Михаил Николаевича сихха жоп ца делира.

— ХIара мохк дика бевзаш а, кхузахь дукхий, дакхий гергарлонаш долуш а, лаьмнашкахь лоруш а, цул сов лаккхара тIеман говзалла йолуш а волу хьуьнаре инарла вай гуттаренна а Турце дIахецча, тIаьхьа бале ваьрий техьа иза вайна? Турцица вайн тIом эккхахь, иза мел кхераме хир ву хаьий хьуна? Цкъа а тIом ца хилча а, ша цигахь воллушехь, кху Терски крайхь машар хила буьтур бацара цо. Цундела, суна бакъахьа хета нохчий кхалхоран гIуллакх, ницкъ кхачахь, иза кхузахь а сацош, чекхдаккхар.

— Хьан Императорски Локхалла, Кундухов кхузахь сацийча нохчашца долу вайн гIуллакх духу. Ас дехарш а дина цуьнга, хьехарш а дина цунна висахьара бохуш. И дерриге а эрна хили сан. Амма ша нохчашца дIакхалха везарх лаьцна цо дало бахьанаш а ду цхьа бух болуш. Иза, бакъ а долуш, тешна ву, массарех шекбевллачу нохчаший, церан коьртерчу тхьамданаший, шайна мел лаахь а, Турце дIа цхьа коr боккхур бац, нагахь Кундуховс уггар хьалха боьлхучаьрца шен доьзал цига дIа ца хьажабахь. Цул сов, суна Iаламат дика хаьа, нагахь Кундухов Турце кхалхахь, СаIдуллас, Iелахас цига кхалха къорIана тIехь дуьйнаш биьна хилар.

— Дика ду, Михаил Тариэлович, нагахь гIуллакх ишта делахь, цо шеца пхиъ-ялх эзар нохчийн доьзал махках баккхахь, дIавахийта ахь. ХIинца ахчанца дерг. Нохчий Турце кхалхарна тIетуьттуш, агитаци лело царалахь цхьа цIе яхана масех стаг пэца цкъачунна иrт

эзар сом дIахеца аьлла, хьуна айса бакъо елла моьтту суна. Цуьнан махках, цIенойх дерг аьлча, цуьнан доьзал Турце баха Владикавказера меттахбаьлча, пхи эзар сом ло цунна, ткъа СаIдуллина цуьнан а доьзалшца лаххара а цхьаъ ах эзар доьзал Турце баха новкъа баьлча — дисина шовзткъа эзар а дIало.

— Шена лучу ахчанах шовзткъе шиъ эзар сом деши далар а доьху цо, Хьан Императорски Локхалла.

— Мегар ду иза а.

— Цул сов, Хьан Императорски Локхалла, адам шайна тIаьхьахIутту долу масех стаг ахча а делла Турце кхалхой, нохчашлахь ша лецначу агенташна далий итт эзар сом дато ахча доьху соьга эло Тумановс а. Кху некъехь ахча кхооро вайна пайда бийр боцийла хууш, царна цIеххьана иэшахь а аьлла, Терски Дошлойн Иррегулярни полкан капиталан чоьтах юккъерчу отделан Начальникана ши эзар сом, Нохчийн Округан начальникана пхи бIе сом ахча а дахьийтина ас.

— И дерриг хьан бакъонехь гIуллакх ду, Михаил Тариэлович. Вай долийнчу гIуллакхана ахча ма кхоаде. Нохчийн цхьа доьзал цигара дIабалар а дуьненан меха ду. Кхин а ду цхьаъ, Михаил Тариэлович. Стохка вай Россе ссылке бахийтина Кунтий, цуьнан герггара мурдаш цигара схьа а баьхна, Одессехула Трапезунде бига безаран хьокъехь ахь ялийна предложени ас къобалйо, нагахь Терски областехь бисина берриге а цуьнан вирдера нах цунна тIаьххье Турце дIагIахь.

— Цуьнан шеко яц, Хьан Императорски Локхалла. Кху деношкахь Кундуховс хаам бина соьга, Кунтин ваша Мовсар Турце кхалха реза ву, ткъа вирдан вежарий цунна тIаьхьахIитта кечлуш бу аьлла.

— Мегар ду, Михаил Тариэлович. Со тешна ву хьан а, Александр Петровичан а, Кундуховн а хьекъалечу кортоша вовшахтоьхна хIара нохчий дIакхалхор кхиам-

ца чекхдериг хиларх. ТIаккха шуьшиннан хьокъехь, Цуьнан Императорски Воккхалле дош ала тIе а лоцу ас. Амма нохчий цига кхалхор вайн инициативаца дIадолийна хилар йоккхачу къайлехь латта дезар, ас ала ца оьшуш, шуна дика хаьа. Ткъа, Александр Петрович, хьоьга дехар ду сан, вайн хиллачу бартан хьокъехь яздина официальни кехаташ Михаил Тариэловиче дIадалар. ХIинца, ахь пурба лахь, со новкъа волу, Михаил Тариэлович. Хьо дIавахале вайна юха а гург хиларх тешна ву со!

— Даламукъалахь! Дехар ду хьоьга, вайн еза лоруш йолчу Ольга Федоровне соьгара маршалла далар.

— Баркалла, Михаил Тариэлович.

— Коджорехь, ахь дика садоIийла а, хан самукъе йоккхийла а лаьа суна. Хьан Императорски Локхалло пурба лахь, шу новкъа даха а лаьара суна.

— Баркалла, Михаил Тариэлович, хьан догдикаллин доза дац...

* * *

Оцу шеран цхана буса, генарчу Лондонехь, шен мискачу хIусамехь, чиркхан гIийлочу серлоне а хиъна, дотгагIчуьнга кехат яздеш воллура дуьненан къинхьегаман халкъийн тхьамда:

«...Кху карарчу хенахь оьрсаша Кавказехь яьккхинчу чрезвычайни гIулчо — Европа идиотски биэлла доцуш шега хьоьжучу гIулчо, вукху агIор дечунна бIаьргаш хьаббарна тIе а тоьтту уьш, и дан церан таронаш аттачу а йоху. И ши гIуллакх — польски гIаттам хьашар а, Кавказ дIалацар а — 1815-чу шарахь дуьйна схьа хиллачех уггаре доккхачу маьIне гIуллакх лору ас...»

Европейски монархин бухан чIогIалла кагйинчу Французски буржуазни революцина тIера схьа Европехь

революционни а, белхалойн а, къоман-маршонехьа а боламна йоккха гIортор хилла лаьттинчу кавказски ламанхойн шайн къоман-маршонехьа турпалчу къийсаме — церан кхиамех воккхавеш, иэшамех доглозуш даим а йоккхачу дегайовхонца царна тIехь сема тидам латтийнчу цо хIинца нажжаз йора дуьненаюкъара реакци:

«...Россис, корта Санкт-Петербургехь, ткъа куьйгаш Европан массо а кабинеташна чохь долчу оцу варварски державо Кавказски ламанан чIагIонаш шен дола яхаре, турпала Польша ере, цхьанггера а дуьхьало йоцуш цо даккхий мехкаш дIалецаре Европан лакхара классаш иэхь доцуш къобалдарца, моттаргIане доглазарца а, идиотски биэлла доцуш хьийсаро а белхалойн классана шен декхар гойту — дуьненаюкъарчу политикан къайленаш шен караерзор, — шайн правительствийн дипломатически деятельностана тIехь тергам латтор, ткъа оьшуш меттиг хилахь, шайн карахь болчу берриге а гIирсашца цунна дуьхьало яр; нагахь и деятельность сацо шайн таро яцахь — иза Іораяккха а, цуьнца цхьаьна адамаша вовшашна юккъехь лело езачу оьздангаллин, нийсонан чолхе доцу законаш халкъийн юкъаметтигийн лаккхара законаш хилийта а цхьаьнакхета деза.

Иштачу арахьарчу политикехьа болу къийсам белхалойн класс маршаяккхарехьа болчу юкъарчу къийсаман дакъа ду.

Массо а мехкийн пролетареш, цхьаьнакхета!»

7-ГІА КОРТА

«Паччахьийн хьашташкий, лаамашкий хьаьжжана — халкъаш духкура, оьцура, къестадора, цхьаьнадеттара».

Ф. Энгельс

Оттамански Портин арахьарчу гІуллакхийн министр Іела-паша карзаха дІасахьийзара шен дворецан уггар дика кечдинчу цІа чохь. Цо оза дагахь яийтина опиум чохь йолу прибор хьаянза лаьттара. Цхьа сахьт хьалха иза оза ойла яра цуьнан. Амма и ойла хийцаелира. Дукха ца Іаш цо тІеэца везара Стамбулехь волу оьрсийн Чрезвычайни а, полномочни а векал, инарла-адъютант граф Игнатьев. Ткъа, мекарчу графаца къамел дан сирла корта а, могаш хьекъал а дезара. Цундела Іела-паша къехкара опиумах.

Иза воккхавийна а ца волура дІаяханчу бІаьста оьрсийн эскаран инарлаца Кундуховца шен хиллачу бартах. Кхиаме чекхбаьлла и барт бара Іела-паша султанна хьалха вазвинарг. Шайх Мовсаран заманахь дуьйна туркойн султанаша сатийсинарг, амма цхьангге а кхочуш ца даделларг Іела-пашига кхочушдалуш лаьттара. Доцца аьлча, дукха хан яра туркоша Кавказехь чІагІбаларе сатуьйсу. Малхбузе Кавказехь а кхиамаш хилира церан цхьана ханна. Бусалба дин дика чІогІа долчу,

элийн Iедална кIел йолчу ДегIастанца а гIуллакх дегIура туркойн султанийн. Амма, Къилбаседан Кавказерчу ламанхошлахь барамана массарел дукха нохчий цаьргахьа ца бовлура. ГIо-м дезара царна. Герз а, кхи болу тIеман гIирс а боьхура цара. ГIонах мах бала ца лаьара. Нохчийн ахча доций хаьара туркошна. Церан хилча а туркойн правительствос оьцур дацара ахча. Султанна мохк безара. Кавказан дега юккъехь Iуьллу Нохчичоь.

Амма нохчашна лаац цхьаьннен а Iедал тIелаца. Цхьаъ шайн коча хуу гIо ца оьшу царна. Шайна хIун башхо ю оьрсийн паччахь а, туркойн паччахь а олу. Царна, цхьаннех а ца бозуш маьрша баха лаьа. Бертахь, дуьхьало ца еш цхьанне а цхьа буйн латта лур дац шаьш, я цхьаннен а ялхой хилла чу а хIуьттур дац шаьш боху. Цундела туркоша царна гIо ца до. Иштта, багахь моз дуьтту. Кху дуьнен тIехь мел дерг шаьш царна дIалур ду а моттуьйту. Амма хIинццалц схьа, кху дезткъа шарахь цIий Iенорах царна гIоьнна цхьа хьостам белла-м бац. Я хIинцачул тIаьхьа бала ойла а яц. Хабар-м дуьйцур ду. Цунах ма олу политика, дипломати.

ХIинца шаьш тIегIерта. Курачу нохчаша шешан хIусаме дитар доьху. Иштта пусар а доцуш кхуза кхалхийра абзи, шапсугаш а, убыхаш, кхинберш а. Кавказера бусалба ламанхой чIогIа оьшу туркойн Iедална. Кху тIаьххьарчу заманахь карзахбевлла Балканера керстанаш. Оттомански имперех дIакъаьстина Греци, Дунайски элаллаш а. Туркойн неIалт хиллачу мостагIчун, Россин болх бу иза. Болгарехь а изза дан гIерта Александр II. Ткъа Кавказехь? Иза дIахуда ах багайоьллинчу хенахь, озийна багара дIа а яьккхина бити уьш Россис. Массанхьа а, массо хенахь Портана новкъа гIерта иза. ХIинца туркойн махка тIехь беха гуьржий, эрмалой шайх дIатоха а гIерта. Питанаш туьйсу царний, туркош-

ний юккъе. Амма царна дан хIума а ду Iела-пашин. Хьалха схьабаьхкина ламанхой Болгари кхалхийна цара. Бакъду, кIезиг бара уьш. Оьрсаша туьрций, цIарций махках баьхна схьалаьхкина, цхьа а низам доцуш бевда кхуза баьхкина ах миллион ламанхой, берриге бохург санна, хIаллак хилира...

* * *

Оцу Iай цаьрга хIоьттина ирча хьал гинчу оьрсийн Iилманчо яздира:

«Цкъа а меттадогIур дац, Новороссийски бухте гулвинчу вуьрхIитта эзар ламанхочуьнга хIоьттинчу ирчачу хьоло Iовжийна сан дог. Шеран уггар шийлачу, ткъевнечу хенахь, мацалла ца бала рицкъа а доцуш Iохкучу царна юкъа яьржинчу тифан, морзагалийн цамгарша бIаьрзечу хьоле иэгийнера уьш. Хьенан дог Iаьвжар дацара, ерзинчу стигли кIел, тIуьнчу лаьттахь тIелхигъяьлла елла Iуьллу къуона черкешенка а, цунна уллохь дала доллучу сица къуьйсуш Iуьллу цхьаъ а, шен мацаллина рицкъа лоьхуш, ненан шелбелла накха цIуббеш доллу важа а — ши бер гича? Ишта сурташ дуккха а гора...»

Шен дешнаш дукха шога а хетий, уьш кIаддархьама тIетуху цо:

«XIX-чу бIешарахь таж лелийнчех уггар адамалла долуш волу император Александр шолгIаниг Iаламат гена вара, 1609-чу шеран 22-чу сентябрехь шен паччахьаллин омарца Испанера авраш къиза хIаллак хилийта Африкан есачу ара кхийсарца гIараваьллачу Филипп кхозлагIчун политикана.

Шен паччахьаллин лаам кхочушбан цо граф Евдокимов хаьржира, ткъа иза пачхьалкхана пайденна дечу гIуллакхашка шен хьежаршца Iаламат лаккахь вара герцог Лермел, я муьлххачу Дон-Жуан-де Рибойрал...»

* * *

Iела-Паша, дивана тIе а вахана, кIеда назбар кIел а оьзна, охьахиира. Цуьнан бIаьргашна хьалха хIуьттура Ач-Кале ваханчу хенахь шена гина сурт. Меца, дерзана, цомгаш адамаш. Декъий. Цхьа ша тайпа боьха хьожа... ХIинца а, и хьожа шен мерах кхетча санна, муцIар чIачкъийра цо.

Цхьа шо хьалха кхуза кхелхина ламанхой, берриге бохург санна, белла. Белча хIун ду? Iела-Пашин нанас бина-х баций уьш? Кавказан лаьмнашкара сагIадоьхургаш. Шайн даймохк гаурашна дIа а белла, евдда яьхкина кIиллош. ГIорсизниш белла, ницкъ берш дийна бисина. И дийна бисинарш султанна гIуллакх деш бу. Цара низам латтадо болгарийн ярташкахь. Церан отрядаш хьийсайо эрмалошна, грекашна таIзар дан дезаш меттиг яьлча. Амма уьш кIезга бу. Уьш Турцин европейски декъа тIехь бу. Кавказехь Россица долу дозанаш чIагIдан деза Портас. Шина хIорда юккъехь долчу дозанца похчий баха ховшийча, оцу агIор сагатдойла хир яц. Цара совцор бу наггахь оьрсашкахьа буьйлу курдойн баьччанаш. Нохчий ша тайпа къам ду. Цхьаннин а олаллина кIел Iен ца Iемина, маьрша кхиъна ламанан аьрзу. Церан цкъа а машар хир бац оьрсашца. Царех дошлойн эскарш кхуллур ду, эпсарш кечбийр бу. Россица тIом хилча уьш догах летар бу шайн дайн мостагIех. Меттигаш а, цигара адамаш а, гIиллакхаш а девзаш болу уьш Портин гIуллакхана агенташ а, разведчикаш а хир бу. Церан бартаца атта гIовтталур ду цигахь дисина къаьмнаш а.

Ткъа туркойн империна чоьхьа низам латто мел дика бу уьш! Оьрсашца цхьаьна шайна дуьхьал тIом бина гуьржий бIаьрга бан ца беза царна. ТIехула тIе, цаьрца

тIом бина оьрсийн инарлаш дукхах берш эрмалойн, гуьржийн къаьмнех бу. ХIинца царна тIехь Iедал латтораш а бу дукхах берш царех. Цундела нохчашний, кхузарчу керста къаьмнашний юккъехь даима луьра мостагIалла латторал атта гIуллакх дац. Амма, богIур буй техьа уьш? Царна къаьсттана дукха беза шайн даймохк. Уьш хIинца а къар ца луш, тIаьххьара а сауьйзуш леташ бу паччахьан эскарех. Дала аьтту бойла Муса-Пашин. Цо дош-м делла уггар оьрсашца машар боцу нохчийн пхи эзар доьзал схьабало. Царна юккъехь лаххара а пхи эзар тIемало хир ву. ХIан-хIа, хIинца-м хуур дара царна ламанхой тIеэца. Йовхачу хенахь. КIез-кIезиг. ХIордаца доцуш, ткъа лаьтта тIехула.

Оьрсий бIаьрга бан ца беза, цаьрца иттаннаш шерашкахь бинчу тIемашкахь вахчавелла пхи эзар майра нохчо, церан коьртехь оьрсийн эскаран гIараваьлла инарла Муса-паша а, цIарна а цIе яхана Шемалан наиб СаIдулла а!

Воккха эла Михаил дуьхьал ву боху нохчий Россин дозанца баха ховшорна. Цунна шена дага-м ца деана хьуна иза. Лорис-Меликов ву и дерриге а цунна дагатуьйсург. Гаур, хьекъал долуш корта бу оцу эрмалочун. ХIумма а дац, реза ца хилахь Iийр бу-кх. Уьш шаьш ма бу ламанхой схьакхалхор долийнарш...

* * *

Гена Кавказски лаьмнашкахь бехачу нохчийн пхи эзар доьзалан кхолламна гонах шина державан дипломаташа ира къийсам латто масех де дара. Ткъа тIаьххьарчу дийнахь, тахана царшиннан цхьаьнакхетар хьалхачул деха а, дукха къамеле а, девне а хилира. Амма Николай Павловича кху деношкахь хьегна къа цуьрриг

эрна ца дайра. Тахана Iела-Пашина тIехь баькккхина толам Турцехь шен дуьххьарлера толам хиларна, Министран дворецера цIавирзича я делкъе яр а, я садаIар а доцуш, сихха охьа а хиъна, Тифлисе депеша язъян волавелира иза.

«Кавказски Эскарийн Штабан Начальнике.
Къинхетаме государь
Александр Петрович.

Хьан Локхалло 29-чу ноябрехь № 11 йолчу кехата тIехь сайга хаийтинчу Цуьнан Императорски Локхаллин, Кавказски эскарийн Коьртакомандующин лаамна тIе а доьгIна, махках баккха билгалбина нохчийн пхи эзар доьзал, хьалха дагахь ма-хиллара, Саганлугски дукъа тIера дIа Ван Iоме кхаччалц йолчу юккъе а ца хаош, ткъа вайн дозанна гена, нисса аьлча, Эрзерумски Пашалыкана дехьа, Диарбекирна гондIа баха хаорна а, Ахалцыхехула чекх а баьхна, уьш лаьттахула цига дIабигарна а иза тIеверзор Iалашо йолуш, ас туркойн Арахьарчу ГIуллакхийн Министарца дийцарш долийра. Мосаззе а оцу агIор вайн гIуллакх нисдан со гIертарх, шайн махкахула бехачу, халачу некъашкахула ах-акхачу нохчийн пхи эзар доьзал дIабига доьлча ког мел баькккхинчохь церан а, меттигерчу бахархойн а Iотта-баккхам, дов, зуламаш хилаза диса йиш яц, цундела оцу некъан бохалла низам латто шаьш цига боккха тIеман ницкъ хьажо беза, ткъа и дерриге а шайна йоккха харж езаш а, Iаламат хала а гIуллакх ду бохуш, Iела-Паша ша хьалха аьллачунна тIера ца волура. Цуьнца цхьаьна Туркойн Министра соьга къедадора, вай, къийбелла ах миллион ламанхой вешан лаамехь махках а баьхна, схьахьовсорца кхузарчу правительствона царех Iаламат боккха бала бина ца Iеш, ткъа ваьш махках баьхна шайна тIе баьхкина уьш баха ховшо меттиг гайта гIер-

тарца цIенна шайн чоьхьарчу урхаллин гIуллакхашна юкъагIерташ хилар. Оцу агIор цуьнан вухъхьавалар а гуш, амма вукху агIор портин даим а вайн махкарчу, шайца цхьана динехь долчу къаьмнашца зIе латто а, царна тIехь шайн Iаткъам латто а лаар мел чIогIа ду хуучу ас сайн тIаьххьара а бисина гIирс юкъа тасарца Iела-Паше дIахаийтира, нагахь санна, ас хьалхахIитторг цо тIе ца эцахь, Кавказски Коьртачу Начальствос цхьа а нохчо Турце хоьцург цахилар. Оцу сан дIахьедаро ас ладегIна Iаткъам бира. Эххар а туркойн Министро соьга хаийтира, нагахь нохчий туркойн махка цхьана хенахь а, берриге цхьаьна а ца богIуш, ткъа юкъа хан юлуьйтуш, кегийчу тобанашца багIахь, лакхахь буьйцу нохчийн пхи эзар доьзал вайн дозанна гена, вуьшта аьлча, Алеппона гондIа баха хао а, Ахалцыхехула чекх а баьхна, лаьттан некъаца уьш цига дIабахийта а Порта реза хилар.

Iела-Пашин и дешнаш Цуьнан Императорски Локхаллина Государь Воккхачу Эланна докладана Хьан Локхалле дIахаийта ирсе хиллачу ас доьху Хьоьга, къинхетаме государь, со хьуна тешаме а, хьо лоруш а хилар дIаэцар.

Инарла-адъютант *Игнатьев.*
Константинополь, № 840.
19-гIа декабрь 1864-гIа шо».

Депеша ешна ваьлча, горгали тоьхна секретаре чукхайкхира цо.

— Ма-хуьллу сиха Тифлисе кхачо деза хIара, — кехат дIакховдийра цо, — Кавказски бердашка доьдуш кема ду моьтту суна. Сиха а, къайлах а. Инарла Карцовга. Ялхочуьнга суна кофе ло а алахьа.

8-ГІА КОРТА

...Хастам лекхчу ламанашна,
Шийлачу шаша хьулдинчу!
Хастам хуьлда турпалхошна,
Дала ца бицбинчу!
Аш къийса — шу тоьлур ду!
Дала шуна гІо деш ду,
Шуьца ду бакъдерг, шуьца бу хастам,
Сийлахь маршо а шуьца ю!
Т. Г. Шевченко «Кавказ».

...Оцу доьхначу хьола тІе нисбелира Іехабелла Турце кхелхина нохчийн пхи эзар доьзал. Чекхделира цара даймахкара шайна схьадеана рицкъа. Иза а ма дацара дукха. Делан Іожалла тІекхаччалц яа сискал хиллехь-м уьш даймахках бевр ма бацара. Церан дахар лаьттаца ду. Лаьттах хадийча уьш бала ма беза. Ткъа иза оьрсийн паччахьо цаьргара дІадаькхинера. Я сагІа деха, я мацалла бала дезара церан цигахь. Иза а ца лаара. Шен цІа чу стаг а хаийна, цуьнан лай хилла муха соцур ву? ТІехула тІе эладита а ма дара, кестта нохчий керста дине берзор бу, зударий сийсаз бийр бу, цхьаберш оьрсийн махка дІакхалхор бу, бохуш. Кхечара бохура Хонкара махка дахча тоьла, цигахь кийчча ялсамане ю. Нохчийниг санна, токхе латта, кийчча хІусамаш, бусалба паччахь. Цо дІабоьху шен бусалба вежарий. Цига кхелхаш бу бохура Нохчичуьра цІе яххана нах. Царна юккъехь вара цІарна а цІе яхана гиххойн СаІдулла. Цига дІавигна бохура лаьцна волу Қиши-Хьаьжа а. Цунна тІаьхьа цига баха кечлуш бара цуьнан мурдаш

а. Борах дIабуьхкура наха миска бахамаш. Оццу гIуллакхана Iедало базарш ехкинера нохчийн яккхийчу ярташкахь. Амма Хонкара махка кхалха луучара паччахьан Iедална тIедогIучу ткъа шарна йогIу налог а, маситта бера а такха езара. Талийра уьш церан «гIайгIа» беш юкъалуьйчара а. ТIаьхьа дохкобийлира нах. Амма кхиа хIума дацара. Кхалха цкъа дош делларг Iедало ца вуьтура Нохчичохь. Лаахь а, ца лаахь а иза махках вала везара.

Уьш Турце кхелхира. Шайца «цхьана динехь паччахь» волчу «ялсамане» беанчу оцу пхи эзар доьзале а хIоьттира хьалха цига кхелхинчу чергазошка деъанарг. Цул ирча хила йиш яцара цхьа а жоьжахате.

Цига дIакхаьчна кхо бутт баьлча, даймахка юхаберза новкъа бевлла уьш меллаша Россин дозанашка гIертара. Лийриг лер, виснарг даймахка дIакхочур аьлла, Муш а, Эрзрум а шахьаршна уллора меттахваьллачех новкъахь валаза виснарг кхо эзар гергга стаг вара. Кхо эзар гергга стаг аьлча а, тIелхигашла хьаьрчина кхо эзар гергга адамийн чархаш. Оцу йочанечу гурахь шина баттахь некъ бира цара кхуза кхача гIерташ. Къилбседехьа мел гIоьрти, де дийне мел дели нилхаюьйлура церан тобанаш. Уьш хьоькхура къизчу мацалло. Царех ун даларна кхоьруш, уьш шайн ярташка ца буьтура меттигерчу бахархоша. Ши бутт хьалха иштта бIарзбелча, мацалла леш дохкучу берашна рицкъа даккха, Муш шахьарна санна, цхьацца йолчу ярташна тIелата а дийзира. ХIун дийр дара? Тилийна шайн даймахках баьхна, Iехийна кхуза схьа а балийна, бала битинчу царна кхин некъ бацара, иззий бен.

Амма Iожалло уьш хьоькхура. Эрзерумерий, Мушерий схьа Александрополе богIучу оцу бехачу некъан йистошца цара дуьтура кегий а, даккхий а кешнийн керла баьрзнаш. Мацахлера иллеш, эшарш хIинца есанан

сингаттамечу мукъаме дирзинера. Некъашкахь сих-сиха совцура велларг дIаволла. Цхьана коша масех вуьллура. Ца хезара веллачунна зударийн белхарш. Ца гора тезета хIиттина тхьамданаш а. ДегIехь мелла а ницкъ болу къонахий, моллий, велларг дIаволла юьстах волура. Хийрачу лаьтте лора вертанна, я истанган бIегIагна юкъа хьарчийна, я, хьарчо уьш йоцуш, шайн тIелхигашца, къонахчун дакъа. Иза хуьлура маситта шарахь шен даймехкан лаьттехьа, маршонехьа къийсина, чевнийн моьнаша дегIан чкъор хебийна, ах шо хьалхалера кура нохчо. Сихха тIе латта а хьокхий, лохха барз а бой, гIевланге дечиг югIура:

«Тхьозу ибн Бамматгери.
Шела ал ДагIистан.
«...ЦIоьнтара ал ДагIистан
«...БIаьчи-юрт ал ДагIистан»...

ТIаккха сингаттаме долалора моллин аз. «Ясин валкъур Iанил хьаким, иннакаламинал мурсалийн»... Моллас ца хоттура, велларг муха стаг вара, ца доьхура цунна къинтIера довлар, иза муха стаг ву аьлла тоьшалла дар. ДIавуллучун дукха хьолахь гергара хьовха, юьртара стаг а ца хуьлура.

Амма накъосташна тIаьхьакхиа сихбелла, коша юххера дIабовлуш церан лерехь декара весет. ХIан-хIа: веллачун весет шел тIаьхьа буьсучу бахамах, хьолах, тIаьхьенах лоций ца хуьлура. ХIораннан а весет цхьаъ дара: нагахь шаьш, Iожалло новкъахь ца совцош, нана-Нохчичу дIакхачахь, даймехкан лаьттана шен цIарах барт лолаш, дуьненах Iехавелла хьайх ваьллачу кIантана гечде алалаш, юьртан кешнийн кетIахь шен безамана цхьа шога тIулг богIалаш...

...Нохчий юха цIа берза болабаларо кхерийра, шина правительствон хилла барт туркоша нийса кхочушбарна

тIехь тергам латто кавказски коьртакомандованис кхуза командировать вина генеральни штабан капитан Зеленой. Диарбекирна а, Эрзинжданна а дехьа-м муххале а ца бехира туркоша нохчий. Султан Iабдул-Межидан воккхачу везира, нуьцкъала уьш Мушаний, Эрзерумний юххера дIа а баьхна, Диарбекирски виллаете дIабига пурба а ма деллера эрзерумски велина Мухлис-Эминпашина. Велис кхо эзар дошло а ма валийра Эрзеруме. Амма буьрсачу тIемашкахь иттаннаш шерашкахь бахчабеллачу, шайн герзаца болчу нохчаша чангIалкхел башха тергал ца дира и эскар. Уьш дIа ца бовлура Мушера, Эрзерумера, Байбуртера, Чилдырера, Къарсера, Ванера. Оцу тIехула хаддаза дов дара шина правительствон векалшна юккъехь. Ткъа, шаьш хьийсочу дIабаха а ца лууш, кхузахь совца а ца буьтуш, дуьненах догдаьлла хьийза нохчий ерзанчу стигли кIел лаьтта кхо бутт бара. ТIееара йочане гуьйре. Гена дацара буьрса Iа а. Юкъа хьийзара уьне цамгарш, мацалла. Даймахкара деанарг тоххар диъна бевллера. Цара мацалла ца бала гIерташ талораш йора.

ТIаккха эххар а, шайн даймахка юхаберза новкъа бевлира уьш.

Цунах кхераделлачу туркойн Iедало мехкан массо маьIIера хьовха, шайн столицехь дерш а цхьаьна, эскарш уьйзура Муше а, Эрзеруме а. Церан Iалашо яра хIуъу дина а нохчашкара герз дIадаккхар.

Кхелхана бахана нохчий юханехьа болабелча, кхераделлера паччахьан кавказски Iедал. Паччахьан Александр II-чун вешин, Кавказски эскарийн коьртакомандующин инарла-фельмцехмайстран Михаилан ерриге ойла цIехьа гIертачу нохчашна тIехь яра.

...«Оцу юккъехула, дIабаханчу октябран 17-чу дийнахь, Александрапола уллохь, — яздора цо тIеман министре Милютине—Арпачай, вайн дозане кхечира кхелхина

баханчу нохчийн 200 стаг, вай бохург хIуъу дан реза хир дара, вайн махка довлийтахьара шаьш бохуш. Царна тIаьххье Арпачай оьхучийн барам 2600 кхочуш хьалабелира.

Нохчий вайн дозане болабеллийла хиъначу эрзерумски велис кхелхинарш юхаберзабе аьлла, дошлошца Муса Кундухов царна тIаьхьавахийтира, амма цуьнга уьш ца совцабелира. Кхелхина баьхкинарш мел халчу хьолехь хиллехь а, царех масех доьзал юхаберзийтаро цигахь бисина берриге нохчий юханехьа буьйлаболуьйтург хилар гучу ас, кхелхинчийн дехар духа а тоьхна, омра дира, дозан тIехь тергам чIогIа а латтабе, нохчий бертаза империн махка тIе ца бовлийта, оцу агIор долу дерриг эскарийн дакъош Арпачайна тIе а оза, аьлла. Нохчийн тобанаш вайн дозанашка эхар шена ма-хеззинехь, капитана Зеленис эрзерумски велига дIахьедира, кIира далале вайн доза нохчех цIандина хила дезар; и дIахьедар динчул тIаьхьа туркойн Iедало эскарш дахийтира Арпачайра нохчий дIабаха, цара йиттинчу яккхийчу тоьпаша вайн дозанаш дита а, туркойн эскарийн хаца Къарсе дIабаха а дезийтира нохчийн...»

9-ГІА КОРТА

«Нохчийохь латториг «Лаьмнийн, хьаннийн маршоно, вотанийн серлонца латто къийсам бара»

А. С. Грибоедов

Кундухов цхьа-ши кІира хьалха шен дошлошца тІаьхьакхиира ткъех доьзалх лаьттачу ІелагІеран тобанна, уьш Чилдарна сехьабевлча.

Оцу деношкахь доккха догІа а дилхина, некъ боьхначу цара цхьана метта ши де текхира туркойн юьртана юьстахо ламанан басех летта йоллучу цхьана ширчу бІаьвна чохь. Хьалхара буьйса екхна а еана, дегнаш айаделира нехан. ШолгІачу дийнахь малхо некъ бакъор бара, тІаккха уьш тІулгех йоьттинчу оцу шийлачу бІаьвна чуьра ара а бевлла, кхин а дІа гІоьртур бу. ШолгІачу дийнахь цигара гена довлале некъахошна хезира шайна тІаьхьа догІу говрийн тата. Уьш юхахьовса а кхиале, царна го бира марсадаьхначу дойшкахь тІекхиъначу дошлойн отрядо.

— Юхадерза! — шед лестош, мохь хьоькхура тІекхиъначийн коьртехь волчу Іаьржачу эпсаро.

Шодмаш а уьйуш, зударшний, берашний тІе говраш туьйсура дошлоша.

Наха, сиха кочара схьаэцна, тоьпаш дошлошна тІе

лецира. Зударийн карахь къегира, гIалакхаш санна, шуьйра, еха шаьлтанаш.

— Соьгара пурба доцуш герз ма тохалаш! — мохь туьйхира Аьрзус.

Цунна ца лаьара цIий Iано. Ялх бутт бара иза талорех нах юхабаха гIерта. ХIара янне а дов хьеде меттиг яцара.

Уьш тоьлар ма бац туркойн пачхьалкхан эскарел. Iедало даржийнчу эладиташа кхузахь дерриг бохург санна адам кхелхина баьхкинчу ламанхошна дуьхьал даькхина. Къаьсттана гIертара туркойн Iедал бухарчу гуьржашний, эрмалошний, тIебаьхкинчу ламанхошний юккъе мостагIалла дожо. Ткъа, балла бохкучу пекъаршна ма ца оьшу цхьаьнцце а дов. Шайн новкъа къилбаседехьа дIадаха шаьш дитичахьана, церан цхьанцце а Iоттабаккхам бац. Амма турхойн дошлойн оьгIазечу яхьаш тIехь гуш бац къинхетаман зирх. Ванах, лата деза техьа? Ванах, кхин даймохк а ца гуш кхузахь дала деза техьа... Iелина гира, зIок санна, хьаьвзина мара а болуш, йоккха бага а йолуш волчу озачу туркочо цхьана зудчун букъах шад тухуш а, зудчунна тIехьа лаьттачу жимачу стага дошлочунна топ йожош а, уллорчу Аьрзус, кIел куьг а тоьхна, тоьпан юьхьиг хьалатосуш а... Ирах яьллачу тоьпан шалха долуш ламанца кхерстина тата дижа а кхиале, гучувелира кхин цхьа бере. Цо тоьхначу маьхьаро юхабехира туркой. Дукха хан ялале гучуелира новкъа схьа чаболахь догIучу коьртачу эскаран юьхь. Хьалха сирчу динахь вогIура зоьрталчу дегIахь, инзаре куьце паша. Туркойх вухавелла и велахь а, бIаьрг макхийтти хаьара, иза Кавказан ламанхо вуйла.

— Ассалам Iалайкум! Мила ву шун коьртаниг? — шена хьалха суждане иэгна туркойн дошлой тергал а ца беш, нохчийн маттахь хаттар дира цо цецбевлла лаьттачу нахе.

— Со ву, — хьалхавелира Аьрзу.

Паша лаьррана Аьрзуга хьоьжура.

— Вовзац хьуна со, Алхазан Муса?

Шен цIе яьккхича цецваьллачу Кундуховс когашкара коьрте, тIаккха юханехьа бIаьрг кхерстабора хьалха лаьттачу лекхачу дегIара озачу стаге. Ша мел гIелвеллехь а, цо курра агIор тесна латтабора баьлла корта, дегIах цIе йилла санна, цуьнан юьхьа тIера схьахьоьжура майра ши бIаьрг.

«Ванах мичхьа гина техьа суна хIара стаг, — ойлайора Кундуховс — хIинца хIорш бовза хала ма ду. Кхузахь наггахь бен тешац кху сагIадоьхургех тарбеллачу, декъий санна мажбелла лелачу нохчаша дуьненахь уггар нуьцкъалчу империйн эскаршна турпал дуьхьало йина ца Iеш, ткъа цуьнан тоьллачу тIема-начальникашна тIехь толамаш баьхна аьлча. Хьанна хаьа, хIара, суна хьалха лаьттарг, мацах цкъа со лиллина, я ас лиллина наиб хила тарло». Мел ша кура, къиза велахь а, и гIелделла гIаддайна, ахдийна адамаш гича ламаст меттахьайра Алхазан Мусин. «Амма мисканийн, кхо бутт хьалхалерчу элдарчу догIмех шайн майра дегнаш доцург хIинца хIумма а ца дисна-кх. Ас гIо ,дира паччахьан правительствона хIорш Iехош махках баха. Гечдир дуй техьа суна дала? Цо гечдича а кхеран тIаьхьено»?

— Бехк ма биллалахь, суна хьо вовзац, — элира цо эххар а.

— ХIунда буьллу! Тахана цхьанне а ца лаьа тхо довза. Тхоьгара хила дика ма дац цхьанне а. Тхо юхадерзийнарг, тхо къиза хIаллакдинарг чинехь, даржехь лакха-м воккхур ву. Ткъа шаьлтанчанна шен шаьлтанна кIел корта буьллург вовза ца лаьа. ДагадогIий хьуна нисса диъ шо хьалха ахьий, Чермин Орцассий бенойн ярташ а ягийна, карахь мел долчух баьхна цигара ба-

хархой Іаьнан шелах берашца хьаннашкахь, таллархоша акхарой санна, лоьхкуш лелийна?

Кундухов, Аьрзуна жоп ца луш, говрара охьа а воьссина, урх нуьйран хІоьах тесна, некъана юьстах корта а тосуш, шена уллохь лаьттачу эпсаре масех дош а аьлла, юха а Аьрзуна тІевирзира.

— Кху адамашна хьалхара дІавала вайша?

Цунна гонах лаьттачу эпсарех цхьаммо, мажбелла лаьттачу бай тІе жима куз а баржийна, оцу тІе горга ши гІайба тесира.

Царшинца юьстахволуш кхоьзлагІниг вайна, Іела царна тІаьхьахІоьттира.

— ХІара соьца верг сан ваша ву, — элира Кундуховс, Аьрзуна тІаьххье охьа а хууш.

— Вевза суна, Апако. Ткъа вайна тІаьхьа гІерта хІара, сан ваша, Іела ву.

— Ас сайн паччахьо сайна хьалха диллина декхар кхочушдора. — Хьалха Аьрзус юкъадаькккхинчу гІуллакхана тІе вухавирзира Кундухов. — БойсагІур, Солтамурд, Іуммий, Атабий — уьш бара оцу шарахь Іенийнчу цІийна бехке.

— Ткъа нохчийн долара мегаш долу латта дІа а даькккхина, уьш дерзанчу лаьмнашка а боьхкина, мацалла бала битарна бехке мила вара?

— Вайн цигара дисина халкъаш санна, дуьхьало ца еш, бертахь Россех дІакхетттехь, шуна а хир дацара хІума.

— Шайна чинаш, даржаш, совгІаташ делча, шун элаша шаьш лоллехь латто шайн халкъ оьрсийн паччахьна доьхкира. Тхан бацара тхо дохка элий. Тхо маьрша дара. Тхуна ца лаьара цхьаннан а дукъ кочадолла. Кхетий хьо, цхьаннан а?! Цундела летара тхо. Я цуьрриг дохко а ца девлла. Зударий бен ца совцу дуьхьало йоцуш кІел. Массо зуда ца хуьлу ишта, цхьа нахаца лела кхахь-

пий бен. Маршонан дуьхьа вала-м, и маршо хIун ю хаа дезий. Хьуна и хац, я цкъа а хуур а дац, Алхазан Муса. Нах бохка а, иэца а, ямартло ян, сий мел доцург лело бен шу, элашна, инарлашна кхин хууш хIумма а ма дац. Шу гIорсизчаьрца майра ма ду. Шаьш маьрша делахьара шу гIертар а дацара маьрша нах лолле берзо. Маьршачу стага цкъа а стаг лолле ма ца верзаво, цунна дика ма хаьа маршонан мах. И шуна хаац.

— Цул, дIогахь хьуо ала гIиртинарг алахьа, — шаьш тIеттIа кхаьчначухьа корта ластийра Кундуховс.

— Со-м хьуна суо вовзийта гIертара. Диъ шо хьалха цхьана буса бенойн хьаннашкахь ахь цхьа кIеззиг нахана дош делира кхин цкъа а нохчашна дуьхьал герз ца айбан а, зулам ца дан а. Оцу ахь дош деллачу нахах цхьаъ ву со. ХIетахь ахь аьлла дешнаш даим дагахь ду суна: «Дитт, ша охьакхеташ, уллорчу диттана тIе тевжа» боху хIирийн кицано, — элира ахь. — Цхьа бохам тIебеъча, вай вовшашна тIе ца тевжича ца довлу. Ас дош ло шуна, тховсачул тIаьхьа цкъа а шуна зуламана куьг ца айба а, ког ца баккха а, дош ца ала а». Амма хьо хьайн дашах воьхнийла а хиъна, хьуна и карладаккха, дIадаханчу Iай хьан юьрта ши стаг веара. Цу шиннех цхьаъ ву со.

— Со волчу оьхучуьра нохчий цкъа а ца хедира кху тIаьхьарчу шарахь. Дукханна цхьаъ дагахь латто атта ду, цхьанна дуккханан сибат дагахь латто хала ду, — шого жоп делира Мусас.

— Хьо волчу листинарш кхуза кхалхаран хьокъехь дагабовла оьхура, ткъа тхойшиъ кхечу гIуллакхана веара.

— Соьца масане гIуллакх хилира нехан.

— Тхойшиъ хьоьга хьайн дашна тIехь саца аьлла веанера.

— Хьан цIе хIун ю?

— Сан цIе Аьрзу ю.

— ДагавогIу. Амма ца вийцича вевзар вацара. Хийцавелла хьо.

— Кхузахь оха баькхкина кхо бутт кху тIаьхьарчу ткъа шарал хала беана тхуна.

— Ас ца дохийра шуна делла дош. Со сихха дIавахара шун махкара. Цул тIаьхьа ас цкъа а дакъа ца лецира Iедало шуна дуьхьал дечу гIуллакхашкахь.

— Амма нохчий Iехо оьрсашна гIо динарг-м ву хьо Муса. Нах тешара хьох, ахь деллачу дашах. Ламанан кIенташа шайн дош лардо. Иштта схьадогIуш гIиллакх ду вайн дайшкара. Нахана хьо къонаха ву моьттура, ткъа иза бакъ ца хиллера.

«Хажахьа хIокху писан хецаялар! — дагахь яппарш йора Кундуховс, — Лергах а хьокхий цо со! ХIокху туркойн жоьжахатес а ца йожийна-кх кхеран Iовдала куралла. Схьа а лаьцна, дIа а вихкина вехьна диарберкиран набахте таса веза!.. ХIан-хIа, и дан а ца тарло. Цо зулам дийр ду сан Iалашонна. ХIокхарна дуьхьал ас ницкъ баккхахь хIур-пака хуьлу ас даим а дагахь латтийна, шен дуьхьа ас оццул хан а, ницкъ а байина сан мерза сатийсамаш. Ас кхарна дуьхьал герз айахь бисинчу нохчашна юккъехь сий довр ду сан. Айса оццул лерана кху хьолатIе далийна сайн гIуллакх хIара тIуьйлагаш бахьана долуш дохо деза ас? ХIуьу хилча а дохор дац! ТIехула тIе, кху эскаро кхерор а буй ткъа уьш? Шаьш тIаьххьара а са уьйзуш белахь а, летта бала кечбелла Iа уьш-х. Суна-х евза церан хьере майралла. Хазчу дашо бен берта балор бац уьш. ХIумма а дац, мел сайн сий дахь а, нийсачо нийсачуьнца санна къамел дер ас кхуьнца. Дехаре ваьлча а дац хIумма а. Парижан дуьхьа-м ламаз дан а мегар ду аьлла-кх Генрих Навварскийс а...»

— Цкъа-делахь, ас хьоьга доьхур ду, айхьа олу дошI ойла а йина алар. Хьан къамел дукха шога а, со ца лоруш а хета суна, — элира цо шен оьгIазвахар сецо а гIерташ.

— ШолгIа-делахь, нах Турце кхайкха Нохчичу ца веана со цкъа а. Шун яртийн тхьамданаш суо волчу баьхкича, ас сайна хетарг аьлла.

— Хьо-м ца веара, амма хIара хьан ваша, Афока-м лийлира хьан дагахь дерг, шегара долчуха, къайлахкъулах а нахала даржош.

— Хьуо делах тешахь, тешахьа сох, Аьрзу, суна ца моьттура айса долийнчун тIаьхье иштта декъаза хир ю. Шуна дика болх бан воьллера со. Мегаш долу латта дIа а даькхина, лаьмнийн кIажа дерзийнчу шуьгахь ирча хьал дара. Оцу гIелонах хьалхадовла шуна кхоъ бен некъ бацара: я мацалла далар, я сагIадеха арадовлар, я шайгара дIадаькхина латта герзаца юхадерзор. Аш тIаьхьара некъ харжар суна хууш дара. Юха а цкъа цIий Iаназа ца долура, Аьрзу. Оцу хьолехь шу дисича, цкъа а цигахь синтем хир боцийла хуучу оьрсийн Iедало сацам бинера ах нохчий гIебартий, Теркал дехьий, гIалгIазкхашна юкъий бекъа, шун махка керла станицаш яхка...

— Тхуна хаьара иза.

— Шу цигара бертахь дIадевр дацара. Оьрсаша шу дуьтур дацара. Кийчча тIом бара иза. Суна шера ма хаьа, хьо кхуза хIунда веана. Оьрсийн Iедална дуьхьал аш кечбечу керлачу гIаттаман тхьамданаша тIедиллар-ца, туркошка шайна гIо деха, цхьа барт бан веана хьо а, Маккхал а кхуза. Амма оьрсашца и керла тIом чекхбер бара шух нисса ах хIаллакдеш, диснарш махках а дохуш. Цул суна бакъахьа хийтира, шуна юкъара цхьа масех эзар доьзал бусалба Турце а кхалхийна, биснарш маьрша бахийтар...

— Тхох къахеташ лелла-кх хьо?

— Дела ву-кх сан дог гуш.

— Харц лоь хьо, Алхазан Муса. Харц лийча иэхь ду къонахчунна. ДІадаханчу Іай хьо волчу веъча ас а, Маккхала а элира хьоьга, Хонкара кхалхар къобалдеш хабарш ма дийцахьара ахь хьайна тІебаьхкинчаьрца, цигахь даладелла бохуш, тхан наха юкъа эладитанаш а ма даржаде, цига бахча нах, шайл хьалха бахана чергазой санна, хІаллак хир бу, лахь шайн лаьтта тІехь лер уьш, бита нах Іадда. Бехирий?

— Бехира.

— ХІунда дира ахь хІара?

— Бахьана ас дийцина хьоьга.

— Харц ву хьо, Алхазан Муса. Къайлах цхьа Іалашо хилла хьан. Кхузахь туркошца я дІогахь оьрсашца бина барт бу хьан. Ца хилча берриге хьан бахам безчу мехах дІа а иэцна, цара хьо схьа а хоьцур вацара. Хьажал, кхуза схьа ма-кхеччи, туркоша хьайна деллачу пашин чине.

— ХІаъа, сан барт бара шина а агІонца. Шун дуьхьа, шу хІаллак ца хилийта.

— Муха керча хьан мотт,Муса! ДІегІаста а, Нохчичоь а дІалаьцча, цигахь тІом чекхбаьлча, кхин дІа хьо ца оьшура оьрсийн паччахьана. Хьуо мел дукха вахарх чинехь кхин хьалаваларе догдохийла яцара хьан. ТІехула тІе, оьрсийн Іедало мукъабохура, Муса эла, шун ялхой а. Цигахь хьайн гІуллакх галдала доллийла хиъна хьо, кхузахь иза тодан, нохчий а иэцна, схьавеана. Тхан нехан цІий Іеношь, цигахь инарлин чине кхечира хьо, и ца тоуьйтуш, кхуза а далийна, юха а цкъа тхо хІаллакдарца, паша хили хьох. Хьан дагахь кхин а дикка хІуманаш ду, амма кхин тхо Іехалур дац. БойсагІар имам ваьллачу шарахь айхьа хІаллакдинчул уьттазза сов адам хІаллакди ахь кхузашха схьа а далийна. Мах-

ках а даьккхина мацалла, къиза. Хьан элдитӏ мотт сеццехь, хӏара адам шен махкахь хир дара.

— Гор, Аьрзу яӏ, со бехке вар бен кхин хӏума-х ца хаьий хьуна, — доккха садаьккхира Кундуховс. — Хьоьца ца къийсархьама, ахь боххург бакъдийр ду ас. Амма цкъа а со дуьнен чохь ца хиллехь а, шуьца хиндерг ду-кх ахь суна тӏетеӏориг. Со ца хиллехь, кхин инарла хир вара диъ шо хьалха шун гӏаттам хьаша. Иза сол къиза, дера хила а мегара. Шу ккузашха схьадало а вер вара кхин. Сох а, хьох а дозуш ма дац хилларш. Ницкъ болчо гӏорсизниг иэшош, вацош схьадогӏуш ду хӏара дуьне. Оьрсийн къам а, мохк а дукха ду, ницкъ болуш ву церан паччахь. Дукха хан яра дуьненан нуьцкъалчу паччахьаша вайн исбаьхьчу лаьмнашка сутара бӏаьргаш хьийсаде. Вайн ницкъ бацара цаьрца къийса. Царех цхьанна кӏел совцаза ца довлура. Девнехь иэшна кӏел совцучул, бертахь тӏедерзар тоьлаш лерина дина тхан дайша шаьш динарг. Делира дера-кх царна-м чинаш, даржаш, совгӏаташ. Дуьхьало йинехь? Шу санна, хӏаллак хир бара. Сий а, пусар а хир дацара. Шуна хаа ма деза, Аьрзу, оьрсашна дуьхьало ян гуьржийн паччахьашний, хӏирийн, гӏебартойн, гӏумкийн, жӏайхойн элийн ца кхаьчна ницкъ шайн кхочур боцийла. Хаа деза, гобаьккхина долу дерриге халкъаш шена муьтӏахь хилла севцича, оцу юккъехь цхьа кӏайдарг хилла лаьтта шаьш тӏе ца дирзича оьрсийн паччахьо дуьтур доцийла. Царна оьшурш-м шуй, тхой даций, вайн хьоме, исбаьхьа лаьмнаш, Іалам ду. Уьш бертахь шайга дӏа ца делла халкъ паччахьо хӏаллакдийр ду. Иштта дара шен инарлашка цуьнан буьйр денна. Шу ловзош Іийр вацара. Цигахь, гаттехь шу дита йиш яцара. Латта ца тоьура. Щуьгара дӏадаьккхинарг элашний, эпсаршний декъна совгӏатана. Дукхахдолчунна тӏе гӏалгӏазкхийн станицаш ехкина. Диснарг пачхьалкхан дола даьккхина. Шу массо мацал-

ла леш хиларх, паччахьо цигара гIалгIазкхий дIабохур бац, я эпсаршний, элашний декънарг шуна юха а дерзор дац. Иза ма хаьа хи чуьрчу пхьидашна а. Цул шу цхьадерш Россин кIорге, вуьш ГIебарта, диснарш Теркал дехьа кхалхийчи? Оьрсашна юккъе даржийча, уьстагIий санна ма хир дара шу. Церан диней, маттей, гIиллакхей дерза мегара. Бертахь шу девр дацара шайн махках. Кийчча керла тIом бара иза. Гой хьуна, Аьрзу, со цкъа а дуьненахь ца хиллехь а, хир долуш хIуманаш дара уьш. Ткъа, цигахь а, кхузахь а шун аьтто бан со мел гIирти хууш вайн дела ву.

— Хаьа тхуна, Муса, Диарбекирехула дIа ца дуьгуьйтуш Мушаний, Байбуртаний, Эрзерумний, Къарсаний уллохь тхо совцо гIерташ ахь хьайн ницкъ кхочург лелийний хаьа. Амма паччахьан инарла Алхазан Муса диъ шо хьалха тхоьца берта валийнарг а, цигахь, кхузахь а тхан бала кхаьчна лоьлуьйтург а хIун ду хаац-кх. ХIинца, дIа ойла йича, хетало, и дерриге ахь паччахьан Iедалан бертахь лелийна-техьа олий. Нагахь тхо шекдерг тхуна бакъхилла карадахь, ларлолахь, Алхазан Муса. Лаьттах воларх, стигла валарх тхуна карор ву хьуна хьо.

Кундухов вист ца хуьлуш сецира. ЦIеххьана чу гIайгIа йоьссина цуьнан майра ши бIаьрг тIуьначу лаьтта некъан йистонца хевшиний, эгний Iохкучу адамашна тIехь керчира. Цуьнан омре ладоьгIуш, кийчча лаьттара туркойн дошлой. Цуьнгара дош даьлча, уьш, жIаьлеш санна, тIекхиссалур бу оцу балла бохкучу нахана. Ткъа, маса кхачалур ву царех юха кIегар Муше? Иттех. Биснарш лийр бу. ХIетахь кхеран гIаттам хьошуш командованин приказ кхочушдира цо. Ягош хIаллакйира дийнна ярташ, таллархочо экха санна хьаннашкахь адамаш хьийзийра. Амма нохчаша оцу гIуллакхана командовани бехке ца йира, ткъа операцина тIехь куьйгалла дина иза

бехкевира. ХIинца а цо велин приказ кхочушдахь, царна хьалха дерригенна а бехке а хир ву. Цунна уггар коьртаниг — нохчий шех тешар ду. Ткъа кхеран цIий туркоша Iанор...

Хевшина Iечу нехан цхьана тобано цIеххьана гIийла назма йолийра:

...Бусалба паччахьо ша волчу доьхура,
Кераста паччахьо цIахь совца бохура,
Къематде хIуттуш ду молланаша бохура,
ЦIе йоцуш, мох боцуш Нохчичоь йогура,
Мел дезарг дIатесна вай махках девлира.
Паччахьийн багахь берг ямарт мотт хиллера,
Алхазан и Муса сийна цIе хиллера,
Iуспанан СаIдулла цIарна мох хиллера,
Тешхачу молланаша вай Iехош хиллера,
Цара вай кхачий-кха къематан кху дийне...

Оцу назманан хIора дош бурохa лерга хьаьвзий, дегIах лазар тухуш, массо пхонах чекхдолура Кундуховна. Цкъацкъа ойла хуьлура цуьнан лерга пIелгаш дохка, я, дина а хиъна, цхьана агIор къайлавала. Амма уьш ший а дойла яцара. Цергаш а таIийна цо сатуьйхира назма чекхъяллалц.

— Аьрзу, нехан неIалтал доккха таIзар дац стагана. Суна хаьа, шун тIаьхьено сайна и кхайкхор дуйла. Шун мехкаш дIалоьцуш дакъалаьцна со а, дисина адамаш а, замано шен кхиэлана гIовттийна хилла. Кхин хIумма а дац. Юха а боху ас, сох, со санначу иттех, бIе стагах новкъа дала а, кIелдиса а хIума дац. Тхо ца хиллехь кхин хир бара. Суо вина мохк ца безаш ца веана со кхуза. Шу-м цIа дерза а мега. Доьрзур а ду, даламукъалахь. Амма суна иза юха гур бац. Со а, СаIдулла а, кхин масех стаг а юха Росси вуьтур вац паччахьо. Дерриг дуьйцур дац ас. Цунна хан дукха еза. Амма сайн цхьа къайле хьуна йийца лаьа. Диъ шо хьалха, бенойн хьуь-

пах шаьш сайх ас хIунда тешийра бохучу хьан хаттарна жоп а хир ду хIара. Оьрсийн паччахьна тхаьш гIуллакх деш делахь а, оьшуш дуьненан даьхни дацахь а, тхо цхьадолчаьрга ца лалора вайн халкъашна тIехь оьрсаша латто къизалла, цара вайн сийсаздар, иэхь ца хеташ талор. Цундела оха цхьана пхеа стага барт бира, оьрсийн олалла вайн махкара дIадаккха. Уьш пхиъ сой, Iуспин СаIдуллин, Цугин Iелахий, Уцмин Мусий, Атажукинний. вара. Тхан Iалашо кхочушъян боккха ницкъ оьшура. Ткъа цунна хан езара. Амма оха хьалхара гIулч тоссушехь, дуьйхира дерриге а: Атажук эло мотт бира тхуна. Эла Уцмин Муса Россех кхалхийра. Ткъа, тхо висина кхоъ лацаза висира. Со суо а цецвийлира цу балхах. Суна ма хаара, бартан коьртехь со ву аьлла, Атажукина мотт бинийла. Къаьсттана цецвуьйлура со суо витарх. Ас дуй ма биънера, оьрсийн паччахьана муьтIахь хила. Со цуьнан эскаран инарла вара. Ткъа ас, и сайн дуй а къарбеш, пачхьалкхана ямартло йинера. ХIетте а ца лецира, чинехь а висира со. Амма, суна кечдина кхин луьра таIзар хиллера церан дагахь. Теркан областан начальнико инарлас Лорис-Меликовс, цхьана дийнахь шена тIе а кхайкхина, доцца схьахьедира соьга: я оьрсийн Iедална реза боцу нохчий а иэций, СаIдуллица, Iелаханца Турце кхалха, я оха цу нохчашца дуьнен чуьра кIур бойу хьан...

Кийра цхьа бала хьаьвзина, ша Iеччохь меттахъхьеш, синтем байна хьийза Аьрзу цIеххьана хьалаиккхира. Шен кхоьлина бIаьргаш хIетталц бен доцуш дехьа лома баса а доьгIна гIийла къамел деш Iечу Кундуховс, гIулч таса а кхиале, катоьхна пхьарс лаьцна, лаьтта охьаозийра Аьрзу.

— Хьайн делан дуьхьа, Аьрзу, со дийцина валлалц ладогIа, — дехаре хьалахьоьжура иза. — ХIинца хьоьца къамел дийриг оьрсийн инарла а, я туркойн паша а вац,

ткъа шуьца цхьана лаьмнашкахь вина, кхиъна ламаро ву...

Аьрзу, тоьхна шен куьг Мусин керара а даькккхина, бIаьрган негIар ца тухуш, цунна тIе а вогIавелла, сецира.

Iелина дика евзара вешин амалш. ТIехьашха хьаьжча а хаьара цунна иза гIийла хилча а, самукъе хилча а, оьгIазе хилча а. Ткъа хIинца Аьрзун юьхьа тIера кIезиг йисина цIелла а яйнера, кIайделла балда цергаца а лаьцна, цо буйна къуьйлура шаьлтанан кIайн маьIа мукъ. Цуьнгара цхьа доьхнарг даларна кхеравелла Iела дерригенна а кечвеллера. Амма, Аьрзус, гIелбсслла хевшиний, нэгний Iачу зударшкий, берашкий, кхерамна кийчча ирахь хьийзачу накъосташкий бIаьрг а тоьхна доккха садаькккхира.

— Суна хаьа хьан дагахь дерг, Аьрзу, — юха а гIийла къамел долийра Кундуховс. — Суна тешха, ямарт жIаьла аллаза виси хьо.

— ХIаъ, цхьана мIаьргона цу дешнашца жIаьла сийсаз дора ас. Дика жIаьла тешаме хуьлу шен дений, цIенний. Ткъа хьо ямарт хилла хьайн дена — оьрсийн паччахьна, ямарт хилла хьайн цIенна — даймахкана, хьайх тешначу адамашна. ХIан-хIа, Муса, жIаьла аларх юьзина ца йолу хьан бакъ цIе. И миска адамаш дацахьара, хьо ларвеш дерриг туркойн эскарш хиларх, ас са доккхур дара хьан. Хьоьца кху хьан вешин а!

ХIетталц цхьа дош аьлла а вист ца хуьлуш шаьлтанан макъарна тIе куьг а диллина, шина нохчочунна тIера бIаьрг ца боккхуш Iеш волу лекха, мезалчу дегIара Афока къамела юкъавуьйлира.

— ЛадогIахьа, Аьрзу, тхо хьоьца адамийн маттахь къамел дан гIерта, ткъа ахь, кхерамаш туьйсуш, Iиттарш йина ца Iеш, тхо сийсаз а до. Нагахь хьо вицвеллехь а, тхаьш хьо виччу лаьмнашкахь дина а, кхиъ-

на а хиларрий, майраллей, оьздангаллей даькккхича, хьол тIех хила бен оьшуш доцийла а дIахоуьйту хьуна!

Аьрзу, вагийча санна, цIеххьана Афокина тIевирзира.

— Шуьшиъ кIилло ву бохург тхуна цкъа дага ца деъна, Афока. Амма тешам, оьздангаллий хьехо эхь хета дезара шуьшинна. Шуьшиннан ямартлоно пхи эзар доьзал мацалла хIаллакби кхузахь. Нохчичохь тхан цIий Iанош инарлин чин даькккхира хьан вашас, ткъа кхузахь схьакхачарца паша хили цунах. ХIетте а тешам, оьздангаллий хьехайо ахь! ХIара адам юхадерзадай я дIадахийтий айхьа дийриг дай вала, Алхазан Муса.

Шен веше, хIирийн маттахь човхош, масех дош а аьлла, юха Аьрзуна тIевирзира Муса:

— Ас юха а боху хьоьга, Аьрзу, хIинца хьоьца къамел дийриг я оьрсийн инарла а, я туркойн паша а вац, ткъа, хьо санна, махках ваьлла ламаро ву. Хьайна деле собар а дехий, дийцина валлалц ладогIахьа соьга. ХIаъ, Аьрзу, ямарт ойланаш лилхина хила а тарло сан даг чу. Айса бохург цигахь ца хуьлийла хиъча, шун бохамах пайдаиэца дагадеара суна. Ас ойла йира. Оцу ломан кIажа хьовзийнчу нохчашна, царех итт дакъа дича исс декъана а латта ца тоара. Оцу хьолехь уьш совцур бац. Оьрсашна и хаьа. Амма нохчашкара дIадаькккхина латта Iедало царна духадерзор дац, уьш мацалла лахь а. Лахара а нисса ах нохчий шайн даймахкара дIабáха деза Iедалан. Амма уьш бертахь махках бевр бац. Ца хьебеш битча а, дIабаха гIоьртича а кийча керла тIом бу иза. Юха а хIаллак хир бу нохчий. ТIаккха суна бакъахьа хийтира, инарла Лорис-Меликовс сайна хьалха хIоттийнчу шиннах хьалхарчу новкъа валар. Нохчичуьра пхи эзар доьзал дIабаькккхича, цкъа-делахь, дуккха а латта буьсучарна мукъадолура, шолгIа-делахь, — хIара уггар коьртаниг дара, — цо уьш кIелхьара бохура керлачу тIамах. Цундела ас сацам бира, сайца бахка реза болу

нохчий а эцна, Турце кхалха. СаIдулле а, Iелахане а дийцира ас сайн дагара. Ас цаьршинга ца хаийтира айса лелориг оьрсийн Iедалца бертахь хилар. Кху хьоле шу оьгур дуйла ца хаьара суна, Аьрзу. Бакъду, шул хьалха ккхуза баьккина чергазой, абазеш, убыхаш, шапсугаш суна кхин а ирчачу хьолехь байнера. Амма туркойн пачахьо со тешийнера нохчийн дола шаьш дийриг хиларх. Дерриг галдаькккинарг — шайн дозанца болчу махкахь шу дитарна оьрсийн Iедал дуьхьал хилар ду. Ткъа шайна къастийнчу лаьтта тIе даха шуна а ца лаьа. Бехк а бац шун. Дуьйш-дерзош доцчу оцу екхачу махкахь дукха стаг хене вер вац. Цундела, туркойн а, оьрсийн а бертаза со дуккха а гIиртира шу ккхузахь совцо. Ницкъ кхачанц.

Муса цхьана ханна вист ца хуьлуш сецира. Лаьттара схьаэцна цхьа дакъаделла чамхалг цергаца Iуьйшуш а Iийна, Аьрзу вист ца хуьлийла хиъча, юха а шен къамел дIадолийра цо:

— ХIаъа, Аьрзу, сан бехкенна хIаллак хуьлуш ду шу ккхузахь. Со Iехавелира, шу а Iехаделира. Бехке ву. Сох биэкхам иэца луучо, суна эзар шо оьмар еха. Цхьана агIор, шун къила воьжна цо дог огуш, вукху агIор, даймахке сатуьйсуш вехачул суна велла дIавалар гIоле ю. Ас дуьненахь йоккхучу хIор минотал луьра таIзар дац суна.

Iела ца тешара Кундуховс дуьйцучу дукханнах. Амма цхьадолчех тийшира. Къаьстана цуьнан тIаьхьарчу дешнех. Iелина хиънера даймахках валаран, цуьнга сатийсаран къаьхьа чам.

— Тхоьца цIа верза, — аладелира Iелега цIеххьана. Доккха садоккхуш, гIайгIане вела а къежна, Iелига хьаьжира Муса.

— Э, жима къонаха, хьуна и ала бен хаац. Туркошна со ккхузахь оьшу, оьрсашна со цигахь а, я ккхузахь а

хьашт вац. Туркоша со дIа а хьажор вац, оьрсаша дозанал чоьхьа а волуьйтур вац. Шу-м къайлах-къулах а цIехьа теIар ду, валаза виснарг дIа а кхочур ву, шайн ярташкахь къайла а ваьлла вуьсур ву. Ткъа со? Со къайла вер вац цигахь. Билгал ву. Даймахке сатуьйсуш, валлалц кхузахь къиза ваха деза сан.

— Муса, хьан цхьана а дашах ца теша со, — элира Аьрзус. — Хьайх тешам байина ахь.

— Ас бехк ца буьллу, Аьрзу.

— Хьо вохкалуш стаг ву, хьуна хала хир дац кхузахь ваха! — къиза дешнаш кхуьйсура Аьрзус.

— Аьрзу, ма ехьа Iиттарш, сан собарх къинхетам бехьа! — Къаьхьа мохь белира Кундуховн. — ХIаъа, соьгахь шортта ахча ду! Туркоша со лоьру, царна чIогIа оьшу со шайн мостагIийн эскарш, тIеман Iилмий девзаш инарла волу дела. Цигахь сайна гIенах а гундоццу дарже кхача мега со кхузахь. Амма хIун до цунах? Кхузахь паччахь хилла вехачул, суна-м лаьмнашкахь къелла валар тоьлий. Амма тIаьхьа кхетта-кх.

— Дала хьукма дойла хьуна! Вало, Iела.

— Собар, Аьрзу, Шу юха дерзо хьажийний со-м!

Масех гIулч ма тессинехь, сецира Аьрзу.

— Хабар ца дахдеш, кху адамашна кхэл кхайкхаяй валахьа, Алхазан Муса. Духа ца дерза лийр ду тхо.

— Эрна къа а ца хьоьгуш, духадерза. Оьрсийн пачхьан омра ма ду, кхуза кхелхинчу нохчех цхьа а юха Россин дозанал чоьхьа ма валийта аьлла.

— Хаьа тхуна. Амма, дозане а хевшина, оха юха а дехар дийр ду.

— Шу тергал дийр дац.

— Мухха дирзина а цIа доьрзур ду тхо.

— Къайлах цIа вирзинарг Сибрех хьажор ву шу!

— Мехкан Сибрех делира тхо, кхузахь хуьлучул.

— Цигахь керста дина дерзор ду шу! Шун зударий

цигахь шарбалш йоцуш, гауршца лелар бу! Шун берийн берашна нохчийн мотт а, гIиллакхаш а, дин а дицлур ду!

— Тхуна са ма гатдехьа Алхазан Муса. Оха мухха Iалашдина а тхаьш а, тхешан дин а Iалашдийр ду. Цул, Алхазан Муса, хилаза ца дериг дIадоладе вай.

Декъий ца хьахь, дийна тхо юха дуьгур дац аш. «Ванах хIун де-те ас? — хеттара Кундуховс шега. — Герз айача? ХIан-хIа, хIан-хIа. Цул дIабохуьйтур ас хIорш. ХIокхарна гергахь со ламанхо, хIокхеран дуьхьа махках ваьлларг, хIокхеран гIайгIа бан гIертарг хилла виса веза...»

— Ма дийцахьа, Аьрзу, шу юхадерзо дагахь хилча, со Iийр вацара хьоьца хIара захало дуьйцуш. Ас-м шу дIадохуьйтур дара, туркоша дозане дуьтур дац. Цара дитарх, оьрсаша чоьхьа а довлуьйтур дац. Суна хууш ма ду, шуна дуьхьал шина а агIоно цига инзаре дукха эскарш оьзнийла. Ас аьлларг дай, юхадерзийша, Аьрзу. Суна лаац оцу пекъаршна дуьхьал герз даккха. Амма, дозанехь шух къинхетам бийр бац кхара а, я вукхара а. Цул, кхузахь а совций, кхара бохург дейша...

— Йолах эскарехь гIуллакхий? — кIоршаме хаьттира Аьрзус. — Цигахь оьрсийн паччахьо тхо санна, кху хонкаран махкахь цхьанахьа туркоша бIарздина гIуьтту къаьмнаш цIийла керчош лелий? Хьуна а, хьан керлачу дайшна а моьтту хир ду, шайн мохк, доьзалш, шайн синош лардеш дезткъа шарахь цIий Iенийна нохчий цIийга марзделла аккарой ду? ХIан-хIа, Алхазан Муса, тхо хир дац цхьаннан а леш, цхьаннан а йолахой. Иштта дIаала ахь туркойн паччахье. Марша Iайла хьо!

Меллаша къилбседехьа буьйлабеллачу наха цхьа чаккхарма некъ бале, царна тIаьхьакхиира, юххе ваьлла бере а волуш, ши гIудалкх. Генара бIаьрг ма-кхийтти вевзира Iелина Мусин ваша Афока.

— Мусас некъана хIара ши гIудалкх кхачанан сур-

саташ даийтина шуна, — элира цо Аьрзуна тIе а веана. — ХIорш дIаэцар а дийхира цо. Юха а дийхира цо, аса а доьху шуьга, тхойша вонна дага ца лецар. Диканиг дечуха лийлира-кх тхо. Шун дегнаша лоьхург лойла шуна дала. Дала шен къинхетамах ма дохийла шу а, вай дерриге а!

Шина салтичо гIудалкхаш яссоре а ца хьоьжуш, юхаозийна говр ма-йоьдду лаьллина, некъо гола тухучохь къайлавелира Афока...

10-гІА КОРТА

Лаьмнашна тІехьа лаьмнаш ду, мархаша хьарчийна,
Балано Іаьвдина, довха цІий хуьйдина.
Цигахь вайн къинхетамо
Схьадаькхина мецачу къехойн долахь мел дерг — маршо а,
Экха санна, хьийзабо...»
Т. Г. Шевченко «Кавказ».

Ши кІира дара ІелагІар Арпачайна уллохь совцийна лаьтта. Нохчий дозанна тІе ца буьтура туркоша. Цара тІебитича а, уьш дехьа ца бовлийта, вукху агІор сема лаьттара оьрсийн эскаран отрядаш. Даймахка цІа дерзийтахьара аьлла, Турце кхелхинчу берриг нохчийн цІарах дехар эцна Аьрзу коьртехь Михаил Николаевичана тІе, Тифлисе вахна итт стаг а дегнаш иэгна вухавирзинера селхана. Ткъа юханехьа оьхучу нохчийн тоба денна стамлора. Уьш тера а бацара ах шо хьалха кхузахула чекхбевллачу нохчех. ХІетахь, къен белахь а, хІинца санна, беркъа, догІмаш гуш бацара. ХІетахь уьш богІура вордanашца, тІаьхьа тийсина даьхний а долуш. Аьтто бара къенаниг, цомгашниг, бер вордана хаон. ХІетахь церан берриг бахам шайца бара. Миска бахам. Миска бара церан бахам шайн даймахкахь . Оцу къеллех, мецачу Іожаллех, оьрсийн паччахьан Іедалан къизаллех бевдда баьхкира уьш кхуза. Баьхкира, шайн бе-боцу бахамаш, кхелхина боьлхучарна аьттонна аьлла, Іедало хІетта Несарехь, Шелахь ехкинчу базаршкахь Іаламат борах дІа а боьхкина. Халкъе беанчу бохамах баккхийбера, цунах пайдаиэца юкъ йихкинарш. Кхалха кечбеллачийн сал-

пал, даьхний, бахаман гIирсаш оьцуш Нохчичухулий, ГIалгIайчухулий буьйлабелла лелара гондIарчу къаьмнийн совдегарш. Мах ца къуьйсуш дIабоьхкира наха шайн бахамаш. Схьалуччух. Царна ахча оьшура. Хонкара махка кхелхачо оьрсийн Iедалера паспорт даккха дезара. И паспорт ца лора, тIедогIучу ткъа шеран пачхьалкхан налог а, бера а дIа ца такхахь. ТIаккха а ца хуьлура чомахь гIуллакх. Кхаъ бала безара: Iедалан чиновникашна, юьртдена, пурстоьпана, «юкъалелачарна». Цундела йоьхкира шайгара дIаоьцург, герз, дой доцург. Махуьллу даьхни кхоо а гIерташ. Амма, кIезиг вара и долуш да.

ХIаъа, дозанал сехьабовлуш къен хиллехь а, жимтIама хIума дара. ТIехь, когахь, герз, зударийн кочахь, лергех, пхьаьрсех дашон, датон хIуманаш а... КIезиг делахь а, ялта а, хьайбанаш а. Барта схьадийцарехь уьш меттигерчу бахархойх ларбо а бохуш, амма дагахь — нагахь дохкобовлахь юха ца берзийтар а долуш, кхо бутт хьалха ккуза, Арпачай, дозане схьабалийра уьш оьрсийн эскарша. Пхи эзар доьзал. Ткъе бархI тобане а бекъна. Вовшах ца кхетийта хIор тобанна юккъехь шина-кхаа дийнан некъ а буьтуш. Кхузахь оьрсийн эскарша, хIора тоба, бежнаш санна, адамаш дагардеш, дIабелира нохчий туркойн эскаршка. ХIетахь, дегнаш даймахкахь дитина гена схьабагIахь а, тIехиндерг къайлехь латтахь а, дегнийн кIоргехь богура дегайовхонан суй. Цаьрга дийцинера Хонкаран-махкахь царна къастийна, церан даймахкарниг санначу исбаьхьчу Iаламо кхалийна, токхе латта а, кийчча хIусамаш а ю бохуш. ХIан-хIа, и дийцина ца Iа. Царна шайн бIаьргашна гина хонкаран паччахьо нохчашка яздина кехат. ХIора эвлахь юьртан моллас, рузбана гулбеллачу нахана дешнера иза. Амма цхьанна а дага ца догIура, молланаша доьшуш лелориг цхьа-шн шо хьалха туркойн

султана малхбузера ламанхой шега дIабоьхуш язйина прокломаци, схьа а лехна, Тифлисехь нохчийн цIарах тойойтуш Лорис-Меликовс зорба а тохийтина, нохчашла даржийна аьшпе кехат хилар. Цигахь шайна ялсамани хир ю бохучух-м ца тешара уьш. Делахь а, моьттура шайн даймахка йоьссина харцо, къелла, къизалла кхечухьа хир яц. Цхьана моттаргIанех ца Iехавелча вер ма вац стаг шен цIийнах, винчу махках. ГIаддайнера. Сатийсира, цигахь мукъане а маьрша, машаре дахар кароре, шайн динерчу паччахьера орца хиларе, мацца а делан гIоьнца, оьрсийн паччахьан Iедал цигара дIадалахь, юха цIа дерзаре.

Амма царна оцу бехачу некъаца цхьаннахьа а ца гира шайл башха гIуллакх таделла адамаш. Гуьржий, оьрсий, эрмалой, курдой туркой... Нохчичул церан тIехдаьлла хьал — уьш шайн махкахь Iаш хилар дара. Ялсамане яцара цхьаннахьа а. Дуьххьал дIа паччахьо бIарзбинчу царна моьттура бусалба туркойн паччахьо шайн дог лохур ду. ХIара дуьххьара а дацара. Шайх Мовсаран заманахь дуьйна схьа уьш даима хьуьйсура къилбехьарчу орцане. Дезткъа шарахь. Амма царна ца кхечира бусалба паччахьан орца. Цхьа стаг а, молханан чим а, цхьа хьостам а. Ца кхечира царна я туркойн а, я оьрсийн а паччахьашна кIел совца ца лаарна. Царна, ламанан аьрзошна санна, паргIат, маьрша баха лаарна.

ХIаъа, белла уьш, мозий санна. Мацалла, махкалла дина а. Дийнахь-бусий ши бIе, шиъ ах бIе леш. Даймахкара еана миска къелгаш меттигерчу бахархошна дIайоьхкина бевлира уьш шаьш схьакхаьчна бутт балале. Бераш мацалла ца далийта гIерташ. Амма, церан тIелхигех лучу кана макхей, барцей саца ма ца лора, бага а гIаттийна, хьалха мацалла а яькхкина, саьрмик санна, тIаьхьа тIешерша къиза Iожалла. Юха ца йолура иза, туркойн Iедало кхелхина баьхкинчарна нуьцкъаша лучу

сагIех. Ткъа, нохчашна ца лаьара, шайн бераш туркойн мехкадайшна дацо дохка, шаьш йолах салт бийла, шаьш санначу, мисканийн цIий Iено. Цхьаберш белира шаьш Iохкучуьра меттах ца хьовш, я азаллехь яздинчух девр дац бохуш, я меттигерчу керстанашна къолаш, талораш деш шайн сий ца дайархьама, я шайна хIоьттинарг дуьненан къемат де хеташ. Цхьаболчара, мацалла ца бала а, дукхахдерг шайна хиллачу бохамах бекхам иэца гIерташ а, талораш дора хIуманна а бехке боцчу меттигерчу бахархошна. Муш шахьарна шозза тIелатар дира цара. Цхьадика, цIий Iанор доцуш дIадирзира уьш. Эххар а, цхьаберш даймахка юхаберза йинчу чIагIонца новкъа бевлира, Iаьржа Iожалла оцу хийрачу махкахь ца иэца, даймахка боьдучу новкъахь тIеэца реза хилларш.

ХIинца уьш дозане кхаьчча. Церан ирсана а, докъазаллина а юккъе хIоьттина бу гуш боцу лекха берд. ХIан-хIа, церан дахарний, Iожаллиний юккъе хIоьттина лаьттара и торгIала бIогIам...

Генарчу даймахко шена тIеийзабора уьш. Иза бара, чохь са доцуш санна гучу, церан догIмийн чархашна ницкъ лург, уьш къилбседехьа дIабуьгург.

Амма оцу бехачу новкъахь тIаьхьа кешнийн баьрзнийн лар юьтуш кхуза кхаьчна и адамаш, и ши эзар ялх бIе IиндагIа сацийна оцу лаьттачу торгIал бIогIамо. Цунна дехьа бара церан даймохк. Ялх бутт хьалха шена букъ тоьхна, тилла дахана шен бераш тIедоьхуш. Даима церан лерехь декара царний бен ца хуучу маттахь цо бечу кхайкхаман аз. И царна гора маьлхан а, беттан а серлонца. Иза царна хезара мохан эсалчу тулгIеца, шовданийн декарца, олхазарийн шакаршца, шайн сингаттамечу иллешца техкачу хьаннашца. ГIа-бацо, дорцан угIаро — дерриге а Iаламо дIа мел хьаечу меженца кхайкхам шайга кхийдабо моьттура.

ХIинца и кIайн-Iаьржа мохане бIогIам лаьтта

царна юккъехь мокхазан берд хилла. Цул дехьа цераи дахар ду, сехьахь — Iожалла. Амма, буйнахь шийла герз а къуьйлуш, тIулгийн йолуш санна, къинхетамазчу яххьашца, оцу бIогIамна дехьа а, сехьа а лаьттачу салтийн кхин ойла ю. Туркойн ойла яц хIорш оцу бIогIамна тIе бита. Ткъа дехьа лаьттачу оьрсийн ойла яц цхьа ког а Россин лаьтта тIе ловзийта. Иштта ду шина а мехкан паччахьийн омра.

Иза дика хаьа оцу ши эзар ялх бIенна. Амма царна кхин цхьаъ а хаьа: оцу бIогIамал сехьахь дисахь — шаьш дерриш лийриг хилар, тIех довлахь—ах мукъна а далаза даймахка дIакхачаре догдохийла юйла.

Цхьа кIира ду цара, шаьш цIа дерзийтар доьхуш, дозанерчу туркойн а, оьрсийн а инарлашна кара куйнаш, корталеш детта. Туркоша бехк оьрсашна тIе тоьтту. Цара довлийта бахахь — дехьа довлуьйту шаьш боху. Амма вукхара аьттехьа а ца дуьту. Шаьш цкъа а оьрсийн Iедало аьллачул тIех девр дацара бохуш а дийцира. Реза ду, Нохчичу а ца доьрзуш, шайн доьзалшца кхечухьа даха а. Кху жоьжахатара дIадовлийтичхьана.

Амма къинхетамза ду сардалан дог. ТIулган долуш санна. ТIулг а бешаш ма хуьлу дуккха а хиш тIе Iенча. Амма, оьрсийн паччахьан вешин дог дашалац оцу берийн, зударийн бIаьргех догIанха Iеначу бIаьрхишка.

Цераи цхьаъ бен некъ бац: бертаза дозанах дехьа довлар...

11-ГІА КОРТА

«Халкъаш, Іама царех, маьрша диса луу адамаш стенна хьуьнаре хуьлу...»
К. Маркс.

Дерриге а хилира Іела ойла ян а кхиале.

Хьалхарчу буса хан яллалц кхеташонаш еш къийсинчул тІаьхьа массеран а цхьанабартаца сацам хилира, нагахь бертахь ца довлийтахь, бертаза дозанах дехьа довла. И сацам тІеоьцуш дукхахболчара догдохура дозанехь долчу шина а агІонан эскарша, оцу цомгушчарна, мацаллой, махкаллой, баланаший, мангало буц санна, хьоькхуш кхачош лаьттачу оцу адамашна аьлча а, оцу адамийн гІаларташна дуьхьало ца яре. Дуьхьало яхь а, герзаца йийр яц. Хьанна хаьа, ирх-пурх а шайн махка дІакхачале новкъахь белла а хІорш кхачалур бу аьлла, дІахеца а мегий уьш-м. Герз дуьхьал даккхахь? ХІумма а дац, доккхий шайна. Кху дозанехь уьш а буьтур бац, юхаберзийча а уьш лийр бу. Іазап а хьоьгуш, дай-нанойн—берех, берийн дай-нанойх дог а Іийжаш кІез-кІезиг лечул, кхузахь цхьана дийнахь, я сехьарчийн, я дехьарчийн карах белла дІабовлар гІоле ю царна.

Оцу мехкан Іаламо а ца бора царех къинхетам. ХІор де а догІура юькъа дохк тІетеІаш, я гуттар серсаш, я,

серий санна, догIа детташ. Амма тахана и хаза деънера. Ламанан дукъа тIехула хьалаайабеллачу малхо догIмаш а, дегнаш а доходора адамийн. ХIоре а чIогIа тешна вара, сийсара шайн хилла сацам дала къобалбина хиларх.

...Ткъе бархI тобане а бекъна, махках баьхначу нохчех, 28-чу апрелехь уггар хьалха Нохчичоьнна букъ тоьхначу тобанца болу IелагIар, 17-чу июнехь Арпачайна гена йоццуш йолчу Хазапински заставехула дозанал сехьа а баьхна, туркошка схьабелира. Тахана октябран вуьрхIитталгIа де ду. Нисса биъ бутт хьалха, кху жоьжахате чу-м атта битира уьш, хIинца арабовлуьйтурий техьа?

1865-чу шеран вуьрхIитталгIа октябрь.

Я массо велла кхузахь вожа, я, дозанал дехьа а девлла, нана-Нохчичу кхача сацам бина, меллаша дозанна тIе волавелира ши эзар ялх бIе нохчо. Къений, къоний, зударий, берашший.

Оцу йоккхачу тобанна цхьа чаккхарма хьалха вогIура кера лаьцна кIайн байракх йолуш итт стаг. Церан керахь а, дегIаца а цхьа тайпа герз дац. Яьстина, зударийн санна, хецна ю гIодан яккъаш. Уьш — юха а цкъа машарна хьалхабаьхна векалш бу. Ткъа, важа висина ши эзар ялх бIе стаг, аьлча а, и адамийн IиндагIаш, юкъ-юкъа кера лецна кIайн байракхаш а йолуш, меллаша ког боккхуш, ламанан басеца чIуг етташ, царна тIаьхьа вахверллера...

Хьалхарчу оцу иттанца вара Аьрзу а, Iела а.

Массарна хьалха, гIожа тIе йихкинчу кIайчу чалбанан кийсиках йина байракх а айбина воьдучу Аьрзун кIажаш хьоьшуш тIаьхьауьдура Iела.

Iелина геннара дуьйна гора гу тIехь, некъа тIе а ерзийна лаьтта яккхий тоьпаш. Царна уллохь а, тIехьа а, зингатийн туьйлиг санна, и гу сийсош, туркойн гIашсалт, дошлой.

«Доза дІанехьа ду, ткъа яккхийчу тоьпийн юьхьигаш шайн махкана чоьхьа ерзийна цара, — дагахь цецвелира Іела.— Ванах, тхуна тІе тоха-м ца бохку хир бу хІорш?»

ДІа мел боккхучу когаца уьш герга гІертара оцу туркойн эскарна. Царех схьакъаьстина цхьа ах бІе дошло ІелагІарна дуьхьал а веана, хІокхарна тІекхаччале сецира. ХІинца шера къаьстара церан сутара яххьаш. Дозанал дехьара схьа, кхара лелочуьнга хьуьйсура оьрсийн салтий. Ша дуьненчохь даькккхинчу оцу ткъе дейтта шарахь тахана дуьххьар даг чу кхеравалар иккхира Іелина. Хьалхахьа лаьттара герзах доьттина, дуьзна терсаш, цІийна бага а кховсийна, лата кечделла шина паччахьан эскарш. Ткъа хІорш, ши эзар ялх бІе адаман чарх юккъера къонахойн машаре сатуьйсуш, шайн керара герз зударшка а делла, уьш тІехьа лоцуш, хьалха а бевлла, оцу буьрсачу ницкъана тІе богІура. Царех хІораннан а даг чохь чІагІо яра цхьа ког а юха ца вала. Іуьйренан мелчу мохо тІекхоьхьура тІаьхьарчийн гІийла мукъам:

...ТІам чехка олхазар, Нохчичу хьо додахь,
Маршалла луш ала тхан муъма вежаршка
Даа рицкъа ва доцуш, дийша мотт ва боцуш
Тхо лелаш ду алий, кху пана ва махкахь.

Буьйсанна хьаннашкахь бухІанан мохь хазахь,
И буйла хаалаш нохчочун шийла мохь,
Йиш-вешех, юьртаха, даймахках хаьддачу,
ТІаьххьара сауьйзуш ша цаьрга кхойккучу.

Шаьш миска хІусамашка сарахь чудирзича,
Буьйсанан олхазар мохь хьекха долалахь,
Хийрачу кху махкахь хеназа кхелхинчу
Декъазчу тхан синойн мохь буйла хаалаш.

Шийлачу буьйсанна борз угІу ва хезча,
Алалахь ма мотта мацалла и угІу,
И угІуш ю ала ардангах хадарна,
Тхо цунах тарделла лелаш ду алалахь...

Шен сих ца кхоьру иза, ткъа хьалхавогIучу вешина, Аьрзуна цхьаъ хиларх вогу. И цхьаъ бен ваша вац Iелин. Я церан цIийнах а ца висина и шиъ воцург. Аьрзух хадахь, дерриге йиш-вешех ваьлла, гIаж санна, цхьалха вуьсу иза доккхачу дуьненахь. Амма, тахана хIунда боьссина цуьнан даг чу и кIилло кхерам? Дуьззинчу ялхийтта шеран хIор дийнахь, хIор сохьтехь, хIор минотехь бара царна ккул а луьра кхерам. МостагIчунна чухохкучу хенахь даима хьалха хуьлура цаьршиннан дой, тIекхаьчча — тIом уггар буьрсачохь, юхадовлуш — массарал тIаьхьа хуьлура и шиъ. Оцу ялхийтта шарахь йиллина дIа—хьалха а, тIаьхьа а, массо а агIор а, массо ханна а, шен сутара бага а гIаттийна, царна тIегIертара и Iожалла. Амма бIаьрнегIар тухучу юкъана а Iелин даг чу кIиллоллий, кхеравалларрий ца доьссинера. ХIетахь цунна хаа ма-хаьара, шайна хьалха верг шайх лата, шаьш дайа, шайн мохк дIалаца, шаьш лолле дерзо, шайна Iазап дохьуш веана мостагIа вуйла. Цундела иза массо минотехь кийча хуьлура дерригенна а. Иза ларвора цуьнан кадечу, нуьцкъалчу дегIо, семачу лергаша, ненан Iуналло — даймехкан Iаламо. Мацвелча вузавора, шелвелча вохвора, чевнна дарба дора, мостагIчух къайлавоккхура. И нана-даймохк бара оцу дезткъа шарахь цара ницкъ оьцу кхачалун доцу хьоста. Цунах дIахаьдда уьш тера бу хеназа ненан некхах даькхинчу берах, гIодах дIахадийначу маргIалх, хи чуьра аратесначу чIерах... Амма, муьлаш бу техьа царна хьалха лаьтта и туркой? ДоттагIий бу, я мостагIий? ДоттагIий боцийла-м хиънера, мостагIий ма хилахьара!...

ХIун ду а хаац, тахана, иэккха санна, детталора дог готтачу кийрахь. Цкъацкъа ойла хуьлура, Аьрзу тIехьа а лоцуш, хьалхавала. Амма, воккхачу вешина хьалхавалар а гIиллакхехь ца догIура. Воккхах волу ваша хиларал совнаха, кху махкахь дала а, наха а дIатеттинчу

нохчийн пхи эзар доьзало баьчча вина хьалхаваьккхина ма ву Аьрзу.

Iелас тIера бIаьрг ца боккхура вешина. Шуьйра белшаш, юткъа гIодаюкъ, деха пхьаьрсаш, буто хенан маьIигаш, хебаршка ихна оза кIесаркIаг, месалчу куйна кIелхьара схьакъедда дуккха а хенахь дуьйна башазчу коьртан сира чоьш. Цуьнан шовзткъа шо а дац. Iелел дийина ши шо воккха ву. Ялх бутт хьалха бацара оцу коьрта тIехь цхьа а къоьжа чо. Ткъа хIинца йис йиллича санна бу. Къежвелла. Халонаша аьхна цуьнан майра юьхь, лекха хьаж. Амма дегI ду, чIу санна, нийса, элдара. КIоргге хьела эгнехь а, къонахаллех дуьзна догу хьекъале бIаьргаш.

«Къежвелла... — боху Iелас ша шега. — Ас-м зуда а ялийра. Ши кIант ву цIахь. Ткъа хIара къежвелла безаман марзо ца оьцуш... Я аллахI, хIай веза дела, Iалашвелахь сан цхьаъ бен воцу ваша...»

— Совцал!

Векалийн некъ лаьцна лаьттара, хьалхаваьлла кхо эпсар а волуш, даьхначу тарраша ах бIе гергга дошло.

— Мича гIерта шу? — кIоршаме хаьттира, кхааннех хаза хьовзийна Iаьржа мекхаш долчу верстанчу эпсаро, байракх керахь хьалхавогIучу Аьрзуна тIе а вирзина.

— Шуна ца хаьа, тхо тхешан махка гIертийла? — хаттар дира Аьрзус, дукха хийцам боцуш туркойн маттаца богIучу гIумкийн маттахь.

— Ткъа, бакъо хьан елла шуна?

— Аш а, дехьарчу оьрсаша а и бакъо яларе догдохуш ши кIира даьккхи оха кху Арпачайхь, ерзанчу стигли кIел. Кху шина кIирнах масех бIе стаг велла тхан.

— ХIинца хIун до аш? — ца лоруш, кIоршаме хеттарш дора эпсаро.

— Къилбаседехьа дIадоьлху, тхешан махка.

Кхааннах ши эпсар гIадвахана велавелира.

КхозлагIиниг, къонаниг, царна реза воцуш хьоьжура.

— Кхузахь леш кхачош лаьтта тхо, — шен декхар дерг дуьйцура Аьрзус. — Схьакхелхинчу тхан нахах доьалгIа дакъа бен дийна ца бисина. Дийна биснарш а буй ткъа дийна? Шуна го-кх хIорш. Даймахках, шен халкъах хаьдда стаг велла ву, цо мел дика хьегахь а. Тхо сингаттамой, мацаллой, цамгарший хIаллакдо кхузахь. Шун а, оьрсийн а Iедало Iехийна тхо. Цунах кхетта нах.

ШолгIачо, тур санна, хьаьвзана мара а, нилха мекхаш а, цIена яьшна маж а йолуш, ийзинчу опиумо бIаьргийн нур дайинчу, озачу эпсаро дIанехьа, гу тIе пIелг хьажийра.

— ДIогахь лаьтта яккхий тоьпаш а, царна уллора салтий а гой шуна? Кхин дIа аш ког баккхахь, шуна тIе тоха аьлла, дина омра ду цаьрга. Царна тIехьа пхи эзар дошло лаьтта, шуна тIе хахка кийчча. Церан декъашна тIехулий бен тхан дозанал дехьа а девлла, гаурийн махка ког буьллур бац аш.

Iела цуьрриг шек вацара, эпсаро дуьйцург цара ден дерг хиларх. ТIехдика евзинера цунна церан къиза амалш. ХIетте а Аьрзус кхин дуьйцура:

— Тхо девнна ара ца девлла, эпсар. Ца го хьуна, тхох цхьаннан а юкъах, атталла, шаьлта а яц. ТIехула тIе — кху дуьненахь мел долу герз караделла дIахецча а, цуьнца шуна дуьхьало ян дегIехь ницкъ болуш оцу йоккхачу тобанна юккъехь бIе стаг а вац. И нах я кхузахь лийр бу, я белла кхачабаллац къилбаседехьа дIаоьхур бу. Юханехьа ког боккхур бац, эпсар.

— Ас аьлла шуьга, нагахь кхин дIа аш ког баккхахь, оха, мозий санна, дойур ду шу! — тIечевхира векъана эпсар.

— Аса боху шуьга, оцу наха кху дозанехь бала, я дехьа а бевлла, къилбаседехьа дIабаха сацам бина.

— Делахь лийр ду-кх шу кхузахь!

— Тхуна герз айба дохку шу? — юкъавуьйлира Ielина уллохь лаьтта Чора. — Вай-х цхьана дала кхоьллина, цхьана умматехь бусалба вежарий ду? Оцу мискачу зударийн, берийн, баккхийчу нехан цIий Iано ойла ю шун? Аш тоьхча, дан цIий дац церан догIмашца. Уьш халла синоша сийсош чархаш ю. ДIадахийта тхо.

— Мича?

—Тхайн даймахка. Нохчичу.

— Даймохк мичхьа ю шун, сагIадоьхургаш! — чуьравелира верстана эпсар. — Шу кIиллош лаьхккана махках а яьхна, цига охьа ца хевшина оьрсий? Юха шу цига хьан дуьту? Гаурийн паччахьана шайнаш, шайн динехь берш бен ца беза. И хаьий шуна? Кхузарий, ГIажарехарий маситта эзар эрмалойн доьзал дIабигна цо. ХIордал дехьара тхан керста ялхой а кхалхийна шен махка. Шен керстанаш дIабуьгу, бусалбанаш схьалоьхку. Цо дIабигна керстанаш юха ца гIерта, ткъа шу, бага са а кхаьчна, дIагIерта!

— Цигахь тхан даймохк бу!

— Цу тIе, шун Iедал а ду, оьрсийнир санна, къиза.

— Сацийта, мунепикъ!

— Собаре хилал цхьа жимма, — вистхилира, хIетталц тап аьлла хилла къона эпсар. — Шуна хIунда ца хаьа, оха дIадахийтича а, дехьа лаьттачу оьрсийн эскарша шаьш дехьа довлуьйтур дацар? Цул меллаша юхадерзийша, тхо къила а ца духкуш. ХIун ду шуна цигахь оццул марзделларг? ДIадахча а ду-кх шу оьрсийн паччахьо Сибрех лохкур. Цигахь шелонна лийр ду. Дийна диснарш керста дине а дирзина, хьакхарчий а юуш лелар ду. ТIаккха дуьненах а, эхартах а довлу шу.

— Кхузахь хIаллакьхуьлучул, я даймахке са а туьйсуш дехачул Сибрех даха а, керста дине дерза а реза ду тхо! — иэккхийтира Ielина тIехьа лаьттачу цхьаммо.

— Сацийта, хьакха! — цIогIа туьйхира векъначу эпсаро. — Цул, Iовдалш, оха боххург де, шайл хьалха кхуза кхаьчна важа ламанхой санна, тхан эскаран могIаршка хIитта. Шайн йолал сов, маьхза даа мерзаниг, тIедуха диканиг, хIуьллаIуьнан мехкарий санна хаза, денна хуьйцуш лело керла-керла зударий хир бу. TIехула тIе, хIордал дехьара керстанаш тхан кога кIел латто гIо деш хIонц южур ю шуна. Къаьсттана хаза хуьлу церан зударий. Ткъа дукха хан ялале оха шуна гIо дийр ду шайн мохк маршабаккха. Оха бохург дахь, элий санна, дехар ду шу, ца дахь, кузахь лийр ду.

Собаречу Аьрзус кIоршаме вела а къежаш, ладоьгIура векъанчу эпсаран къамеле, амма собар доцу Чора оьгIазе чугIоьртира.

— Тоийта! И зурма тхуна лоькху дукха хан ю. Хьалха — эмин Мухьлис-пашас, тIаккха, Нуьрсет-пашас, юха Алхазан Муса-пашас! Тхо схьакхаьчначу шолгIачу дийнахь дуьйна! Цкъа-делахь, хIара берриг мохк аш дашо бина тхайна схьабелчи а, тхох шун йолахой хир дац. Тхешан даймохк, маршо, тхешан доьзалш, синош лардеш маситта шарахь оха тхайн а, мостагIчун а цIий IенийчА, шуна-м дер моьтту тхо шаьлтачаш ду. Оха-м тхешан махкара девлла дахана цхьаннан а цIийн тIадам ца Iанийна, атталла, тхешан мостагIчун а. Оьрсийн паччахьо тхан къам санна, цхьанхьа цхьа миска керстанаш хьийзочу шун паччахьна оха гIо даре догдохура аш? ХIан-хIа, оха цкъа а тIелоцур доцуш пхи хIума ду: лоллий, сагIадехар, шаьлтачаллий, ямартлой, тешнабехк. Шун мохк гаурех маршабаккха оха гIо дийр ду шуна тов! ДIадаханчу дезткъа шарахь тхуна гIо ца оьшуш Iийра шу? ХIан-хIа! Лергаш таIийна Iен атта дара! Дага-м ца даьхкира шуна тхо, иттцхьайтта шо хьалха оьрсашца шайн тIом болабаллалц, цара шайга шарбалш яшаяйтталц! Баккъал аьлча, кху

махка кхаччалц, тхуна моьттура шун кийрахь бусалба дегнаш ду, шуьгахь ницкъ бу, аш дуьйцург цхьа дош ду. Уьш дерриг харц хиллера? Цкъа-делахь, оьрсечул цуьрриг къинхетаме дац шун Iедал. ШолгIа-делахь, тхуна дан гIо-м муххале а дацара шун, шаьш ду шу нахера гIо оьшуш. КхозлагIа-делахь, кхузара бусалба вежарий бевзинчул тIаьхьа оха сатесна, цIа а дирзина, керста оьрсашца цхьана лулахь, машаре дахаре. Кхийтин, шун бусалба туркой, цигахь а, кхузахь а — тхуна мел гинчу меттехь — вовшашца къуьйсуш кхиъна харцой, къизаллий, ямартлой ю. ДIадовла новкъара, тхешан махка дIадахийта тхо!

— Чора, вон ма ала! — доттагIчун агIонах муьшка йира Аьрзус. — Дов долийча вай тоьлар дац кхузахь. Амма хIаллак хир ду. ТIаьххьара минот хIотталц машар бийца беза вай.

Чорас корта хьовзийра.

— ХIан-хIа, Аьрзу, машар хуьлучу тIера дIадаьлла хIара, — оьгIазвахар тIехдаьлла, вехьара Чора. — ХIорш къинхетам боцуш адамаш ду. И суначул дика хьайна хуъушехь лела хьо. Ца го хьуна тарраш а даьхна, чухахка кийчча дойшна тIехь Iа дошлой. Ца го хьуна, яккхийчу тоьпашна уллохь лаьттачийн керахь кIур туьйсу милташ?

ХIетталц шен вешина а, кхаа эпсарна а тIера бIаьрг ца баькхкинчу Iелина, хьалха дIахьаьжча гира цхьаннан омре ладоьгIуш герз керахь лаьтта туркойн эскарш.

— Совца! Совцаде и жIаьлеш! — мохь хьоькхура векъачу эпсаро.

Iела тIехьа хьаьжира.

ХIорш машар бан гIертташехь тIекхиира тIаьхьа богIу нах. Чов хилла, дала шен тунгари чу текхачу экханах тарделира Iелина и адамийн татол. Ши эзар ялх бIе адам. Зударий, бераш, къенаниш. Чуэгна бIаьргаш,

оза якъаелла яххьаш. Хьокха тIе оьхкича санна хетара, церан иръеллачу белшашна тIехь кхозу мацах цкъа хиллачу бедарийн тIелхигаш. Хала дара и тIелхигаш цхьана хенахь чоьэш, гIовталш, вертанаш, башлакхаш хилла ала. Кхин а хала дара и адамаш цхьа масех шо хьалха дуьнен чохь цIе яххана майра, каде, говза тIемалой хилла бохучух теша. Чохь са доцуш санна, севцца, кхоьлина бIаьргаш, евлла яххьаш кенах тарделла кортойн чоьш. Дукхахберш коггаш Iуьйра, важаберш неIармачийн бахтарш когахь. Мацалла гIелделла, тIехь дерзана, мажделла, пIендарш, пханарш тIе а девлла, куьйгаш а лаьцна юххе даьхний, гехь, мараххьий бераш. Дакъа кешнашка иэцна боьлхуш санна, тийна, кхоьлина, мелламаша тIеоьхура уьш. Схьагарехь, хийлазза шен куьйга къиза кхиэл йина векъана Iаьржа эпсар а лаьттара бохамаша иэрчадаьхначу оцу адамех цецваьлла, шен карара юьйлина тапча а йицъелла.

— КIентий! — кхайкхира Аьрзу, нахехьа а вирзина. — Бертахь дозане а дитац, делера ца хилахь, кхаьргарчу къинхетаме догдохийла а яц, хIун де вай?

— ДIадига аш тхо, Аьрзу!

— Я даймахка, я кхузахь Iожал!

— Кхин некъ бац!

— Зудашний, берашний хIун дийр ду ткъа?

— Кхузахь дисахь, бIаьстенга вай цхьа а вер вац!

— Дела ву вайн накъост!

Аьрзус уьш юхаберзабойла хьоьжуш ладоьгIуш, тIулган сурташ санна, лаьттара туркой.

— КIентий! — мохь туьйхира Аьрзус. — Вай кхин дIа гIулч тасахь, туркоша вайна тоьпаш тухург хиларх тешна ву со. ДIадаханчу Iай Шелахь, Сту бийначу арахь, хилларг ма хилахьара вайх тахана? Нагахь туркоша вайна тIе тIом болабахь, зударшкара герз схьа а эций, дуьхьало е. Болх далла а, пайхамаршна а, эвлаяашна а

тІе билла, амма герз кийча латтаде! Вай хоуьйтур ду туркошна холчахІиттийна нохчий муха ле!

Тобанна хьалха лаьттачу, ялх бер, зудий туркойн лаьттах а доьллина, цхьалхха цІа вогІучу Къосама назма йолийра. Іелина а гуш хийцаелира Аьрзун машаре юьхь: хІинца туркошна тІе волавелларг машаран векал вацара, ткъа даимлера буьрса тІемало Аьрзу вара.

— Совца! Юхадерза! — маьхьарий хьоькхура туркойн эпсарша. Дой тІехьарчу когашна тІе а хІиттош, кортошна тІехула тарраш лестадора дошлоша.

Туркойн маьхьарий тІепаза дайира, тІаьхьа-тІаьхьарчара дІаоьцуш, масех бІе стага айбинчу Къосаман назманан сингаттамечу, амма буьрсачу мукъамо:

...Ва-а-а-а...
Сийлахь иэлча, Абубакар,
Іумар, Іусман, я Іалиюн.
Довлийша орцах.
Бейша къинхетам
ЛайлахІ-иллалахІ,
ЛаилахІ-иллаллалхІ...

Хуьйса югІучу мунданех тарделлачу оцу адамийн тоба хьалха дІагІоьртира. Массарел хьалха вара Аьрзуй, Чорий, Іелий. Шен керара кІайн байракх лаккха хьала а лаьцна, назманна тІаьхьа къорра гІигІ деш вогІура Аьрзу. Іожалла бен ца хеташ тІебогІучу нахах ларлуш, шайн дой юха а хьовзош, стоммий, векъаний ши эпсар, тобанна юкъа тапчанаш а тоьхна шайн дошлошца хаьхкина кІегарвелира. Іелина гира вешин юьхь чІечкъаш а, цо шен некхе куьг хьош а, цунна аьтту агІор вогІу Чора аркъал кхоссалуш а, тІехьарчара иза хьалалоцуш а.

Масех гІулч тесча, макхвелла Аьрзу, хадийна зоьртала дитт санна, меллаша сеттина, Іелина керавуьйжира.

Дага кІел вон чов хилла ваша маракъуьйлуш гора

лаьттачу Iелина хаза а ца хезира, ган а ца гора гонаха хуьлуш дерг. Цхьа гIенах санна, стигал къекъаш, гонах дохк хIуьттуш санна хийтира цунна. Хезара зударийн а, берийн а белхарш, маьхьарий...

* * *

Ткъа дозанал дехьахь, Воккхачу Эло Михаила кхидIа яздора:

«... Кху сохьта и кхелханарш Саганлугехула кIегар буьгуш бу вайн комиссаран бертахь, йовха хан тIекхачалц аьлла Карски а, Ольтински а пашалыкашкахь битана цомгаш, ницкъ эшна цхьа 180 доьзал боцург...

Вайн дозане гIоьртина нохчий бухаберзо эскарш дахийтарца цхьаьана туркойн Iедалша, цара ен талораш а, шайн лааме гIуллакхаш а совцо Iалашо йолуш, Мушехь, Эрзерумехь а Гасан-Калехь а болчу нохчашкара герз дIаэца долийна, амма нохчаша дера дуьхьало йо, шина а агIорхьара байанарш а бу...

...Мушехь а, вайн дозанехь а хиллачу гIуллакхийх лаьцна болчу хаамашца цхьаьна, инарла-дъютантера Игнатьевгара сан гIоьнчане хаамаш кхаьчна — оцу гIуллакхаша Портин са а гатдина. Мушана а, Эрзерумана а тIе мехкан массо маьIIера — столицера а цхьана — эскарш а оьзна, нохчий цхьана гулахь баха ховшор Iалашо йолуш, туркойн Iедалийн гайтамаш нийса кхочушбарна новкъарлонаш еш хилла Кундухов кхайкхана Константинополе дIа а вигна, нохчаша цигахь лелочу гIуллакхаша дерригенах а дог даьккхинчу Портас кхин нохчий-м хьовх — уьш-м хьехочохь а дацара — муьлхха а кавказски ламанхой Турце тIеиэца дуьхьало йо, бохуш. Цундела, цигахь хIоьттанчу хьолан ойла а йина ас сацам бина, тIедогIучу шарахь кхалхо билгалбина нохчий цкъачунна ца кхалхош совцо...

Кавказский Эскарийн Коьртакомандующи инарла-фельдцехмейстер Михаил».

12-гIа корта

«Iедалхойн зуламаллина, цара Iедал тIехь латтораш бехке бан мегар дац: правительстваш цкъацкъа бандиташ хуьлу, амма халкъаш цкъа а ца хуьлу бандиташ».
В. Гюго

Iелина хиллачу бохаман дакъа кхаьчна гIелделча санна, кхоьлина, сингаттаме деара шолгIа де.

Гуобаькккхина долу массо хIума къайладоккхуш даьржира лаьттах хьаладуьйлуш санна, маьI-маьIнехь боьранашца, хица ийало дукъа, тIуьна дохк. ХIаваэхь ловзуш, пел дуьйлуш, меллаша, тата доцуш лаьтта охьаоьгура аьхкенан духар тIаьххьара охьатосуш цIанлучу дитташна тIера мажделла гIаш. Лаьтта бухара хьала санна, лаха чуьра, дахкарна кIелхьара, цхьанхьа-м юьртара схьахезара жIаьлеш леташ, Iуьйренна тIаьхьара нIаьнеш кхойкхуш.

Iаламо шек доцуш дIахьора шен раж. Оцу дахкарна кIелхьарчу юьртахь а, дисинчу дерриг дуьненахь а, Iуьйранна дIадолалуш ду дахар. Кху сохьта цхьаберш шайн хIусамашкахь, ховха набарш еш Iохку. Вуьш — къинхьегаман денна кечлуш бу. Де долало цхьаберш белош, вуьш белхош, кхозлагIниш хьаналчу къинхьегамца шайна я нахана бецаш, вукхара уьш бацош, Iехош, талорш деш, бойуш...

Дахарехьа латто и буьрса къийсам буьйсанна цхьана

йоццачу ханна дIатуьй, ткъа Iуьйранна кхин а карзахе юхаболало.

Адам дуьнена даьлчахьана хIора де иштта тIедогIу, иштта дIадоьду. Уьш хийцаделла муха, маца догIур Iелина хаац. Цунна цхьаъ хаьа: цхьаннан бохам кхечуьнан ирсан лами хилар.

Ломан басахь, тIехь лаьттал дукха хиллачу тIулгех цIандеш даькккхинчу цхьана жимчу ирзохь, къанделлачу бIара кIел сийсара буьйса йоккхуш севцира уьш.

Селхана малх чубузучу хенахь кхетамчуьра ваьллачу Аьрзуна юххе хиъна сахуьланга ваьлла Iела. Стомма чкъор деш яржийнчу хьардашна тIе виллинчу Аьрзуна кIелтесна ду цуьнан чоа. Вешин чевнна хьерчош иэтIийна коч. Асанаш яьхна гIовталх а. Гуобаькккхина дIасакхийсина Iохку цIийша юьзна тIелхигаш. Ах верзана, и шийла буьйса кIегархиъна яькккхинчу Iелин дегIа тIера массо чо, тIе тхи а диллина лаьтта. Амма цунна ца хаало и тIуьна шело. Цунна гуш, хезаш, хаалуш цхьа а хIума дац, веккъа цхьа Аьрзу воцург. Ткъа иза Iуьллу шортта цIий ихна, халла хаалуш садоьIуш. Оцу цхьана буьйсано буткъбина, чорха тIе лаьцча санна, ирбина цуьнан аьрзунан зIок санна, хьаьвзина мара. Кегий сурхаш тийсина бета гонах. Детта цIий ду сирделла догIучу месалчу мекхашна тIехь. Iелас хьоькхучу хих гIо ца хуьлуш, дакъало лилхина балдаш.

Iелас мара къуьйлу вешин базбелла корта. Ши-кхо гIулч дехьахь, вертана кIел, когаш гуш, Iуьллу селханлерчу тасадаларехь вийначу Чорин дакъа. Йоьхначу неIармачаш чуьра аракъеда кегий Iаьржа, иэттIа пIелгаш. Вертана кIелхьара чевнах Iийдаделла цIий, жима Iам а хIоттийна, детта. Селхана, малхбузу хенахь садаьлла цуьнан, дIаволла а ца кхиийна, буьйса тIехь яькккхина.

«Хуьлуш доллу-кх со кхийринарг... Дерриг дан ницкъ кхочуш волу хIай веза дела, воккха дела, кхул тIаьхьа

дуьненахь цхьа вуьсу волчу сох къинхетам бехьа, витахьа хIара суна...» — кийрахь мохь оьхура Iелин.

Куьркахь санна, чу цIе хьийзаш батталучу шен кийрара цхьа башха хеталуш, кхагаран хьожа йогIура цунна. Ойланаш цкъа дIаяханчу хенан кIорге уьдура, юха ехха таханлерачу денна тIехь соьцура, тIаккха кханенан сурт хIотто гIертара. Хаьдда иза доьзалх а, винчу юьртах а, даймахках а. Шена мел безачех. Кечбечу керлачу гIаттамна туркошкара гIо хиларе догдохуш, цаьрца дийцарш дан Нохчмехкан тхьамданаша кхуза ваийтира Аьрзуй, Маккхал. Iедал шайх шек ца далийта, кхелхина боьлхучаьрца новкъа велира и шиъ. Цхьаъ бен воцу ваша гена, хийрачу махка ша хьажо а ца лиъна, тIаьхьахIоьттира Iела. Жимчу шина кIантаца Айза цуьнан къеначу деца а йитина. Цуьнан дог кхиънера хинболчу бохамах. И кхийринарг хили. Хьалха, мелла а ницкъ болчу хенахь а ца хилла гIо хIинца туркошкара хиллане хир доцийла а хиъна, схьагIерта нах, кхузара хьал ма-дарра дIадийцарца, даймахкахь совцо а, туркойн гIоьне дог ца дахийта а Аьрзу цIа а хьажийна, ша бухахь сецира Маккхал. Шерра Iаьрбийн а, туркойн а, гIеххьа оьрсийн а меттанаш хууш волу ша цигахь сацар бегIийла хийтира цунна. Цхьа бутт бара IелагIар Маккхалх къаьстина. Хаацара цунах хилларг: дийна ву, вац. Сахьт дацара кхузахь валаран. Тахана могуш ву бохуш леларг, оцу сохьта цомгаш а хуьлий, ши-кхо де далале лей дIаволура. Вийна Iуьллу Iелин лулахо, вешин доттагIа Чора а. Мурат-хин тогIехь эзарнашца цхьаьна туркойн лаьттах вахана ДанчIа а. Шен доьзал лахьабелла кхачийначул тIаьхьа, ша санна, аьрха масех стаг а иэцна, АьрзугIеран бертаза вахана Мовсар, эрмалойн обаргаша шайн баьчча а вина, туркойн Iедална Мулкамовт хилла кхерста цига лаьмнашкахь. Йиша-ваша бохург хьехо а ца

оьшура, атталла, доттагIех а, нийсаройх а стаг ца вуьсуш воллу...

«Ванах, вала воллу-техьа Аьрзу?»

Iелас, ша волччуьра дIакхийдаш, лахе шеллуш юйла хьажа гIерташ, Аьрзун когашка ца кхочуш, настарех куьг хьоькхура. Наггахь бен ца хезара цунна, шена иттех метр генахь каш даккха гIерташ МIаьчагий, Къосамий жагIечу лаьттах еттачу зIокберган, белан татанаш. Сатоссушехь, гена йоцчу эрмалойн цхьана юьрта вахана зIокберг а, бел а, хи лело йоккха баттам а йохьуш веанера Къосам. Iела ша-м Аьрзуна юххера меттах ца волура. Вешина хиллачу луьрачу чевно са а дехьна, Iадийча санна, селхана дуьйна къонахалло дуьххьара дIатесна, ша хIун до а, дан деза а ца хууш, вешин корта кера а биллина, хиъна Iара иза. Хаацара, са меттахь хилча а, ша хIун дийр дара. Нохчичохь хилча-м лор а, дарба а каро мегара. Iелина шена а евзара дикка дарбане бецаш. Нохчийн лаьмнаш, хьаннаш цуьнан цIа дара. Цуьнан куьг ховха нана яра иза. Ткъа ккузахь? Дерриге а хийра, ца девзаш...

Цкъа узарш а долийна, тIаккха жимма Iийча, сийсара санна, харцле вуьйлира Аьрзу. Кхойкхура Маккхале, Берсе, Солтмурде. Iуммин, Атабин, Iаьлбаган цIерш йохура. ОьгIазе дов дора Мусина, СаIдуллина, Нурсетпашина. ДоьIучу сица кийрара схьа тов детталора. Дедаьллачу хена цIеххьана дагар а сецна, садаIар а тоделла, ши бIаьрг биллина, самавелира Аьрзу. Iеле а хьаьжна, хи дийхира цо. Iелас жимчу туьтана чохь бете дехьна хи лаххьийна дIа а мелла, доккха са а даькккина, хиллачух бакъдерг шега дийцаре догдохуш санна, хIиттина бIаьргаш Iелина тIе а доьгIна, сецира иза. Амма Iелас жоп ца лора. Мелхо а иза кхоьрура, кхетаме веана, самаваьллачу Аьрзуна селханлерачу дийнан иэрчо хаарна. Кхоьрура, цунна шен нийсархо, лулахо, бераллехь дуьй-

на шеца ирс а, хало а йоькъуш схьавеана бІаьхаллин доттагІа, велла Іуьллу Чора гарна. Амма и ца хууш дуьсийла яцара. Делахь а, хилларг ца хууш дІайоьду хІора минот а Аьрзун могашаллина пайдехь хетара цунна.

— Чора... ДІаваха? — хаьттира цо эххар а.

Іела воьхна хьаьвзира.

— Иза суна хууш ма ду, Іела. Чора дийна вац боху сан даго... ДІаволлаза ву иза? Даима санна, иза сайна юххехь хета-кх...

Іела вист ца хилира.

— Сох хІун лечкъо гІерта хьо, Іела... Со вохарна кхоьру хьо? Вайна ганза... вай Іовшаза хІума ма ца дисина... Дуьне доладелчахьана адамашна гина а, дуьне доххалц царна ган бисина а берриг баланаш, бохамаш, иэрчонаш... вайна гина, вайн шерашца дІаихна... Вай цецдаха, вай стогаллех дохо хІума хир ду ца моьтту суна... къемат-дийнахь, адам махьшаре лоьхкучу дийнахь а... Къонахаллех, собарах ма вохалахь, Іела, сайн ницкъ тоахь, хьоьга дан весет ду сан. Чора... дІавоьллиний аш? — шолгІа а хаьттира цо.

Легашка гІерта шад а сецош, корта ластийра Іелас.

— ХІинцца каш доккхуш бу-кх.

— Оцу мисканех хІун хили?

— Хьанах? — ца кхийтира Іела.

— Нахах. Вайн накъостех... Селхана, дозанна тІегІоьртинчу вайнахах...

Хилларг дІадийцаза ца волура. КІелхьаравала кхин некъ ца хилча, дІаса ца хьийзош, дІадийца сацам бира цо.

— Туркоша, тІе яккхий тоьпаш йиттина, юхабаьхна. Цхьаберш хьаннашца баржийна, важаберш лецна, гонах ха а даькккхина, селхана дІабигина. Биснарш лоьхуш, лоьцуш хІара хьаннаш къажъеш лела туркойн салтий. Доьхна де хили селханлераниг.

Аьрзун кийрара узам белира.

— Суна хууш дара и хир дуйла... Делахь а, нахана луург дира-кх... Дийцина хIун до цуьнан... Кхузахь Iаьна кIел баханехь бIаьстенга бевр бацара уьш... Байинарш дукха буй?

— Дикка байина. Мел бу хаац. Шайн белларш, чевнаш хилларш иэцна дIасабаьржина нах. Байинчарна юккъехь зударий а, бераш а, къенаниш а бу.

— Мисканаш яI... Нагахь даймахка дерза ца доьгIнехь... и Iазап а ца Iуьйшуш... цхьана дийнахь делла дIадовлар гIоли ма яра вайна... Дала гечдойла царна... Шаьш бирзина меттиг мукъане а дала декъала йойла церан... Iела, цуьнга хьажийтахьа со... Кху харц дуьненара дIавалале доггах цкъа вовшашка хьажа тхойша...

— Ахь мила боху, Аьрзу, — тIе охьатаьIира Iела.

— Чора...

МIаьчигей, Къосумей схьа а кхайкхина, иза Чорин докъе хьажийтира Iелас.

— ВаллахI, хьол дика а хилла кIант-м ца ваха далла дуьхьал. Вуьшта, Iожалла декъаза хили-кх вайшиннан... Ткъех шо дара цо вайшинна лоьру, иза иэшош вайша схьавогIу... Амма хIинца атта схьалеци... уггар вайшиннан гIаддайна сахьт а лехна... ТIеман арахь эзарза шена дуьхьалваьлча дан хIума ца хиллачу цо хIокху зударийн Iожалле вилли-кх вайша... Дала гечдойла хьуна... Къаьстана дукха Iийр вац вайша... новкъа цхьаьна вала а мега...

Шаьш иза хьалхалеррачу дIанисвича, дукхахдерг воьхна хьийзачу Iелина а долуш, Аьрзун ойла айа гIоьртира МIаьчиг.

— Иштта ма ала, Аьрзу. Делан къинхетам боккха бу. Сан дегIа тIехь ши пIелг биллал меттиг яц муо боцуш. ХIетте а, вала ца леш, хIара дика хьега висина.

Хьо а толур ву. Ахь ишта аьлча Iелин а бIо ма буху. Цуьнан дог ма дохадехьа.

— Дуьненахь Iелин ваша дуьххьара леш вац... И хаа деза, — зуьйш Iелига хьаьжира Аьрзу.

— Хьуна хIума хила йиш яц. Iелина жимма аьрхо хуьлу ишта. Цхьа вуьсу ша бохург дагатосу. Хьо-м талур вай.

Халла хаалуш цхьа гIийла велакъежира Аьрзу.

— ЭххIей, МIаьчиг, ма даккхий хIуманаш дац моьттахьа хIорш... Вай маца кхийрина Iожаллех? Бакъду, шена везарг вала ца лаьа... Эццахь дуьне десо хетало... Амма дан хIума дац. Вайн дай-наной а белла, вай а лийр ду... Дерриг йиша-ваша цхьана дийнахь ца ле, царех цхьаъ массарел тIаьхьавуьсу... Царех уггар декъазниг. Церан Iожаллин къахьо Iовша... И декъазниг... хьо ву, Iела. Со леш воллу хIинца... амма хьо ма вохалахь... Вайн доха йиш яц... Хало, бохам тIебеъча духуш хиллехь... вай тоххара хIаллак хилла, кхачийна хир дара... ХIинца, соьга дика ладогIалахь, Iела...

Цхьа хан яллалц вист ца хуьлуш, ши бIаьрг хьаббина сецира Аьрзу.

— Iела, цIахь висина Айзин ши кIант ца вагарвича... сол тIаьхьа вайн цIийнах стаг ца вуьсу хьо воцург... ХIумма а стаг хьоьгур воцуш декъаза кхаж бу хьан баьлларг. Ерриге а дегайовхо Iумарах, Iусманах ю... Царши нех вайн цIийнан тIаьхье хиларе, сайл тIаьхьа вуьсу хьо царши нах Iехаваларе догдоху... Делахь а, хIун гур хаац. Амма, хIуъу хьайна тIе дарах собарх, къонахаллех ма вохалахь... Нагахь вохахь, кху къизчу дуьнено къинхетамза кIелхьарчор ву... Дайша вайна хьехначу оьздачу новкъа, цхьаннахьа а корта ца таIош, майрра гIулч йоккхуш хьалха дIагIой, воссалахь коша... Ког шершаш, гор воьдуш, охьакхеташ меттигаш а йогIур ю хьуна... Хьо эшна меттигаш а нислур... Амма воьж-

начоь Iилла ма сацалахь, тоьллачу мостагIчуьнга къинхетам ма бехалахь... Маршонах догдилле, нехан лай хилий ма вахалахь. Майраллина, оьздангаллина, тешамана, собарна тIехь яхь ца луш верзалахь вайн дайшна... тхуна дуьхьал... Хьо цIа верза... Айзина, шина кIантана тIе... Суна ца лаьа вайн цIийнан... кIур бойла..: цIа верза, мухха верзий а. Жимма са ца даьIча... дийцалац, суна....

Къилбседехьара схьахьаькхначу мохо дIасадаржийра дохк. Ломан дехьа басахь гучудевлира курдойн четарш. Гена доцуш дежара церан жа. Хезара жаIуьно шедагца лоькху башха йиш а, вовшашка детта маьхьарий а. ЧIожца кхолха дуьйлуш кхерстара лаха чохь цхьаммо деттачу дагаран тата. Аьрзу шен дегIе ницкъ гулбеш, вист ца хуьлуш хьевелча, баттам а эцна хи дан ваха тохавелира Къосам.

— Къосам, дIаса ма ваьллахь... ас кхин дIа эриг шу кхааига хир ду...—Охьахаийра иза Аьрзус. — Вайн ден дайша шаьш къона долуш болийна тIом вай къандеш чекхбелира... ХIан-хIа, иза хIинца а чекх ца баьлла. Къийсам бахлур бу. Иза чекхбер бац, ша вайгара махкаца дIаяькхкхина маршо оьрсийн паччахьо вайна юхаерзаяллалц... Цо соьга дика ойла яйтина вай хIинццалц охьа бинчу некъан... Суна хетарехь, оцу новкъа вай бIаьрзе даьхкина... Оцу бехачу тIамо ваьшна бина ницкъаш, бохамаш, ваьшка хьегийтина баланаш, халонаш берриге а керстанех окхура вай... Уггар хьалха, оьрсийн къам бехке дора... Вайн молланаша вайна хьоьхура и тIом бусалбанашна а, керстанашна а юккъехь бу бохуш... Вайга гIазоте кхойкхура... Вай ваьш а олура гIазотана гIевттина... Амма и харц хилла... Цхьанна а ца лаьара гIазотехь а велла ялсамана ваха... Цул, шен тхов кIел, шен йиша-ваша тIе а хьийзаш, делан цамгарх воьжна, Iожалла тIеиэца лаьара хIоранна а... Амма оьр-

сийн паччахьо вайна тІе слтий лоьхкура... вай, вешан синош, доьзалш, даймохк ларбан гІерташ, летара...

Аьрзус къамел деш чІенга кІел буйн а гІортийна, лерана ладоьгІуш Іийна Къосам, иза цхьана юкъана садаІа соцунгІа хилча, вистхилира:

— Делахьа ма бакълоь хьо, Аьрзу. Ма нийса ду-кх ахь бохург. ГІазот даккха воьду ша аьлла керстанан махка а вахана, царех летта велла стаг суна-м ца хаавелла. ГІазот! Хьанна иэшара иза? Хьанна дагадогІура иза? И керстанаш вайн махка ца гІиртинехь, ца хин болу тІом бара вай бинарг. Да-нана а, виъ ваша а, кхиъна вогІуш кІант а вара сан. ХІинца цхьа а вац царех. ТІамехь байина берриге а. Баклан-инарлин дошлоша юьртах цІе тесначу дийнахь цІеношца яьгна тхайн къена нана йицлац суна... Да хьалххе вийнера. Веа вешех со цхьаъ висинера. Орцах бевллачу наха, чуьра араяла а ца тигна, йоккхастаг йитина даьхки шаьш аьлча, мостагІех сийсош йогучу юьрта иккхира со. ХІетта чу кхерстинчу цІаро юкъахьарчийна цІенкъахь Іуьллура иза. Катоьхна схьаэцна иза мара а къевлина, со араиккхича мохехь кхин а марсаелира цунах летта цІе. И яйа гІерташ, воьхна хьийзачу суна тІекхаьчначу шина гІалгІазкхичо юкъаволлира со. «Къосам, нана яларг, со а йитий, кІелхьарвала хьажа!» — мохь ихира ненан. Тапча тоьхна шиннах цхьаъ охьа а вожийна, дІахьаьжначу суна иза яьгна яьлла гира. Сан дог дагийнчу минотах пайдаоьцуш, мостагІчо, тур тоьхна, охьаяхийтира сан хІара бесне. Цо ластийнчу туьрах сан корта ларбира ас каде дуьхьал тесначу тоьпо. ШозлагІа а тоха дагахь цо тур айбича, цхьаммо бешара схьатоьхна вожийра иза. Со юьрта вахана аьлла хезна, тІаьхьавеанчу сан кІанта, вуьрхІитта шо долчу Коьрас тоьхнера цунна. Амма тхойша юьртара араволуш Коьра а вийра. Цхьаъ бен воцу кІант, со кІелхьара а воккхуш, ша вуьйжира. Иштта хилла чов ю

хIара сан юьхь нэрчаяькхинарг. Хи чухьаьжча гича, юьхьах куьг мосазза кхийти карладуьйлу и де. Оцу дийнахь, Iела, цхьа висира со. Аьрзус аьллачунна бохий аса-м. ГIазот даккха хьаьддера со йогучу юьрта, мостагIашна юкъа? ХIан-хIа, со вина нана кIелхьараяккха вахара. ГIазот даккха веанера сан Қоьра, юьрта? ХIан-хIа, иза шен дена орцах ваьллера. ОхIвай, ма гIазот дага ца догIура-кх суна оцу дийнахь! Ма дицделира суна дуьне а, эхарт а, дела а. Суна гург, сан дагахь дерг сайн доьзал, сайн хIусам, сайн юрт мостагIех ларъяр дара. Эзар шарахь тхаьш дахарх, эзар ялсамане тхаьшна лург хилча сан дай, кхо ваший, сан кIанттий — тхо гIур ма дацара керстанан махка гIазот даккха. Иза-м дийца а ца оьшура. Бехк ма биллалахь, Аьрзу, ахь садоIушехь, цхьа-ши дош ала волларх дахди ас.

— Баркалла хьуна, Қъосам... Суна ала луург, амма ала сан ницкъ боцург дерриге а эли ахь... Берриге керстанаш вешан мостагIий бу, бусалбанаш доттагIий бу моьттура вайна. Шина а агIор галдевлла хилла... Селханлера де дукха тера дара дIадаханчу Iай, Шелахь, Сту бийначу арахь... вайна тIехIоьттинчух...ХIетахь керахь герз доцуш, дехар дохьуш шайна тIе богIучу вайнахана яккхий тоьпаш йиттира оьрсийн салташа... Оцу салташца цхьа оьрсий... цхьа керстанаш хилла ца Iара... Инарла Тумановна юххе хIиттина бара, цуьнан багах даьлла омра сиха кхочушдан кийча, нохчийн эпсарш Къурмин Къосум, ВахIабан Iоду, Чермин Орцу, Мустапан Махьмуд, Мустапан Девлатмирза, кхиберш, молланаш а юккъехь. Селхана вайна яккхий тоьпаш йиттинарш а бу бусалбанаш. Дерриг Маккхала бохучунна тIедогIу... Адамалла, къинхетам боцурш массо динехь а, хIора къомехь а нисло... Дин, къам олу вай, амма дерриг цхьана дала кхоьллина, цхьа адамаш ду... Вайга гIоьрттуш Iазапехь, балехь, халонаш Iуьйшуш бу и... вайна

гина оьрсий, гуьржий, эрмалой, туркой, гIажарий, курдой... Тайп-тайпанчу къомах, динехь бу уьш... амма дахар цхьаъ ду... СагIадоьхурган тIелхигашна тIехула йихкина кхелана шаьлта санна, царна юккъехь къеста... уьш бацош, царех бекхаш болу элий, эпсарш. Вон хьоьгуш бац динадай а... Амма, важа дисина адамаш... тахана дуьненахь а, кхана эхартахь а вайх къасталур боцуш, цхьа мисканаш бу... Цундела суна нийса ца хета, вайгарчу бохамна муьлхха а цхьа къам дийнна схьалаьцна бехке дар... Маккхала олура хIара дерриг зулам, харцо, дIовш цхьанахьара, цхьа кIезигчу нахера схьадолуш ду... Уьш муьлаш бу, мичхьа бу цунна а, я суна а ца хаьа... Сан хьекъал ца тоьа... оцу къайленан кIорге кхача... Амма, со тешна ву... хено мацца а цкъа... бехкениш гучубохург хиларх... вайн тIаьхьено царех бекхам оьцург хиларх... Мухха дерзий а цIа дерза шу... Хьанна хаьа... Маккхала буьйцу... и оьрсийн, гуьржийн... къен ахархой... вайгахьа бовла а мега... Амма, Iела, сан ваша, сан тIемало. Хьуна пурба дац вайгарчу бохамна бехкечех... биэкхам оьцуш кхоа а велла... суна дуьхьал, эхарта ван. Маршо я Iожалла... Шиннах цхьаъ... Изза весет делахь хьайн тIаьхьене а... Кхин дIадийца... ницкъ бац кIентий... Iела... сан настарш шелло... Даг тIе хьалагIерта шело... Хуьлуш дерг-м хаьара суна... амма хьо чIагIолахь... Кхул доьхна деношI дукха догIур ду... хьуна... Чора а, со а цхьаьна коша... виллалаш... Сан чоьин бустама чохь... вайн Гати-Юьртара... латта ду... Иза сан... бесни кIел додалаш... Маккхале... Берсе а ала...

Аьрзу, цIеххьана луьйчуьра а сецна, цхьана чIогIачу лазаро ов тоьхча санна, дегI дулуш, юьхь а чIачкъийна, къаьрззана Iеле а хьаьжна, малвелла дIатийра.

— Аьрзу? — дош даккха гIерташ цуьнан малбелла, базбелла корта хьебора Iелас. — Аьрзу!..

Ша хIун леладо а ца хууш, вешина тIетийсалу Iела

меллаша дIа а теттина, Аьрзун меженаш нисйира МIаьчига.

— Аьрзу, со цхьа вити-кх ахь! — гор а хIоьттина, вешин некха тIе вуьйжира Iела. — Кагъели дуьненахь сан тIаьххьара гIортор, кхин цкъа а буха ца кхета дIабуьзи-кх суна серло лун сирла малх... Лекъи-кх сан дегIана ницкъ луш, коьртана хьекъал луш хиллачу татолан хьоста... Аьрзу, да-нана а, йиш-ваша а, доттагIа а хьох тардина вехира со. Дуьненахь кхин воккхаве хIума дац сан, стенах Iехавала вити ахь со, Аьрзу...

Iадийначу бежанан Iехарх тера кхерстара Iаннашца Iелин велхаран къора мохь. Цуьнга терра тийжаш хетара мелчу мохо техкае, мажлуш ерзана юьйлу хьун а. ТIекхозаелла Iаьржа стигал бIаьрмециг елха елира.

«Лечунна коьртехь еса деша молла а вац. Къен леш ду тхо...» — ойла йора МIаьчига. ГIазотехь веллачунна моллас деша а, лийчо а, марчо хьарчо а ца оьшу. Мункар-Некира кошахь цуьнга барт хоттур бац. Ялсаманан неIарш цунна йиллина хир ю. ХIуьрлаIан мехкарий цуьнга хьуьйсуш хир бу. Цаваьллачу денна вала а, дийна вуьсучу гергарчух догъэца а хаза дешнаш ду уьш. ТIамехь денна лечу царна деша молланаш, хьерчо марчош а мичхьа лаьтта. Тхан-м къанделла божабераш лела дерзана, эхье меттигаш дIахьулъян йома а йоцуш. Амма, керстанан карах воьжнарг бен гIазот хуьлий техьа? Цунах шек вара МIаьчиг. Цхьаммо а цунна жоп луш ца хезнера. ХIорш бусалбанаша ма байина. Дуккха а ойла йинчул тIаьхьа МIаьчига, эххар а сацийра, адамаш дойурш, уьш муьлххачу динехь, муьлххачу къомах белахь а берриге а цхьаъ хилар. ХIун башхо ю царна юккъехь? Башхо йоккха ю! Масала, оьрсийн салти-м, наччахьо нуьцкъала валийна, ца ваьллачу денна лета нохчех. Хазахета ма ца лелара иза. Ткъа, цаьргахьа бевлла, шен къоман а, динан вежарийн а цIий Iенош лелла ямарт-

хой, нохчийн эпсарш? И ямарт жIаьлеш дайинарг хир ву гIазот! Ткъа хIун хийцам бу керстанийн, бусалбанийн эскаршна юккъехь? Цхьа герз ду-кх цара тхуна деттарг. Шиннахьарчар а Iенадо тхан цIий. Къизаллица вовшел тола гIерта ший а Iедал. ХIан-хIа, ккхузахь белларш гIазот бу. ТIехула тIе, шайн махкана генахь а белла хIорш. Иза а дилла догIу дала цхьана йоле.

Кхузахь байинарш ша гIазот леринехь а, хIетте а зене хир дац-кх аьлла, Аьрзун коьрте а хилла шабарца, шена хуу масех аят деша вуьйлира МIаьчиг. Ткъа, тIамо верина, декъаза Къосам тIе моьнаш хIиттина, сенаш мехаца тIсттIа ийзийча санна, хеббачу юьхьа тIерачу къаьрзинчу, шен цхьаъ бен боцчу бIаьрга чухула шиннан метта комаьрша бIаьрхиш а Iенош, озий белшаш егош, кийрахь тийна воьлхура.

БIарзвелла хьийзачу Iелас цунна карладаьккхинера иштта, и санна, ша цхьа висина де...

13-ГІА КОРТА

«Іилманан серлоно Кавказан лаьмнаш цІийх а цІандина, цуьнан кеІнтий машаречу ахархошка берзон болу хан кестта кхочур юй-те? Адамаллин цІарах оцу хене сатуьйсу оха...

...Машар лойша Кавказана, ма лехийша дуьненан ялсаманеш Евфрата тІехь... иза-м кхузахь яй, кхузахь!».

А. А. Бестужев-Марлинский.

Іелин тийжар, тІаьхь-тІаьхьа йиш хелаш, велхаре а дирзина, эххар, аз дайна, сецира. Дуккха а хенахь дуьйна башаза, баьлла, вешин къоьжа корта шен некха тІе а таІийна, сауьйзуш, дегІ дегош, горгам хилла хебна Іара иза. ТІаккха шен коьртара схьабаькхина месала куй гІевланга а буьллуш, Аьрзун корта, меллаша ларбеш, оцу тІе охьа а биллина, цуьнан бІаьргашна а, хьаьжна а, беснешна а тІе дай куьг а хьаькхна, хьалагІеттира. Вехха лаьттира иза чу цІий хІоьттина, кхохкийна, хьела бахана шен гІайгІане ши бІаьрг вешин юьхьа тІе а боьгІна. Аьрзу дІакхелинчу оцу цхьана сахьто, тІе кІац йиллича санна, къежбира цуьнан корта. Массо чо ирахІоьттира, кан санна, хьирчина маж а, корта а бара.

«ХІун до ас дуьненахь ваьхна? — уьйриг хилла хьийзара цуьнан коьрте ойланаш, хеттарш, жоьпаш. — Цул, айса сайна а тоьхна велча?»

Хецца йолчу шен гІодаюкъах куьг хьаькхира цо. Иза еса яра.

«Тоха хІума яц. Мича дахана сан герз? ХІаъ, селхана

тхо векалш хилла бусалба вежаршна тIе доьлхучу хенахь зударшка деллачохь дисина-кх... Муха даккха техьа ас сайн са... Ой, ша шена а тоьхна валарал доккха къа ма ца дуьйцу. Иштта веллачун эхарте даха дог хилийтац. Иманах ваьллачу стага бен лелор дац иштаниг. Иман. Ислам. Мичхьа ду и шиъ? Харцой, бакъой, хьарам, хьанал, тешам, ямартлой хоьржуш мила лела кху дуьненахь! Ас хIинццалц лайна баланаш тоьур ма бу хIинца ас тIеоьцучу къих хьалхавала. Суна ма ца оьшу Аьрзух а ваьлла айса дуу дуьне. Дуу дуьне? Хьоьшу латта, хьоьгу Iазап! Амма муха вала веза? ДIога лекхачу тарха тIера чу а иккхина..»

Iела дуьххьал дIа тарха тIе волавелира. КIог чу ког нислой, кхоссалой охьакхеташ, гIоттуш, кIохцалан кулла тIе Iотталой, юха эккхаш, торха тIе боьгIначуьра бIаьрг дIа а ца боккхуш, хьалха дIавоьдура иза. Ши накъост а Iара иза стенга воьду, цо хIун леладо ца хууш, хатта там ца хеташ, тIаьхьа хьоьжуш. Амма эзар шарахь ойла ярах цу шинна дагадогIур дацара Iелас дагалаьцнарг. БIе, ши бIе шо долура нохчашна юккъехь стага ша шен вер ца хуьлуш. Ша шен вер — стеган осалалла, кIиллолла, оьзда вацар лорура цара массо хенахь. Цул доккха эхь дацара доьзална хьовха, тайпанна а, юьртана а тIеда. Мацах цхьана хенахь шун цхьамма ша шен вийна хиллера бохуш, тIаьхьарчу тIаьхьенна а тIехбеттам бора.

Iела ломан басах хьалавоьдура. ДIа мел тосчу гIулчаца цунна дуьхьалхIуьттура шен дахаран дIадаханчу буьрсачу шерийн Iаьржа денош. Жимчохь хилларш, баккхийчийн дийцарех дагадогIурш. ТIеман кхехкар. Малхехь ткъесах лепа тарраш, цхьамзанаш. Йогу ярташ, стиглахь соьцу Iаьржачу кIуьран мархаш. Зударийн, берийн маьхьарий. Хьайбанийн Iехар, жIаьлийн угIар. Кешнийн керл-керла бIеннаш, эзарнаш баьрзнаш, хIол-

ламийн хьаннаш. Декъий, цIий, цIий, цIий. Татолашца. Иттаннаш шерашкахь саццаза. Маршо езаш, и шайгахь сацо, мостагIчунна дуьхьало ян ницкъ боцуш, бIарзделла хьийза адам. Мацалла, цамгарш. Паччахьан Iедалан къизалла. Кхузахь мукъана а маьрша, делан цамгаршца Iожалла тIе оьцийла хиларе догдаьхна, махках бевлла схьаккхелхина пхи эзар доьзал. ХIара туркойн жоьжахате...

Дерриге а карладуьйлура. Дерриге а дуьхьалхIуьттура. Да, нана, йижарий, вежарий, доттагIий, нийсарой, бIаьхаллин накъостий. ТIамо, мацалло хIаллакбина зударий, бераш. Царех хIораннан гIаларто Iеле бехк боккхура.

«ТIаьххьарчу вешех ваьлча, хьуо цхьа вуьсу хIунда моьттура хьуна? — хезара цунна цхьанхьара, гушвоццчун аз. — Мила ву дуьненахь цхьалха? Нахана хиллачу диканехь а, вонехь а дакъалаца стогалла а, тешам а боцу кIилло, ямарт стаг ву-кх цхьа. Амма, нахе деанчу вонан дакъа а кхочуш, диканах воккхавеш веха оьзда, тешаме, майра, дог цIена стаг, нанас дена дина йиша-ваша ца хиларх цхьалха вац. Дуьненахь мел долу оьзда, тешаме, майра, догдика адамаш дерриге а цуьнан йиша-ваша ду. Ткъа кIилло, ямарт, тешха стаг иза ворхI вешин ваша велахь а цхьа ву. Кхетий хьо, Iела, вухаверза!»

«Тхан чIир екха къонахалла а ца тоьъна воьду хьо? — хезара зударийн, берийн белхарш. — Атта ду тарха тIера чу а иккхина вала! МостагIех бекхам иэца, къийсаман некъ чекхбаккха къонаха веза. КIилло! КIилло!..»

«Хьажал схьа, оха Iожалла тIе муха иэцна? — чевнаша дерина шайн догIмаш оьхьура тоххара вукху дуьнена бирзинчу цуьнан бIаьхаллин, накъосташа, къеначу тIемалоша. — Герз буйна а къуьйлуш, делла оха тхешан синош дIа...»

«ХIан-хIа, иза сан кIант вац, — цкъа гучу а даьлла,

дуьхьал куьйгаш а туьйсуш, морхашлахь къайладелира цуьнан ден гIаларт. — Сан цIийх ваьлла хила йиш яц иштта осала, кIилло кIант...»

«Iелий, сан жима Iела, хьо мича вогIу! — нана хьалха лелхара цунна. — Ца го хьуна, дуьненах марзо оьцучу бовллучу хена заманан халалло хеназа кхалхийна хьайн йижарий? Ца го хьуна, шуна болчу сингаттамо къиза йийна со? Тхан чIир екха къонахалла-м ца тоьира хьан, вайн цIенна иэхь мукъа ма дехьа. Айхьа дагалаьцнарг ахь чекхдаккхахь, ас баийна накха хьарам бу-кх хьуна! Вухаверза, Iелий, вухаверза!..»

«Вийна со цIа валийначу дийнахь сан ткъа шо а ца дуьззера. Хьан ткъе дейтта ду. ХIетте а воьхна, кхеравелла хьаьдда вогIу хьо. ХIан-хIа, Iела, сан ваша вац хьо!..» — элира, цIийша а вуьзна гучуваьллачу Лоьмас.

— Ас Iийшинчу баланийн эзарлагIа дакъа а ца гина хьуна!— Лоьмина дуьхьало йира Iелас.— Ахь деа шарахь бен ца бина тIом, ас — ялхийтта шарахь! Хьо шозлагIчу чевнах велла, суна тIехь уьш исс ю! Хьо вайн дена тIаьххье велла, ткъа ас шу массеран а Iожалла мелла. Со-м адам дай, кхин дIа садетта ницкъ бац, хьере хилла!

«Саца, мича воьду хьо! — Аьрзун омран буьрса мохь хезира цунна тIаьххьара а. — Цхьа сахьт хьалха ас хьайга дина весет ма сиха дицди ахь? Хьайн зудчунна, шина кIантана тIе, даймахка вуха а верзий, маршонехьа къийса ца элира ас хьоьга? Ма сиха вуьйхи хьо? Маршо, я Iожалла бохург-м, маршо яккха ницкъ ца тоахь, бердах а иэккхий ле бохург даций, ткъа герз керахь къийсамехь вожа бохург ду. Хезий хьуна, Iела? Маршо я Iожалла! Вайгарчу бохамна бехкечех бекхам а ца оьцуш, суна дуьхьал ван пурба дац хьуна, ца аьллера ас хьоьга? Ткъа хьо... атталла со лаьтте а ца кховдош, суна тIаьхьа сихвелла...»

ЦIеххьана саметта веана сецначу Iелина ша, цхьа бIе аьрша лекхачу бердан йисте кхача кхо гIулч генахь карийра. Охьа чуьра хьала хезара зударийн белхарш, беро йишхаьлла хьоькху мохь. Чу хьаьжча цунна берда кIел гира цхьаъ дIаволла гIерташ воллу виъ стаг а, царна дехьо бер керахь хIоьттина лаьтта зуда а. Кхин дIа бIаьрг тоьхча, кера юккъехь санна, шера гучу оцу ерзанчу хьуьнх Iелина и сурт массанхьа а гира. ХIан-хIа, Iела цхьаъ вацара оцу дийнахь везачух къаьстина бIарзвелла хьийзаш. Хьанна хаьа, селхана баьржана оцу чIажашкахь, хьаннашкахь маьI-маьIнехь вовшийн мичхьа бу а ца хууш, шайн белларш шаьш бол-болчохь лаьттах бохка гIерта и нах, уьш хила а мега, шайн йиша-вешех тIаьххьара а висина стаг дIавуллуш. Амма, тарха тIе хьалаваьлларг цхьа Iела бен вац. ХIинца иза ша а ца тешара ша дагалаьцначух. Кхо гIулч теснехь, бердах оькккура иза. ТIаккха-х иза лаьхьано, даьIахк ца юьсуш, вожур вара.

Эзарза Iожалла иэшийна, дийна воллушехь жоьжахате веана маьхьшери гина, сиртан тIех ваьлла Iела ле ткъа бердах а иккхина? Ой, иза зуда-х яций? Зуда хIунда хьехайо? Зудчо мичара дийр ду иштаниг. Иштта лечу стеган цIе яц!

«ОхI-вай, ма ирча иэхь деш хилла-кх ас, — доккха садаькккхира цо. — ШайтIа доьлла хилла-кх сан кийра. ХIан-хIа, ас Аьрзун весет кхочушдийр ду. Стигалхула вирзина а, лаьтта бухахула вахана а Нохчичу воьрзур ву со. Мацца карийна а суна карор бу тхайгарчу Iазапна бехкениш. Ас царех биэкхам оьцур бу. Оцу къийсаман новкъахь цхьа хир вац со. Сан эзарнаш вежарий бу...»

— Аьрзу! Со вуха вогIу хьуна! — мохь туьйхира цо, лаха чу, ирзерчу бIарехьа а вирзина. — Маршо я Iожалла!

ХIинца цунна хезара ломан бердашна кIелхьарчу

боьлакашлахь декъашна тIехь, тийжар доцуш зударийн къора белхарш, жагIечу лаьттах еттачу белийн а, уппагIашна дечгаш цоьстуш деттачу дагарийн а татанаш.

Лахо чу воьссича иза тIеIоттавелира, деттачу цIийлахь, тIехула сийна, даккхий мозий а хьийзаш, меженаш яржийна аркъал Iуьллучу шен ненах а хьерчаш шийла мохь хьоькхучу дерзанчу, жимчу берана.

Iела гучуваьлча, ши куьг хьалха а кховдийна дуьхьал хьаьдда иза цуьнан настарийх хьаьрчира. Цуьнан баьллачу, модаша буьзначу коьртах куьг а хьаькхна йоI хьаьстира Iелас. ТIаккха тIе вахана, Iадийна, къаьрзана севцца зудчун бIаьргаш дIахьулдеш цуьнан юьхьа тIе кортали а тесна, йоI мара а йоьллана ламанан аьрзоно санна, лакхара охьа, гонах сирла бIаьрг а тоьхна, цхьанна тIекхета санна, ши буйн а бина, цIе санна, богу ши бIаьрг генна хьалха къилбседехьа а хьажийна, шуьйра гIулч йоккхуш, басех чуволавелира Iела. Даймлера, дуьненахь цхьана а хIуманах, ткъа хIинца атталла делах а ца кхоьру, майра тIемало, Абубакаран Iела...

ШОЛГІА ДАКЪА

МАЛХ КЪИЛБАСЕДЕХЬАРА ЛЕПА



І-РА КОРТА

Буьйса. Некъо валий со кху эвла.
Диллинчу корах схьайогу серло.
Кхуьнга сатуьйсуш, геннара веъна.
Со лаьтта ладоьгІна гІовгІане...
М. Мамакаев.

Шен ойланашца шовзткъа шо кІегар вахана а лелла, хІинца юха а тховсалерчу буьйсанга вирзинчу Іелина бІаьргех мела хи хьаьдира, легашка шед хІоьттира. Аьрзу вийна де дара цуьнан дахарехь уггар доьхна де. Дагабаьххира кхузахь шеца тІаьххьара сахьт тІехІотталц даймахкехьа къийсина, турцехь шеца ерриг халонаш екъна бІаьхаллин накъостий: самукъане, амма дарвелча лоьмах тарлу Мовсар а, бІаьрг боцу МІаьчиг а, даим буьрса, амма догдика Къосам, мискачийн молла, къона бІаьхо Маккхал...

«ХІун хили техьа шух? Даймахке кхойкхуш меца Іожалла тІеэцна, цигахь, хийрачу лаьттан кийра дирзи техьа шу я, хІетахь санна, дай баьхначу лаьтте, шайн халкъе сатуьйсуш лела техьа шу?»

Амма, дуккха а халонаш Іуьйшуш, лечкъаш цІа вирзинчу Іелин а ца хилира шен доьзалца маьрша ваха хаа аьтто. Иза цІа веана шо а кхачале, гІаттам болабелира Нохчичохь. Паччахьан Іедалан колониальни политикана гІийла дуьхьало яра иза. Къонахчун декхаро, вешин весето бакъо ца лора Іелина оцу къийсамна юьстах виса.

Иза, оцу гIаттаман уггар жигара дакъалацархо хилла ца Iеш, цуьнан куьйгалхойх цхьаъ хилла дIахIоьттира.

Халкъан лаам кхочушбан дош даларца, цкъа хьалха адам дIа а тедина, шен аьтто а нисбина, паччахьан Iедало дIалеца болийра гIаттам болорхой. Туркойн махкара цIа верзарна а, гIаттамехь дакъалацарна а шозза бехке хилла Iела, итт шо хан а тоьхна, Сибрех хьажийра.

И цхьаъ вацара цига хьажийнарг. Кхи цкъа а хадийра Нохчичоь шен тешамечу кIентех. Мацалла гIело хьоьгуш, Iазапехь дуьсучу шен халкъан а, чохь хьакхо ялтин цинц боцуш шина бераца юьсучу Айзин а ойла еш, болатан шийлачу буржалша къуьйлуш лозучу дегIан меженашка ла а доьгIуш, генарчу Сибрех ваха ткъе берхIитта шо хьалха кху юьртах велира Iела.

Ткъе кхоъ шо делира цунна шен ненан маттахь адам дистхуьлу хазаза. Къежвелла, дегIера ницкъ эшна, къанвелла кхечи иза ша дукха сатийсинчу винчу юьрта. Нуьцкъала каторжни белхаш ца лайна, мацалла гIелбелла, цамгарша иэгийна беллера кхуьнца Сибрех нисбелла шортта нохчий. Дала доллучу се бIарзбинчу накъосташна гонах хьийзаш я церан узаршка ладоьгIуш цо хийла йийхира шена Iожалла. Амма декъазчу Iелин са ца даьхьира Iожалло. Къонахаллех, собарх буьзна накъостий лаьттах а боьхкина, цхьа висира иза цигахь а. Иза дийна висина. Ца велла ялхийтта шарахь тIом барх а, туркойн жоьжахатехь а, Сибрех ткъе берхIитта шо доккхуш а.

Шен ненан кийрара ваьллачу минотехь дуьйна ирсан чам ца хууш, декъаза диъна дуьне диццеш, дахаран малх чубуза регIа тIе лахбеллачу хенахь, цо дуьненахь даккха дисинчу масех шарахь цунна ирс дала валийна техьа иза кхолламо винчу юьрта, я, хьегнарг дицдеш, доккха вон гайта?

Воккхастаг ойланаша лаьцна кхузахь хиъна Iеш, цун-

на шена а ца хууш, дикка хан яьллера. ХIинцца хааделира цунна ша шелвалар. Шийлачу лай тIе хиъна Iийначу цуьнан лахе шелъелла леххера. Дегадора дегI. Ша бинера можа тIехула некха тIе Iенначу бIаьрхих.

«Кхузахь кхин жимма висахь, со-м гIорор ву» — дагадеара цунна. Амма мича ваха веза — цунна шена а ца хаьара.

Гонах бIаьрг тоьхча, цунна гира бешан цхьана маьIIехь гIийла йогу чиркхан серло. Мила ву техьа цу чохь вехарг? Милла хилча а, цунна вевзарг хир вацара. Цуьнан нийсархойх стаг, нагахь виснехь а, дукха висина хир вац, верг а цунна вевзий а хаац. Ткъа, мичча а цхьанхьа чу а вахана, буьйса яккха езара.

Уггар хьалха цунна хаа луург Айзех а, шина кIантах а хилларг дара. И кхо са бен дацара хIара Сибрех воьдучу хенахь кхуьнан цIийнах диснарг. И кхо адам, хIара вина мохк, валале хьалха цаьрга бIаьрг тоха лаар дара къена Iела цIа валийнарг.

Цо дукха сатийсинера винчу махке, хьомечу доьзале. Цо кхочушдан дезара вешин весет. ХIинца иза цIахь ву.

Халчу дахаро а, Iедалан харцонаша а тешам байина, ларлуш хила Iеминчу цунна ца лаьара, юьрта кхачарца ша дIакхайкхо. «Хьанна хаьа кхузахь хIун хьал ду. Тохара туркойн махкара цIа варна а бехке вира со. Сибрехара цIа бакъонца вагIахь а, Iедална хIун иэхь ду, цхьа бахьана а хIоттийна, со юха хьажо. Цхьанне а ца вовзуьйтуш, цкъа хьалха кхузара хьал довза а, сайн доьзалх хилларг хаа а хьожур ву со. Нагахь доьзал дийна белахь — вовзуьйтур, бацахь... цхьа дала дайттинарг дийр ду-кх. Цул даккхий вонаш а лайна, иза а ловр ду. Амма муха дан деза и дерриг?»

Тхьусйоьлла настарш меттаяло гIерташ, цхьацца-шишша ког боккхуш, соьцуш, серло гучу керта воьдду-

шехь, цо ойла йора ала кечдан дезачун. Цунна дагавеара тІом чекхбаьллачул тІаьхьа шен гергарло тасаделла, Оьрза-гІалара гІалгІазкхи Андри. Керла бахам вовшахтухуш шений, Айзиний цхьацца оьшург иэца ахча а, я дохка ялта а ца хилла, шен, Чорин цхьацца сту боьжна, дечиган кІорий, хьаннашкара лахьийна цхьацца акха стоьмашший бохка я хийца дагахь варданахь ваханчу Іелина хІетахь дуьххьара вевзира и оьрси. Андрин ковкерт, пхьалгІий хІинца а шена гуш санна хетара Іелина. Цуьнан пхьалгІахь шортта кІора бара. Муха ца хуьлура, церан юьртана гена йоцуш йоккха хьун хилча. Амма, Іела мича дезаро араваькккхина хиъначу Андрис, цуьнан варданара кІора охьа а боьхкина, цунна дуьхьал масех бел, цел а, мангал-марс а, кхин цхьацца хІуманаш а елла цІа хьажийра иза. ХІетахь тасаделла хьошалла лаьттира царшинна юккъехь, Іела Сибрех ваххалц. Андрис, кху эвла а вогІий, юьртахошна мехах аьчган цхьацца гІирсаш кечбора. Иштта веана Іела волчохь ши бутт сов хан яькккхира цо хІара туркойн махкара цІа веъча.

«Кхузахь со цхьанна а вевзар вац. Оьрсийн мотт а суна дика хаьа. Суо Андри ву эр ду ас, хаьттинчуьнга», — сацам бира цо воьддушехь.

Керта воьдуш, ков лоьхуш цхьа го тесначул тІаьхьа, цунна карийра къевлина лаьтта ринжа. Кертара схьа жІаьла хьадарна кхоьруш, ша ринжа деллале йовхарш туьйхира цо. Амма меттахъхьов хезаш хІума дацара. Кертахь цхьанхьа жІаьла хирг хиларх тешаш, ларлуш гонах хьоьжуш вахана, тІе латта тесначу кегийчу цІенойн уча а ваьлла, меллаша кор туьйхира.

Чохь цхьаъ меттахъхьайра. Іелина хезира когийн тата. ТІекхоьллина чоа а долуш, коьрттаІуьйра боьрша стаг уча велира дукха хан ялале.

— Буьйса дика хуьлда хьан, хІусамда? — элира Ілас оьрсийн маттахь.

ХIусамдас, халла оьрсийн дешнаш лахьийна, жоп делира хьешан маршаллина.

— Бехк ма биллалахь, хан йоцчу хенахь хьуо гIатторна. Ахь пурба лахь, тховса хьан хIусамехь буьйса йоккхур яра ас, — бехкалавахара Iела, цунна оьрсийн мотт дика ца хаьий хиъна, ша эриг ма-хуьллу къостуьйтуш ала а гIерташ.

— Буьйса яккхаран гIуллакх хоьттуш ца хуьлу. Чу а волий, хьайн хIусамехь санна, паргIатвала, — аьлла, нел йиллина, хьалха куьг тесира хIусамдас.

Цо куьг хьалха дIатосуш беллабеллачу чоьийн тIома юккъехула Iелин бIаьрг кхийтира цуьнан хечин борчах йоллучу тапчин макъарх.

«ХIинца а бу техьа нах, хьалха санна, маьрша бийша йиш йоцуш», — дагадеара Iелина.

Iела цIа чу велира. ТIехь шиша а доцуш, чуоьзна гIийла богучу чиркхо серлаяькхинчу чохь поппаран маьнги тIехь наб кхетта Iуьллура диъ бер.

ХIетта гIаьттина хIусамнана, набаро дохийначу шен дегIан меженаш саттош, шуьйра бага гIатторца метта а еана, новкъара хIуманаш дIасалуьстуш, чухула йолаелира.

Ма дукха хан яра Iелина хIусамехь ишта доьзал ганза. Маьрша дийшина Iохкучу берашна тIе а вахана, уьш сама а даьхна, хьаста сакIамделира. Йовхачу хIусамо, нохчийн кхерчан дагна там бечу хазчу хьожано дахаре безам бахийтира.

— Же, ма Iелахь, зуда, — цIийннанна тIевирзира хIусамда.— Вайна тIевоьссинарг хийра хьаша ву. ГIазкхи ву хIара, доллачул хьалха юучуьнца там бел кхунна. Хьаша, хьо хьайна тIера кетар, когара мачаш дIа а яхий, паргIатвала, — аьлла, тIетуьйхира цо Iелигахьа а вирзина.

Цхьана баттахь гергга генара бинчу некъо дегI а, чу-

хулара бедарш а бехйина волу Iела воьхна хьаьвзира, сов-ков хIума дIаяккха дезча. Амма иза уьш дIаяха волаваларе ца хьоьжуш, тIевеанчу хIусамдас валенкаш дIаозийра цуьнан когара.

Iелас, шен гира пIаьлдиг схьа а баьстина, тIера кетар дIа а яьккхина, уьш шена юххе охьаехкира.

ХIара шиъ и деш воллушехь, хIусамнанас йовхачу шурех буьзна боккха кхийра кад, сискал чохь шун хIоттийра Iелина юххе маьнги тIе.

— Бовха кхача кечбен хан яц хIара, тховса цкъа кхунах кхачо йина ца Iийча вер вац алахьа цуьнга, — дийхира зудчо майрачуьнга.

Царшиммо дуьйцучух ша ца кхетачуха, вист ца хуьлуш Iара Iела.

— Хьаша, хьуна сихха охьавижа ца лаахь, вай кхин бовха кхача кечбийр бу, цкъачунна хIара кхаллахьа, — элира хIусамдас.

— Баркалла, бераш, дала дукха дахадойла шу. Сона-м кху довхачу цIа чохь цхьана сонехь дIатовжа меттиг хилчахьана хIума ца оьший.

Оцу дийнахь, Iуьйранна цкъа-шозза хIума кхалларх, кхин рицкъа кийра дахаза волу Iела, сискал кеггийра чу а кагйина, яа вуьйлира. Ша хийла сатийсина сискал йоккха кхоллуш, марзо а оьцуш, яа кхелаш хуьлуьйтург мах лур бара цо.

Амма уьш яцара. Бага иэцца сискал цо, лоррий шен хьалха йисинчу еа церга кIел а нисйой, меллаша Iуьйшура.

— ХIара хIун муьжги ву? — хаьттира зудчо майрачуьнга.

— Хьанна хаьа и, — доцца жоп делира майрчо.

— Амма милла велахь а, маьттаза муьжги-м ву. Доккха хIума ду-кх, иза тIе а вижийтина, мотт бехбайта дезар, — цхьа хан ялийтина, юха а йистхилира зуда, хье-

шан яьллачу можей, коьртей, силмаший, модаший юьзинчу бедаршкий хьаьжна.

— Иэхь хета жимма! Иза хIунда ву маьттаза, хьо санна, дала кхоьллина адам дац иза? — човхийра иза майрчо.

— Ас-м иза боьха, беркъа волу дела бохура, — аьлла, йоьхна жоп а делла, дIатийра зуда.

— Хьанна хаьа, вайга хIун догIур ду. Де эшначу стагах кхарда ца веза, дог лаза деза. Ша кхаьрдинарг шен коьрте догIу.

Церан къамеле ла а доьгIуш, кедара шура лаххьийна дIа а мелла, шуьнара вухахилира Iела. ХIетталц шуьне бIаьрг тоха дага ца догIуш Iийна хIусамнана, кхин а тIе шура йотта дагахь, пеша тIера кхаба схьа а иэцна, тIехьаьдира.

— Баркалла, кхин ца оьшу, — дуьхьал куьг тесира баккъал вуьзначу Iелас.

— Дийцахьа, хьаша, хьо мила ву, айхьа хIун леладо. Хьанна хаьа, ахь айина лелочу гIуллакхана гIо дан ницкъ кхочур бацара техьа, — хаьттира хIусамдас, хьаша вуьзна паргIатваьлча.

— Со Червлени станицера ву. Оьрза-гIалара.

— ЦIе хIун ю хьан?

— Андри.

— Андри... Андри... И цIе йохуш хезна-кх суна мацах цкъа, — ша-шега вистхилира хIусамда, аз лахдина. — Ткъа, лаа веаний хьо Нохчамахка?

— Къийвелла лела. Доьзал хене баккха, жимма йолах бан болх лаха веана со.

— Доьзал дукха буй хьан?

— Диъ бер... КIентан диъ бер ду. Церан да вийна тIамехь.

— Мича тIамехь?

— Японица болчу тIамехь, дукха хан яц вийна.

— ХIаа, тIамо баланаш бохьу адамашна. Тхан эвлара а ву оцу тIамехь кхоъ. Цхьа а хабар доцуш... ХIун болх бийр бу ахь?

— ЦIенош дотта а, дечиган пхьола дан а хаьа суна. Мах белчахьана, суна-м муьлхха болх бен бац.

Майрачун а, хьешан а къамеле лерана ла а доьгIуш, амма дуьйцучух ца кхеташ IечухIусамнене шена хиънарг дIадийцира хIусамдас. Вукхуьнан юьхь екхаелира.

— Делхьа ма дика ду-кх хIара вайга нисвелла! Кхана вайн божалара кхелли керта тIехула беша тосуьйтур ю вай цуьнга.

— Иэхь хета цхьа жимма! — оьгIазвахара хIусамда. — Товр-м дара вай хьеше кхош дохуьйтуш!

— Цунна хIун башха ду, шена мах белчахьана.

— И хир дац, зуда. Доккха хIума ду-кх сел сонта хилар. Болх бича, хьо хIун яла йоллура цунна. Вай-х ваьш ду, и санна, арадовла кечделла Iеш. Хаац, кху мисканна болх хьаьнгахь карор бу. Мехах болх байта йиш хьена ю. Дена наьIалт хиларийн, Iабден, СаьIадан, Хьусин ирсана нисвелла-кх хIара кхуза. Мел яарх ца бузу уьш, йоккха топ хилла лелхарш. Шен делан кхоллам-ца, ницкъ белара сан, ахча а делла, хIара шен доьзална тIе дIахьажо. Оцу кхаа харина кхуьнга болх ца байта, хIуъу дийр дара ас. Амма ницкъ бац. Сайн хьаша ас кхобур ву, болх цо неханиг бийр бу. Хаалахь хьайна, иза вайнехан хьешал дуккха а бехке хилар. Цул, иза охьавижо гIайгIабе. Пекъар, кIадвелла хир ву.

— Мича вижаве ас иза?

— Дер хаац. Хьешан цIа чохь, тIе кIел санна, шийла ю. Бераш цIенкъа а дахий, маьнги тIе мотт билла ахь цунна.

ХIусамненан дагара хаале дуьйна а ша боьха хеташ, пIзавелла Iела, уьш ша маьнги тIе вижо бохкийла хиъча,

хьала а гIаьттина, цара дуьйцучух ца кхетачуха, вистхилира:

— ХIинца аш пурба лахь, ас, охьа а вижина, садоIур ду. ХIоккхуза соне, суна кIел таса тишо истанг-черт хIума хир юй?

— Хьо дIога вуьжур ву, — бераш Iохкучухьа пIелг хьажийра вукхо. — Зудчо цигара бераш дIа а даьхна, хьуна мотт буьллур бу.

— ХIан-хIа, со кхуза вуьжур ву. Бераш меттах ма хьеде.

— Кху хIусамехь да со ву. Хьо сан хьаша ву. Ас аьлларг дан деза ахь.

— Шун нехан гIиллакхаш суна дика девза, жимстаг. ТIевоьссинчу хьешан лаам-хIусамдена закон ду. Аш и бераш самадахахь, со лулахошка гIур ву.

— Хьалха сан хIусаме воьссина хьаша кхечухьа вижа вахана бохург нахана хезча, ма хир дара! — нохчийн маттахь мохь белира хIусамден.

Цунах кхеравеллачу хIусамдас оьрсийн маттахь Iелига элира:

— Сан хьаша цIенкъахь Iиллина хилар нахана хиъча муха хир ду? Со сийсазван гIерта хьо? Ойла ехьа цуьнан!

— ХIумма а хир дац. Суна сайна ма ца лаьа бераш меттахъхьедан. Цу тIе, со Iаламат боьха ву. Ас бохург дехьа, диканиг.

Хьаша шенчунна тIера а ца ваьлла, кIелвисира хIусамда. Дехьа чу яханчу зудчо чу ча доьллина тиша гоьй, кенан гIайбий, дуткъа боьзан юргIий деара. Цо биллинчу метта а ваьлла, охьавижинчу Iелина там хилира, месийн назбаршла вижча санна.

ХIусамдай бийшаре ца хьаьжира цуьнан кIадделла къена дегI.

Ах сахьт далале хьешана чIогIа наб кхийтира.

2-ГІА КОРТА

Хьуна тІехь йоьлхуш ерг мацъелла
и борз ю,
Хьоьха дог лозуш ерг и Іаьржа хьаргІа ю.
Нохчийн халкъан илли.

Іуьйранна хьалххе самавелира Іела. Малхбалехьара схьагІерта де хІетта гучудала детталуш дара хил дехьарчу регІа тІехула. Тайп-тайпанчу аьзнашца кхойкхура лулахойн нІаьнеш. Хезара гена доцуш дегаза летачу къеначу жІаьлин гІовгІа.

ЦІийнан доьзал наб еш Іуьллура. Берех цхьаъ набарх цхьанна луьйш доллура. Оцу буса хьаша а веана, мотт гатбелла, ца тарлучу цара юргІа къуьйсуш, наггахь вовшийн човхабора, юха а тапъолий дІатуьйра.

Самадолучу Іаламе ладегІахь а, Іелин ойланаш генахула хьийзара. Цунна хІинца а теша хала дара ша винчу махкахь, шен юьртахь, паргІатехь ву бохучух. Цо сатийсира де тІекхачаре, ара а ваьлла бІаьрг тоха. Цхьаши сахьт даьлча цунна гур ю ша вина, берахь левзина меттигаш. Цаьрга а хьоьжуш, цо дагалоьцур ю декъаза бералла, къаьхьа къоналла. Цунна гур ду дайн кешнаш. Хьанна хаьа, цунна-м шен Айза, Іумар, Іусман ган а мегий. Цкъа цаьрга бІаьрг тоха йиш хилча, вала а хала ма дац.

«Ткъа хIун деш хир бу техьа суна сайн воIарийн метта хилла Петро, Кирилл, Датико, кхин иттаннаш накъостий? Схьахетарехь, уьш хьун хьокхучу дIакхачча бохкуш хир бу. Ткъа Николаз? Иза кхана бен кхочур вац шен юьрта. Дала дукха вахавойла иза. Дуьненах догдиллина Iийна со цо валий кху махка. Амма бисинарш а бевр бу оцу жоьжахатера ара. Уьш къона бу, тоьхна хенаш дукха яц. Хан чекхъяллалц Iай хаац. Кхиберш санна, уьш а бовдур бу. Юха а шайн цIа боьрзур бу, маршонехьа къийсам латто. Везан дела, аьтто белахь церан, Iалашбелахь уьш! Кхоам бу хьекъалечу, майрачу, хьуьнаречу, къоначу церан хеназа хIаллак хуьлийла. Цара дош делла мискачу сан хIусаме хьошалгIа бахка. Амма коьртаниг ма дицделаш. Аш къеначу Iелина дош делла цуьнан халкъехь, массо а адамашкахь Iазап-бала латточу хьолахошна дуьхьал шаьш тIом болош шайн магIаршка соьга дIакхайкха. Кхойкхурий техьа? Вицвийр ву техьа цара со? Ой, царна хаа ма хаьа, сан вашас генарчу туркойн махкахь шен са долуш соьга дина весет? Цара суна гайта ма беза асий, сан дайший хьегначу Iазапна, уьш хIаллак хиларна бехке берш! Ас царех биэкхам эца беза. Ас гойтур ду, сайн къоначу доттагIашна маршонехьа муха лета веза. Хоуьйтур ду, нийса топ тоха, каде тур ласто къеначу Iелина дицделла ца хилар...»

Iела шен ойланех юкъахваьккхира, хьала а гIаьттина товха лато тохаеллачу хIусамнанас. Дукха хан ялале лелхаш цIе кхерстира кхерча тиллинчу ножан дечигах. Iелина там беш, коьрте мерза ойланаш туьйсуш, техкира хIусамненан керахь цаца. ХьалагIаьттина хIусамда, бедарш тIе а юьйхина, вист ца хуьлуш, аравелира. ХIинца хьалагIаьттича мегаш дара Iела а. Ша чохь вуйла хаарна кхоьруш санна, меллаша юххера схьаэцна шен миска барзакъ тIе а дуьйхина, чуьра аравелира иза. Уггар хьалха цунна дагадеанарг — кешнашка вахар дара. Ам-

ма, тахана цкъа гIойла доцийла хиъна, дитира цо иза. «Керста» стаг шайн кешнашка хьийзар дезалур дацара нахана.

Сийсара шена ши чурт гинчу гу тIе вахара иза, меллаша волавелла. Цигара дIахьаьжча, кера юккъехь санна гуш яра юрт. Дуккха а цIенош дацара хьалха хилларчохь. Иза Сибрех вахале динчех наггахь цIа а ца дисинера юьртахь. Шира дитташ хедийний, къанделлий дIадевллера. Къанделла пайда ца лучу девллера шовзткъе кхоъ шо хьалха кхуо дийгIина синтарш а. Царех цхьадерш, генаш кхаьдда, чIана даьхнера. Мацах цкъа цо шайн коре боьгIна Iаж лаьттара бакъа а белла, еллачу хIуманан чарх санна. Беккъа цхьа малх бара, ткъе берхIитта шо хьалха санна, хьалхалерчухула схьакхеташ а, циггахула дIабузуш а.

Кхин мел дерш хийцаделлера.

Хийла сатийсинчул тIаьхьа хIинца шозлагIа хьоьжура Iела даймехкан Iаламе. Амма Турцера цIа веъча а, хIинца а цхьатера яцара дог-ойла. ХIетахь, мел дуьне доьхнехь а, ша къона хиларе терра, дуьненах самукъадолура, дахар тодаларе сатуьйсура. Халачу дахаро теIош вохийнчу, къанвеллачу, мел ваьхна а шина-кхаа шарахь бен вехар воцчу цуьнан кханенга сатуьйсийла а дIаяьллера хIинца. Доьзалах хилларг хаац. ДегIехь ницкъ бац. Къеналло гергайзайо Iожалла. ХIинца кхуо сатуьйсург Iожалла яра. Шен лаьтта тIехь маьрша ваха ца витинехь а, кхузахь вала а, шен каш хила а лаьара. Юха кхузара дIа а ваькхина, нехан хийрачу махкахь шен каш хиларна кхоьрура. ХIинца цунна хIумма а ца оьшура, кхузахь цхьана тоьли чохь парггIат ша вала витичхьана, велча вижа иттех дол латта делчахьана. Амма и Iожалла къийсамехь, герз буйнахь, мостагIех леташ хила еза...

РегIа тIехула хьалаайабеллачу маьлхан шийлачу

зIаьнаршна кIел, детий санна, лепара семсачу лайно дIахьулдина Iалам. Iелина юххехула тIех а буьйлуш шовдан тIе оьхура Iуьйранна даьхни хитIа иэцна а, хи иэшна а богIу зударий. Цунна улло нисбелча къаьрззий цуьнга хьовсура уьш. Наггахь зуда, ша тIехъяьлча а, юхахьоьжуш хуьлура. Шен хьежар эрна дуйла хуъушехь, Iела а хьоьжура цаьрга, вевзарг гаре догдохуш.

Пхьаьрсех тийсина кIудалш а йолуш, вовшашца цхьацца забарш а еш, зевне йоьлуш, ши йоI тIехъяьлча, царна тIаьхьа хьоьжуш Iелина карлаелира шен декъаза къоналла. Церан цIийнан корехула дIахьаьжча гучу, лулахойн бешан маьIIехула схьахьаьвзачу урамехула, хIинцца тIехъяьлла яхана и ши йоI санна, пхьаьрсах цIестан кIудал а кхозуш, хи иэца шовдане йогIура Айза.

И хан, хIетахь лелийнарш гинчу набарх ваьлла, и гIан дагалоьцуш санна хеталора хIинца. ХIетахь дуьйна шовзткъа шо сов хан яьллера. Вац хIетахьлера Iела дуьненахь. ХIинца иза, къанвелла шалха а вахана, баланаша юьхь а аьхна, настарш а шелъелла воккхастаг ву.

«Нагахь дийна елахь а, гича евзар юй техьа суна Айза? — дагадеара цунна. — БIаьргаш девзар ду. Хьекъале, къинхетаме, безамах дуьзна цуьнан Iаьржа бIаьргаш девзар дара суна мел дукха хан ялархь, дуьненахь мел долчу бIаьргашлахь».

Цигахь хIоьттина латта кIордийча, цIаверза ойла хилла, цкъа дIа а волавелла, юха мухха делахь а вуха а вирзина, шина чурта тIе вахара Iела.

ГIайракхан тIулгах кечдина цхьатерра ши чурт дара и шнъ. Говзачу пхьеро царна тIехь лерана дехкинера говран, туьран, шаьлтанан, тоьпан, тапчин сарташ. Царна тIехь Iасий, суьлхьанаш цахиларо гойтура, и шиъ къоначийн безамана доьгIна хилар. Iаьрбийн йозанашна тIехула хьекхна басарш мохой, малхой дIадайанехь а,

гуш дара, и шиъ доьгIчахьана ткъех шо хан бен яьлла цахилар. Мацах цкъа Маккхала Iаьрбин йоза деша а, яздан а Iамийна Iела, охьа а таьIна, царна тIера цIераш еша вуьйлира. Цхьанна тIехь цуьнан вешин Аьрзун цIе яра, ткъа вукхунна тIехь... цуьнан шен цIе! Шен шина бIаьргах ца тешаш, юх-юха а йийшира цIерш. ГIалатволийла дацара. И ши чурт цунний, Аьрзуний доьгIнера.

Шена хIотттийна чурт гича, цкъа дегIе зуз хьаьдира Iелин. ГIенах хуьлура иштаниг. Ткъа, хIара дерриге а самах ду. Цхьа хан ехьира цо догдоьхна. Амма иза цIеххьана хазахетарца хийцаделира. Цунна а, Аьрзуна а цхьаммо чарташ доьгIна. Делахь хIета, цуьнан ши кIант дийна волу куц ду. Царшимма бен и гIайгIа бойла яц. Воккхастеган дахаре болчу безаман цIарах бисинчу суйнах цIе летира.

«Ма тамашена хIума ю-кх хьо, дуьне, — ойла йора цо. — Къанвелча а ца лаьа вала. ХIор денна кханенга сатуьйсу, шена оцу кханено берриг дика болх бохьур болуш санна. Мерза ойланаш еш, сатуьйсуш буса охьавуьжу, ткъа Iуьйранна самаваьлча дерриге а хьалха санна, хIумма а хийцадалаза карадо, я и керла де, бала а бохьуш, догIий схьакхочу. Лекха лам хадор санна, хIума ду стеган дахар. Оцу ломан буьххье ваьлча, шена хьалха, хIетталц массарна а къайле хилла лаьттина керла дуьне схьаделлалур ду моьттуш, цига хьалагIерташ шен берриг къона ницкъ кхачабо цхьаволчо. Оцу тIехь ду моьтту шен ирс. Ткъа, шен дахаран шовзткъа шо хан йойуш некъ бина, оцу буьххье ваьлла дIахьаьжча, хIумма а ца карадо. Лахара хьалахьаьжча цунна цигахь ю моьттина хазна, хIаваэхь лепа зIаьнарш хуьлий юьсу. ТIаккха дахаран и ах уьйриг юха луьстуш, кIегарван йиш мукъа а елхьара! ХIан-хIа, яц. Мелхо а, цуьнан йисина ах дIайостуш, кошан бодашка восса деза...»

«Нагахь чарташ доьгIначул тIаьхьа ши кIант вел-

лехь? — кхоьруш ойла йора цо, воьдуш лаьтташехь. — Со санна, ваькkхина цхьана агIор вигнехь? Гур вуй техьа суна и шиъ? Дела, хьан керахь бу-кх болх».

Ша буьйса яькkхинчу керта вирзина Iела, цIа чу а ца хьаьвзуш, ма-воьддура божли чу вахара. ХIусамнанас сийсара хьехийна кхелли дIаяккха дагадеанера цунна. РагIун, кертан цхьана сонехь лерана тIе-кIел юьллуш, бина барз бара кхеллин. Схьахетарехь, иза, беша йохка яхкаялийта, тойина шира кхелли яра. Цкъа ойла хилира Iелин кхеллех дан дезарг хIусамнене хатта. Амма хьешан дагахь дерг хиъча, цо бакъо лур яцара и кхочушдан: майрчо чIогIа дихкинера цунна хьеше болх байтар. Кертал дехьа, беша а ваьлла хьаьжча, цигахь цунна карийра кIезиг кхелли. Шеко яцара йиснарг цу тIе тийса езаш хиларан.

Божли чохь дечиган шада а карийна, тIера кетар дIа а яькkхина, болх бан волавелира хьаша.

3-ГІА КОРТА

Тхо цкъа а, цхьанне а
Къарделла совцур дац,
Я маршо, я Іожалла
Шиннех цхьаъ йоккхур ю.
БІаьстенга тхаьш довлахь,
Цу кхахьпа элашка,
ХьотІца цІий тийсийта,
Делах дуй биъна ду...
Нохчийн халкъан илли.

Ша болийна болх бина а ваьлла, кхин дан гІуллакх доцуш хиъна Іеш, ши чурт долчу гІу тІера цхьаммо чІогІа бетта мохь хезира Іелина.

— ЛадогІалаш, нах! ЛадогІалаш, нах!

Іелас лерана ладуьйгІира.

— Делкъан ламазаш а дай, рузбанан маьждиган майдана гуллолаш! Тахана юьртан гулам бу. Хезий шуна нах, ламазаш дича, рузбанан маьждиган майданахь, юьртан гулам хуьлу...

Юьртан туркхан оцу маьхьаро Іелина карлаяьккхира генна дІаяхана хан.

Оцу майданахь кхэл ян охьаховшура юьртан тхьамданаш. Иза кхайкхайора юьрто а, юьртан тхьамданаша а шаьшлахь сий деш къастийнчу юьртан баьччано. Цо буьгура юьртахой тІаме а, цуьнан каралора юьрто ша хІоттийна Іедал машаран хенахь а. Оцу тхьамданашна юкъахь ца хуьлура ямарт, кІилло, оьздангалла йоьхна стаг, харцо ен ерг. Цара нийсо йора цхьа а тайпа озабезам боцуш. Церан дов шайн мостагІашца делахь а,

бехк баьллехь, цара бехке бора шайн вежарий, кIентий, дай. Цара, дегнаш а къуьйлуш, амма бIарганегIар ца тухуш, луьрчу таIзаре вуьллура бехке хилла шайн кIант, ваша а, дагна мел гергарниг а. Бехк бацахь, бехказа вора шайн цIийнан мостагIа а. Церан Iедал—нийсо яра, дахаран Iалашо—юьртахь барт, нийсой, беркат латтор яра.

«Муьлаш бу техьа хIинца юьртан тхьамданаш? Цара кхиэл а муха йо техьа? — ойла йора Iелас. — Хьажа веза цигахь хIун до».

Делкъал тIаьхьа, адам гулделла хир ду аьлла хеттачу хена рузбанан маьждиган майдана вахара иза. Адам дикка гулделлера, амма тIеоьхучийн тIаьхье хадаза яра. Кхузахь лелориг шена бен а ца хетачуха, амма цара дуьйцург дика хеззе, майдана богIучу беа урамах цхьаннан керта улло а хIоьттина, нах тергалбора Iелас.

Оцу урамехула схьабогIучара, шаьш уллошха тIехбовлуш куьг а лоьцуш, маршалла-могашалла хоьттура хIокхуьнга. Къамел доца хуьлура, диснарг куьйгашца, доьлучу бIаьргашца дуьйцура.

— Как дела? Матушка, яхши? Баранчук яхши? Баранчук чорак ест? — хоттура цара, чIогIа Iелин куьг а Iуьйдуш, массара а цхьа барт бича санна.

Цара буьйцу и мотт нохчашла баьржина дукха хан яра. «ГIуллакх муха ду? Зуда могаш юй? Бераш могаш дуй? Берашна яа сискал хуьлий?» — уьш шега хатта гIертийла шера хаьара Iелина. ТIаьххьара а вогIучу, буьрсо юьхь йолчу лекхачу стага, ша маршалла хаьттинчул тIаьхьа, нехан тоба йолчухьа дIаозийра иза.

— Вало, гIазкхи! Тхан юьртда селхана шен ден цIа вахана веана. Цо тхуна хIун совгIаташ деана хьожур хьо.

Iела ца вахара цуьнца. Нехан хеттарех къехкара иза. ТIехула тIе, хьанна хаьа, юьртдас кехаташ хаттахь,

хуур ма ду иза Оьрза-гІалара Андри а воцуш, кху Гатиюьртара Іела вуйла.

Маьждигана гонах йинчу аьчган кертана арахула дехкинчу дукъошна тІехь, лохха къамелаш а деш, хевшина Іара баккхий нах. Биснарш, тІехІиттина, цара дуьйцучуьнга ладоьгІуш а, шайн-шайн тобанаш а йинна, къамелаш деш а лаьттара. Нехан яххьашка хьаьжча а хиира Іелина, шаьш гулдинчу гІуллакхана уьш цуьрриг реза боцийла а, кхуза дегаза гулбеллийла а. Амма, мел хаа гІертарх, цунна ца хиира оцу баккхийчу нахах юьртан кхеташонехь хаьржина тхьамданаш муьлхариш бу а, церан баьчча муьлха ву а. ТІаккха, юьртан тхьамданаш схьакхачаза хир бу аьлла, сацийра цо.

Адамаш гуллучуьра севцича, гонах керт йоцчу дІо цІеначу цІеношкара араваьлла виъ стаг веара майдана. Царех цхьаннан коьртарчу куйна гонах хьарчийна кІайн чалба а, гІодаюкъ къевлина цхьа куьг шуьйра Іаьрбийн юкъйоьхкург а яра. ТІерачу духарой, цуьнан леларой гойтура и лекхачу дегІахь, верстана буто воккхастаг хьаьжо хилар. БІаьргех доьхкина куьзганаш а, кера лаьцна суьлхьанаш а долуш, кегийра гІулчаш йохуш, цунна тІаьхьауьдура эгІазо, юккъерчу дегІара стаг. Иза моллех тарвелира Іелина. И виъ стаг тІекхаьчча, къамелаш а совцийна, дІатийра нах.

ХьалхавогІучу, говран коьртах тера ехо юьхь-марш а, мукадехкачух ши бІаьрг а, йоцца лергана хьаьрса маж а, дуькъа мекхаш а долуш, цІена логан кІело яьшна, лохачу дегІара верстанчу стага, гона юккъе а ваьлла, куьг хьалалецира.

— ХІа-хІани, нах! — мохь туьйхира цо дуькъочу озаца, — шуна ма-хаъара, вайн укурган начальника, полконака Хьанжаловс кхайкхина Ведана вигначуьра со селхана сарахь цІа кхаьчна. КІезгачу гІуллакхана кхойкхур вац полконака пурстоьпал тІех а ваькхина шена

тІе. Суо дІавахаран бахьанаш дуьйцур ду ас шуна. Царех хьалхарниг юьртарчу наха Іедална текхамаш цабар ду. ДІадаханчу шерийн шуна тІехь дисина декхарш дуьйцур ду ас шуна.

Наха юккъехь реза боцуш гІовгІанаш евлира.

— Тхайна тІехь дисина декхарш-м дагахь хаьара тхуна, — вистхилира юьккъера цхьаъ. — Уьш ткъе уьттазза дийцина ахь тхуна. Хьайн делахь, кхин дийцахьа, СаьІад.

— Бакълоь, БІаьштаг, бІакълоь. Кху шелехь эрна хан яйа ца оьшу!

— Керланиг а дуьйцур ду, БІаьштаг, — шен гІовталан хьалхарчу кисанара схьадаьккхина, деалха тоьхна кехат даржа а дина, цу тІе хьаьжира СаьІад. — Соьмаш, кепежаш ягарйийр яц ас. Пачхьалкхан налог дезткъа туьма. Юьртан юкъарчу гІуллакхашна яла еза налог шийтта туьма. Шера некъаш а, дика тІеш а, юьртахь цІена хиш а хила-м лаьара шуна, амма оцу гІуллакхана харж яр дезац-кх. БІаьн налог ткъа туьма. ХІор юьрто оц-оццул налог ца елча, мел ІаьІа хаьий шуна? Аш ахча ца делча, Іедале кхабалур дуй Нохчичохь лаьтта эскарш?

— Дер деза оьрсийн махка дІадига. Нохчаша хьошалгІа кхайкхина ца далийна уьш, — мохь туьйхира хьалха лаьттачу жима, тиша, векъанчу воккхастага.

— Янаркъа, вай кхайкхина хьошалгІа далийнехьара и эскарш тоххар дІадахана хир дара. Хьоьга хоьттуш схьа а ца далийна, хьуна лаарх дІа а дуьгур дац. ТІехула тІе, хьо юкъа ца лелхаш кхузахь къамел дойла а ца хилла сан. ТІаккха, салт ца довлархьама тоькху налог дезткъе итт туьма ю шуна тІехь. Салт ваьллачунна хьакхарчий яайо, цигахь далла гІуллакх дойла ца хуьлу, керстанашца вижар-гІаттар, цара кечбина кхача баар

къилахь ду, бохуш салт ца довлу шу, я шаьш цIахь дитарна тIера Iедална налог а ца ло. Я пачхьалкхан декхар охьадилла, я яханчу бIаьста эскаре а бевлла, Япо тIаме баханчарна тIаьххье дIагIо. Эскарехь шо даькхича ткъе диъ туьма ахча ло. Цхьана ден бахам! Цхьана шарахь. Шо кхочуш доллу Аьрсамирзин Эламирза а, Васалган Юсуп а, Солтханан Солта а цигахь волу. Я цига гIо, я, цигахь гIуллакх дечунна дала, Iедална ахча луо. TIаккха, байначу баттахь Оьрза-гIалахь лачкъийначу шина говран а, цхьана аьттан а лар вайн махка тIе еана. Церан мах ткъе ялх туьма бу. И ахча хIинца а схьа ца делла аш...

— Вайн махка тIе ялийнарг харц лар ю. Тхоьгара гIуда даккхархьама!

Вайн эвлахь къуй бац!

— Шен ворхIа а дена неIалт хуьлда и диначунна!

— ГIовгIанаш ма ейша, нах!—мохь бетташ, куьг лестадора СаьIада. — Къуй бац элира ахь, доша? Хьуна уллохь лаьтта Хьомсаркъа мила ву? Эвлаяъ ву иза? ДIога лаьтта Мудар малик ду? Цо къаьркъа стенах муьйлу? Теркал дехьарчу ярташкара даьхни арадовла ца дуьтуш, къоланаш деш хене буьйлуш бац уьш? Я, со санна, хьаькамалла долуш, я, Iабдин санна, тулка йолуш, я, Пантахьаьжин санна, дуьйш масех кха долуш беха уьш? ХIай-хIай! Полконака омра дина, юьртана тIехь долу Iедалан соьмаш, кепекаш цхьана ягарйича ши бIе шовзткъе итт туьман диъ сом езткъа кепек а, къолана тоьхна ткъе ялх туьма а тахана дуьйна кхо бутт балале аш Веданан укурган хазне охьа ца диллахь, ша, бIаьста йоллушехь, кхуза тражникаш а бахкийтина, чуьра йийбар дIалахьор ю, тIе цхьацца нах Сибрех а хьовсор бу, аьлла. Шу паччахьна дуьхьал ду, юьртдас а, суьдо а аьллачуьнга аш ла ца дугIу, аш йийриг бунт ю, боху цо. Цул сов, цунна хиъна, харачойн Зеламхас шен обаргашца

Вайш юьртахь буьйса яьккхиннйла. Ас дуьххьал дIабоху, Доша, ахь а, Хьомсуркъас а хIокху юьртана бохам бийр бу. И обаргаш кху юьрта ма кхийла. ШолгIа и меттиг хаалахь, кху юьртахь виллана Iен гIалгIазкхийн бIе дошло воуьйтур ву ша боху полконака. ТIаккха атта хир ду шуна дуучуьнца-молучуьнца, говрашца уьш кхаба. ТIехула тIе, герз лелор нохчашна дихкинийла шайна шал шера хуъушехь, герзах воьттана веана шу массо кхуза. Цкъа марах дер ду шуна иза. Герз схьадаьккхина ца дуьтуш, ла ца даллал деза гIуданаш деттар ду шуна...

— Хьан?

— Iедало.

— Шун маттаций?

— ГIалгIазкхашна йоллу бакъонаш хила еза нохчашна а. Цхьана паччахьан Iедална кIел даьхна ца Iеш, цаьрца цхьана махка тIехь деха тхо. Нохчашна дихкина герз, ткъа гIалгIазкхашна, лело бакъо елла ца Iеш, доцчунна Iедало ша ло герз.

— ГIовгIош ма ейша, хIай нах, хIай! — Iаса хьала а лаьцна, мохь туьйхира чалба йолчо. — Ой! Шу муха ду? Иэхь-бехк, гIиллакх бохург хIун ю а хаьий шуна? Вистхила витийша и стаг.

— ЛадогIа, нах, ладогIа, — хьала а таьIна, лохха вистхилира хевшина Iечех цхьа воккхастаг. — Шайна луург тIаьхьа эр аш. Дийца ахь, СаьIад.

Нуьцкъала балийна охьаховшийча санна, бист ца хуьлуш, реза боцуш ладоьгIура баккхийчу наха, шайн юьртдас кхийсаре дечу къамеле.

— Сан-м дац кхин хIумма а. Дийцарх ладугIуш стаг а вац кхузехь. Ас иштта дIаэр ду-кх полконаке: ас аьлларг цхьаммо ца до, со мукъа а ваккхий, кхин юьртда хIоттаве. Янаркъа, Доша, БIаьштаг, Хьомсаркъа—дуккха а ма бу уьш. Царех цхьаъ хIоттийча, цо дийр ду шун дола!

Накхармозийн тускарахь санна, гIовгIанаш евлира наха юккъехь:

— Оха тхаьш хоржур ву, тхаьшна хеттарг!

— Уьш хьайл оьшуш-м ца хета хьуна?

— Церан коьрта тIера цхьа чо лур бацара оха хьох, хьан полконаках!

— Ца оьшу тхуна хьо тайпа юьртда а, хьуна юххера суьдахой а!

— Кхин цкъа а тхо гуламе ма кхайкхалахь! Ахь хьовха, полконака кхайкхича а гуллур дац тхо!

— Цкъа собардейша, нах! — Шен шина накъостехьа гIодаккха, юкъавелира бIаьргех куьзганаш долу эгIаза воккхастаг. — Делах мукъа а кхера вай! Дала даздина, Жабраил маликехула Мохьмад пайхамарна даийтинчу къорIанехь дала аьлла ду, дуьненан паччахьаш ша хIиттош бу, цара кхайкхо Iедал шен лаамца ду. Паччахьийн некъ хадийнарг, Iедало бохург ца динарг шена дуьхьал ву, иза гIопал хир ву. Мила ву хIара СаьIад? Делан пурбанца хIоьттинчу паччахьо шен Iедал латто вайн юьрта тIе виллина стаг ву. ХIара вайн юьртан Iу ву, ткъа вай — хIокхуьнан жа. Жа долчунна хьалха Iуьно санна, пачахьна хьалха вайх жоп ло хIоккхо...

— Жана а веза Iу!

—Дер деза «жан» дола дан!

— Собаре хилалаш, муъма вежарий! Аш къобал ца до кху СаьIада кхайкхо Iедал — делан лаамца вайна тIе веанчу оьрсийн паччахьан Iедал. Шу реза дац делан кхиэлана? ГIопал хила гIерта-кх шу. Ойла е бусалба вежарий, ойла. Шаьш динчунна дохкодовла, дала гечдийр ду. Iедало тIейиллина бера, муьлхха а налог, пхи ламаз, ткъе итт мархий санна, парз ду вайна. Нагахь далла а, Iедална а хьалха вешан декхарш кхочуш ца дахь, эхарте даха дог дац вайн. ТIехула тIе, вай вешан и декхарш

кхочуш ца дахь, ша Іедал кера деллачаьргахула дала бекхам оьцур бу вайх...

— Тоийтахьа, Хьуьса, и хьехамаш хьуо мимар чу хІоьттича бер ахь тхуна!

— Тахана ма хецавели хІара!

— Ас цхьаъ эр дара, нах. Пурба дуй суна ?

Дуккха а века ойла йолу Хьуьса наха юкъахваккхарх пайда а иэцна, гонна юкъавелира цхьаъ. Гуламе воьхуш, Іела шеца дІаийзийнарг вара иза.

— Делхьа, Хьуьса-молла, масийтта шарахь оццул дукха вайн, оьрсийн цІий Іенош дала деллачу хІокху паччахьан Іедалан чам тхуна-м инзаре къаьхьа ма хета. Ван а веана полконака юьртана тІе хІиттийначу аш тоам бина тхуна. Нах, шуна хууш ма ду, Іедало хІиттийна юьртдай, суьдахой, къаной дІа а бохуш, гондІарчу ярташкарчу наха уьш шаьш хоржуш хилар. ХІорш лаьхкича хІун дара техьа вай а?

— Ойла йийр ю вай, Доша!

— Шуна хІун моьтту, СаьІад, — хаьн тІе ши куьг а диллина, юьртдена тІекхоҳкавелира Доша. — Шу, мерза даа а дууш, хаза тІе а духуш, месийн назбаршла а керчаш, шишша, кхоккха зуда а ловзош Іерах, тхо-м къелла къикъ доьлла, са логе а кхаьчна, хан токхуш дай. Наха юккъехь нийсо а ,барт а латтош юьртан дола дан-м къонахий безий. Ткъа уьш юьртана дика бевза. Шу наха хаьржина дац, веанчу полконако кха деха, кхелли лекха, киса стомма, дог Іаьржа, са кІилло хьенан ду а хьаьжна, шеггара хІиттийна. Шуьга дало юьртан дола? Цхьаьнга вайн махка тІе харц лар а ялаяйтина, бе а бехк боцуш, ткъе ялх туьма ахча юьртана тІе дожийна Іедало. И Іорадаккха ца гІоьрти шух цхьа а. Хьанна хаьа, иза шун бертахь дуйла а? Зулам доцург, шух болуш пайда бац. Іедало хІиттийна шу кхаба гІерташ, оха хІор шарахь дезткъа, дезткъе итт туьма ахча токху. Цул, нах,

вай кхин харжа беза, маьхза болх бенберш, юьртан дола дендерш. Юха вай кхуза гулдалале цуьнан ойла елаш!

— Бакълоь, Доша!

— Вай а дац нанна тIаьхьа даьхкина!

— Ойла йийр ю вай!

—Аш ладоьгIча, кху СаьIаде цхьа-ши дош ала лаьара суна. Нах! Шуна хьалхха, хIокху юьртана а хезаш, суна къу ву аьлла кху лаьттачу СаьIада. Цундела, шу массарна а хезаш, хIокхунна жоп дала лаьа суна, — куьг айбина, наха юкъара схьагIертара беркъо стаг.

Наха, гIовгIанаш а совцийна, ладуьйгIира.

— СаьIад, со вац къу, хьой, дIора Панта-Хьажий, и лаьтта Хьуьсий, хIара Iабдий, кху наха юкъа кхета ца бешаш, юьстах лаьтта и хьуьлла ИнарлагIаррий, — шу ду къуй. Аш къайлах а, къулах а талош ду тхо. Тхьамданаш, шун сий дала дойла, эхь-бехк цо лоьрийла. Со хIун ала гIерта аьлча, дала сох тешийна дуьнен чу даькхина исс са ду сан хIусамехь. Амма, шуна ма-хаъара, кIентий, сан латта дац. Тхан ден хилла кхо урд СаьIда дуьйш ду. И кха, тхан да вийча, СаьIадан дас, Iедалехула цхьа маша а боьзна, шен дола даькхкина. Дийцина хIун до цуьнан, шуна ма хаьий иза. И кха дехарх СаьIада схьа а ца ло, Iедалехула и схьадаккхий, я кхечуьнгара кхин иэций сан ницкъ а бац. Нагахь ас иза аьхча, цу тIера со дIаваккха къонаха-м вацара хIара СаьIад, амма Iедале дIа а велла, Сибрех вохуьйтур ву. Дела а, Iедал а хьалдолчуьнгахьа ду. Аш сан латта лачкъийна, СаьIад, Хьан да Товсолта а хилла къу, хьо а ву. Ас муха кхаба беза доьзал? Я, ахь санна, Iедалан ялхо а хIоьттина, цхьа мисканаш тало беза, я сагIа деха аравала веза. Сан да а велла маьрша, со а лийр ву.

— Амма мацалла вала ойла а яц. Аш юуш, тхо бIаьрахьуьйсуш хила ца догIу, алахьа, Хьомсуркъа!

— Ой, йолчуьра схьа а иэцна, ца йиъча волий со? Я

доьзалца мацалла вала веза? Амма, ас хIокху рузбанан маьждигах дуй бууш цIано йо шуна, айса цхьана а стеган цкъа кхаллал хIума лачкъийна яц аьлла. ХIаъа, ас даьхни даладо Теркал дехьара. Цигахь гIалгIазкхийн ярташкахь бехаш гIалгIазкхий бу, со санна, къен цхьаберш, хIара СаьIадгIар санна, оцу мисканех важберш бекхаш. Оцу, со санначу, пекъарш хIун до аьлча, хьо санначеран хьарам даьхни схьа а лоьций, соьга хьаладаладойту. Ткъа ас хIун до аьлча, уьш кхузахь я Iаьнда дуьгий духку. Оцу тIера йолучу хIуманах доьзал хене бокху кадетташ. Цкъа доцург, со бахьанехь цхьана а юьртана гIуда ца тоьхна, иза а, асий сан накъосташа-гIалгIазкхаший сов а доккхуш, дIатеккха юьртана. ХIинца дуьйна цхьа ойла ю сан, Хьуьса. Иза жайнахь муха хир хаац. Схьатоьхча дIатоха бохуш ду. ГIалгIазкхаша даима даьхни хьала а кхоьхьуьйтуш, ткъа со, даим царна тIе ши куьг а ластадой, воьдуш товш дац. Иштта, шу цхьа таро йол-йолчу нехан даьхни наггахь мукъа а охьа ца дигахь, царна хьалха юьхьIаьржа хуьлу-кх со?

— Тхан даьхни а иэцна хьо мича ваха воллура? — гуламехь дуьххьара вистхилира шен шичошца юьстах лаьтта Инарла.

— Мичий? Хьуьнах, Зеламха волчу. ТIаккха ас, барзо санна, кадеттар дара шух!

— Хьайца со а вигалахь, Хьомсуркъа!

— Къаьркъа молу стаг Зеламхас шен тобане ца оьцу боху, Мудар. Цунна къуй, малархой ца оьшу.

— ТIаьххьара а цхьа ши дош олу ас, — шен къамел чекхдаккха вуьйлира Хьомсуркъа. — Юьртана харц тIе дожийна ткъе ялх туьма я Iедале дIадаккхийта, я, бехкениг каравай, цуьнга охьадиллийта, я шаьш такха. Со Iедалан бага ма Iитта. Со дIавоьду, соьца вогIург схьа тIаьхьахIотта.

Хьомсаркъина тІаьххье гуламера дІавахара Янаркъа, Доша, Бети, кхин а масех стаг. ТІаьхь-тІаьхьарниш дІаоьхуш жимма хан яьлча, хевшина Іен баккхий нах бен, адам ца дисира майданахь.

— Аш хІун олу хІокху гІуллакхана, Лорса? — царна тІе вирзира СаьІад, шен оьгІазвахарна халла са а детташ. — Со юьртда хиларх, дика-вон тІедеъча цуьнан бала кхача безарш, и листа дезарш-м шу дай. Тхол лакхарчу Іедало, кхана Іуьйрре схьа а деана, юьртан тхьамданаш схьагулбе эр ду соьга. ТІаккха хІун дан дохку шу?

Лорса дукха хье ца велира жоп дала.

— Іедало жоп деха, тхо цхьаммо а хаьржина нах дац, СаьІад. Я нахе хІара де, важа дита ала карахь хІума а дац тхан. Тхоьга жоп деха ца оьшу Іедало. И дІадели. ШолгІа. Ахь дагардина декхарш такха долахь, кху юьртарчу хІор доьзало бохург санна дийнна хьайба дохка деза. Долчо-м духкур дара иза, доццо хІун дан деза?

— Долчо токхур ду цунна тІераниг а.

— Нехан аьттонаш бац, СаьІад. Еккъа цхьа сискал ца тоьуш бохку нах. Цу тІе ахь ма-дуьйццу дукха а дац нахана тІехь долу декхарш. Аш цхьа хьарамло лелайойла тхуна хууш ду. Адамийн собар кхачийна, СаьІад. Адам оьгІазе ду. Кхин жоп дац сан цхьанне а дала.

Баккхий нах хьалагІитта буьйлира.

— Цхьа а тайпа дан къамел дац тхан. Лорсас аьлларг оха аьндерг ду. Оцу полконака, шена лаахь, стохка санна, схьа а веана тхан тІелхигаш дІахьор.

— Лорсас ма-аллара, адамийн собар кхачийна, СаьІад. Массо хІуманан ю юьхьиг а, чаккхе а. Ларлуш хилар гІоли ю хьуна.

Вовшийн Іодика а йина, шайн Іасанаш а луьйзуш шишша-кхоккха цхьаьна дІасабекъабелира баккхий нах.

«Тохарлерниг бац юьртан гулам а, — ойла йора Iелас царна тIаьхьа а хьоьжуш. — Сий дайна цуьнан».

ХIетахь, Iела къона волчу хенахь хIор стеган шен-шен меттиг яра оцу майданахь. ХIетахь ца хьуьйсура стеган хьолей, тайпанан доккхаллей. Хан а, хьекъал а, къонахалла а лорий дора стеган сий. Баккхийнаш болчохь охьа ца ховшура къонаниш, цаьргара пурба доцуш бист ца хуьлура. Цхьаммо къамел деш юкъа ца гIуртура цхьа а. Амма баккхийчу нахана а хаьара шайн къеналлин сий деш тIехIиттина лаьттачарлахь хьекъална а, хьуьнаршна а, къонахаллина а шайл ца оьшурш а, шайл тIех бевлларш а хила тарлойла. Хаьара, шайл тIаьхьа цара оцу майданахь шайн меттиг дIалаца езийла. Цундела баккхийчу наха сий а, тIалам а бора тIекхуьучу къоначийн. Царалахь къастабой шайна тIе ийзабора хьекъале, хьуьнаре кегийрхой. Царна хьоьхура дуьнен чохь яьккхинчу хенахь шайна Iеминарг, зеделларг дерриге а. Оцу тIекхуьучу къоначех бара хIетахь Маккхал, Аьрзуй, Чорий...

4-ГІА КОРТА

ХІан-хІа,
ГІоли ю дорцах ницкъ бустар,
Садаллалц къийсамехь летар,
Воьлхучул чевнашка а хьоьжуш,
Тийначу бердашка а хиъна...
А. Мицкевич.

Оцу дийнахь суьйранна бен шен хІусамда ца гира Іелина. Вижина Іуьллу воккхастаг меттахъхьаван а ца лиъна, цуьнга вист ца хуьлуш рогІехь же вахана иза суьйранна тІаьххьа бен цІа ца веара. Шайн хьешо божли чуьра кхеллий дІаяькхинийла хиъна оьгІазвахана, иза зудчунна дов дан вуьйлира.

— ХІай стаг, хІай, ахь хІун де боху соьга? Вайн устазор ца хиъна суна цо дийриг делккъехь бен. Ас ийзаварх иза чу а ца веара, даккха гІертарх шада схьа а ца делира. Ахь сайн бехк бийр буйла хууш, со-м дукха гІиртира цуьнга и дІа ца яккхийта, — елхха йоллура бехкала яхана хІусамнана.

Дарвелла хІусамда генавала воллийла хиъначу Іелас хала меттавалийра, дерригенна бехке ша ву, мукъалла хІун дийр ду а ца хиъна, цхьангге хаттаза ша бира и болх аьлла.

Іелас хІусамдега дийцира ша тахана юьртан гуламе нисвалар, амма цигахь дуьйцуш шена хезначух дош ца элира.

— Тхан юьртдас кху тІаьххьарчу хенахь дуьйцург

дерриг цхьаъ ду,— цавашаре куьг ластийра хIусамдас.— Цигахь ца хилча а хаьа суна, цо хIун дийцина. Iедалан налогаш, гIуданаш такхар. Бес-бесар цIерш а техкина, хьесап дина ца валлал дукха ю уьш. ГIуда туху, хьо, ког тасабелла галвалахь а. Эвла мел веана а, эвлахула тIех мел волу а хьаькам кхаба веза, царна говраш, ворданаш латто еза. Сайн шина старах чомахь дезар иэца йиш ца хилла сан цкъа а. Даима Iедалан гIуллакхана даьхна лелош. ДIадаханчу шарахь етт белла сан бердах бахана. ТIедогIучу шарахь бен дехкар дац цунна тIаьхьара шинара. Я бежана, я ялта ца доьхкича кера шай дан агIо яц. Ткъа суна тIехь, хIокху шерниг йоцург, пхийтта сом Iедалан налог ю. Кхаа-деа туьманал лахахь хир яц хIокху шераниг а. Лаххара а пхи туьма дала деза сан Iедална. Мичара лур ду иза? Аттана тIаьхьара дохкана духкур олийла а яц. Ялта-м, дохка хьовха, атталла даа а тоац. КIордийна хьех, сих чекх и юьртда а, хIара Iедал а даьлла. Йоккхачу тоьпа а воьллина мархашка кхоссахь а, царна дала шай долуш вац. Стохка, тражникаш балош веанчу пурстоьпо лаххьийна чуьра сал-пал ехьна сан. Базара яьккхича хIун доьху хоттур долуш хIума дац кху декъа тIехь. ХIетте а пхийтта сом дитина тIехь. Иза-м хIуьттаренна дитинера цара. Тхешан ден хилла герз дахьа уьш гIоьртича дуьхьало йина ас. Оцу тIехула оьгIазло а йина суна тIера ах декхар бен дIа ца далийтира. Зуда, и саьрмасекх, кад, оккхалой лохьа соьга, берам кечбе ас.

ДегIана цхьа там хилира, йоккха цIе а латийна йохйинчу чохь. Хьер баьлча санна, кхехкара товханчуьрчу очакха тIе хIоттийна кIай долу яй. ЦIенкъа лахъелла, хьолтIамаш еш йоллура хIусамнана. Хьаккхийна межарг хоьлаха бохь баькккхина лаьттара текхахь. Цунах кIезкIезиг межаргаш дохуш, цкъа буйнахь гала еш, тIаккха кера юккъе таIабой чIапбеш, цхьана агIор охьатуьй-

сура цо. Жимах долу кхо бер а доллура, нанас шайна беллачу межаргах йина кегий сискалш ятта гІерташ цІарна гонах хьийзаш.

— Гуттар хьийкъина деанчу шарахь, тхешан ялтица халла бІаьстенга довлу тхо, дуьйцура хІусамдас саьрмасекхан цергаш а цІанъеш, — цхьа етт, шуьстий Іаьнах даккха докъар ца хуьлу тхуна. Шайн даьхни Іаьнах даккха Теркал дехьа боьлхура нах. Масех стаг цхьаьнакхеташ, мехах дежийла а лоьцуш. Итт мах боккхура тхоьгара. ХІинца цига а ца дохуьйту, Іедало дихкина тхуна даьхни ломара охьалахкар. Цу берашкахь дерг хьо гуш ву-кх. Іай кху чуьра арадовла де дац церан. Берзана бу. Боцу аьтто, етта налогаш. ТІехула тІе, бала а бой юьрта масех баттана салтий ховшабо кхабийта. Цара дуург, мерг новкъа дацара делахьара. Шайна доьгІнарг бен дуур дарий цара. Оьздангаллех чо бац цаьрца. Хьакхарчий ю-кх, боьха хьакхарчий. Шишша-кхоккха хІор керта бекъна уьш, шайн ворхІа а ден баьрче кхаьчча санна, безабе, моханаш лелайо. ТІекхаьччарг йоу, хазъелларг дІаоьцу. Хьан елахь говр а, ворда а церан гІуллакхана кийча хила еза. ЦІера а, арара а хьайн гІуллакх дойла мичара хуьлуьйту хьуна. Уьш дІабахча, юьртахь екаш котам хезар яц хьуна. Лаххьайой йоу. Яппарш йо, боьха баганаш лейо доьзалшка. Я царех летта вала веза, я, уьш ловш, котам хилла Іен веза. Цкъацкъа ойла хуьлу царех а, хІокху Іедалх а дог Іабийна, Зеламханна тІаьхьахІотта. Дуккха а нах бу шайн доьзалшца обарг бевлла лелаш.

Тахана мосазза хеззера Іелина адамаша оцу Зеламханан цІе йоккхуш.

— Мила ву и Зеламха? — хаьттира цо.

ХІусамда цецваьлла шен хьеше хьаьжира:

— Ой, харачойн Зеламха вуьйцу хазаза ву хьо?

Іела вуьйхира. Зеламха цІеяххана стаг хилча, Оьр-

за-гІаларчу нахана иза ца вевзаш хуьлийла а ма дац. Ша гучуваларна кхеравелира иза.

— Ца хезна. Со шун агІор веана дукха хан ма яц.

— Зеламха мила ву хоьтту ахь? — Іелина гира шен хІусамден бІаьргаш чохь цІе леташ. — Муха вуьйцур ву хьуна иза? Зеламха — Харачуьрчу БІаьхон Гушмацкъин кІант ву. Зеламха обарг ву. Цуьнца бу маршонехьа, харцонна дуьхьал къуьйсуш бала кийча нохчийн, гІалгІайн уггар дог цІена, дог майра, дог дика, бІаьрг сирла кІентий. Зеламха, нехан цІий муьйлуш, харцонца бехачу нахана, хьаькамашна тІе Мулкулмовт хуьлий вуссу, къечун, мискачун, гІийлачун догъоьцу цо, къизачех, ямартхойх беккам оьцу. Иза ву-кх Харачойн БІаьхон Гушмацкъан кІант Зеламха!

Суьйранна пхьор а диъна, шаьш паргІатдевлча шен доьзалх лаьцна хеттарш дан велира Іела.

— Ткъе берхІитта шо хьалха, дика таро йолуш вехаш вара со. Сан долахь аьчган пхьалгІа а, дика беш а яра. ХІетахь со сих-сиха вогІура кху юьрта, нахана цхьацца гІирсаш бохка, пхьола дан. Оцу заманахь хІокху юккъехь хьаша вара сан. Туркойн махка вахана шо а даькхина, цІа веана иза, дукха хан ялале лаьцна Сибрех вахийтира. Оццу шарахь сан гІуллакх а галделира. Доьзал хене баккха гІерташ, дуьне мадду волавелла лела дийзира сан. Донехула, Кубанехула. ХІетахь дуьйна вовшийн гина вац тхойшинна я хІун хилла а ца хаьа цунах.

ХІусамдас цецваьлла ладоьгІура хьешо дуьйцучуьнга. Гуш дара иза цхьа хІума дагадайта гІерташ хилар.

— ЦІе хІун яра цуьнан? — хаьттира цо цІеххьана.

— Цуьнан цІей... — йицъелла цІе дагайоуьйту сурт хІоттош, соцунха а хилла, тховх хьалахьаьжира Іела. — Цуьнан цІе Іела яра моьтту суна. Шел воккха цхьа ваша бен кхин стаг вацарий хьовх хІетахь цуьнан. И ваша а Турцехь вийнера.

— Сийсара ахь хьайн цIе Андри ю аьлча, дукха ойла йира ас, и цIе йохуш сайна мичахь хезна техьа бохуш. ХIинца дагадеа. Мацах цкъа, со жима волуш, тхайн нанас хьехош хезна суна, кхуза аьчган пхьола дан вогIуш, Андри цIе а йолуш, Оьрза-гIалара цхьа гIалгIазкхи вара, бохуш. ГIенах дара я самах дара хаац суна иза. Схьахетарехь, самах хилла.

— ТIаккха, оцу сан хьешах, Iелех, хилларг хаьий шуна?

— Дера хаьа. ХIетахь лаьцна Сибрех вахийтина иза, кхин хабар доцуш, вайна ткъе берхIитта шо ду. Цуьнца бигнарш а байна, иза а вайна.

— Суна вевзинчу хенахь зуда а, ши кIант а дара цуьнан. Царех цхьаъ хилла хир ду-кх, — дог детталуш сецца, ладуьйгIира Iелас.

— Цхьаберш дийна бу.

ХIусамден багах и дешнаш девлча хазахетта Iела, мохь а хьаькхна, хьалаэккхаза висира.

— Мичхьа бу уьш? Кху юьртахь буй?

— Дера бу. Цуьнан жимах волу кIант со ву, ткъа...

Эццахь дIахьажавеллачу хIусамдена гира, дог малделча санна, бос баьхьна, макхвелла Iен шен хьаша.

— Ой, ахь хIун до, хьуна хIун хилла? — аьлла, тIехьаьдира хIусамда. — Ма Iелахь, зуда, же шийла хи!...

— Ца оьшу, ца оьшу, — меллаша дIахилийра Iелас ша дIалаьцна хIусамда. — Коьрте цхьа вон лазар догIуш ву со. Дукха ца лаьтта деъча. ХIинца дIадели. ТIаккха, дийцал ахь. Хьан цIе хIун ю?

— Сан цIе Iусман ю.

— ХIаъа, хьан цIе-м Iусман ярий. Воккхачун цIе Iумар яра аьлла хета суна. Iумар, Iусман варий шуьша-м. ХIаъа. Ткъа, Iумарах хIун хилла?

Iусмана доккха садаькхира. Цуьнга дIа ма-хьаьж-

жишехь хинра Iелина, воккхах волчу кIантана цхьаъ хилла хилар.

— Iумар воцуш ву. Iаьлбак-Хьаьжа имам ваьллачу шарахь вийна иза.

«Дела, хьуна хастам бу-кх. Хьайга бирзинчарна гечделахь, дисинчу тхуна иманца собар лолахь...» доцца дагахь доIа дира Iелас.

— ТIамехь вийна иза, муха хилла цуьнан кхалхар?— хаьттира цо, шен Iаьвжина дог кIантах къуьйлуш.

— ТIамехь вийна. Ден дегара охьа тIаьхьенашка луш схьадогIуш весет ду тхан цIийнан. ТIекхуьучу хIор боьршачу стагана маршонехь къийсар тIедожош. Ден весет кхочушдеш, Iаьлбак-Хьаьжина тIаьхьа а хIоьттина, лийтира тхойша. ХIетахь Iумаран берхIитта шо дара, со вуьрхIиттара ваьллера. ТIом болабеллачу шарахь, бIаьстенан юьххьехь, Майратуьпа уллохь паччахьан эскаршца хиллачу тIамехь вийна иза а вахьаш цIа веара со...

Хилларш карладевла, цхьана юкъана вист ца хуьлуш сецира да а, кIант а.

— Шайн ден хилла меттиг дIа хIунда тесна аш? Схьахетарехь, цигахь дика беш хилла, — эххар а тийналла йохийра Iелас.

— Товш яц и тхан цIенна. Дадас дина цIеношш, иза а вуьйш, дагийна боху. Тхан воккхах волчу девашас дина цIеношш а дагийна, иза а вуьйш. Иза-м хьалха тIом болчу хенахь хиллера. Ткъа цул тIаьхьа тхан дас доьгIна цIеношш а, иза лаьцна Сибрех а вахийтина, пурстоьпо дагадайтира. Массара а олура и меттиг тхуна товш яц, цIийнах висна тхойшиъ хIаллак хилахь цIийнан кIур бов, цигара дIа а валий, кхечухьа цIеношш догIа.

— Шун ненан цIе хIун яра? — хаьттира Iелас эххар а.

— Айза.

— Ткъа, Айзех хIун хилла, дукха къанъеллий, хIара?
— Дер къанъелла. Иза кхечухьа марехь ю.

Оцу дешнашца Iусмана Iоьттина шен дагах чекх шаьлта яькхича санна, дог Iовжийна, некхе катуьйхира Iелас. Юьхь, кир тоьхча санна, кIайъелла дIахIоьттира цуьнан. Коьрта тIехь наггахь бисина Iаьржа чо а эццахь кIайбелча санна, букар дахана дегI кхин тIе а хьаьвзина шалха доьдуш санна, хетаделира цунна. ДегIе хьаьддачу шелоно егайора настарш. Амма шен кийрара узам баларна кхоьруш, берриг ницкъ гулбина садеттара цо. Зуда маре яхар дара цуьнга даза диснарг. Оцу тIе хIотталц дерг лайнера. Шена а, накъосташна а тIехь хIиттийнчу аккачу эрчонийн теш хиллачу, езчу иттех чевнах дисна моьнаш дегIа тIехь лелочу, Iожалла бIозза дуьхьал ялархбIаьрганегIар ца тоьхначу Iелин дог дохийра кIанта аьллачу деа дашо.

«Гор Айза яI! Хьо, дийна а йолуш, кху хьолехь карочул хьан коша тIе хIотта дезаш хили велира со. Я суна сайн Iожала карийна елира генарчу Сибрех, — бохуш, бIаьргех хи ца догIуш, кийрахь воьлхура иза. — Амма сатоха ахь декъаза Iела, дукха хан ца йисина дуьненан баланех хьо хьалхавала».

Хеттарш а совцийна, ойлане ваьллачу шен тамашийначу хьеше а хьоьжуш, дIатийра Iусман а.

— Делхьа, кIантана нана совъяьлла хилла-те? — хаьттира Iелас, — я цIийнах догдаьлла хилла-те?

— Хьанна ер ю нана сов? ХIан-хIа, Андри, суна хIетахь а езара иза, хIинца а еза, ткъа тхан да цо вицвина хан цкъа а яц. Тхан да лаьцначул тIаьхьа ткъа шарахь сов Iийра иза цуьнга ладоьгIуш. Тхойша а кхиийра цхьацца лол бетташ. Цуьнан-м цкъа а яцара тхойша а витина, маре яха ойла. Iумар вийча со цхьаъ висира цуьнан. Цул тIаьхьа иттех шо а делира. Кху юьртара цхьа стаг висинера зуда а

елла. Мухха делахь а, цхьана наха оцу стагана хьахийра иза. И гІуллакх хьехош хилар а, тхайн нанна маре хьаштдоцийла а хаьара суна, и дерриге а мел сайх къайладаккха гІертахь а. Оцу деношкахь даима гІийла, кхоьлина, бІаьргаш цІийбелла хуьлура нана. Эххар а, тхан нендас, со шена тІе а кхайкхина, элира: «Нана маре яхана бохург кІантана хаза хеташ хІума дац. Делахь а, пштанниг хуьлуш схьадогІуш дуьне ду хІара. Кхузахь эхье хІумма а дац. Шу ши кІант кхобуш шен ерриг къона хан дІаяхийтина цо. Велларг вуха вогІур вац, ткъа виснарг вахаза валац. ХІинца хьо воцург, шун цІийнах боьрша стаг а, я зуда а дац. Цхьана дена вина ца хиларх ваша а хуьлу, йиша а тов. Айзас-м шега хьеха а ца дойту маре яхар. Амма тховса и захало деха суна тІе вогІур волуш ву вайн устаз, Іаьларара хьаьжа. Цунна и дехар далаза ца волу со». Сайна новкъа делахь а, нендена луучунна тІетайра со.

— Кху эвларчу стагехь юй иза?

— Ю.

—Хьенан мила ву хІара? Вевзар варий техьа суна.

— Ахьмад ю цуьнан цІе. Акхболатан Ахьмад.

Акхболатан Ахьмад. Іелас ойла йора. Цунна дагадеара тІом чекхболучу тІаьхьарчу шеран аьхкенан цхьа довха де. Стаг юкъа а ца гІорталуш, юькъа, дІаьвше кІохцал долчу оьртхана коьллаша дІалаьцна гезалойн аре, цІеххьана Хоьшкалдана тІе гІоьртина инарла Бакланан дошлойн эскар. Оцу гонах йолчу шина-кхаа юьртара зударий, бераш регІаца йолчу ярташка дІакхалхадаллац, нохчийн оцу агІор болу коьрта ницкъ гезлошний, хоьшкалдахошний тІехьарчу дукъаца чІагІбаллалц, и тІе гІерта паччахьан эскарш совцо дезаш я вала везаш дІахІоьттина ши бІе нохчо. Царна юкъахь вара Іела а, Ахьмад а. Де делкъанга даьлча тІеетта йолийнчу яккхийчу тоьпийн хІоьънаша бух йохуш ирх оьхуьйтура оьрт-

ханан коьллаш. Дага дуьйлира хоьшкалдхойн цIеноьш. КIегар довлуш дIаядо аьтту хирриг шайн ши йоккха топ гу тIе, къайленга а хIоттийна, гена йоццуш йолчу боьлакахь Iинчу говраш дIа а тийсина, мостагIа тIекхачаре хьуьйсуш къайлабевлла Iара IелагIар.

Дуьне къардан санна, цхьана-шина сохьтехь йиттина якккхий тоьпаш жимма лагIъелира. Цара аьттачу оьртханан коьллийн арахула шуьйра меттиг дIалаьцна хьалха доладелира гIашлойн эскарш. ТIаьхь-тIаьхьа герга гIертара еттачу вотанийн гIовгIа. Малхехь къегара цара хьалхалецначу тоьпашна буьххьера цхьамзанаш, эпсарийн белшашна тIера хьесан кIужалш. Уьш цхьа-ши бIе гIулч герга ма-кхеччинехь, ека йолаелира тIулгех юьзна хIокхеран шн йоккха топ. Нийса еттачу тоьпийн хIоьъначаша хьокхуш охьабохкура тIегIерта салтнй. Амма уьш, цхьа а леш воцуш санна, хьалхагIертара. Шера къаьстара церан баккхийбер а, къинхетам а ца хаалу тIулган яххьаш. Хьалхарниш охьаоьгура, ткъа тIаьхьарниш, наггахь совцуш бертахь тоьпаш а тухий, зингатий санна, тIегIертара. IелагIеран жимчу бIона юккъехь байъинарш, чевнаш хилларш гучубевлира. Цхьаболчара уьш регIа дIакхоьхьура, вукхара тIегIерта мостагIа сецавора. Эххар мостагIчуьнца чучча бахара уьш. Юкъ-юкъа бен топ ца йолуш, дека доладелира болат.

Бист ца хуьлуш оьгура шина а агIорхьара. Амма хIорш юха ца бовлура. Дацара юхабовлийла, хIунда аьлча тIехьалаьтташ зударий, бераш дара, уьш кIелхьара даххалц мукъа а мостагIа сацо везара. Iелина гира, шина салтичо цхьамзанаш Iоьттина хьалаайбина, Iаьларойн Вара кхоьссина юьстах вохуьйтуш, мичара вели ца хууш схьаиккхинчу мескитхойн Iабас царшиннах цхьаннан гайх шаьлта Iуттуш а, вукхунна некха тIе а таIийна тапча тухуш а. ЦIийн Iовраш, узарш, кIур, шаьлтанийн лепар, терса говраш...

Салтий кIез-кIезиг бовлуш юхабовла буьйлира, амма геннахь гучубевлира коьллашкахула чаболахь богIу дошлой. ГIелагIар шайн ши йоккха топ а такхийна, боьлаке юха а бевлла, дойшна тIехевшира. ХIинца уьш бIеннал кIезга вара, итт мостагIчунна дуьхьал цхьаъ ца кхочура. ХIун дийр ду ткъа, хIуъу дина а кхин цхьана сохьтехь сацо веза мостагIа.

Юха а вовшахдеттачу болатан гIовгIа. ГIелина уллохь каде хьийза Акхболатан Ахьмад. Цуьнан шина а буйнахь цхьацца тур ду. Аьтту а, аьрру а агIор леста и шиъ. ГIела тIехь волу сира дин бужу. Оцу тIера паргIатвала гIертачу цуьнан аьтту белш дIаьндарго ягайо. Ша хIетта ГIелина тоьхна, кIур туьйсуш лаьтта тапча доьхкарх а юллий, цунна тоха тур ойбу хьаьрсачу эпсаро. «ХIинца-м чекхделира хьо», — хетало ГIелина. Амма оцу минотехь дегIах къаьста эпсаран корта. «Воха ма вохалахь, ГIела! — мохь бетта Ахьмада, шена тIегIерта мостагIий шина а агIор цоьстуш. Суна тIехьа хаа!» Ахьмадан говран гоа тIе вала гIоьрта ГIела, амма валалац. ТIаккха Ахьмада ондийчу куьйгашца ойий шена хьалха пурхал вуьллу иза. «Дийна виснарг вухавала! Дийна виснарг вухавала!» — мохь бетта Ахьмада.

ГIелина цул тIаьхьа шех хилларг ца хиира. Буьйсана юккъехь синкхетаме веъча, цунна юххехь хиъна ГIеш Аьрзу а, Маккхал а, чов хилла аьрру пхьарс кочахь Ахьмад а вара...

ГIела доккха са а даьккхина, Iусмане хьаьжира. Хаац цо стенан ойла йора, цунна хIун карладаьллера, амма иза а вара, куьйга корта а лаьцна, гIийла.

— Ткъа, муха стаг ву Ахьмад? — хаьттира ГIелас.

— Дика стаг ву. Суна ден метта лаьтта иза.

— Айзина муха ву хIара, реза юй зуда шен хIусамана?

— Дика ву. Массарна а ву иза дика. Амма, нана ирс

доцуш стаг хилла тхан. Ша цIа мосазза йогIу, тхан хьалха хиллачу беша а йоьдий, дукха йоьлху иза. Вицлац цунна тхан да. Вицлац. Амма Ахьмадана хамталла а ца йо. Мацах цкъа Ахьмада тхан да лечуьра ваькхина, боху. Цунна чIогIа сий до оха цуьнан.

«Маржа Айза яI! Девзина, вовшашка безам баханчул тIаьхьа ма дукха лийлира вайша, цхьаьна а кхетта, вовшийн хила йиш йоцуш. Халла вовшахкхетча а, цхьаьна ма кIезиг хан яькхира вай, мел кIезиг марзо ийцира безамах. Вайшинна вовшийн ца дезний, вовшашка са ца тийсиний-м ца даьлла хьуна вайша вовшех. Дала азаллехь ишта яздина хилла-кх. ХIинца хIун дан деза?» — ойла йора Iелас.

Ерриг къона хан а, безам а, тешам а шена схьабелла, ягарйина ца валлал дукха халонаш шеца цхьаьна лайна Айза ган лаьара цунна. Амма хIун аьлла кхайкха веза нехан зудче? ХIун эр ду цо дагна гергарчу, амма нехан Айзе? ХIетте а лаьара иза ган. Моьттура, Айза гича, цунах бIаьрг кхетча шен кийрара бала байлур бу, иза ах цо дIаоьцур бу.

— Генахь буй Ахьмадагlар? — хаьттира Iелас.

— ХIан-хIа. Лаха юккъехь бу.

— Бераш дуй Айзин цигахь?

— КIант ву.

«Дика ду-кх иза а. Сан кIантана ваша ву-кх. Амма суний, Айзиний юккъехь мокхазан берд бу иза».

— Кхайкхича схьайогIур ярий техьа Айза?

— ХIунда ца йогIу.

— Цо хьекхийна дукха межаргаш биъна ас цуьнан хIусамехь. Гича со вовза а магара цунна. Хьо ган лууш Андри цIе йолуш цхьа гIалгIазкхи ву, йогIийла делахь, йола алахьа цуьнга.

— Иза-м хала доцу гIуллакх ду, — аьлла, шен зудчунна тIевирзира Iусман. — Хьада, ялол зуда, нана йол-

чу а гIой, и хоьттуш Андри цIе йолуш Оьрза-гIалара цхьа гIалгIазкхи ву, ас схьайола боху алал цуьнга.

ХIусамнана сихха ара а яьлла яхара. Iусман шайн халчу дахарх лаьцна цхьацца дийца велира. Амма лерана ладоьгIуш велахь а, Iелина ца хезара цо дуьйцург, иза дог детталуш хьоьжура дукха ца Iеш Айза чоьхьа яьн йолчу неIаре...

Къанделлачу майрчун, зудчун дуьненахь шиъ ирс дуьсу: бераш а, шаьшшиъ вовшийн а. Шаьш анда довллалц бераш дех-ненах хьерча, царна тIегIерта, царех хаьдча шаьш гIорсиз дуьсу дела. Амма, бераш дакхий мел хуьлура, шаьш шайн амал ечу мел довлу, кIез-кIезиг довлуш царех херадовлу. Уьш шайх хера мел довлу да-нана царна тIегIерта: къан мел лу и шиъ беран лортIе доьду, бераш церан гIортор ю. Къандаларе терра зудчун а, майрчун а вовшашка болу безам а, лерам а тIеттIа тIе чIагIло. Хаьа, къаналло кIелдитача шаьшиъ берашна а, вовшашна а тIе ца тийжача шайна кхин гIортор йоцийла.

«И цхьа гIортор-м кагъелла, дIаели сан, — ойла йора Iелас, — Айза, сан къоналлин безам, хIинца ма чIогIа оьшура суна хьо...»

5-ГІА КОРТА

Суна гац хьан бІаьргаш лиэпаш,
Дуьххьара со вохвеш санна,
Массарел а ирс долуш хеташ,
Айвина со лелош санна?
Алахьа ца йисна хьоьца
Вай тІомахь лелийна йовхо?
Дог сацац къуоналла лоьхуш,
Даханчух богу суй боьхуш...

М. Мамакаев.

Ielас ладоьгІура. Ладоьгіура, арахь адам дистхуьлу, когийн тата доле, жІаьла латаре. Амма ца хезара. Делахь а, цунна шена хезаш санна хеталора масийтта шо хьалхалера Айзин зевне аз, самукъе елар. Хан мел ели чехкадуьйлуш детталора, буйна доьллинчу хьозанчух тарделла цуьнан дог. Набарх санна, хезара Іусмана бен балхам. Эххар а, Іелин ойла цо дуьйцучунна тІейирзира.

— Хала ду, Андри, тхан ламанхойн дахар, — дуьйцура цо, шен хьаша ша дуьйцучуьнга леррана ладоьгІуш Іа моьттуш. — Латта ду кІезиг. Ткъа, тхан дерриг хьал цунах доллу. Хьалха Теркан йистошций, Соьлж-хиций хилла нохчийн дика латтанаш паччахьо, цигара уьш дІа а баьхна, шун гІалгІазкхашна делла. Меттахбаьхна нохчий кху лаьмнашка кхалхийна. ХІетахь дуьйна дерриг тІекІел кху кІажахь дохку тхо.

— Хьо жимма галваьлла, Іусман, — юкъахваькхира иза Іелас. — Ахь боху шайгара дІадаькхина латта гІалгІазкхашна делла. Бакъду, шун лаьтта тІе баха

гIалгIазкхий ховшар. Шайн цIийца оьцу цара шаьш лело латта. И латта бахьана долуш паччахьо, дуьненан еа а маьIIе лоьхкуш, хIаллакбо уьш. Дуй ткъа церан массеран а латта? Дац. Нисса ах сов гIалгIазкхий бу лаьттан коржам а, я баьпган юьхк а йоцуш, кхечарна бецаш, со санна, сагIадоьхургаш а хилла лелаш. TIехула тIе, шуьгара дIадаьккхина латта цхьана гIалгIазкхашна делла а ца Iа. Шун мохк дIалоцуш гIо динчу нохчийн эпсаршна совгIатана а декъна иза.

— Иза а, дера, бакъхила ма тарло. Сан долахь цхьа кха ду, доккхачу вертано хьулдалла. Юьртара, цхьа иттех цIа доцург, массо воллу со санна. Ткъа тхан юьртан мехкан ах сов латта оцу иттех стеган долахь ду.

— Царна мичара даьлла иза? — дуьхе ккиа гIоьртира Iела.

— Мичара дер дара? Дера дац хьуна иза церан дайх дисний, я цара хьун хьокхуш цIандиний-м. Iедалан хьадалчаш хилла нах бухкуш, талораш еш, кера деанчу ахчанах эцна-кх. Ткъа хьаьнгара, муха эцна хаттал ахь? TIамой, цунна тIаьххье еанчу мацаллой, къеллой, паччахьан Iедалой божарий а баьхьна, и шайн долара лаьттан кийсик лело а, я шайна сискал лаха а ницкъ боцуш бисинчу зударшкарий, байшкарий цхьана уьрдах гирда ялта иэццал мах а луш, иэцна-кх. Я уьш Iехошший, нуьцкъалий шайн дола дерзийна, я Iедало совгIатана делла!

КIанта дуьйцучо цецваьккхира Iела. И нийсо яцар Iелина гинера туркойн махкахь а, оьрсашлахь а, кхин шена девзинчу къаьмнашлахь а. Амма цунна ца моьттура харцо ца езачу нохчашлахь иштта нах хир бу. Iелина дагадеара ши бутт хьалха цхьана буса шай, Петрой къамел деш Iеш цо шега аьлла дешнаш: «Паччахьо шайн мохк дIалаццалц элий а, мехкадай а боцуш, шайн лаамехь даьхначу шуна йовзац хьоладайн къизалла, ца

хиъна цара адам муха дацадо. Амма хIинца хуур ду шуна, я хIинцале хиъна хила а мега. Шу а декъалур ду шина декъе: хьолахошкий, къехошкий. Царех классаш олу. Хьалдерш кIезга бу, адамех пхи дакъа дича цхьа дакъа а хир бац уьш. Къехой дукха бу. ХIетте а хьолахоша бацабо уьш, хIунда аьлча, паччахь а, Iедал а эскарш а, дин а цаьргахьа ду. Хьо хьайн махка вирзича, хьайн бIаьргашна гур ду хьуна иза дерриге а». Ткъа со Iовдал, ца тешара нохчашлахь иза хьал хIоьттина хир ду цара аьлча», — ойла йора Iелас.

— Муьлаш бу и делах бевлла нах? — хаьттира цо цIеххьана.

— Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна, Андри? — велавелира Iусман: — Уьш-х уггар далла гергахь нах бу! Молла Хьуьса, къеда Пан-Хьаьжа, юьртда СаьIад, совдегар Iабди, иштта цхьа могIа бу-кх хIара дерриг дуьне кхалларх бузур боцуш. Кхин эхь ца хеташ, рузбана а оьху, устазан хене а хуьйшу!

«Дин а цаьргахьа ду. Паччахь а, цуьнан Iедал а делан лаамца лелаш, делера гIуллакхаш ду, цунна муьтIахь хила деза, дуьненахь бала хьегнарг эхартахь декъала хир ву, хьоьху динадайша къехошна, ткъа шаьш кху дуьненахь декъала хила гIерта. Хьоладай а, динадай а вовшийн гIорториаш ю. Царех цхьаберш дIабевлча вуьш а лаьттар бац. И хууш вовшийн гIо до цара» — дагалоьцура Iелас Петран дешнаш. И дешнаш бакъ хилар чIагIдира гуламехь юкъаваьллачу молла Хьуьсин къамело.

Генарчу сибирски каторге, накъосташна тIеяхана Iелин ойланаш юкъахъехира арара схьахезначу леро. Iела тешна вара йогIург Айза хиларх. Цуьнан хьажар неIарна тIе догIаделира. Цо ладоьгIура ткъе берхIитта шо хьалха ша цIахь ма-йиттара къона Айза оцу неIарх чоьхьа яларе. Амма йиллинчу неIарехула чу букархьаьвзина, йоккхастаг елира.

Шен керара гIаж неIаран соне а хIоттийна, коьртах хьарчийна доккха кIинжийн кортали схьа а даьстина, несе луш, хьеше маршалла а хаьттина, пешах букъ а тоьхна, миндара тIе охьахиира иза.

— Алахьа цуьнга, Iусман, хьо гича, сайн кIентан да гича санна, хазахийти суна, тхо ца дицдарна баркалла боху хьуна нанас, — элира Айзас ша паргIатьяьлча.

— О, суна сайн хьаша, цуьнан доьзал а бицбелла хан цкъа а яцара! Ас дукха сатийсира шу гаре. Амма хIара дуьне хьежац вайн лааме. Цул тIаьхьа яьлла ткъе берхIитта шо хан ас кху меттигашна генахь яьккхина. Хено къандина вай. Кхечухьа тIеттIа кхаьччехь, вовшийн девзар а дацара, — жоп делира Iелас.

— Зама Iац шениг дитина. Амма суна цкъа а ца дицло, сой кху кIентан дай дуьххьара даха хууш, ахь тхуна дина гIуллакх. Адамана ма гойла юха и хан. Цо йишавешех, безачех, дуьненах, ирсах а яьккхина, хIара бала хьега йити со...

Айзин кIоргге хьела эгна, кхоьлинчу бIаьргашна чуьра арагIоьртина хиш цуьнан хебарша аьхначу беснешна тIехула сетташ охьадоладелира.

Вист а ца хуьлуш, цуьнга хьоьжуш Iечу Iелин хьаьжа тIе, берцан буьртигаш санна, хьацаран тIадамаш хIиттира. Цо, шен коьртара лергаш долу кхакханан куй дIа а баькккхина, хьацарна куьг хьаькхира. «ХIун де техьа ас? — хоьттура цо шега. — Суо вовзийта техьа ас кхарна я сайх догдиллинчу кхарна ца вовзуьйтуш Николаз волчу, Гуьржех гIо техьа со? Цара ма аьллера соьга, сан халкъерчу бохамна бехкечех бекхам оьцу де герга ду. Маршонехьа къуьйсучийн могIаре хIуттур со. Хьанна хаьа цигахь Петр, Миша, важа накъостий ган а мегий суна-м...»

— Вай елла яла со делаI!.. Хьанна моьттура хьо дийна хир ву, хьо гур ву! — Айзин мохь хезира Iелина.

Хьалахьаьжначу цунна гира, юьхьа тІера бос баьхьина, шена тІе хІоьттина лаьтта Айза.

— Я суна гург гІан ду, я дуьхьал хІуьттуш бІарлагІанаш ю? Алахьа, Іусман, со кхетамехь юй?

Іусманний, цуьнан зудий цецдаьлла лаьттара, Айзас дуьйцучух ца кхеташ.

— Ахь хІун до, хьуна хІун хилла, нана? Хьо хІунда яц кхетамехь? — тІехьаьддачу Іусмана дІалецира дог гІелделла охьайоьду Айза.

— Собар, кІант, — хьаьжира иза, — со кхетамехь елахь, хІета, суна гург гІан дац, я дуьхьалхІуьттурш бІарлагІанаш а яц! И муо ас ерзийнчу чевнан бу. Ткъа царна бухара бІаьргаш... Уьш эзарнашлахь бевзар бара суна!.. Иза ву, кхин хуьлийла а дац!

ДегІ малделла, шена тІе язъелла Айза маьнги йисте меллаша охьа а хаийна, цуьнан юьхьах шийла хи хьаькхира Іусмана. Цхьана хІуманах шекваьлла, амма гІуллакхах ма-дарра ца кхета иза цкъа Іеле, юха Айзе хьожура. Шен керара хи чохь зока охьахІотто а йицъелла лаьттара цуьнан зуда а.

— Ахь лелориг хІун ду, ва нана? Ахь хІун до йоьлхуш? — хеттарш дора кІанта.

— Со яла хьан, кІант, хІара-м муьжги ваций, хьан да вай! — аьлла, йистхилира иза эххара а. Іусмана дІахийцира Айза. Іусманна дукхазза хезнера нанас дуьйцуш, шайн ден хьаьж тІехь туьран чевно битина муо хилар. Амма, хІинций бен цуьнан тидам ца хилира шен хьешан хьаж тІерчу муонан. Иза, Іадийча санна, вогІавелла хьоьжура Іелига. ТІаккха юххе вахана, леррана хьаьжира иза цуьнга. Іусманан балдаш, чІениг егайора, хорша еъча санна.

— Дадий? Дада! — мохь аьлла, тІекхетта, Іела маравоьллира Іусмана. — Дада! Хьо цІавирзи, сан да! Хьо хІун деш Іара хІинццалц ца вовзуьйтуш! ХІинца вайша

къастор вац-кх дуьненан цхьана а ницкъо! — бохура цо, шен шогачу куьйгашца да мара а къуьйлуш, велхарна юккъехула.

Цхана ханна белхар хIоьттира чохь. Ден голашна тIе юьхь а таIийна, бер санна, къорра воьлхура Iусман. Шина куьйга корта а лаьцна, ши бIаьрг цIенкъа а боьгIна, охьа а таьIна, догIа санна йоьлхура Айза. Царшиннан делхаран аьзнаш къардеш мохь хьоькхура несо. Векъа цхьа Iела вара кийрахь воьлхуш. Амма цуьнан совцо ницкъ ца кхочуш бIаьргех Iийдалу тIадамаш Iенара керахь Iуьллучу кIентан коьрта тIе. ХIоьттинчу хьолах ца кхета кегий бераш, цецдевлла баккхийчаьрга а хьуьйсуш, тапъаьлла тийна Iара.

Къаьхьачу балано лаьцнера ден а, ненан а, кIентан а ойланаш. Оцу кхаанне а хаьара да цIа верзаро шайн хIусаме ирс ца деанийла. Церан дегнаш вовшахдоьзначу гуш доцчу пхенаша вовшашка лора кийрахь кхехка бала. Велхаро дагна гIоли йо, амма цо балера ца воккху. Вукху шингахьчул боккха бала шегахь хиллехь а, уггар хьалха меттаеара Айза. БIаьргех ихначу хишна кучан юх а хьаькхна, доккха са а даькккхина, йистхилира иза:

— Iусман, вай доьлхуш Iерах гIуллакх нислур дац. ХIара цIа веанийла хиъча, адам гуллур ду. ХIинца ша ма-варра, хIара нахана гойтийла дац. Корта а баьшна, дегI а цIандина, тIе бедар а юьйхина, хIара жимма басе ца валийча девр дац вай. Медина, хьо чехка хитIа гIуо. Ткъа, Iусман, ахь дечиг даккха.

КIант, нус сихха араделира. Вовшашка дист ца хуьлуш цхьа хан ялийтира Iелас, Айзас.

— Хьо чу кхачаре ладоьгIуш Iийра со, Айза. Суна моьттура хьо къанъелла а хир яц, вайша къаьсташ санна, къона сайна хьалха хIуттур ю. И де селхана долуш санна хетара суна.

— ХIетахьлера хьан Айза йоцуш ю, Iела. Иза елла берхIитта шо хьалха. Везан дела, хIунда ца даийтира ахь хIетахь сан са эца Мулкалмовт!..

Айза юха а елха йолаелира.

— Хьо хIунда йоьлху, Айза? Я со цIа веана хаза ца хета хьуна?

— Iела, со ехьа, со хьуна хьалха бехке ю...

— ХIунда?

— Соьга ма дийцийта... ТIаккха а юьйр яй ахь со... Цул хIинцца ей дIаяккха...

— Со кхетац ахь дуьйцучух, Айза...

— Со кхечу стагаца еха берхIитта шо ду...

— Хаьа суна.

— Ас хьуна юьхьIаьржо йина... Хьуна сан цIий хьанал ду...

— И хьан бехк бац, Айза. Суна дерриг хаьа.

— ХIан-хIа, сан бехк бу иза. Сан даго соьга бохура, хьо дийна ву, эзарза Iожалла иэшийна сан Iела атта лийр вац, хьо суна гур ву...

— Айза, сан дехар ду хьоьга цунах лаьцна кхин дош соьга цаалар. Вуьшта а дукха дийци ахь. Хьо бехке яц хиллачунна. Дерригенна бехке зама ю. Со суо а вацара сайна шу гур моьттуш. Ахь хьайна бала бахь, ас гечдийр дац хьуна. Мел дукха, къиза баланаш лайна вайша цхьаьна а, къаьстина а. Кху тIехь а собар хила деза. Нохчочун нана, нохчочун зуда, дуьненан муьлхха а бала лан собар, ницкъ болуш, боьршачу стагехьчул сов хьуьнар а, къонахалла а йолуш хила езар ас хьайна хьехна дицделла хьуна?

Марахь дечиг долуш чоьхьаваьллачу Iусмана хадийра царшиннан къамел.

Оцу буса кхин цхьанна а ца хиира Iела цIа веанийла.

6-ГІА КОРТА

Ой, мила Іийр ву
Шен кІажахь тар туьйсуш,
Даймахкахь сийлахьниг кхуллуш?
Ф. Шиллер.

Кіезиг долу хІума а сиха даьржа нохчашлахь. Юьртара юьрта долуш, хьаьнгахула деана а, мичахула арадаьлла а ца хууш кхерстий чекхдолу.

ШолгІа де делкъанга далале гондІарчу ярташкахула даьржира доь доцуш вайна, массар велларг лерина Іела цІа веана боху хабар.

Иза, массо а цецвоккхуш, керланиг дара. Къаьсттана боккха болх беллера оцу гІуллакхо мотт-эладитанна сутарчу адамашна. Іела цІа веана, ткъа Айза кхечухьа марехь ю. Цуьнан ши майра ву. Адамашна дуьйцу хезна хІума ду иза ткъа? Айзас хІун дийр ду техьа? Муха хир ю техьа Іелин, Ахьмадан юкъаметтиг?

Цхьаберш гІайгІане лаьцнера оцу гІуллакхо. Іелиний, Ахьмаданий юккъе хІоьттина хьал кхераме дара. Царшинна юккъе мостагІалла дожа тарлора. Юккъе мостагІалла ца дужуьйтуш хІун дича дІадоьрзур дара техьа и гІуллакх?

Іела ган оьхучу адамийн гуш чаккхе яцара. Кхуза лестара генара а, гергара а, гІаш а, говрашкахь а.

Ахьарх дуьзна кедаш кхоьхьура зударша. Наг-наггахьчун керахь гора деман чамий, дакъийнчу жижган коржам. ХІоранна а лаьара Іусманна шайн ницкъ кхочу гІо дан. Наха гІо ца дича цуьнан ницкъ бацара керта леста адам юучух кхоьтуьйтуш дерзо.

КетІахь хІоьттина дукха адам латтара. Кертаца диллинчу масех дукъо тІехь кера лаьцна суьлхьанаш долуш, Іасанийн юьхьигаш лайла а Іуьттуш, хевшина Іара баккхий нах. Царна юкъахь вара Хьуьса а, Панта-Хьаьжа а. Миска Іела, тІеоьхуш маралелхачу нахехьара охьахаа йиш йоцуш, ирахь латтара Іуьйрре дуьйна.

Баккхийчу наха хІорамма рогІехь дуьйцура къоначу хенахь шаьш лелийнарш. «ДагадогІий шуна» — олий волалора хІоре, цул тІаьхьа дийцархочуьнга ладоьгІучеран бІаьргашна хьалха хІуьттура оцу денойн эрчалла, карлабуьйлура тІеман шераша хеназа бехьна вежарий, доттагІий, нийсарой, дуккха а шерашкахь иллешкахь бийца бисина оцу халчу шераша кхоьллина халкъан турпалхой.

— ЭхІ, ма кІант вара-кх иза! Кхоам бара цуьнан лаьттах гІойла! — хазара юк-юкъара.

— Кхин вайна гур йоцуш, оцу хенаца дІаяха вайн паргІато. Ирс долуш бу хІетахь белларш. Делан цхьана таІазарна санна, вай цхьа декъазниш дисина хІара баланаш Іийша.

— Шек ма довла шу, кІентий, гена дац вайна паргІато гун йолу де! — аьлла, гІайгІане эгначу нехан догойла айа гІоьртира Іела.

— И хьан лур ю вайна, шашах йогІур ю иза?

— ХІан-хІа, цуьнгахьа къийса деза. Иза герз а буьйнахь яккха еза!

— Иза-м эрна хьаха ду, Іела. Вайн махка тІехь цхьа а керста воцчу хенахь а ца ларийна вай и дан. ХІинца мухха а ларор дац. Уьш вайл дукха бу Нохчичохь. Ткъа

мел ницкъ болуш ву керстан паччахь? ДIаваьллахь, хьеха ма делахь! ХIаллак-м хир ду вай, амма маршо-м гурий хьовха.

— ХIан-хIа, Янаркъа, хир ю маршо. Вай керстанна дуьхьал летар дац, ткъа церан луьйтанах луьйта а тоьхна, вешан юкъарчу мостагIех тасалур ду. Оьрсийн гIоьнца вохор ву вай вешан мостагIа, церан гIоьнца йоккхур ю вай паргIато. Хаалаш, и де гена дац...

ХIетталц дийца хIума доцуш Iийна молла-Хьуьса меттахъхьайра:

— Маржа Iела яI, керстанашца даькхкхинчу оцу ткъе берхIитта шаро тиларчу вигна-кх хьо. Айхьа дуьйцург хIун ду хаьий хьуна? Керстанан гIоьнца тов! ОстогIпираллахI, эхартан зама герга гIерта вайна! Бусалбанний, керстанний юккъехь машар хир бац цкъа а. И хаалахь, Iела. Цаьрца гергарло лоьхург, цаьргара гIо эцнарг, шайтIа санна, делах къаьстина стаг ву. Делан къинхетам бовр бу цунах а, цуьнан гергарчех а, юьртахойх а. Дала лардойла вай шайтIанан карадоьлхучух.

— Юкъа маслаIате дерг олучу меттана, тхо керста паччахьан Iедална дуьхьалдаха гIерта-кх хьо, Хьуьса?— накъосташка бIаьрг таIош, кхоссар йира Янаркъас.

— Вац, вац! Паччахь а, цуьнан Iедал а, иза керста велахь а, делера ду. Ас буьйцурш муьжгий бу, ДошагIаьрций, ХьомсуркъагIаьрций гергарлонаш лело...

— ХIан-хIа, Хьуьса, иштта дац хьуна иза, — цуьнгахьа вирзира Iела. — Бусалба а, керста а адамашна юккъехь цхьа а тайпа къастам бац, дин цхьаъ дацар бен. Хьо санначу, вайн молланаша а, церан мозгIарша а херо йоьллина нохчашний, оьрсашний юккъе. Ткъа, берриг оьрсий бу моьтту шуна вайгахь латтийнчу, латточу Iазапна бехке? Бац. Царех пхи дакъа дича цхьа дакъа хьолахой бу, важа диъ дакъа къехой бу. Хьолахоша бацош, вай санна, Iазап хьоьгуш, маршоне сатуьйсуш,

цуьнгахьа къуьйсуш бу уьш. Шуна ма-хаъара, со туркойн махкахь хилла, Гуьржех лелла, оьрсийн мохк а телина ас. Массанхьа а, бусалба махкахь а, керстанийн махкахь а цхьаъ ду. КIеззиг болчу хьоладайша бацабо къехой. Паччахьой, хьоладайший дIаяьккхина адамашкара пергIато, дIадаьккхина латта а. Уьш бу шуна вай Iенийнчу цIийна а, туркойн махка эзарнаш нохчий кхалхорна а, уьш цигахь хIаллак хиларна а, тхо Сибрех хьийсорна а бехке! Уьш бу шуна хIинца шуьгахь долчу Iазапна бехке а!

— Ткъа, Шемалан заманахь вайн ярташ ягийнарш, зударий, бераш хIаллакдинарш муьлаш бара? — хаьттира цхьаммо.

— Керста мозгIарша, хIинца Хьуьсас вайга дуьйцург а дуьйцуш Iехош, ткъа, паччахьо нуьцкъала вайна тIе лоьхкуш, вай санна, миска нах хилла-кх уьш а. Салтий а, вай а хIаллак хуьлура, ткъа вай Iенийна цIий паччахьан, элийн, мехкадайн, динадайн кисана доьдура деший хуьлий. Вай лоьтуьйтора, ткъа шаьш хьал IаIадора.

— Iела, хьо тиларчу вахана стаг ву, — юкъавуьйлира Панта-Хьаьжа. — И тайпа хабарш дуьйцу стаг, хьо схьавеанчу вуха дIахьажош Iедал ду хьуна кхузахь. И хаалахь, хьайна юха ваха ца лаахь!

— Со кхеро ма гIерталахь, Панта-Хьаьжа. МостагIаша Нохчичоь сийначу цIарах ягочу шерашкахь хьо а, Хьуьса а зударшца орца вуьйлуш, лечкъаш лелачу хенахь оха цIий Iенийна даймехкан дуьхьа, цуьнан дуьхьа къийсарна вахийтина со Сибрех а, амма цуьнан дуьхьа сайн са тахана а дIадала реза-м ву со.

— Дика кхетийна вац иза ткъе берхIитта шаро! — Панта-Хьаьжин лере а таьIна, шабар дира Хьуьсас.

— Бакъ ду иза, Хьуьса, — элира цуьнан дешнаш хезначу Iелас. — Дика кхетта вац со хIинца а. Амма кху

тIаьххьарчу шарахь соьца нисбеллачу оьрсийн, гуьржийн, эрмалойн накъосташа суна тоъал хьекъал делла. Цара со кхетийна дерриг къаьмнаш бусалба а, керста а — цхьа вежарий хиларх, массо къоман къехойн цхьаъ бен мостагIа ца хиларх, и мостагIа паччахь, хьоладай хиларх, церан гIоьнчий шу динадий хиларх. ХIинцца, ткъех де хьалха Петарбухехь салташка нах байъитинарг а ву боху хьо тайпа цхьа мозгIар. Суна кхин дIа хаац, амма оццул хууш хуьлуьйтур вара ас массо а нохчо!

ОьгIазвахана Хьуьса, макхвелла хьалаиккхира. Амма юххехь Iечу Панта-Хьаьжас, юха а озийна, шен метте охьахаийра иза.

— Сих ма ло, Хьуьса. Оцу нехан беснаш ца го хьуна? Уьш-х цунна тIаьхьахIитта кечбелла Iеш бу.

Дов дала герга дара. Амма оцу минотехь урамо голатухучухула гучуваьллачу дегIана лекха, зоьрталчу стага и къовсам девне балале сацийра. Наха вовшашка ден къамел дIатийра, массеран а тидам оцу стагана тIе бахара. Стаг герга мел гIоьрти къаьстара хIетта къежъяла йоьлла Iаьржа маж, хаза хьовзийна ши мехк, цIен бос бетталу беснеш. ТIедуьйхинчу бустамаш долчу чоъийна тIехула дихкина детица кхелина шаьлтий, доьхкий дара, лепара чухула юьйхинчу атлазан гIовталан кач. Кхузткъе итт-пхийтта шо хан хир яра цуьнан, амма тIехьаьжча шен хенал къона хетара иза. Лекха хьаж дIакъовлуш дуькъачу цIоцкъамашна тIетаIийна тиллинчу месалчу куйнна бухара схьахьоьжучу оьгIазечу шина бIаьрго а, дукъ тIедаьлла хьаьвзинчу меро а ламанан аьрзонан сурт дагатуьйсура цуьнга хьаьжначунна.

Цунна тIаьххье гучуелира тIехь ахьарх а, демах а буьзна масех тIоьрмиг а болуш, тIаьхьа тесна ерстана йоккха гомаш а йолуш стерчийн салаз.

Стаг соцунха а хилла, салаз шена тIаьхьа а кхиий-

тина вистхилира стерчийн юьхь лаьцна вогIучу гIеметта хIоьттинчу жимчу стаге:

— Салаз кертал чоьхьа а яккхий дIахIоттае. Оцу гомашана сихха шаьлта хьакха ала Iусмане, — тIаккха аз лахдина тIетуьйхира: — Амма цкъа хьалха Iелина мараэккха...

— Иза мила ву? — хаьттира Iелас шена юххерчу Янаркъе.

— Иза дер ву Ахьмад. Цуьнца волу жима къонаха Айзин кIант ву, Ахьмадана вина...

ДIаса а хилла наха битинчу новкъа тIевогIучу Ахьмадана дуьхьал волавелира Iела, ша хиъна Iачуьра хьала а гIеттина.

И минот яра юьртарчу цхьана адамаша тIекхачаре сатийсинарг.

— Ассалам Iалайкум! — аьлла, Iелин куьг лецира Ахьмада, вукхо иза, шена тIе а озийна, маракъевлира. — Эзар балех волийла хьо, дала кхин керстанан буйна воьдучух ларвойла, — элира Ахьмада цуьнан бесни тIе шен бесни а таIийна.

— Дала дукха вахавойла хьо а,— аьлла, Ахьмад шен марара дIа а хецна, амма куьг дIа а ца хоьцуш, вигна шена юххе охьахаийра Iелас: — ТIаккха, Ахьмад, гезалойн аре, айхьа со, Iожаллин багара а ваьккхина, хоьшкалдхойн хьаннашка вигна де дицделлий хьуна?

Ахьмад воьхна хьаьвзира.

— Муха дицло, дицдан мега оцу шерийн денош...

— Оцу дийнахь дуьйна, со бахьана долуш висира хьо аьрру куьйга тур ца тохалуш. ХIинца муха ду хьан иза?

— Дика ду. Уьш дитахьа, Iела. Нехан доллу аьтту куьг ду вайн, шинна метта а болх бийр болуш. Цул, дийцахьа айхьа лайнарг, хьо цIа муха веана.

— ХIун дуьйцур ду хьуна? Сибрех гена, шийла мет-

тиг ю. Хала ю каторга а. Цигахь хьоьгуьйтучу Іазапо хеназа къанво, вожаво. Тхуна тоьхна итт шо хан чекх а ялале, Іожалло бехьира сан накъостий. ТІаьххьара а соьца висина Бенара Лом-Іела а кхелхира шуьйтталгІачу шарахь. Йисина ткъе ялх шо хан вайнехан стаг бІаьргa ца гуш яьккхи ас. Бакъдерг аьлча, ас дог диллинера со кху махка воьрзур ву, вайна гур ду бохучух.

— Хьайн хан яьккхина ваьлча, цІа ца хийцира хьо?

— ХІан-хІа. Цигахь ваха маьрша витира, амма цІа верза бакъо ца лора. ХІунда сецавора суна сайна а ца хаьара. Схьахетарехь, Іаьлбак-Хьаьжа имам валаро яхйирий техьа моьтту суна цигахь сан хан. Мосазза ведира со. ХІораззе а лоций тІе хан тухура. Къанвелла цІа хоьцур ву а, хецча цІа ван хуур ду бохучух а, кху махках а, шух а догдиллина сецнера со... Кху тІаьхьарчу шарахь цхьа тутмакхаш кхийла болийра со волчу. Политически тутмакхаш олура царех. Со цига муха кхаьчча хиъначу цара паччахьна тІе кхаччалц аьрзнаш деш, сан гІайгІа а бина, мукъаваккхийтира со. Цаьрца вара Николаз цІе йолуш гуьржийн жимастаг. Цуьнан хан чекхъялар а, со мукъаваккхар а цхьаьна нисделира. Шеца цІа валийна, со Соьлжа-гІалахь охьа а воссийна, Гуьржех дІавахара иза. ХІинца со шуьца цІахь ву. Иза ду-кх доцца дийцича ас лайнарг.

— Хьайца схьавало везаш хиллера ахь иза,— элира Янаркъас. — Вай хьошалла дийр дарий цунна-м.

— Іайла дацара цуьнан. Даккхий гІуллакхаш вовшахдетташ бу уьш цигахь. Амма цо дош-м делла, ша мукъа ваьллачухула вайн кхузахьа гІорта.

— Ткъа, и ахь буьйцу тутмакхаш хІун нах бу, Іела?— юха а хаьттира Янаркъас.

— Уьш хьекъале, хьуьнаре, майра, догдика адамаш ду, Янаркъа. Уьш паччахьна а, хьоладайшна а дуьхьал

бу. Цара боху, паччахь а, хьоладай а мел бу адамашна паргIато, токхо хир яц. Цара боху Россехь дехаш долчу дерриге къаьмнийн къехой, маршо езарш, цхьабарт болуш, цхьа вежарий хилла цхьаьна а кхетта, герз а буйнахь паччахьан Iедална дуьхьал гIовтта беза. ТIаккхий бен баккхалур бац толам. Царна лаьа хьолахошкара латтий, Iедал схьа а даьккхина, халкъан карадала, адамашна къаьмнашна юккъехь нийсо хIотто, цкъа а адамаша вовшийн цIий ца Iенадойла, дерриг къаьмнаш цхьа доьзал хилла, ирсе дехийла.

Юха а хьалхалерниг долалуш доллийла хиъна Хьуьсий, Панта-Хьаьжий гIаьттина дIавахара. Дисина адам, вовшийн дIаса а тоьттуш, Iелина тIе горгделира.

— Иза-м тамашийна хIума ду!

— Ткъа муха далур ду, кеста хир дуй и гIуллакх?

— Кеста хир ду бохура. Цара иза муха дийр ду-м ца хаьа суна. Вайн хьекъалийн ницкъ кхочур бац оцу гIуллакхийн кIорге ган. Амма аш цхьаь ца дицдойла лаьа суна: и де тIекхаьчча вай царна юххе хIитта деза. Оьрсийн паччахьо вайгара дIаяькхина маршо, оьрсийн халкъо вайна юхаерзориг хиларх со тешийна цара. Цунах, со санна, берриге а вайнах тешийла лаьа суна. Амма вай дийшина а Iеш хир дац иза. Вай, уьш санна, Iелам нах дац, амма тIемалой ду. Цара нийса некъ гойтур бу, ткъа вай царна юххе а хIиттина оцу новкъа дIагIур ду.

Iелас дуьйцучуьнга ладоьгIуш Iечу Ахьмада мосазза муьшка йира цунна, иза сацо гIерташ. Амма Iелас ша дуьйцург ца сацадора. Кхин дан хIума а ца хилла, хьалагIаьттира Ахьмад.

— ХIан, цкъа дIасадевлла, делкъан ламазаш дер вай. Схьаоьхучуьра адам лагIделлачуьра, Iелас а жимма садоIур.

* * *

— Iела, ахь дукха майра хабар дуьйцу юьртарчу нахана юккъехь. ХIара тохарлера зама ю моьтту хьуна? Цхьажимма а галдерг хьоьгара далахь пурстоьпе мотт эцна гIон берш бу хьуна юьртахь, — элира Ахьмада, шаьшшиъ IусманагIеран керта воьдуш Iелига.

— Хир буйла хаьа суна. Амма со тешнарг адамашка дIа ца олуш Iен бакъо яц сан.

— Юха лацахь, хьо кхин цIа воьрзур воцийла хаа деза хьуна.

— Иза а хаьа. Цига юха гIур вац со, Ахьмад. Со къанвелла, кхин Сибрех воьду хан яц сан. Ткъа, мацах цкъа вай цхьаьний маршонехьа болийна къийсам ас сацор бац, сайна чуьра са дIадаллалц. Со герз буйнахь лийр ву, амма сан каш кху вайн лаьтта тIехь хир ду.

— Iоттар ю-кх ахь йийриг, Iела. Со кхеравелла, сайн са кхоийна сецца моьтту хьуна? Дуьххьал дIа эрна дара вайн летар. Эрна хIаллак хуьлура вай. Хьо лаьцначул тIаьхьа имам велира симсаройн Iаьлбак-Хьажа. Инзаре майра кIант вара иза. Иза ша а, цунна тIаьхьахIиттинчех нисса ах а хIаллак хилира.

— Шайх Мовсарна тIера дуьйна хьала вайн халкъан баьччанаша бен некъ гIалат хилла, Ахьмад. Уьш вайга керстанна дуьхьал гIазоте кхойкхура. Вайна, ваьш ца кхетарна, кхин долу къаьмнаш дерриге а вешан мостагIий хетара. Цундела ца баккхабелла вайга толам. ХIинца вай кхечу новкъа гIур ду. Вай хIинца кхечу къаьмнашца цхьаьна девр ду паргIатонна ара.

— Iела, и дан хьан ницкъ кхочур бац. ХIаллак хила воллу-кх хьо.

Iела сецира.

— Ой, суна-м хаьа и дан цхьана сайн ницкъ боцийла. Амма и дан ницкъ а, хьекъал а дерш Россехь бу.

Цундела боху ас нахе, оьрсий вайн мостагIий бац, доттагIий бу, церан гIоьнца бен вайна паргIато ер яц, оцу денна кийча Iе.

— Ларлуш хила-кх.

— Баркалла хьуна, Ахьмад.

— Къаьсттана, Хьуьса-моллех а, Iабдих а. Делаций, бусалба динаций кIезиг гIуллакх долуш ву хьуна и Хьуьси. Iедало шена маттана хIоттийна.

— ХIинца-м хала дацара цаьрга ца Iехавайта! Важа, Iабди хьенан-мила ву?

— Совдегаран, ХортIин кIант ву-кх. ДагавогIий хьуна иза?

— ВогIу дера-кх. Шен дега хьаьжна-те кIант а? Да-м дика вохкалуш стаг вара цуьнан.

— Дел тIехваьлла кIант. Кху юьртахь цхьа иттех цIа ду шайна кера сом догIийла хиъча шайн ден дакъа а духкур долуш. Уьш шаьш боцурш кхин къайлах лелаш айкхаш а бу церан.

— Баркалла хьуна, Ахьмад!

7-ГІА КОРТА

Нагахь хьуо стаг велахь, адамех ма лара
Даймехкан кхолламе бен доцуш хьоьжург.
А. Навои.

Маьркіажан ламаз а дина, паргіатваьлла Іела, чохь цІе йогучу товханна хьалха яржийнчу черта тІе кетар а тесна, оцу тІехь Іуьллура гоьла тІе ког а баькхина.

Тховса тийно дара церан хІусамехь. ХІинццалц цкъа а сакъера оьхучех цхьаъ-шиъ стаг ца хадара церан. Арахь шийло йолу дела дара а хаац, тховса сакъера цхьа а ца вогІура. ЦІахь дацара Іусман а, Медина а. Іусман хьуьнах ваханера, дохка дечиг кечдан. Оцу тІаьх-хьарчу хена Іедална дуьхьал карзахбевллачу паха, юьртдега хьовха, пурстоьпо бохучуьнга а ла ца дугІуш, шайн хьашташна казенни хьун хьоькхура. Цхьаболчара, кхаш доцчара, — шайна нрзош дохуш, вукхара—йохка. Кха шордан ницкъ-м кхочур бацара Іусманан. БІаьста, некъаш девлча гІала дохка дахьа дечиг кечдан ваханера иза. Ло долуш атта хуьлура дечиг хадо а, кхада а, такхо а. ХІинце дуьйна хадийна, цестина йитина дечиг якъалой, яйлой карайора бІаьста. Амма дукха карзах-даьллера адам. Цхьа таІзар доцуш дуьсур ма дац казенни хьун хьакхар. Хаац-кх тІаьхье муха йоьрзур...

ХIуьттаренна санна, цIа ца вогIура ловза вахана Iусманан ши кIант. Маьнги тIехь цхьана сонехь, шаьш йинчу тайнигех ловзуш йоллура жимахйолу ши йоI. Цхьаъ шен тайниг йижо гIерта, ткъа вукхо—шенчунна хIума яо сурт хIиттадо. Iелин ойла цхьана минотана царшинна тIейирзира. Ванах, бере ма боккха безам бу-кх зударийн, ойла йора цо.

Мел иза къехкарх цуьнан ойла хьаьввзе юха а цхьана хIуманна тIе йоьрзура: шен кхолламна. ХIусам яц. Бахам бац. ХIусамнана а яц. ХIинцале а иза ийзалора несах. Цунна дика хаьара кIанта шена иэша хIума дуьтур доцийла а, несера цатам берг дер доцийла а. Амма, мел дика елахь а, нус нехан зуда ю. Цунна ша сов валарна кхоьрура иза.

Ткъа, Айза? Гор Айза яI!

Зударша динчу эхьан томмагIа цIийца цIандора ламанхоша. Оцу тIедоьгIча Ахьмаддий, Айзий ден дезара Iелас. Цуьнга ладоьгIура наха, оцу тIетоьттура иза юьртарчу, цуьнга безам боцчу масех стага. Iелина хазаза ца дуьсура адамийн эладита. Ахьмадан Хьуьсица хилла дов а оцу дийннахьехь хезира цунна.

...Ши-кхо де хьалха араваьлла Ахьмад туькана нисвелира чохь Iабдий, Хьуьсий бен воцуш. Ахьмад гучу ма-веллинехь, шиннен а ца вешаш велавалар иккхира.

— Ахьмад, шарIо цхьана стеган йиъ зуда хила магадо, амма цхьана зудчун ши майра хилар дуьйцу ца хезнарг ду. И Айза хьан сте ю, я Iелин зуда ю ца хаьа нахана. Цига а йоьду, хьоьца а Iа. Хьайн зуда и мунепикъ волчу хьоь муха эхийтало хаац-кх тхуна.

Цо и дуьйцуш там хилла Iабди «кхи-кхи-кхи» деш, воьлура. Ша стиглахь кхозу я лаьттахь ву ца хуууш, хала садиттира Ахьмада Хьуьсин къамелана. Иза дийцина валлалц Iадда а Iийна, вист ца хуьлуш, неI тIе а чIаьгIна, чухула зайл а хьовзийна, Хьуьсина тIевахара иза.

Шен нуьцкъалчу куьйга цуьнан гIовталан кач лаьцна, ветанаш лоьлхуьйтуш, озийна шен мера кIел валийра цо Хьуьса.

— Хьакхех даьлла хьакха! Муха ваьхьира хьо суна хьалха оцу хьайн сий доцчу багах Iелин, Айзин, сан цIерш ишта яха? КIилло, ямарт чангIалкх! Ирс хили хьан, со айса ялхийтта шарахь тIамехь лелийна шаьлта юкъах йихкина араваьлла ца хилла. Хьан боьха цIий цунах кхетийта ца лаьа суна! Амма хаалахь Iелин, цуьнан кIентан некъ хадийнчо Акхболатан Ахьмадан некъ хадабойла! Хьакха!

Кхеравелла бос баьхьна, ши бIаьрг хьетIе а баьлла лаьтта Хьуьса хьала а айбина, гIопастанал дехьахь вегош лаьттачу Iабдина тIе а тоьхна, сихха аравелира иза...

«Соьхь марехь а йолуш, Айзина кхин стаг везнехь, я, со дийна вуй а хууш, иза маре яханехь, тIаккха ас биэкхам эца тарлора. Цхьа а тайпа хабар доцуш, со вайна лаьтташ ткъа шо даьлча яхана иза маре. Иза къона яра. Майра веллачул тIаьхьа кхо шо даьлча маре яха бакъо ю зудчан. Ткъа, Айза ткъа шарахь хьежна соьга. Цуьнан хIун бехк бу? Со велча яла езаш-м яцара иза. Веллачун дуьхьа дуьне ца дитина цхьаммо а. Висинчун ваха деза. Ткъа, Ахьмад? Шега еъча зуда йигна-кх цо».

Iела халла хаалуш велакъежира. Уьш дерриге а кIезиг хIуманаш хетара цунна. Амма адамийн меттанаш... Цара мел къехкаярх, Iелин ойла хьаьвззий юха а, Ахьмадаца нисделларг машарца дерзо ша бинчу сацамна тIейоьрзура. Оцу сацамах дохковийлар а дацара иза. И сацам — цо дийнначу беттан хIор дийнахь-бусий, массо минотеххьий, сацам-тем боцуш йинчу ойланийн, даг чохь лаьттачу къийсаман жамIа дара. Оцу баттахь цуьнан даг чохь буьрса къийсира шина Iелас — лам чохь винчу, лаьмнийн луьрчу гIиллакхашца кхиъначу Iелас-нохчочой, царех къастийна, ткъе берхIитта шарахь кхечу

къаьмнийн бес-бесарчу векалшна, ткъа тІаьххьарчу шерашкахь церан прогрессивни интеллигенцица хан яькхинчу, хІинца дуьнене кхечу бІаьргашца хьежа Іеминчу Іелас-интернационалистой. Оцу ткъе берхІитта шаро литтинера лаьмнийн зуламе гІиллакхаш, ткъа, йоІ-баьрг санна, шеца лерана лардина цо лаьмнашка юхадеанера дайша хьехна оьзда гІиллакхаш. Амма оцу ткъе берхІитта шарахь генна махкахь, кхечу къаьмнийн адамашлахь кхиа таронаш йоцуш лаьттина, ткъа Іела ша винчу лаьмнашка, шен халкъа юккъе вухавирзича цуьнан даг чохь орамаш къовла, зІийдиг таса, цо шеца кхуза деана прогрессивни дерг ара а теттина, оцу чохь шен олалла хІотто гІертара лаьмнийн зуламе Іадат. КІожамах цІе санна, иза кІез-кІезиг дулура цуьнан дагах. Цкъацкъа хеталора Іела интернационалист эшна вели аьлла, амма дуьнен чохь цхьа а ницкъ бацара шен сацамах иза вухаваккха. И сацам цо бинера бІеннаш шерашкахь чІагІдалар бен мал ца луш схьадогІучу лаьмнийн луьрачу гІиллакхашна дуьхьал гІаьттина, ерзалун йоцу чов шен дагна а еш. Иза ца гІертара оцу сацамна тІера вухавала. Дуьххьал дІа ша дІнчунна собар, шен деган чевнна дарба лоьхура цо.

«Сайна тІера эхь дІадоккху аьлла, ас тоьхна шн адам дийча хІун нисло? Айзин цигахь хилла кІант ву. Мохьмад сох хьерча. ХІан-хІа, иза хуьлийла яц. Мел дукха вахахь а, иттех шарахь вехар ву со... и йисина хан адамашца кІеда-мерза а яькхина, сайн тІаьххьарчу хІусаме дІаверза веза...»

Іелас багахь делан цІе йохура, амма ойланца иза гена вара ша дечу гІуллакхана. Товханарчу гоьргех тохара алу хиллера. Цхьа висинчу Іелин ойланаш екъа Іусманан ши кІант а ца вогІура цІа. Эххар схьахезира шена девзаш долу Лечин зевне аз а, Коьрин когийн тата а. Мегарг когашна тІера ло дожо а ца кхиош,

сихвелла «даргI-даргI» аьлла, неIарш а тоьхна, хьуьхьа а воьлла, веана чуиккхира и шиъ. КIадделла дехьачу кIентан берийн яххьаш тIехь доза доцуш баккхийбер гора дедена. Шаьшшиммо деанарг, вовшашна юкъа а лелхаш, дIаса а туьттуш, хьалхахIоьттинчу царшиммо цхьатерра схьаIанийра:

— Воккха дада, хIай! Эвла Зеламхa веана!

— Вайга вогIуш ву боху.

— Хьо волчу!

Ах-улх и дешнаш аьлла, юха а тIе-кIел неIарх ара а иккхина, тIапъаьлла вайра ши кIант. Амма хIинца тийна дацара. Геннахь хезара хоьхкучу говрийн бергийн татанаш. Юьртахь маьI-маьIIехь жIаьлеш летара, хьердевлича санна. Некх санна, ека йолаелира юрт. Цхьаммо хезаш йоккхуш яцахь а, массанхьара а Iелин самоно схьалоьцура Зеламханан цIе. Хеталора оцу говрийн бергаша, летачу жIаьлеша, Iаьржачу буьйсано—дерриг Iаламо оцу буьрсачу обарган майра цIе йохуш.

Берашна цхьаъ тарделла хир ду-кх бохуш, ша волчуьра меттах ца хьовш Iуьллура Iела. Амма дукха хан ялале цунна хезира герга гIерта говрийн чабол. Хезара ехьачу цара ден хар-хир, гIорийначу лаьттах детта тIа. Лохха къамелаш хетаделира.

Iелин дог тохаделира.

«Ой, баккъал со волчу вогIуш-м вац хир ву иза? — дагахь цецвелира Iела. — Сох хIун дийр дара цо».

Сихха хьала а гIаьттина, аравала дагахь, шена тIе хIума юха хIоьттира Iела. Амма, хIара лелла валале, гIовгIанаш керта евлира. Береша дечу къамелашлахь цунна девзира Iусманан, Дошин лер. Шина кIанте говрийн дола де бохуш воллура Iусман.

«ХIинца хуур ду-кх хIара хIун стаг ву» — бохура Iелас хьаша тIеэца а кечлуш.

8-ГІА КОРТА

ЦІа дезаш схьавогІург,
Тхайн баьрчче воккхур ву,
Мацвелла чувеанарг,
Вузийна, вижор ву.
Тхаьш дезаш схьавеанарг,
Везаш тІе оьцур ву.
ЦІий Іано вогІуш верг,
Шен цІийла керчор ву...
Нохчийн халкъан илли.

Зеламха...

И цІе яра ткъолгІачу бІешеран юьххьехь Нохчичохь а, генна цуьнан дозанал арахьа а хезаш. Мискачара, гІийлачара безамца, дозаллица йоккхура иза, ткъа хьолахоша, Іедалхоша — цабезамца, сийсазе.

Зеламха обарг вара. Обаргалла — иза дІадаханчу бІешеран юккъехь Нохчичоь тІеерзор тІаьххьара а чекхдаьлча, кхузахь паччахьан Іедало дІакхоьхьучу колониальни къизчу политико кхоьллина дара. Обаргалла — иза, Нохчичохь паччахьан тІеман-колониальни Іедалшна дуьхьал цхьаццаммо а, цхьаьнакхетта а адамаша латто къийсам бара.

И къийсам болабелира цара паччахьан колонизаторшна кхузткъе пхийтта шарахь йина турпал дуьхьало эххар а каъелча, цунна тІаьххье хилла духхьарлера гІовттамаш цІийла карчийча, керла юкъара гІаттам кеста хиларх цара догдиллича.

И ша тайпа къийсам дІаболорхойх вара дІадаханчу

бIешеран кхузткъалгIачу шерийн юьххьехь обарг ваьлла гихойн Вара.

ЦIарна а цIе яханчу нохчийн обаргаллин тIаьххьара чубузу сирла седа бара харачойн Зеламха.

Зеламха — иза иттаннаш шерашкахь паччахьан Iедална дуьхьал турпал къийсам латтийна, эххар а цо нуьцкъала карадерзийна, амма паччахьан набахтица машар боцуш мосуьйттазза гIеттина, мосуьйттазза шен цIийла карчийна, етташ, лоьллуш, кхалхош, сийсаздеш, бIарздина, дардина, гIелдина, амма хIетте а колониальни олаллина кера ца Iемаш, цунна къар ца луш, харцонна дуьхьал къуьйсу дийнна нохчийн халкъ дара.

НеIарх хьалха чу ваьлла Доша, Iелига салам а делла, дуьхехь сецира, шена тIаьхьа вогIучу хьешана некъ а буьтуш.

— Iела, хIара, Харачуьрчу БIаьхон Гушмацкъан кIант Зеламха ву. Хьо ган а лиъна, схьавеана хIара.

Iелина тIе веара Iаьржа верта а кхоьллина бIаьргаш, марий бен ца гуш боьмаша башлакх хьарчийна юккъерчу дегIара стаг.

— Суьйре дика хуьлда хьан, воккха стаг.

— Марша вогIийла хьо, Зеламха, — куьг кховдийра Iелас.

— Маршалла хуьлда хьуна а, Iела, — шен ондачу, доккхачу шина куьйга юккъе къевлира цо Iелин куьг. — Даийта дика а долуш, дала вон ма хьажадойла кху хIусамашка.

— Дала диканца дукха вахавойла хьо. Дала юьхьIаьржонах, ямартлонах, тешнабехках Iалашвойла хьо. Делхьа ма дика ду, Доша, шуьшиъ веана. Суо висина сагатделла воллура со. Же, дIаяккхалаш тIера сов-ков хIума. ОхI, дала дог дика де шуьшиннан...

Кхоьллина верта а, коьртах хьарчийна башлакх а цо дIаяькхича, Зеламхе бIаьрг тухуш, коьртера когашка

велира Iела. Юьхьиг охьа а ерзийна, коча тесна дошлойн топ, некха тIехь морзах йохуш, юкъахйихкина патармийн кхо гIап, коча тесна дайн тур, юкъах йихкина кхелана шаьлта, шиъ тапча.

— ХIоккхуза валий охьахаал, Зеламха. Товханна уллохьа. Доша, хьайна а цхьанхьа охьахуийла нисъехьа. Iусман, шайн нана могаш яц аьлла, яхара-кх Медана. КIант вахийтахьа цунна тIаьхьа.

Кочара схьадаьстина тур Дошига дIаделира Зеламхас, амма, ша охьахууш, топ шена улло дIахIоттийра. Бехкала даханчу цуьнан бIаьргаша шера схьабохура: «Хьох-м тешара со хIусамда, амма хьо доттагIа хиларх, мостагIий дуккха а бу сан. Уьш ма бу даим сема, сакх, ас дIа мел боккху кор тергалбеш. Хьанна хаьа, хIокху минотехь уьш хьан цIенна тIе текхаш бу бац? Иштта ду обарган дахар—нехачул бIаьрг сирла, лерг сема, хьекъал ира, куьг каде долуш, массо хIуманах ларлуш хила веза иза».

— ТIаккха, Зеламха, цIераниш хIун деш бу, могаш буй, хьо а лелалой?

— Дала дика кхобу, Iела. Шу хоьттуш Iийра со-м Iусмане.

— Дала делла хьал токхуш дохку тхо а.

ХIорш вовшашкара хьал-де хаьттина, дара-дацара аьлла бовлучу юкъана, араиккхинчу Iусмана шен кхоъ бен боцчу уьстагIах цхьаъ бийна, тилийна, чу беъна, дукъох боллучу мIерах хьалаоьллира.

Шаьш кхоъ вовшашка цхьацца хеттарш деш къамеле ваьлча, Iелас даим шена дагахь лаьттачун ойла йора. Зеламха шен ойланашца мила ву а, иза ша волчу хIунда веана а хаа сагатделлера цуьнан. Наха дийцарехь, Зеламха обарг ваьллера зударшна тIехула даьлла дов бахьанехь. Амма луралла хьаьрчина стаг лечкъаш лела, чIирхоша ша витталц я веллац. Доьзалца юьртах а во-

лий, генна кхелхий а воьдий. Лурбоьллачу нахах наггахь бен ца волу талораш дийриг, ца ваьллачу денна, тIетовжа кхин меттиг ца хилча, дуучу рицкъина, тIедухучу барзакъна, герзана лорий. Иза къехка. шена тIе кхин керла цIий дожарх. Цунна' цуьрриг лаац Iедална новкъа гIерта. Шера хаьа, шина мостагIчух — чIирхойх а, Iедалх а ларвала шен ницкъ кхочур боцийла. Лурвоьлла стаг деккъа цхьа шен са дадийна лела. Ткъа, Зеламха? Обарг ваьллачул тIаьхьа керла масех цIий хьарчийна цо шех. Iедална зулам дарх-м муххале а ца ларлора иза, мелхо а, цунна дуьхьалваьлла. ХIан-хIа луралла дац Зеламха Iедална дуьхьалваькхинарг, къизчу хьаькамех а, цIубдарша санна, къинхьегамхойх бекхачу хьоладайх а цуьнга биэкхам оьцуьйтург. Кхин ду бахьанаш. Кхин. Амма, мила ву Зеламха? Революцин дарц даьлча, шена уллохь некъ хьеха, Iелин сибирски доттагIий-революционераш саннарш хилча, нохчийн халкъан коьрте хIотта а, бусалбий, керстий ца къестош, кхечу халкъашца цуьнан барт кхолла а, иза паччахьан Iедална дуьхьал дига а ницкъ кхочур барий техьа цуьнан? Дийцарехь, хIара хьекъале велахь а, Iилманан охIла вац. Майра, хьуьнаре, оьзда, хьекъале, амма бодане нохчо. Хьекъалан пайда ма бац, цунна уллохь Iилма ца хилча. Iилма а эрна ду, цунах пайдаиэца хьекъал дацахь.

Оцу цIарна а цIе яханчу обарган даг чу, хьекъалан кIорге хьажа лаар дара Iелига иза ган сатуьйсуьйтург. Iела ларлуш хеттарш дан вуьйлира хьеше. Ткъа хабаре воццчу Зеламхас юьхьанца халла бен жоп ца лора хеттаршна. Амма хеттарш тIаьхьо шен деган чевнех хьекхадала доьлча, хецавелира иза.

— ХIан-хIа, луралла дац со а, соьца берш а арабаьхнарг, — эххар а Iелин хьалхарчу хаттарна жоп долийра цо. — Массарна а йолу къеллий, мацаллий, мискаллий хилла а ца Iа со обарг ваькхинарг. Вайгарчу берриге

бохамийн, баланийн, гIайгIанийн пана хIара неIалт хиларг — паччахьан Iедал ду, Iела. Къеллина а сатуху. Мацалла а лало. Iожалла а лела-кх шен новкъа. Халаниг, са ца тохалург, собар кхачориг хIун ду аьлча, Iела, цхьаммо хьо сийсазвар, хьо стаг хьовха, адам а ца ларар ду. Веданахь гIап мел ю, оцу гIопа чохь эскар мел лаьтта харцо дIаер яц Нохчмахкара. Ткъа, мел ю и гIаьпнаш Нохчичохь? Нохчийн дегIана дина даьIнаш ду уьш. Царел сов, вай дага юккъехула доькъуш ехкина гIалгIазкхийн ярташ. Хьо ца хилла Веданан гIопехь, со а хир вацара, цхьа нохчо а гIур вацара цига шен ницкъ кхаьчча, амма эшамо вуьгу. Эшам даима тоьла къехочун ницкъал. Оцу гIопан баролал чоьхьа туьканаш ю оьрсийн а, вайнехан а совдегарийн. Башхо яц хьенна хилча а. Ерриге а цхьа хьакхарчий ю уьш. TIеюха бедар еза. Кертахь марс-мангал, бел-шада оьшу. Уьш цаьргара ца эцча кхин хуьлийла яц. Кхечухьа-м гIур вара, амма хьо дIакхаьччачохь, бухахь изза хьакхарчий карайо-кх. Хьо хилла вац, Iела, Веданан гIопахь. Дала тIе ма доийтийла хьуна цига вахар. Зуда санна, юкъ а яьстина, шаьлта салташка а елла, церан цхьамзанашна кIелхула а ваьлла ваха веза цу чу. Цара боьлуш, Iоьхуш, хьо сийсазвеш ечу яппаршка ла а доьгIуш. Хьанна хаьа цара хIун дуьйцу, уьш стенах буьйлу? ДегIах хьуьйсу. Зударшна а... Вайца дерг дерриге а биэламе хета царна, дерриге а сийсаздо цара — дела а, дин а, амалш, гIиллакхаш, бедарш. Деда вара тхан бIе цхьаъ шо долуш. Къоьжа, букар а хьаьвзина. Тхан да а, со а Соьлжа-гIаларчу набахтехь волуш, шен са дацарна, тхо цIа хецахьара аьлла дехар эцна шена тIеиеъча, Веданарчу полконака Дабролскис цуьнан сиръелла маж лаьцна, иза дIаса а лестош, бага лейинера. Муха хета хьуна иза? Йоккха майраллий, оьздангаллий яц иза оьрсийн полконакана! Амма, со и дицдина Iеш вац, ас марх доккхур

ду цунна иза. Оцу гIопан баролал чоьхьа бехачарна шаьш элий, ткъа арахьа бехарш — леш хета. Оьрсий хилчахьана цуьнан бакъо ю оцу чохь ваха, ткъа нохчочун — иза эпсар я цхьа кал-цIола елахь. Муьлаш бу цу чохь бехарш? Кхьахьпанаш! Иэхь-бехк а, оьздангалла а яйна кхахьпанаш. Дийнахь, бусий хаддаза муьйлуш маларш, ловзош кехаташ, оьзда мел доцурш!.. Вайнехан эпсарш бохий ахь, цаьрга терра лела гIерташ, царал а тIехбевлла, гуттар цIармат лела. Оцу гIаьпнашна чуьра араоьхучу боьхачу хьожано бехдина хIара вайн лаьмнаш.

Юьхьанца оццул сапаргIатечу Зеламханан аз, тIаьхьтIаьхьа айалуш, чIагIделира, сийначу цIарах богура оьгIазлонах буьзна ши бIаьрг.

— Иза, Iедало вайна тIехь латто харцо, къизалла, вай сийсаздар, иза ду, Iела, нах цунна тIе берза ца буьтург, со араваькккхинарг. Цо лерац вайн дайн гIиллакхаш. Вай ваьшлахь луьсту долу гIуллакх шайга а оьций, дерзоран меттана довхошна юккъе мостагIалла дожадо. Юьртана тIе муьлаш хIиттабо Iедло? Хьекъале, оьзда, нийсо ен йолу нах ца хIиттабо. Доккхачу тайпанах, хьалдерг, харц-бакъ ца хьехош, шаьш дIакховдийнарг дендерш хIиттабо. Иштта бу массо юьртдай а, къеданаш а, молланаш а. Церан гIоьнча ву гай юьзна мел верг Уьш берриге а Iедална бохкабелла нах бу. Уьш Iедало вайна тIе хIиттийна шегахьа болу дела, вайн мостагIий болу дела. Церан цхьа барт бу! Тхуний, тхан захалашний юккъе деана дов иштта гена дер дацара тхан а, махкатIхойн а юьртдай оцу юкъа ца боьллехь. Оха тхайн вешина Солтмурдана ялийна йоI шайн кIантана езаш хилла махкатIхойн юьртда. Цара къайллах лелийнчу хIуьц-пуьцалгаша эккхийтира тхуна юккъе мостагIалла. Цара тхох а, оха царах а цхьацца стаг вийра. И шиъ дуьхь-дуьхьл а вахана, тхо нисделлера. Наха тхуна юккъехь машар бичхьана дIадолуш гIуллакх да-

ра. Амма Iедал дуьйлира юкъа. Тхан юьртда а, пурстоп Чорний а. Юьртдас пурстоьпана тIе мотт бехьнера, цо тхо Ведана дIадийхира. Виъ стаг. Тхан да а, со а, девешин кIант Iеламха а, Солтмурдан доттагIа Iизраил а. Дахара тхо, керахь герз а доцуш. ХIумманах шек а доцуш. Iедал Iадда Iийчахьана, иза дIалистаделла даьлла гIуллакх хеташ. ГIопан баролал чоьхьахь, салташна юккъехь майравелира Чорний. Когаш, куьйгаш дехкийтина, суна тIара туьйхира... Цигара дIа Соьлже а дигна, суьдехь хенаш а тоьхна, Сибрех хьовсийра. ХIунда? Оха ялийна йоI махкатIхойн юьртдена шен кIантана езарна. Иза тхан юьртден хьаша волу дела. Уьш берриге а Iедалан хаькамаш, бартахой, сан а, со санначийн а мостагIий болу дела. Тхо кIелхьардоху шаьш бохуш, тхо да мел долу хIума а доьхкина, облакатана делла ши бIе туьма а, хи чу тесча санна, дайра. Баьржина дIабахара, тIера боьрша нах дIабевлла, тхан миска бахам а. Полконака шена дина иэхь а, тIебеана бала а ца лабелла, велира къена деда. Сибрехахула хьийзина, юха а Соьлжан набахте далийра тхо. Дов юха хатта. Амма Чорний юха а тIетаьIира тхан гIуллакхана. Цунна хаьара, оцу чуьра со араваьлча, шена хиндерг. Хьалхалерра хенаш тIехь йисира тхуна. Iизраил набахтехь кхелхира. Со ведира. Сибрехах кхеравелла а ца ведира. Iожаллех озавелла а ца ведира. Суна ца дицлора Чорнис сайна тоьхна тIара. Суна ца йицлора Дабролскис сайн дедена, сира маж а лаьцна, йина яппарш. Ца вицлора, тхоьгара дIаяькхина йоI шен кIантана а йигна, Iеш волу махкатIхойн юьртда. Ца йицлора Ведана-гIап — и кхахьпанийн, хьакхарчийн бен. Цундела ведира со. Царех нийсонан биэкхам эца. Халкъан мостагIех биэкхам эца. Сайн дегIа чуьра са дIадаллалц царех лета, уьш къиза хIаллакбан.

— Амма Iедало шен газеташна, жайнашна тIехь ца боху хьо халкъан маршонехьа, Iедална дуьхьал къуьй-

суш ву. Хьо оьрсашна дуьхьал, оьрсийн Iедална дуьхьал ву, хьо талорхо, адамашдайархо, тешнабехкахо ву бохуш кхайкхаво. Хьо ца вевзарш теша оцу аьшпех, къаьстана кхечу къаьмнех долу адамаш.

Iелин дешнаша ойла яйтира Зеламхане. Куьйга корта а лаьцна, шен гIайгIане ши бIаьрг цIерга а боьгIна, цергашца бухара балда а къуьйлуш, мекхех куьг а хьоькхуш, вехха Iийра иза ойла еш. Левси санна, ийалора цуьнан шуьйра накха.

— Хаьа суна. Амма уьш цхьа а бакъ дац, — элира цо доккха са а даьIна. — Со а ца лела хазахета. Цхьа минот яц синтем болуш. Наггахь нехан хIусаме нисвелча бен бовха кхача ца боу ас, бовхачу метта ца вуьжу. Йисина ерриг хан, акхачу экхано санна, хьаннашкахь, лаьмнашкахь токху ас. Ерзанчу стигли кIел. Iай а, бIаьста а — массо хенахь. Да вийна сан, вешех ваькккхина. Хьан сий дала дойла, доьзалш бу сан Сибрех. Мичхьа бу а, дийна бу бац а хаац. Iедалан кера ца бахийта гIерташ, сайца бовдийна дукха лелийра ас уьш. Амма, со адамаш дайархо вац. Ас дойурш ямарт жIаьлеш ду, вайнах бойуш куьйгаш а, муцIарш а цIийша юьзна лела Iедалан хьаькамаш, церан гIоьнчий. Ас цхьа а стаг ца вийна тешнабехкаца. Айса стаг велий, ас цуьнга хьалххе дIакхайкхайо сайн кхэл, ахь зулам дитахь, маьрша ву хьо, ца дитахь, ас вуьйр ву хьо олий. Ас къинхетамза бойу эскарехь гIуллакх деш а, Iедалан гIуллакхехь а шаьш боццушехь со лаца, со вен, сан коьртах шайна ахча хиларе догдохуш, Iедалан юьхь а лаьцна, сайн лар толлуш леларш, моттбеттарш, ямартхой. Оьрсашца, керстанашца дац сан мостагIалла. Ас цхьа а машаре керста ца вийна, диканиг бен вон хIума а ца дина царна. Сан тIом паччахьан Iедалца, цуьнан хьаькамашца, церан хьадалчашца, вайна тIехь хIара къизалла латточаьрца бу. Хуьлда уьш бусалбанаш, керстанаш, мунепикъаш. Хуьлда

уьш оьрсий, нохчий, гуьржий, гIалгIай. Хуьлда иза сан да, ваша, кIант! Цаьрца бу сан тIом. Талорашший? ХIаъа, ас талабо нехан цIий Iуьйдуш, хьарам даьхни гулдинарш. Ас паччахьан банкаш кхоьхьу. Ас хьоладай йийсаре а буьгий, царна тIера ахча доккху. Амма сайн кера догIучух ас цхьа кепек сайна пайде ца хьовзадо. Мискачу нахана дIадоькъу. Цхьана нохчашна, бусалбанашна декъна ца Iаш оьрсашна, кхечарна доькъу. Мискачарна, вай санна ца хьегахь а, вайга гIоьрттуш гIело Iуьйшучарна.

«Набахтехь а, Сибрех а яькхина хан эрна ца яхана хIокхуьнан, — ойла йора Iелас. — Политически тутмакхийн хIуо кхетаза ца висина. Амма нийса кхетаза хIуманаш дукха дисина. Суначул а. Шена ма-хаъара, ма хеттара къуьйсу кхуо адамашна ницкъаш барна дуьхьал...»

— Цхьана агIор-м нийса ду-кхи ахь дийриг, — шен Iалашонна тIе гIертара Iела. — Оцу агIор хьох баккха бехк бац. Амма, ахь банкаш йохош, хьолахой талош доькъучу ахчанех адамийн бакъо, къелла меттахIуттур ма яц, Зеламха. Цуьнан ойла йиний ахь? Ахь цхьацца хьаькамаш байарх паччахьан Iедал духур ма дац. Ахь байъинчийн метта кхин бохкуьйтур бу, хьалхарчел къизаниш, сий доцурш хоьржуш. ТIехула тIе, ахь цхьа хьаькам вийча, Iедало бехк боцу итт нохчо воь, бIе Сибрех хьажаво. Хьайна лаа а ца лууш, хаа а ца хууш адам хIаллакдо ахь, доьзалш байлахь буьту. Iедало эххар вуьйр ву хьо. Я тIамехь, я цхьаммо тешнабехк бина. Хьан корта беанчунна берхIитта бIе туьма ахча а, кхо бIе десятин латта а кхайкхийна Iедало. И ахча пачхьалкхан хазнера а, я хьолахойн кисанара а дац. Нохчийн къехошкара даьккхина ду. ХIан, хьол тIаьхьа кхин а цхьа Зеламха гIоттуьйтур вай. Цунах а хьийзина изза хир ду. Оцу некъо толор дац вай.

Зеламха гIайгIане велавелира.

— Iела, ахь ишта аьлча, нехан хIун бехк бу. Шайх Мовсаран заманахь дуьйна схьа паччахьан эскарша хIаллакдина адам, ярташ, Сибрех хьийсийна доь доцуш байнарш — уьш берриге а сан бехкенна хилла хIаллак? Со дуьнена ваьлла а дац ткъе кхойтта шо бен. ХIун дан деза ткъа, молланаша ма-хьеххара Iедало дечу дерригенна а садетта деза?

— ХIан-хIа, садетта ца боху ас, — хаза элира Iелас, стаг тIеверзош долчу шен дог цIенчу озаца. — Юха а боху ас хьоьга, ахь цхьа хьаькамаш байарх, паччахьан Iедал духур дац. Я масийтта шарахь тIом барх доха а ца делла нохчашка шайга. Мосазза гIиттина уьш цхьаболчу лулахошца а. Амма даима цIийла керча. Оццул доккхачу оьрсийн къоме а ца даккхало шена тIера хIара Iазап. Ткъа, бакъболу къийсам хIинцца болалуш бу, Зеламхо. Ша тайпа къийсам. Оьрсийн паччахьан махкахь мел деха къаьмнаш цхьаьна а кхетта, цхьабарт бина гIевттича, тIаккха баккхалур бу толам. Ахь элира-кх вайгарчу Iазапан, балин, бохамийн, вайна тIехь латточу харцонан нана — вайна тIера Iедал ду. Кхузахь хьаькамаш байарх Iедал духур ма дац. И нана мел ю, цуьнан кIорнеш — хьолдай, эпсарш, инарлаш, церан хьадалчаш кхуьур ю. Яйарх кхачалур йоцу и кIорнеш цкъа а дуьненчу ца йовлийтархьама йийна дIаяккха еза оцу кIорнийн нана — паччахьан Iедал. ХIара доха а дина, кхин вешан къехойн Iедал хIоттийча бен маршо хир яц вайна. Иза дийр ду, кестта хинболчу, паччахьан Iедална дуьхьал халкъаш цхьаьнакхеттачу ша тайпанчу тIамо.

ТIепаза яйра Зеламханан бIаьргашна чуьра гIайгIане мархаш, оьгIазлонан цIе. ХIинца царна чохь йовхо йогура. Халла хаалуш делакъежира балдаш. Сатийсамо цхьана юкъана деллачу ирсо къагийнера цуьнан юьхь. Iелас дуьйцучунна реза хилла, корта теIабора цо.

— И дешнаш суна дуьххьара мичхьа хезна хаьий

хьуна, Iела? Орамбургехь тхо совцийна долуш цхьана оьрсечуьнгара. Изза дийцира суна кху аьхка Шуьйтангlопарчу цхьана шина салтичо а. Цхьаъ лор вара. Махсам. Инзаре дика ши стаг Къайлах тIе а оьхуш, сан шина накъостан чевнаш тойира Махсама. Оццул ас кхийдорах мах а ца ийцира. Вуккхо, Аликсес и ахь боххург дийцира суна.

«XIета, тхан лаьмнашка а кхаьчнений социал-демократийн Iилма. XIан-хIа, мелла а цаьрга ладоьгIна стаг, иза мел боданехь валлахь а, серло кхетаза ца вуьсу» — ойла йора Iелас.

— XIинца вуй Шуьйтахь и ши стаг? — хаьттира цо Зеламхане.

— Вац. Дукха ца хилира и шиъ цигахь. Аликсе лаьцна Сибрех вахийтира. Балшек ву бохура иза. Паччахьан Iедална дуьхьал. Махсам вайн махкара дIаваькхира.

— Кхин буй вайн махкахь хьуна бевзаш и шиъ санна ойла йолуш оьрсий?

— Соьлжа-гIалахь ву цхьаъ. Суна хетарехь, цуьнан дуккха а бартахой бу цигахь.

— XIета, хьуна-м суначул дика хаьа дарц дала гергa дуйла, — резахилла велакъежира Iела. — Керлачу тIамехь керлачу новкъа гIур ду вай. Динадайша вайга керстанашна дуьхьал гIазоте кхойкху зама яц хIара. XIинца кхета доьлла керста а, бусалба а къаьмнаш. Царна хаа доьлла шайн мостагI мила ву а, доттагI мила ву а. Оьрсашна, гуьржашна, кхечу керста къаьмнашна дуьхьал ойур дац вай герз. Ткъа цаьрца цхьаьна, церан а, вайн а юкъарчу мостагIчунна, паччахьан Iедална дуьхьал ойур ду. Паччахьна, цуьнан бартахошна дуьхьал халкъаш гIевттинчу. Кху керлачу, тIамехь шен халкъана нийса некъ гайта кхечу халкъашца барт кхолла, царна юккъехь нийсо дIакхехьа, хIор халкъан коьрте хIотта даккхий хьекъалш а, Iилма а, хьуьнарш а долуш, май-

ра, оьзда къонахий беза. Зеламха. И къонахий хила беза халкъо лоьруш, сий деш, халкъ тешаш. Хьан сий ду вайнахалахь хьовха, ДегIастанахь а, ХIиричохь а. Хаалахь, Зеламха, хьо а, хьан накъостий а санна кIентий вайн халкъана кестта чIогIа оьшург хилар.

«ХIусамдайша догах хьалха биллина кхача а биъна, шаьшиъ паргIатваьллачул тIаьхьа хьеше гIуллакх — болх хаьттира Iелас.

— Делхьа, Iела, хьо ган лаар бен кхин гIуллакх долуш ма ца веана со-м, — стенна делахь а цхьана хIуманна ийзалуш къамел долийра Зеламхана. — Наха вуьйцу хезча, хьо гаре сатесира ас. Дуьне девзина, халонаш Iийшина, замано хьекъал делла стаг веш вуьйцура наха хьо. Хьоьгара хьехам а оьшура. Хьо ган а лаьара. Мел дийцича а, Шемалан бIаьхойх нах кIезиг бисина хIинца. Ахь бехк ма билла, Сибрех болчу сайн доьзалх хIума хьуна хааре дог а дохура ас.

— Дависа цуьнан, Зеламха, ма ца хезна-кх суна церан хабар. Соьций, со волчу агIоррий-м муххале а вацара вайнехан стаг, уьш дуьненчохь буй-техьа аьлча санна, даьккхира ас хIара тIаьххьара ткъе ялх шо. Мичахьа хета хьуна уьш?

— Минусинск олучухьа.

— Минусинск. Цунна дуккха а дехьа, малхбалехьа вара со. Нерчинск олучохь. Оцу шина меттигана юккъехь, хIинца герггара хьесап дича, кхузара Уьстамалачулла некъ хир бу. Кехат догIий церан?

— ЧIогIа хьеделла. Сан хIусамнана а, ялх бер а, вешех, Солтамурдах йисина Зезаг а ю кIантаца цигахь. Ойла ехьа, Iела, генахь, боьршачу нахана а халачу Сибрех ворхI бераца ши зуда. Хууш мотт-йоза а доцуш. Тхан тайпанах бIе сов стаг ву лаьцна Сибрех. Божарий-м хIун дара, зударий, бераш дохку дагахь.

— Са ма гатде, дала бийр бу кънинхетам.

— ТІаьххьара деанчу кехата тІехь йоккхачу йоІа яздора шаьш могаш а ду, цигара оьрсий чІогІа дика а бу шайца бохуш. Сох лаьцна газеташа яздинарг дешна боху цигарчу бахархоша. Даима шайга хьошалгІа кхойкху, дІа а дуьгий даар-малар хІоттадой, сох хабарш дуьйцуьйтуш Іа боху. Цхьа хІума а ду со воккхавеш: берашна шера оьрсийн мотт Іемина боху.

— ХІаъа, вайна чІогІа оьшу оьрсийн мотт. И ца хуу стаг хьайбанах тера ву, кху ярташкара дІаваьлча. Вайна чІогІа оьшу дуьненан Іилма а. Ткъа Іедало цунна тІе вай кхачийтац. Бодане стаг Іехо атта ду. Зуламе гІуллакх серлонгахь ца дало. Амма кІез-кІезиг вайна юкъара а буьйлу оьрсийн махкахь дуьненан Іилма Іамийна нах. Бакъду, Іедало ша къастийна Іамийна уьш, Іедалехьа а бовлий, вайна коьшкала-м ховшу. Даима хир дац ишта. МостагІийн керахь елахь а, серлонах пайда балаза дуьсур дац вай. Вайна цкъа а хьашт хир боцу Іаьрбан мотт бу хьуьжаршкахь вайн бераша Іамориг. Іемаш а белира. Бац. Цигахь хьоьху жайнаш, къорІанаш ца оьшу нохчочунна. Цунна дуьненан Іилма дика ду. Іедале, хьолахошка, динадайшка ша ца Іехавайта. Шена тоьхначу буржалех маршавала.

Дуьйцурш кхачориг ца хилла, дуьххьара котам еккачул тІаьхьа пхьуйра ламазана хІоьттира и шиъ.

— Я аллахІ, хІай везан дела, — доьхура Зеламхана хозуьйтуш доІанехь. — Нагахь ас нийсадоцург дагалацахь, сан ойла оцу тІера йохаелахь, куьг духаозалахь. Нагахь ас бакъонца дерг дагалацахь, и кхочушдан ницкъ лолахь. Ас нийсонна куьг айъича бІаьрг серлабаккхалахь, куьг чІагІделахь сан. ХІай веза дела, ямартлонах, тешнабехках ларвелахь со, сан Іожалла иманехь елахь, харцонца къуьйсуш лаамца а, лаамаза а ас леточу къиношна гечделахь суна. Я аллахІ, хІай веза дела, ас дІа-

кхоьхьучу хIокху декъазчу новкъа волучух, хIокху харц дуьненахь ас токху хIара къиза хан токхучух ларвелахь бусалба а, керста а. Я аллахI, хIай веза дела, со бахьанехь Iедало махках даьхна декъаза адмаш могаш-маьрша цIадерзаделахь, со бахьанехь эшийна стаг толавелахь, хилла зен меттахIоттаделахь, беллачарна гечделахь...

Мисканна дика хаьара, цкъа цхьана ямарт матто шена тешнабехк бийр буйла. Амма ца хаьара и ямартхо Шеларчу Боьршиган IшахIаб хир вуйла а, мискачу нахера Iедало дIадаьккхина берхIийтта бIе туьмий, кхо бIе десятин латтий а эцна цо, цомгаш кIелвисина Iуьллучу шена тIе паччахьан отряд ялор юйла а, хIинца санна, доIийна куьйгаш лаьцна далла дуьхьал вирзина Iеччохь оцу ШахIаба тIе хьажийначу стага шена тIехьахула топ тухур юйла а...

Эрна дара мисканан доIа...

Оцу минотехь Зеламханна ца хаьара, генарчу Минусинскехь шен жима Ахьмад, Солтмурдан Лом-Iела а велла, шен зуда Беций, вешех йисина Зезаггий, дийна дисина пхи бер мара а къуьйлуш, догIанаха йоьлхуш Iайла...

9-ГІА КОРТА

«...ХІумма а цецдовлийла яц, ша латта оху тІаьххьара стуй, ша берашна шура йоккху тІаьххьара еттий, тІелатарш дечу хенахь вай дІадуьгуш, нохчо вайх дера летарх...»

Властов.

Лаа ца аьлла, стеган дагна тІе боьду некъ гайчухула дІа бу. Шайна тІехь политически а, социальни а нийсо-яцар латторна-м садеттара нохчаша, халаниг мацаллий, къомера Іазаппий дара. Доллучул хала ю мацалла. Ша тІейирзача гІиллакхах, зуламе ца вожош наггахь бен ца волу. И лаьттан къелло хІоттийна мацалла, къаьмнашна юккъе, къоман вежаршна юккъе мостагІалла дожорца уьш шен кога кІел латто лерана паччахьан колониальни акха политика, тІеман-феодальни урхалла дара Нохчичохь цхьаъ вукхунна тІаьххье гІиттамаш хуьлуьйтург, уьш Турце кхалхийнарг, нохчашний, гІалгІазкхийн бахархошний юккъехь диллина дов, мостагІаллий латториг.

Мацалло цІийнах а, юьртах а воккхий доьзална рицкъа лаха хьажавора доьзалан да. Кхузахь кхо некъ хІуттура цунна хьалха: я гІаланашкахь болх лахар, я хьалдолу нах талор, я аренга охьа а вахана мехах гІумкийн, гІебартойн элийн, гІалгІазкхийн латтанаш лелор. ГІалахь баха ховша бакъо яцара церан. Дукхахберш тІаьхьарчу

новкъа бовлура. ГIалгIазкхийн доларчу махках нисса ах а бацара цара пайдаоьцуш. Иза, буьйш, берзош боцуш, тIе къух даьлла лаьттара. Цундела цига гIертара нах. Нохчмахкара бIеннаш доьзалш бара паччахьан Iедало шайгара дIа а даьккхина гIумкийн, гIебартойн элашна а, гIалгIазкхийн юкъараллашна а, пачхьалкхан казнина а делла шайн латта мехах оьцуш, оцу тIехь хене бовла гIерташ. ХIор шарахь ах миллион сом ахча токхура нохчмахкахоша оцу керлачу мехкадайшна. ХIетте а правительствос шен политически Iалашонца станицийн юкъараллашний, гIалгIазкхашний доьхкура ламанхошка мехах цхьана ханна латта далар. Цара кхечарачул сов кхоъ, пхиъ, итт мах белча а. Правительство кхоьрура оцу мехаша гIалгIазкхий, ламанхой ваьштаозарна, церан доттагIаллий, гергарлой чIагIдаларна, классови къийсамехь уьш цхьаьнакхетарна. Цундела, паччахьан Iедало, нохчаший, гIалгIаший цигахь ехкина кIотарш йоха а еш, уьш лам чу, шайн ярташка дIахьийсабора.

Иштта юхабаьхначех вара пхи шо хьалха Теркал дехьара цIавеана Iаьрчхехь тоьла а яькхина охьахиъна Жаьнтамаран Мусха.

Цхьана дийнахь сагатделла хьаннашкахула кхерсташ лелаш Iаьрчхера гIашлойн новкъа хьалаваьлла Iела, цхьана жимчу ирзо тIе велира. Цхьа урд хиллал бен доцу иза керла дара. ХIинца а кIуьрзах цIанъялаза яра, керла маргIалш а хецна лаьтта, хедийнчу диттех йисина юьхкаш. Цо пачхьалкхан хьун хьаькхна а, я нехан долара меттиг чулаьцна а олийла дацара ирзо долчуьнга. Кхин дIаса шордан таро йоцчохь даькхинера иза. Басе шершина Iин чу а еана хIоьттинчу терхи тIехь даькхинчу цунна, гобаькхина ала мегар долуш, лоха берд бара.

Мокхачу басахь, уьшалан хьожа етталучу, юкъ-юкъа туьха даьллачу лаьтта тIехь можа бос бетталуш, гоьллец йогIучу хьаьжкIашна асар даккха гIерташ воллура сира,

еха маж а йолуш, векъана воккхастаг. ХьаьжкIашна юккъехь гора луьста хьалайийлла кхоьш а, гIабакхийн хуталш а.

— Ассалам Iалайкум, хьекъийла хьан! — мохь туьйхира Iелас, ша цуьнга нисвелча, саца а сецна.

Асархо, хьала а таьIна, гIовталан пхьуьйшаца хьацарах дакъийнчу хьаьж тIе куьг а хIоттийна, схьахьаьжира.

— Ва Iалайкум салом! Дела реза хуьлда хьуна а. Ванах, Iела, хьо вац хIара? — Шен цел белша тIе а тесна, хьаьжкIашна юккъера схьавелира Мусха. — Ахь хIун леладо, лаа мукъа вуй хьо?

Iелина иза ца вевзара.

— Сагатделла, дукъе ваьллера-кх.

— TIаккха, могаш маьрша лелий? Охьалахлохьа. КIант а, кIентан доьзал а буй могаш?

— Дала дика кхобу. Шу муха дохку ткъа?

Мусхас доккха садаькхира.

— Шу бохург дан а дац, со воллу-кх кху холбатахь хан токхуш. Охьалахлохьа, кхуза, баца тIе. Жимма дарадацара а олуш, садаIа вайша. Хьуна-м со вевза а хир вац, Iела. Хаьа суна ца вевзий. Со вевзаш нах кIезга бу кхузахь. Ас вийцича-м вовза мегара хьуна. Тохара, шу Хонкара дахале цхьа шо хьалха, тхан дай, сой шина Терка юккъе кхелхина ваха араваьллачу дийнахь, кетIахь тхуна тIе нисвелира хьо. Цул тIаьхьа шовзткъе бархI шо даьлла, хIетте а, оцу дийнахь, тхо юьртах довлуш, ахь тхан дега догах аьлла дешнаш цкъа а ца дицло суна.

— Мила вара шун да?

— Жаьнтамар.

Iела цхьана минотана шен ойланашца шовзткъе бархI шо кIегар вахара. Цунна хьалха схьахIоьттира Васалган урд аха шен старца божа сту лаха ша араваьлла де,

стерчийн варданна тІе шайн сал-пал а йоьттина, царна тІехула тІе кІентан бераш а ховшийна, новкъахь лаьтта къена Жаьнтамар. БІаьргех хиш а лешаш, Іодика йора цо ша новкъа ваккха бевллачу лулахойн. Іелина чІогІа чам байра иза кхелхина Теркал дехьа воьдийла хиъча. Вуьшта а кІезга бисинера юьртахь нах. Белларш-м денлур бацара, ткъа хІара дийнанин мукъана а юьртахь совцийла лаьара цунна.

— Вон кхелха шу цига,— элира Іелас Жаьнтамаре,— лахь а, дисахь а кхузахь цхьаьний Іийр дара-кх. Вайнехан латта ма ду аш йолах лело схьаоьцург. Жимма яхь хила ма еза кийрахь...

— ХІун дийр ду, Іела, — корта ластийра, цо дог дика бохург шена хІуьттаренна доцийла хуучу Жаьнтамара. — ВаллахІ делор, хІумма а хазахеташ ма ца воьду хьуна со цига. ХІара цІоз кхузахь хене даккха хала ду. КІентан доьзалш ма болабелла сан. Со, вайна ма-хаъара, тІевеана стаг ву кху юьртахь. Пхьоьханахь сий дац сан. ТІехула, тІе, дайн хиллачу махка тІехь, церан кешнашна уллохьа ва́ха а, вала а, лаьттах ваха а лаьа. Шу а ма дац кхузахь даладелла Іеш. Со санна, тІебаьхкинчара йолчу тІе а гатто йина шуна...

Ша Гати-юьртара а вацара Жаьнтамар. ТІом болчу хенахь Соьлжан йистера я Теркал дехьара веанера хаац, оцу шиннах цхьанхьара-м, ягийнчу шайн юьртан метта гІалгІазкхийн станица йиллича, доьзалца Нохчмахка веана, Гати-юьртахь сецира иза. Жаьнтамар санна, чоьхьара бевдда хьалабаьхкина доьзалш Іаламат дукха бара Нохчмахкахь. Вуьшта а гаттехь бохкучу кхузарчу бахархошна лаьттан къелла йинера цара. Цара сатуьйсура, тІом толамца чекх а баьлла, шайн махка юхадерзаре. Кхузахь гуттаренна а совца ойла йоцчу церан дог ца летара хийрачу юьртах, адамех. ТІом болчу хенахь церан дог оьцура бухарчу наха. ТІом чекх ма-беллинехь

дIа гIур болуш, цкъачунна тIе баьхкина хьеший лорура уьш. ТIом чекхбелира хIорш оьшуш. ГIалгIазкхийн ярташ кхеран лаьтта тIехь йисира, ткъа хьешалара бевллачу ЖаьнтамаргIеран сий дайра нохчмахкахойн ярташкахь. Церан цIе — тIебаьхкина нах яра. Юьртахоша боькъуш мехкан дакъа а, кхеташонехь куьйган бакъо а яцара церан. Дерригенан а ойла йича, Iелас бехк а ца буьллура царна кхелхина бахарх. Уьш муха бехар бара кхузахь? Берриге мохк наха дIалальцнера. ХIор шарахь вовшех летара шу къуьйсуш. Хьалха-м доьзалехь кIант кхиъча, я юьрта тIе стаг веъча, цунна мохк бокхура, хьун а хьокхий. ХIинца хьун хьокхур олийла а дацара. Ерриг хьун пачхьалкхо шен дола яькхинера...

Iела дIахьаьжира шен къамелхочуьнга. Хиъна Iечуьра кхийдаш, хьаьжкIашна гонахара асарш куьйга дIадаха гIерташ воллура иза.

— Цуьнан шина кIантах муьлхарниг ву хьо? — хаьттира Iелас цуьнга.

— Воккхахверг. Мусха.

— Мусха... Хьо-м хIетахь вара моьтту суна, доьзал болуш?

— Кхо кIант, ши йоI дара. Уггар доккхачун ворхI шо дара...

— Ткъа, хьан доьзалх хIун хилла, Мусха?

Мусха вист ца хуьлуш Iийра вехха.

— Дийца воьлча дахлур ду иза, Iела, — элира цо эххар а. — Доьзалх хилларг сайн ма-хуьллу лечкъадо ас. Дийцича дерриге а карладуьйлу, ца дийцича цIеран уьйриг хуьлий кийрахь хьийза. Амма, хьоьга дийцаза Iалур вац. Баланаш дукха Iийшина ахь. Соьга гIуьрттуш, цхьа стаг ву. Цхьа бохам шена тIе беъча стага ойла йо, ванах сан декъе воьжна стаг кхин вуй техьа олий. Шега нисвелларг карийча дагна хьаам хуьлу. Хьан кийрахь сингат-

там бу, Iела. Амма и хьайгарниг гIан тарлур ду хьуна, соьга ладоьгIча.

Iела хьалххе цецвелира, Мусхас дуьйцун долчух. «Суна ца гинарг, ас ца Iаьвшинарг, хIокхунна тIе хIун деана техьа?» — хоьттура цо шега.

— Хьуна хууш ду, мацах цкъа, тхан да, тхо а эцна кхузара кхелхина Шина Терка юккъе вахар. Цигахь гIалгIазкхийн юрт ю. Цунна уллохь жима кIотар а йиллина, даха хевшира тхо. Тхаьш цигахь дитарна а, тхаьш лелочу махках а юьртана мах лора оха хIор шарахь. Иштта ехкина кIотарш дикка яра аренца. Нехан чу хIиттинчу ялхойн доллучул а сий дацара тхан. Кху агIор ярташкахь я гIалахь вайнахера шайна ца товриг даьлча, тхо сийсаздора. Цхьанхьа шайна къола дича, тхох, кхелхина даьхкинчех оккура. Оха тIе къуй лестабо олура. Дуккха а меттигаш нислора гIалгIазкхашна дина къола бехке доцчу тхоьга меттахIоттадойтуш. Дукха хьолахь и къолаш кхузарчу наха дора. Амма нохчийн къуй цига кхуьйлурш тхо дацара, цигара гIалгIазкхий шаьш бара. Уьш шаьш ма бу нисса ах, вай санна, цхьа пекъарш. Цуьрриг вайца мостагIалла а ца дезаш, мелхо а, вайца машаре баха лууш. Дерриг дохийнарш, вайна юккъе питанаш туьйсу и хьалдолу гIалгIазкхий бу. Уьш бахьана долуш сих-сиха девнаш лелха вайнаханий, гIалгIазкхашний юккъехь. ТIехьа агIорхьа цхьа стаг вахара тахана кхузашха дIа. ХIинцца, кху деношкахь, гIалгIазкхийн, гIалгIайн ярташна юккъехь доккха дов хилла, гIалгIайх масийтта вийна, масийттанна чевнаш йина, Яндаркъа йохийна бохуш, дийцира цо. Иштта хиллачу девнехь, тхо цига дахана дукха хан а ялале, вийра сол жимаха волу ваша...

Яндаркъахь хилла дов Iелина а хезнера. Троицки станицана уллохь вийна карийнчу цхьана гIалгIачунна тIехула яндаркъахошний, Троицки станицерчу гIалгIаз-

кхашний юккъехь кхийсарш йолаелча, шапчарна гIоьнна баьхкинера гондIарчу ярташкарий, станицашкарий гIалгIай а, гIалгIазкхий а. ТIом болабелча, шайна ницкъ хила боллийла хиъначу гIалгIаша дов къасто а, шайн машар бан а эскарш дехнера. Царна хаьара, бацахь а бехк шайна тIехь буьсур буйла. Шеца пулеметни рота а, гIашсалтан батальон а, кхо бIе гIалгIазкхи а волуш, схьакхаьчначу отрядо, довхошна юккъехь машар баран меттана Яндаркъа йохийнера. Дуьйцура, ткъех стаг вийна, оццул нахана чевнаш хилла, дукха даьхний, цIенош дагийна, доьзалш эрна арахь бисина бохуш.

— Иттех шо хьалха, кIотарш а йохош, цкъа цигара дIадехира тхо. Нехан цIенош вовшах а дохий, мегаш болу гIирс гIалгIазкхашна бухкура, пайденна боцург багабора. Гонах салтийн ха а хIоттийна, тхо хьаладалийра. ХIетахь сан аьтто хилира сайн а, кIентан а цIенош дийна дита. Тхан хьешаша, гIалгIазкхаша, Iедале элира тхан цIенош шаьш эцна, уьш хье ца деш дита. Цхьа хан яьлча, цига вухаверза ойла яра сан. Кхин мича гIур вара? Хала-м дер дара цигахь. Шалха налогаш тоькхура. Тхаьш гуттаренна а дIаяздинчу ярташкахь а, цхьана ханна дехаш долчохь а. ХIетте а, хьалавеана кхузахь цхьа шо а даькхина, тхешан доьзалшца юха а охьавахара со. Тхешан цIенош чу. Шина гIалгIазкхичо, дала аьтто бойла церан, цхьа хьостам ца оьшуьйтуш, Iалашдинера уьш. Ши-кхо шо а делира тийна, Iедало со ца хьевеш. Цхьа хаза бахам а хIоьттира тхан. Даьхни а IаьIира. Шина кIентан а, сан а даьхни дагардича шиъ шуьста а, кхаарийчу яхана ши старгIа а, биъ етт а, цхьа говр а яра тхан. Деле тхаьш меттах ца хьедар доьхуш, ма-хуьллу юьртан Iедалх а къехкаш Iара тхо. Амма диъ шо хьалха юха а йохо йолийра вайнехан кIотарш. Сан хьеший мел дика хьийзарх, хIинца кIелхьара ца валавелира со. Гуьйранна меттахъхьадира тхо. ДогIанаш,

ткъевнаш йолуш хан яра иза. Ницкъ ма бацара оцу доьхначу некъашкахула лома хьала кхалха. Кхораш санна, кегий бераш дара шина а кIентан доьзалехь. Теркана ша баллац ца Iийча, дехьа довла тIай дацара. ХIетталц, лайн некъ хIотталц дитахьара бохуш оха а, тхан хьешаша гIалгIазкхаша а дехарш деш, Iаьна кIел дахара тхо. Дуьххьара ло ма-тессинехь, шеца салтий а балош веанчу юьртдас, цигахь атаман олу цунах, кхо де далале юьртах ца довлахь, шаьш цIенош дагор ду элира тхоьга. Цара къинхетамза и дийр дуйла суна дика хаьара. Иза дира цара оцу некъехь шаьш ГIизале йохош а. ХIун дийр дара. Тхешан сал-пал стерчийн шина салазана тIе а йоьттина, тIехула тIе бераш а ховшийна, болх далла тIе а биллина, новкъа девлира тхо...

Мусхана дуьйцучуьнга ла а доьгIуш, цуьнан тоьле бIаьрг беттара Iелас. Йиллина разъяьлла лаьттачу неIарехула дIахьаьжча поппаран маьнга а, оцу тIехь яржийна кетар а, сонехь хIоттийна бердаьнга а гора. Арахь, кхерча уллохь бертал тоьхна Iуьллура чуьйнан горга яй а, тIехь сискал ятта тойина тIулган экъа а.

— Жимах волчу кIентан кIант тIехьа а хаийна, говрахь даьхни лаьхкина салазашна хьалха вогIу со, суьйранна Теркана герга гIоьртича, берашка дохне хьовса а аьлла, гечо лаха дагахь чехка хьалавахара. Ша тIехула дехьаяьллачу берзан лар карийра суна, хица дIасаволавелча. ТIехьа хаийна кIант а волуш, берзан лоррах цкъа дехьа а ваьлла, юха сехьа а ваьлла, шан чIогIалла зийра ас. Буто бацахь а, чIогIа бара иза. Хууш ду, ша мела хилча, оцу тIе борз ца йолийла. Цунах цхьа дегайовхо хилира. Со цигахь лаьтташ схьакхиира салазаш. Салазаш тIе яхале, юха а ша зе дагахь, вукхаьрга собар де а аьлла, даьхни лаьхкина дехьавелира со. Салазаш лан декхар хетара шано. Сехьа довла аьлла, цаьрга куьг а ластийна, нацкъар дIахьаьддачу старгIина тIаьхьа-

ваьллачу суна сайна тIехьа цкъа цхьа хIума эккхаш а, тIаккха вон маьхьарий а хезира. «Дада, ша кагбелла!» — мохь белира суна тIехьарчу кIентан. Вуха хьаьжначу суна дайнарг ма гойла-кх вай дезачунна... Кагбелла ша, тIедаьлла хи. Шайн ненан пхьарс лаьцна цхьаъ, шен керадеанчу цхьана берах хьерчаш важа, цкъа буха воьдуш, тIаккха тIевуьйлуш, хи чохь ветталу сан ши кIант. Чуханашца тIе ялтийи галеш къевлинчу салазаша хи буха ийзо стерчий. Шина кIантах цхьаъ мукъа кIелхьара ваккхалур вацара техьа аьлла, вагийча санна, дIахьаьдира со. Мичара. Со тIе кхачале и шийтта адам, биъ стуй дIа а хуьйдина, кагбелла шаш а, тIеяьлла сал-пал а айбина, жижигах дуьзна там хиллачу экханах тера, буркъаш туьйсуш керчара буьрса Терк...

Мусхас шен къамел сацийра.

— Ткъа, дийна висина кIентан кIант вуй хьоьца? — хаьттира Iелас, хIоьттина тийналла йохорхьама санна.

Мусхана доккха садаькхира.

— Кхин дIа дийцар гуттар хала ду, Iела. Цундела сецира со.

Кхехкийча санна макхвелла, хьацар тоьхна, гIайгIано хьарчийна цуьнан юьхь тера яцара цхьа сахьт хьалха Iелина гинчух.

— Цкъа ойла хилира сан, Терка чу а иккхина велла дIавала, — цхьа хан яьлча, къамел кхин дIадора Мусхана. — Нека хууш воцу, тIехула тIе къена со хи чу ваьлчахьана веллий вара. Валаро бен йойур яцара сан кийрахь кхерста буьрса цIе. И инзаре къа а, эхь а тIеэца сацам бира ас. Ша тIе даьллачу хи чухула дIавоьдуш, хIун дара а хаац, цIеххьана вухахьаьжира со. Воьлхуш йишхаьлла, ша шех кадетташ хи йистехула дIасауьдура кIант. ТIаккха, цIеххьана, сан дагара хиъча санна, ши куьг хьалха а кховдийна, «Вай дада, со ма витахьа, ас хIун дийр ду хьо ца хилча...» — шийла мохь аьл-

ла, суна тIаьхьахьаьдира иза. Оцу беро ойла яйтира соьга. Хилларг хилла ма даьлла. Царна тIаьххье со оцу ша кIел пэккхарх нисдала хIума дацара. ХIара буо, сол тIаьхьа доладан стаг воцуш ша дуьсу. Дала диллина де кхаччалц Iен веза кху дуьненахь аьлла, вухавирзира со. Хилларг хууш санна, Iоьхуш, доьхна хьийзара бежнаш а. Со вуха шена тIевеъча, къаьрззана соьга а хьоьжуш, кIегар гIертара кIант. ТIаьхьа хиира суна и цецваькхинарг хIун ду. Цхьа сахьт хьалха Iаьржа сан кортий, мажжий, ло санна, кIайделлера. Чу алу йоьхкича санна, богура кийра. ХIун дан деза ца хууш, тентакбаьллера корта. ДIавахана орца ала, гергахь юрт яцара. Орца деъча, цо хIун меттахIоттор дара. Ша кIел дахана шийтта адам денлур дацара, гIоьнна дерриге дуьне деъча а. Декъий схьакарор олийла дIаяьллера. Буьйса тIекхаьчча яьллера. Жимма са меттадеъча, даго диканиг ца хьоьхур техьа аьлла, циггахь буьйса яккха сацам бира ас. Цу тIе, са ма тесса арадаьхна, сарралц некъ бина даьхни а ма дара мацделла, кIадделла. Сайна бохам хиллера бохуш, уьш дIатийсина дуьтийла а яцара. Вахана, баькхкхина цхьа мор эрз а беана, цунах цIе а латийна, циггахь туп тоьхна, буьйса яккха сецира тхойша. Iуьйрре хIума кхаллархх, кIант а вара меца. Бер бер хуьлий ма дуьсу диканехь а, вонехь а. Амма тхойшингахь рицкъа дацара бага долла. Ден экха я олхазар карор дацара техьа аьлла, дохна гонах хьийзаш берзалой хилахь, уьш а къахко дагахь сайна тIера кетар хаьрчийна, кIант охьа а хаийна, тоьпаца эрзала велира со. Вехха волавелла леллачул тIаьхьа, хIума карорах дог а диллина, вухавирзинчу суна эрза юккъехула сайна дуьхьал цхьа хIума йогIуш хийтира. Борз я нал ю хьуна иза аьлла, татанаш хеззачу, эрзаш меттахъхьеччу хьажош топ йожийра ас. Сан топ ели, цхьа экханан боцу мохь а, тIаьххье узарш а хези суна. Юха дIатий уьш. ТIаккха оцу узарех цецваьлла,

волавелла эрзаш дIаса а теттина, хьаьжначу суна хьалха, шалха а вахана, мелчу цIийлахь Iуьллура... сан кIентан кIант.

— Остопираллахь, дала хьуьнар ло хьуна, Мусха! — шашаха мохь белира Iелин. — Дала собар ло хьуна, ма даккхий хIуманаш ду уьш цхьана дийнахь стагана тIе даздала!

Ткъа, Мусхин якъаеллачу юьхьа тIера, дуькъачу цIоцкъамашна бухара боккха, гIайгIане ши бIаьрг, чохь са доцуш санна хьаьъна дехьа баса боьгIна бара. Хьанна хаьа, кху акхачу хьуьнхахь, холбатахь санна, ша хан тоьккхуш волу Мусха цкъацкъа къонахаллех вухий, бIаьрхийн каравоьдуш хила а тарлора. Иштта яьккхинчу хено дакъийна хила а мегара, чуьра тIуналла ца йолу, и хIиттина бIаьргаш. Амма, цуьнан дакъаделла некхау сеттош, кийрара хьалагIерташ къаьхьа бала бара. Iелина гора, сиха дечу къурдашца цо иза юханехьа чутеIош.

— Миска, цигахь ша висча кхеравелла хилла а хаацара я суна сагатделла а хаацара, мухха делахь а, со хьевелча суна тIаьхьагIоьртина хиллера и миска! И буьйса цигахь а яьккхина, шолгIачу Iуьйранна, кIентан дакъа сайна хьалха а лаьцна, дисина бежнаш а лаьхкина, гергахьа йолчу юьрта вахара со. КIант цигахь дIавоьллира. Кхуза хьалакхаьчча, со а, сайн ший кIант а да мел волу хIума сагIийна а даькккхина, кхузахь хIара тоьла йоьгIна, охьахиъна со. Оццул дуьненна тIаьхьахьаьдда лелча, суна бисина бахам хьуна гуш бу-кх. ХIетахь, даьхни хьалха а лаьхкина Терка тIе воьдуш, ас йина мерза ойланаш. Со тешна вара, хьалакхаьчча, нахал тоьлаш суо ваха хуург хиларх. ХIинца со гуш ву-кх хьуна. Дегара охьа цIийца гулдинарг, со дIасахьаьвзана валале, Терко дIахуьйди. Шайн дуьхьа ас оццул къахьегна сан доьзалш бац. Гой хьуна, Iела, шеначулла сингат-

там боцуш стаг дукха вац хьуна. Хьан-м кIант ву, цуьнан бераш ду. Суо да мел волу хIума а, зудий, ши кIант а, царши́ннан бераш а — уьш шийтта адам хIаллак хилла, суо висча суна моьттура сайга дан кхин вон дисина а дац. Цхьа сахьт далале суна иза дицдира, сан керах кIентан кIант валаро. ХIинца а Iа со, кхин-м дац соьга дан хIума бохуш. Ткъа и хаьий? Мичара! ХIан, Iела, дIагIо. Сайн дагна хьаамана, ас бага-м йитти хьуна. Бехк ма билла. ХIокху дуьненан баланашна садетта дала собар лойла вайна!

10-гIа корта

Дуьнен чохь дуй техьа, кхочуш
Маьршачу, майрачу халкъе?
Iедалан мукъ кералоций,
Цо ша шен гIуллакхаш толлу.
Адамаллехь долчуьнга лахлой,
Сема ладугIий схьаоьцу.

Ф. Шиллер.

Оцу шеран наггахь де а ца догIура гатиюьртахошна жима я доккха, хIуъу цхьа керланиг ца дохьуш.

Хьалхара керланиг — иза Зеламхас шен мостагIа, Нохчичохь уггар къизачу администраторех цхьаъ, округни начальникан заместитель, подполковник Добровольский, подъесаул Нецветальский вер дара.

ШолгIа керланиг — оьрсийн-японски тIамера нохчийн дошлойн мятежни бIо Нохчичу цIа берзар дара. Винчу юьрта цIа вирзинера Солтаханан Солта а, Васалган Юсуп а. Солтас шен аьрру пхьарс битинера генарчу Маньчжурехь. «Акхачу» дивизерчу нохчийн дошлойн сиха догделира империалистически шина пачхьалкхо шайн олаллин классийн хьашт-дезарийн дуьхьа бечу харцонан тIамах. Уьш йолах салт бовлуш цаьрга бохура, Росси хIинца массеран а юкъара даймохк бу, иза арахьарчу мостагIех ларбар ду шун декхар. Амма дIакхаьчча царна хиира и тIом, вовшахлетачу шина а пачхьалкхан бехкенна болабеллийла, цара шайн къинхьегаман халкъийн хьашташ ца лоьхийла. Уьш кхин тIе карзахбохура сал-

тий эрна хIаллакбечу инарлийн сонталло. ДIадаханчу шеран октябрехь Маньчжурехь, Лапузо юьртана уллохь нохчийн 5-чуй, гIебартойн 1-чуй бIаьша сацам боллуш дуьхьало йира хьалхарчу юххье баха. Командованига цара дIахьедира шайна хIара тIом оьшуш бац, шаьш цIадерзаде аьлла. ТIаккха шайн герзашца тIамера юха а баьлла, тыле бахара ши бIо. Амма царна тIаьхьадаькхинчу гIалгIазкхийн эскаро цхьа масех де далале тIаьхьа а кхиъна, хьовззийна герз дIа а даькхина юхабалийра уьш. Дукха хан ялале, ханна йолчу тIеман-аренан суьдо Мукденехь суьдаш йира «бунтана» бехкечарна. Шина бIаьн командирашна: нохчочунна Тасмахилов Пашиний, гIебарточунна Керифов Зелам-Гериний вен кхэл хилира, шовзткъе ялх нохчочуний, ткъе шиъ гIебарточунний каторгехь яха берхIитта шаре кхаччалц хенаш туьйхира. Уггар хьалха бехке винчу кхойттаннах цхьаьннан — татиюьртахочун, Аьрсамирзин Эламирзин аьтто хилира суд хилале вада.

Мятежни дошлойн шина куьйгалхочух цхьанна — Тасмахилов Пашина вен кхиэл, цуьнан даккхий хьуьнарш, майраллий хьесапе а эцна, Кавказски дошлойн бригадан командиран эла Орбелианан, инарла-адъютантан Мищенкон дехарца фронтан командующис инарла-адъютанта Куропаткина каторжни белхан итт шарца хийцинера.

Шайн кIезиг махкахой Генарчу Малхбалехь империалистически тIамна дуьхьал гIовттар сиха хиира Нохчичохь. ТIамо жимйинчу Терско-Кубански полкана Нохчичохь керла дошлой эца гIертарх гIуллакх ца хилира. ХIинца шарахь эскарехь гIуллакх дийриг шовзткъе бархI туьма а лора. Амма кхузахь ца карийра цхьа а йолахо. Шайн махкахошна йинчу кхэло карзахбаьхначу ламанхошна юккъехь цхьа гIурт эккхарна кхеравеллачу сар-

далан дехарца, тІом чекхбаьлча цІа ялийна, дІахецнера Терско-Кубански дошлойн полк.

КхозлагІа керланиг дара, Россин чоьхьарчу губернешкахь стражникийн гІуллакх дан йолах нах лаха Нохчичу Петербухера цхьа полковник вар.

ДоьазлагІа керланиг дара, Кавказан сардал Воронцов-Дашков Соьлжа-гІала вар. Иза кхуза веъча шайна далалур ду моьттура нахана. Муха ца моьтту, даладалийта цо дош делла хилча. ТІехула тІе, цхьана нохчаша хьовха, цаьрца цхьаьна гІалгІаший, хІираший, гІебартоший цуьнга дехар ма яздинера. Жимма мукъа а лаьттан пагІато а яхьара, шайна тІера къиза урхалла хийцарца шайгара Іазап жимма дайдахьара аьлла. Хьалха, пачхьан Іедал тІедале шайн ма-хиллара, юьртан урхалла мукъе а шайга харжийтахьара бохуш. ТІаккха, шайна тІелеттачу кегийчу, амма Іедалан ирча дукхачу цІубдарех мукъа а шаьш пагІатдовларе догдохура цара.

Моьттура, сардал Соьлжа-гІала веъча, ярташкара лоруш болу нах шена тІе а бехна, царех дагавуьйлуш цо нохчашкара хьал толлур ду. Амма иза аьттехьа а ца хилира. Наха къастийна Іела а, Солта а, Доша а витина, шеца СаьІад а, Хьуьса а, Іабди а, Инарла а эцна Соьлжа-гІала вахара Гати-Юьрта веана пурстоп. ТІаьхьа царна тІе вахана юьрто хаьржина хІорш кхо векал сардална тІе а ца витира.

Уьш цигара цІа кхачале хиънера нахана, шайн дехарна жоп луш, сардала даькккхина керла закон. Амма наха чІагІо йинера, законца харжамаш бар тахана чекх ца далийта.

Нах вовшашца барт бан ца кхиийта санна, цІеххьана гулбинера таханлера юьртан гулам. Юьртдас а ца кхайкхинера иза. Шеца кхо салти а волуш веанчу пурстоьпо гайтира таханлера гІуллакх Іедало инзаре мехала лоруш хилар.

Лохха къамелаш а деш, хевшина Iара баккхий нах. ХIинццалц даима дукха луьйш хуьлу Аьрсамирза оьгIазе, тийна вара тахана. Мел иза гIертарх къайла ца болура цуьнан кийрара сингаттам. КIантах хилларг ца хааро са доура цуьнан. ТIамехь вийнехь-м догдиллина Iийр вара иза. Цуьнца лаьцначу шийтта стагах — ворхI нохчой, пхи гIебартой — шинна тоьпаш тоха кхиэл хилла, иттанна—шийтта шарера берхIитта шаре кхаччалц хенаш тоьхна. Накъосташца лаьцна Сибрех велахьара а, царех хирг хир ду-кх цунах а бохуш Iийр вара. Ткъа, хилларг ца хаар тIех сингаттаме дара. И сингаттам болчу тIе а алсамбоккхура йиллина кIантана йоьлхучу йоккхастеган чIеIамаша. ВаллахI, Аьрсамирзас дукха ма бехира, ма гIохьа цига, вай мацалла лахь а дац хIума. Iша бохучунна тIера ца велира кIант. Шен да санна, сиха амал йолуш стаг вара иза. Ялх баттана шена салтан йолана делла шийтта туьма цIахь а дитина вахана. Оцу шийтта туьманах кхааричу яхана ши старгIа ийцира Аьрсамирзас. ХIинца къона шуьста бу цуьнан божа а, аха болла а мегаш. Амма мел безчу мехах нисбелла цунна и шиъ къанвеллачу хенахь? Ткъа, Солтахан Солта а, Васалган Юсуп а цIа вирзи. Бакъду, Солта цигахь пхьарс битина веана, некха тIехь кхо жIар елахь а. Iший пхьарс боцуш, ший ност йоцуш мукъа а кхечи велира кхуьнан Эламирза.

Амма Аьрсамирзас цхьана хIуманах хьаам бора шен дагна. Цуьнан кIант ледарчех вац. «Цигахь Iедална дуьхьал эскар даькхинчарна юккъехь а хилла иза, ткъа шаьш лецча, суд яле вада карах а даьлла. КIант-м Аьрмирзин хила ма-везза ву!»

Аьрсамирза шен ойланех юкъахваькхира, къамел дан воьллачу пурстоьпо.

— Тахана шуьца цхьаьна вай, керлачу законна тIе а доьгIна, юьртан правлени хоржур ю, — бохура цо шен

йишхаьллачу озаца. — Амма кхаж таса дуьйладалале хьалха, шун дехарх лаьцна шуьга дIахаийтар цуьнан локхалло сардала тхайна тIедиллар шуьга дIаала а, харжамех долу керла закон шуна довзийта а деза сан. Лаьттах, доцца аьлча, и гIуллакх къасто комисси хIоттор ю боху сардала. Герз лело бакъо лац шуна. Шуна хаац герз лело. Аш вовшийн а, юха тхан а хедо къамкъаргаш тоам беш ю. ГIалгIазкхий ца багарбер вай. Уьш — пачахьан гIортор ю. Цаьргахь герз дуьту, шух Iедал лардан, аш ден талораш, къолаш совцо, шун мятежни бунташ хьешийта. Кхузахь машар, синтем латто. ХIинца юьртан урхаллех лаьцна. Шуна бакъо ло шайн юьртда а, писар а харжа. Амма округан начальнико чIагIвича бен и шиъ законехь ца хуьлу. Керлачу законо шуна боьхку, хIара санна болу, юртан юкъара гулам. Цуьнан метта хир ю аш хаьржинчу нахах кхуллу правлени. Ткъа муьлаш хила беза юьртда а, писар а, правлени хоржуберш а? Шух уггар хьекъале, дог цIена, доьналла долу нах. Амма, аш къастийна списка а йина, округан начальникана хьалха хIиттийна нах иштачех бац. Масала, аш юьртден метта билгалвина Акхболатан Ахьмад. Вуй иза тешаме стаг? ДIадаханчу Iай цо кхерамаш тийсина массар лоруш волу молла Хьуьса а, совдегар Iабди а вен. ТIехула тIе, шен мостагI хила везачу Абубакаров Iелица доккха гергарло леладо. ХIунда? Ша дуьнена ваьлчахьана дуьйна схьа Абубакаров бунтар волу дела. Цига аш билгалвина Солтаханов Солта. Со хууш вац, и мятежник шен накъосташца цхьаьна каторгехь хIунда вац?

Васалган Юсупца цхьаьна тIехьарчу могIаршкахь хIоьттина лаьтта Солта, ерриг юьхь кхохкийна, шен цхьана куьйга нах дIаса а туьттуш, хьалхахьа гIоьртира. Амма цигахь лаьттачу БIаьштига иза, шена улло писвелча, кхин ког ца боккхуьйтуш сацийра.

— Собар, Солта, дийца вита иза.

Пурстоьпана уллохь цхьана хIуманах воккхавеш я дог Iаьбна векхавелла лаьттара Iабди а, СаьIад а. Оцу юьртахь оьрсийн хьаькамийн виллина талмаж волу Iабди, шега шен декхар кхочушде олийла хьоьжуш пурстоьпе ладоьгIуш лаьттара. И шиъ мел векхавелла велахь а, даг тIехь гIеххьа вас-м йисина, царшиннан хьовха, цера накъостийн а. Цара дукха сатийсинера сардал Нохчичу вогIу волчу дийне. Сатийсира цо шайна дворянски бакъонаш яларе. Шаьш дворянски а, земски а, ахархойн а банкашна тIе кхачийтаре. И цара дукха сатийсинарг, царна гIенах а духьалхIиттинарг кхочуш ца хилира. ХIетте а, шаьш Соьлжа-гIала бахале хилларш бацара уьш хIинца. Оцу тIаьхьарчу хенахь кхоьруш горгделла, хьийзина, хебна догIмаш юха а нисделлера, дегош хилла аз хецаделлера. Цхьана ханна цара къайлабаькхина нахе болу цабезам юха а юьхьа тIе баьллера.

— Аш правлене харжа билгалбина Султхаджиев Доша, Абакар-Хаджиев Аьрсамирза... — Хамов велавелира шен маларо Iаржйина цергаш гучу а яьхна. — ХIара-м беламе дай! Цхьаъ бандит ву, схьалаца маьIиг йоцуш, оха Сибрех ца вохуьйтуш вуьту бен. Важа? Ша — бунтарь, кIант—мятежник. Нагахь салтийн тоьпо ца вийнехь, я лаьцна каторге ца кхоьссинехь, цхьанхьа даккхийчу некъашкахь разбойничать деш хила мега Аьрсамирзин кIант. Доцца аьлча, округан начальник господин Ханжалов реза вац уьш чIагIбан. Тхо дуьхьал дац, аш МаIазов Лорса шайн юьртан молла харжарна. Амма кхузахь кхин цхьаъ ду. Кестта Владикавказехь юьллуш динадайн цхьа комисси ю. Оцу комиссис толлур ду хIор юьртан моллин хаарш а, кхетам а. Цигахь экзамен луш чекхваьлларг бен юьртан молла хила йиш яц. Лорса а, Хьуьса а цига вахийта. Комиссех чекхваьлларг шун молла

хир ву. Амма юьртан урхалле кхин нах гайта. Хьекъале, дог цIена, тешаме адамаш. ХIинца Сан къамел гочдел, Iабди. Хаттарш дуй ала.

Хамовс иттех минотехь дина къамел гочдан гIерташ цхьа сахьт гергга хан яйира Iабдис. Шеггара тIедетташ, цхьацца дерш гуттар а стамдеш. Дийцира шаьш Соьлжа-гIала дIакхачар, сардална хьалха гулдалар, цо дина къамел, цуьнан юьхь-сибат а, шена гинарг, хезнарг а.

— Доцца, доцца, — лохха човхийра иза Хамовс. — Кхечухьа еттар ахь и хьайн бага. Кхин кандидатураш ялае ала цаьрга.

— ХIинца, нах, вай хьалха къастийнчу нехан кера юьртан Iедал дала реза бац хьаькамаш, — элира Iабдис, курра нахе а хьаьжна. — ТIаккха, муьлаш харжа техьа вай?

— И тхаьш билгалбинарш хоржур бу оха, я цхьа а ца хоржуш Iийр ду тхо! — хадам бира БIаьштига.

— Аш пурба делча, ас эр дара цхьа масех дош, — хьалха гIоьртира Домбин Мудар. — Вайна стенна оьшу Iедалан бертаза юьртан дай харжар? Цул, хьалхалернаш Iадда битича? Хьаькамашца гIуллакх а догIуш, тIедеанарг хIуъу листа ницкъ болуш, къонаха стаг ву СаьIад...

— Ву хьан дена неIалт хилда!

— ДIаяла оцу юккъера пис!

— ГIовгIанаш!.. Алийта цуьнга!

— Собар, нах! — мохь туьйхира БIаьштига. — Алийта цуьнга шен ала дерг.

Нехан гIовгIанаш евлча, кхоьруш хаба а хебна, бIаьрг беттара Мудара, ша юкъа теттинчу цхьана агIор жимо тоба а йина, Инарла коьртехь а волуш лаьттачу ткъех стаге.

— Доцца аьлча, СаьIад юьртда, Панта-хьажа писар

хIотто веза вай, — сихдира цо шен къамел. — Ткъа оцу юьртан правлени бохучу харжа Iабдел, Инарлел, Хьуьсел, ЧIонакъел бегIийла нах бац кху юьртахь...

— Къаьркъанан кедах дохкаделла гIизби!

— Хьий хьуна тийса иза, талу хилла, мерах!

— Ялхой!

— ЖIаьлеш!

Хамовс мосуьйттазза мохь туьйхира, нехан гIовгIанаш совцо гIерташ. Амма дуьххьар кхойкхучу нIаьнакIорничух тера цуьнан йишхаьлла аз тIепаза довра нехан оьгIазечу маьхьарийн нуьцкъалчу тулгIешкахь.

— Совца, нах, — хьала куьг лецира гонна юккъе ваьллачу Дошас, — уьшалахь пхьидаша санна, аш маьхьарий хьекхарх писдала хIума дац кхузахь.

— Стенна хьоькху аш маьхьарий, — гIовгIанаш дIа а тийна, меттиг баьлча нахана тIе къевкъира пурстоп.— ДIа мел кхаьчначохь жIаьлеш летаре ладегIа волахь, со-м кхаа баттахь вер вац сайн участкехь харжамаш бина. Варраш санна, Iоьхучу шайга ладегIа веана моьтту шуна со? Маймалш!..

ТIаьхь-тIаьхьа чуьра вуьйлуш, яппарш ян ваьлла пурстоп сацийра шен цхьаъ бен доцу куьг шаьлтанан кIайчу маьIан макъара тIе а диллина, цунна тIевеанчу Солтханан Солтас.

— ЖIаьла хьо ду-кх, кхерста жIаьла, — лохха Хамов човхийра цо. — И хIун яппарш ю ахь нахана йийраш? Айхьа дуьйцучух хIорш ца кхета дела, майра ваьлла хьо? Вир хьо ю-кх, гирзаш даьлла вир! Хьуо вир дацахьара, хьайн халкъа юккъехь хир вара хьо. Шайн цIахь ца мегнарг, нехан хьовха, Iедалан а тешам байна ямарт, къиза писаш бен тхуна юкъа хьовса а ца йо. Хьаьрса зуд!

Солтин дешнаш салташна хезна хиларна, кхеравелла Хамов дIасахьаьжира. Цхьа дика кхо салти, гулбеллачу

пахана юьстахо кертах а тевжина, вовшашца къамелаш деш лаьттара.

— АхІа, хьо вани хІара, Солтханов!— кІоршаме вела а къежна, коьртера охьа когашка бІаьрг а тоьхна, Солтина тІевогІавелира Хамов. — Ткъа хьуна хІун моьтту? Хьуо Георгин жІаран кавалер хилча, айхьа Іедалан векале хьайн бага еъанарш йийца еза моьтту хьуна? Хьан доттагІа Аьрсамирзоев суьдах ведда кІелхьара муха ваьлла суна ца хаьа моьтту хьуна? Собарде ахь! Хьайн накъосташна тІаьххье Нерчинске хьо дІавахийта тІелоцу хьуна ас. Хьоьца къамел ас кхечухьа дийр ду!

Наха юккъехь шен сийсазвар салташна хаарна кхеравелла Хамов, гІуллакх, кхин гена ца доккхуш, дита сихвелира. Амма дагахь цо дуй бинра и минот йиц ца ян а, Солтех къиза бинэкхам эца а.

— Хьо хІунда лаьтта тхоьга ладоьгІуш, и виран лергаш дуьйлина? — Іабди човхийра цо. — Кхин кандидатураш юй цхьанне а?

— Яц! Мудара цІерш яьхнарш харжа реза ду тхо! — сихха мохь туьйхира Инарлин шичас Цаьнцас. Ткъа наха юккъехь дІасабаьржинчу церан бартахоша маьІ-маьІ-Іера схьа маьхьарий деттара:

— СаьІад юьртда харжа!

— Панта-Хьаьжа — писар!

— Іабди правлени харжа!

— Хьуьса а, ЧІонакъа а!

— Шайн дена неІалт хилда шун а, церан а!

— Седа дуьхьал хоржийла уьш!

Вой даьлча санна, гІовгІа елира майданахь. Дехьа юккъехь вовшашна тІеттІа гІертара Хьомсаркъий, Цаьнций. Шаьлтанийн макъарш буйна а къуьйлуш, шайн тхьамданийн омре ладоьгІуш, хала садетташ вовшашка хьуьйсура дов долийнчу шиннан накъостий. Шеко йоцуш

цIий Iанорца чекхдаьндолу дов доладалале сацийра хIетта майдана кхаьчначу Iелас. Иза гонна юкъаваьлча, дIатийра адам.

— Нах! — мохь туьйхира цо шен паргIатчу озаца. — Аш маьхьарий хьекхарх, вовшашна хьокхий деттарх, шаьлтанаш Iиттарх, галдалахь бен нислур дац хIара гIуллакх. Юьртан урхалле харжа луучу нехан цIерш вай а яьхна, шайчарна цIерш цара а тоьхна. Маьхьарий а ца хьоькхуш, кхаж таса. Кхаж сов баьлларш вайн хьаькамаш хир бу.

— ХIун боху цо? — хаьттира Хамовс шена уллохь лаьттачу Iабдига.

— Девнаш ца деш, кхаж таса боху.

— Шун кхаж сов бер буй ткъа?

— Мичара!

— Делахь хIета, шайн худар шаьш даа! Бехирий шуьга, шайчаьрца барт а бай, нах балха бахханчу хенахь кхайкха хIара гулам! ТIаккха, кхузахь берш берриге а шуьнаш хир бара. Тодакхаш!

— ХIинца дича а... ца мега иза?

— ХIинца муха до?..

— Тахана кхаж ца тосу аьлла, адам дIа а дохийна, ваьшлахь цхьа де билгал а дина, цIехьана хьо схьавалор ву-кх.

Пурстоп, ца вешаш Iабдига а хьаьжна, кIоршаме велакъежира.

— Айхьа къамел хьаьнца до хаьий, хьуна? Со бер-м дац аш дIасакхайкха?

— Бехк ма биллалахь, господин пурстоп, хьан къа эрна дойур дац, оха...

— ХIан мегар ду, мегар ду. Амма хаалахь, айса хьоьгу къа эрна доцийла хиъча бен со вуха вогIур воцийла. Кхаж тасар дIатототу ала нахе. Кхузахь цара хIара гIурт лелорна. Доцца. Диснарг шун шуьнехь дуьйцур вай.

— Хlай нах, хlай! — мохь туьйхира Iабдис. — Аш девнаш дарна, кхаж тасарна новкъарло ярна, тахана кхаж тасар тIаьхьатотту ша боху пурстоьпо. ХIара гIуллакх галдаькхинарш муьлхарш бу хаьа, царна Iедалехь дан догIу таIзар дийр ду ша а боху. Кхаж тосу де билгал дац. Ша юха кхуза ван кхиъначу дийнахь хир ду боху. ХIинца дIадерза шайна!

— Цхьаьллиг цхьаъ дIаса ма ваьллаш! — цунна хьалха иккхира Доша. — Цкъа а тосур белахь, кхаж тахана тосур бу вай.

— Дуьло, нах, цIа! ЦIа гIо аьлча, ма латта! Мудар! Хьайн накъостий эций цIехьа яхийта!

— Кхаж хьехабо хIокхар. Кхуза-м хьерадаьлла жIаьла а хьаьвзар дац, — бохура Хьуьсас, шена уллохь лаьттачу Панта-Хьаьже. ТIаккха, нахехьа а вирзина, мохь туьйхира цо: — Тхо цхьадерш дуьхьал ду тахана кхаж тасарна!

— ХIунда, шаьш юкъахь ца хилча, овголгаш тхан куьйгех латарна-м ца кхоьру шу?

— Яхийта, яхийта, — шен цхьаъ бен доцу куьг тIаьхьа лестадора Солтас. — Оха хаьржинарг хир ду юьртан Iедал.

— Нийса боху!

— ЛадогIа, нах, Iела цхьаъ ала гIерта!

КIез-кIезиг туьйш, дIатийра нехан гIовгIанаш.

— Кхаж тасарна цхьаболчара кечам бешшехь, шуьга цхьа масех дош ала лаьа суна, юьртахой. Тохара ша хIара мохк дIалоцучу хенахь вайн халкъана ямарт, ткъа шена тешаме ялхой хиллачу вайнахах бевллачу цхьацца эпсаршна, Шамирзин БотIиний, Чермин Орциний, Къурмин Къосамний, ЧIуьлган Уллубиний, Iалханан ТIурлоний, СарIелин Бачиний, цхьа кIеззиг кхиболчарний совгIатана мохк бийкъира оьрсийн паччахьо. Кху нохчмехкан яртех иттаннан долахь долччул латта ду оцу нахах

хIораннан а долахь. Ткъа, гондIарчу къаьмнийн элашна хIоранна цо беллачул мохк ерриге а Нохчмехкан долахь а хир бац. И вешан дайн латтанаш, безза мах лой цхьана ханна цаьргара эца а оьций, леладо вайнаха. ХIетте, Iедало цига а ца буьту нохчий. Iаьрчхехь тоьла а йоьгIна охьахиъна Мусха гуш ву шуна. Цара дакъазабаьхначу эзарнех цхьаъ ву иза. И нохчийн эпсарш, инарлаш а, и гIебартойн, гIумкийн элий а, шайн долара мехкаш, вай тайпанчу къехошка юкъахь а леладойтуш, шаьш балхах куьг а ца тухуш, мерза дууш, хаза духуш, хIара дуьне ловзош лела. Вайн хьацар, вайн цIий ду цара Iуьйдург. Царех помещикаш олу Россехь. Уьш вайна юкъа баьржина шовзткъа шо хан бен яц, хIетте а уьш ца лалуш, цаьрца машар ца хуьлуш, я хир а боцуш, цаьрца къуьйсуш схьадогIу вай. Ткъа и помещикаш цIе йолу мехкадай оьрсашлахь болу масех бIе шо ду. Вай санначу, мискачу оьрсийн ахархоша къийсам латтабо оцу мехкадайшца заманан йохалла. Цара латта а, маршо а лоьху шайна. Амма паччахь, Iедал, динадай мехкадайшкахьа бу. Кхузахь санна, шайна дуьхьало йинарг набахте тосу я Сибрех хьажаво. Амма ахархой къарлац. Цара шайна латта а, маршо а лоьху. Уьш герз керахь гIевттина. Тахана сийна цIе кхерста Россехь. Ахархоша шайн дола доху мехкадайн латта, хьаннаш. Къинхетамза бойу къизаниш, цIерш туьйсу церан бахамех. Iедална дуьхьал гIевттина гIаланашкара белхалой. Паччахьан ницкъ ца тоьу шайн гIорторашна — оцу мехкадайшна гIо дан, халкъан биэкхамах уьш ларбан. ХIор юьртахь эскарш латтадойла яц. ТIехула тIе, салташа еттац ахархошна. И салтий шаьш бу селханлера ахархой, царна ца лаьа шайн дайшна, наношна етта. Амма стен совцор бу маршонехьа гIерта оьрсийн ахархой помещикийн Iазапан дукъа кIел? Хьан Iалашбийр бу и оьрсийн помещикаш оьрсийн халкъан биэкхамах?

— Цхьаммо а! Маршо — оьрсийн къехошна!

— Дайина дIадаха деза халкъан цIий муьйлу цIубдарш!

— Вайчаьрца цхьаьна!

Нуьцкъалчу маьхьарша дегадора хIаваъ.

— ХIан-хIа, вежарий, уьш Iалашбан нах карийна,— оьгIазе аз айдира Iелас. — Карийна ламанхошна юккъехь. Вайнахана юккъехь... Вайн юьртахь. Домбин Мудар, Дасин Расуй...

— НеIалт хуьлда хьолахошна къаьркъанах йохкаеллачу Мудар бохучу писана!

— НеIалт хуьлда Расу бохучу оцу тIуьйлигана!

— Дала хIаллакбойла уьш!

— Дала цIа берза пурба ма лойла царна!

— Юьртана а, махкана а эхь ду иза!

— И тайпа писаш яц ткъа вайн халкъ дакъазадаькхинарш?

Куьг хьала а лаьцна, гIовгIанаш совцийра Iелас:

— ХIинца Россех а бахана, жIаьлеш санна, помещикийн бахамаш Iалашбан бохку уьш. Тахана вайн юьртара кхо салти санна, цигахь цхьана юьрта а бахана, хIинцца дIаяхана СаьIадагIар, IабдигIар кхузахь санса, Iедална оьрсийн ахархой хьийзо, хьеша гIо дан бохку. Вайнахах шаьлтачаш ца бевлла цкъа а. Вайнахах ялхой, сагIадоьхургаш бевлла бацара. ХIинца уьш гучубийла боьлла. Амма вай совцо беза уьш. И эхь халкъана тIе лоцучул, мацалла вала веза хIора нохчо! Уггар къиза Iожалла тIеэца реза хила веза! Амма, вайн бертаза цига боьлхучарна хIун де вай?

— Кху юьрта богIун некъ бехка-кх!

— Царна а, церан тIаьхьенна а!

— Юьртах баха беза доьзалш а!

— Седа дуьхьал гIойла уьш!

Нах дIаса а туьттуш, веана Iелина хьалха хIоьттира

дерзанчу дегIа тIехь морсачу машин эттIа чоа а, хеча а, когахь якъаелла неIармачаш а йолуш, коьртахь тиша кхакханан куй болуш, юккъерчу дегIара, шовзткъа шо хир долуш векъаха стаг.

— Iела, ахь и гIовгIанаш совцаяхьара, хIокху нахе цхьа-ши дош эр дара ас.

Оцу тIелхигашна тIехула юкъах дихкинчу кхелинчу доьхкарх кхозучу безчу механ кхелинчу шаьлтанан макъарна тIе цхьа куьг а диллина, важа—хаьн тIе а хIоттийна, цхьа ког хьалха а тесна, майданахь лаьттачу нехан яххьашна тIехула шен ира хьажар хаьхкира цо.

— Шулахь цхьаммо мохь туьйхира, и Расу боху тIуьйлиг аьлла, — волавелира иза, йовхарш тоьхна, аз а тодина. — Ас хьанна къола дина, со хьаьнга еха вахана, ас хьанна хьалха корта таIийна? Я сан бераша хьенан шун дохийна? Я уьш хьенан кIари чохь карийна? Я юьрте бохам беъча, суначул тIех хьенан дагна Iаьткъина, диканиг хилча суначул хазахеташ мила хьаьвзина? ХIаъа, со къен ву. Амма, хIара сан мазакъ доьлла куьйгаш, кийрара яхь йолу дог хьанал-м ду шуна а, суна а. Шаьш ца лоруш дош олуьйтур дац цара. Суна тIуьйлиг аьлла кхахьпа гучудала, ша боьрша велахь! Iела, тахханалц со ца кхеттера айса схьалаьцначу некъах. Шуна ма-хаъара, сан исс бер ду, кертахь хьайба дац, ткъа ирзо тIера евллачу хьаьжкIаша тхо Iаьнера ца доху. Цига вахча даа-мала, духа-тилла а, шарахь шовзткъе ялх туьма ахча а ло бахарх Iехавелла, суо дIаязвайтира ас. Япо тIаме вахар санна ду моьттура суна иза. Со цигахь вехь а, берашна тIадамана бежана а, йожа хIума а хиларе сатуьйсура. ХIинца кхетта. Тхайн кертарчу итт адамаца суо тховса мацалла лийр велахь а, гIур вац со цига, и эхье гIуллакх дан! И ду сан дош.

TIевеанчу Дошас къевллина маравоьллира иза.

— Баркалла хьуна, Расу, дала дукха вахавойла хьо.

Хьан къонахаллех шек стаг вац кху юьртахь. Ткъа, тIуьйлигаш вай ерриге а ю. Амма хьан доьзал пхьуьйраза а буьтуш, тхайниш шуьнахь Iийр бац. Баркалла хьуна.

— Нагахь санна, Домбин Мудар, вайн бертаза, стражник хилла, оьрсийн ахархошна тIехь и эхье шаьлтачалла дан водахь, и Домбин Мудар юьртах воккхуш, цунна хIуй кхайкхо реза дуй шу? — хаьттира Ахьмада нахе.

— Реза ду!

— Реза воцуш стаг вуй?

— Вац!

— Кхечу ярташкарчу наха, сардалан а, пачхьалкхан а цIарах кехаташ яздина шайн маршонехьа къуьйсучу оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а гIовттамаш хьошуш дакъалаца вайнах йолах салт а, стражникашка а бохуш Россе дIакхийларна дуьхьало еш, — бохура Iелас кхидIа. — Цу кехаташна тIехь яздина, нохчий цкъа а ца хилла шаьлтачаш. Маьрша баьхначу, амма и маршо оьрсийн паччахьо дIа а яьккхина, цуьнан Iедалан Iазапан дукъа кIел бохкучу, шайн маршонехьа къуьйсучу нохчашна дика хаьа маршонан мах а, Iазапан дозалла а, къеллин къахьо а. Массо къаьмнийн къехой тхан вежарий бу, оха Iенор дац тхешан вежарийн цIий. Стражникашка язбелларш къелло бIарзбина, Iедало Iехийна, шаьш кхочушдан дезачу декхарх ца кхеташ бодане, декъаза нах бу. И нах Iехош Росси а кхоьхьуш, цаьрга тхан вежарийн цIий ма Iенадайта. Доцца аьлча, изза ду наха сардалан а, паччахьан а цIарах яздинчу кехаташна тIехь. Нагахь шу реза делахь, изза аьлла кехат вайн юьртан цIарах а яздан лаьа суна.

— Реза ду тхо!

— Бехк боцчу адамийн цIий Iенор дац вай!

— Керстанаш белахь а, вай санна, цхьа пекъарш бу уьш!

— Бусалбий, керстий къесто эшац!
— Берриг къехой цхьавежарий бу!
— ХІета, и кехат яздан векал мила во аш?
— Хьой, Солтий, Лорсий!
— Дуьхьал вуй цхьа а?
— Вац!

Іелас юкъадаьхна гІуллакхаш а къастош, цуьнца цхьаьна наха чекхдаьккхира кхаж тасаран гІуллакх. Массарна а гуччу аркъал охьабиллина бара Хьомсаркъин Іаьржа куй а, БІаьштиган кІайн куй а. Ахьмад юьртда а волуш, хоржучу юьртан правленигахьа болчара шайн овголгаш кІайчу куйна туьйсу, ткъа СаьІадагІаьргахьа болчара — Іаьржачу куйна. Кхаж нийса тасарна тІехь терго еш, уллохь хевшина Іара оцу гІуллакхана адамаша къастийна БІаьштиг коьртехь пхи стаг. Цхьа Іела воцург, массо кхаж тесна ваьллера. Шен овголаг кІайчу куйна а тесна, Іела юьстахваьлча, куйнаш бертал а даьхна, овголгаш дагардан вуьйлира БІаьштиг. Майданахь цхьа а ца вуьсуш, СаьІадан бартахой дІа а бахана, баьсса бисинера Іаьржа куй. Овголгаш дагардина а ваьлла, жамІаш кхайкхо вуьйлира БІаьштиг.

— Юьртахь куьйган бакъо йолчу пхи бІе кхузткъе ялхийтта стагах виъ бІе берхІиттаммо кхаж тесна. И дерриг кхаьжнаш Акхболатан Ахьмадана а, МаІазин Лорсина а, Солтханан Солтина а, Султхьажин Дошина а, Абкар-Хьаьжин Аьрсамирзина а биллинчу кІайчу куйна тийсина, ткъа СаьІадагІарна биллина Іаьржа куй, яьлла топ санна, беса бу. Дела а, шу а тешаш долуш, вай нийса тесначу кхожаца, Акхболатан Ахьмад юьртда, Солтханан Солта писар ву вайн, ткъа Султхьажин Доший, Абкар-Хьаьжин Аьрсамирзий, МаІазан Лорсий— цаьршиннан хьехамчаш бу. Оццу кхожаца МаІазан Лорса юьртан молла а харжавелла вайн. Цхьаннан а ала хІума дуй?

— Дац!

— Делахь, оха керла хаьржина тхан юьртан дай, дала аьтто бойла шун тхуна юккъехь нийсой, барт, машар латто, хIара юрт вонех ларъян, диканна цIе яккхийта!

— Амин!

— Нагахь санна, шун дегнашна чу ямартло йолахь, юьртан гIуллакх тIехьа а тоьттуш шайн аьтту леха шу долахь, аш харц кхиэлана дош алахь, куьг айбахь, ког баккхахь, вайн везчу дала шен нийса хьукма дойла шуна тIехь!

— Амин!

11-гIа КОРТА

И тIулган ламанаш
Даш хилла лаларах,
МостагIийн арданго
Тхо гора дегор дац.
И Iаьржа ва латта
Молханах лелхарах,
Тхешан сий доьхкина,
Тхо лаьтте доьрзур дац...
Нохчийн халкъан илли.

Цул тIаьхьа цхьа иттех де даьлча, цкъа Iусманца мангала а вахана цIа веана Iела, бешарчу Iожа кIелхьарчу бай тIе истанг а даржийна, гIайби тIе а тевжина, IиндагIехь садоIуш Iуьллура.

Таханлера де чам боцуш деанера юьртана. Делкъахан хуьлуш цIеххьана веанчу пурстоьпо, гуламе нах а кхайкхина, цаьрга кхаж тасийтинера юьртан Iедал хоржуш. Цига харжа кхожана шина а агIор хьалхатеттира дIабаханчу гуламехь цIерш яьхна нах. Амма кхожехь дакъалаьцнарш берриге а СаьIадагIеран бартахой, церан гергара нах хиллера, царна дуьхьал йолчу агIонах цIахь нисвелла цхьа масех воккхастаг воцург.

Iела хьалха дуьйна а шек вара оцу тешнабехках. Округан начальнико чIагIбийр бац хьалха хаьржина АхьмадгIар. Амма, наха къобал а бийр бац тахана хаьржина СаьIадагIар. Ши Iедал ду-кх юьртахь. МостагIаллин шина тобане екъаелла юрт. Къечийн тоба йоккха ю, амма церан мостагIийн агIонгахьа лаьтташ нуьцкъала Iедал ду. Юхадовла мегар дац. Амма наха шайга делла

Iедал охьа а диллина, АхьмадгIар юьртан коьртера охьабиссахь бов хала баькхина толам. Юьртахь ши Iедал мел ду машаре догдохийла яц.

Дено-дено марсадийр ду мостагIалла. Ткъа, хIара Нохчмахка а ма ю молханах эккха кечъелла Iеш. Коьрте хIотта стаг оьшуш сацаелла. Кхузарчу яртийн тхьамданаша мосаззе а дехар дина Iелига, имам хилий, нахана хьалха валахьара аьлла. Амма цо иза аьттехьа ца дуьту

«Мисканаш яI, моьтту-кх царна соьгахь доккха хьекъал ду, суна дерриге а хаьа, шаьш толаме дига соьгахь хьуьнар ду. Ма аьттехьа дац-кх иза. Суна оьрсийн мотт а, кIеззиг йоза а хаарх тоьий... Цкъа-делахь, къена ву со, шолгIа-делахь, гIовтта деза хан хилла куц дац. Наха цхьана ханна дIалоьцур ю Нохчичуьра гIаьпнаш. Схьалацийтахьа цаьрга Соьлжа-гIала а. Амма и гена дер дац. Даим санна, адам эрна хIаллак а хуьлуш, тхо оьшуш доьрзур ду. Кхечу къаьмнашца барт оьшу, уггар хьалха оьрсийн халкъаца. Цаьрца барт болуш тхо гIевттича, халкъан коьрте ваккха Зеламханал гIоле къонаха ерриге Нохчичохь ца хила там бу. Горлера сан Петро яI. Муха ца хинвара хьо хIинца суна уллохь! Ахь хIун хьехар лур дара техьа? Вистхилийша цхьаъ...»

— Iела!

ЦIеххьана шен цIе а йоккхуш, кхойкху хезча, и шега кхайкхинарг хIинцца ша дагахь биэхначу шен каторжни накъостех цхьаъ ву моьттуш, хазахийтира цунна. Каде хьала а иккхина, дIахьаьжначу цунна шайн кетIахь воьхна лаьтташ юьртан туркх гира.

— Пурстоьпо канцерле кхойкху хьоь, — элира цо.

Юьртан канцеляри чохь йолчу цIеношна тIекхаьчча, Iелина гира уьйтIарчу гоьзанах тесна лаьтта йиъ говр а, кочахь тоьпашца дехий тарраш а текхош, дан хIума доцуш кертахула волавелла лела кхо салти а.

Деха, меха дохка тодича санна, лерана ирдеш хьовзийна дуткъий мекхаш долу, лекхачу дегIара, векъана Хамов, маларо цIен бIаьргаш доxдина, СаьIад багахь чехош, бахтарех юьйцина шед меллаша эткан бертиках етташ, чохь дIасахьийзаш карийра Iелина.

— ХIара ву-кх ахь кхайкхийтина Абубакаров Iела,— элира СаьIада.

Iелас маршалла хаьттира.

— Хьо ву и бунтовщик? Социал-демократ! — маршалла дIа а ца оьцуш, вашацаре вела а къежаш, Iелига хьежа хIоьттира пурстоп. — Делор ву церан ваша хила ма-веззара! Нохчийн социал-демократ! Революционер! ХIара-м беламе дай! — аьлла, Iелина белша тIе куьг а тоьхна, гIадвахана велавелира иза. ТIаккха кисанара схьадаьккхина кIайн йовлакх шен куьйгах а хьокхуш, тIетуьйхира:

— Большевикех ву хьо, я меньшевикех ву?

Дог къуьйлуш ладоьгIура Iелас цуьнан Iиттаршка.

— Со халкъехьа болчех ву. Революционераш сийсазбан ма гIерта. И хир дац. Уьш турпала, оьзда нах бу!— жоп делира Iелас, сих ца луш, амма сацам боллуш.

Пурстоп, жимма кIегар а иккхина, ши куьг хаьн тIе а хIоттийна, сецира. Цкъа а ца хилча санна, дайра юьхьа тIера велар.

— Сацае муцIар, хьайба! Хаьий хьуна хьуо хьанна хьалха лаьтта? ДIабаккха коьртара куй?

— Тхан Iедал дац коьртара куйн боккхуш.

— ДIабаккха куй, я ас шед етта хьан оцу боьхачу коьртах! Ас сайна хьалха виълар тоьккхуьйтур ву хьо!

— Хьайга бохург дехьа, Iела... — юкъавуьйлира СаьIад. Амма Iелин вон хьажаро дIатевира иза.

— ЛадогIахьа, эпсар, хьуо мила Iамо, мила кхеро гIерта хаьий хьуна? Карзах ма вийла. Сан кхузткъе кхойтта шо ду. Сайн дейтта шо кхаьчча, кера герз а

эцна, шун харцо, аш дохьу Іазап тІе ца лаца гІерташ ялхийтта шарахь тІом бина ас. Цхьана шарахь Турцехь Іожаллица къийсина, ткъе берхІитта шо Сибрех даьккхина. Со цхьаъ вацара иштаниг. Паччахьо тхоьгара мохк дІабаькккхина, тхан даьІахк кхачаза латта дуй хьовха Турцехь а, Сибрех а. Тхо хІаллак хилира буьйцу ца хазза боккхачу ницкъа кІел, амма тхо гор эго, тхан коьртара куйнаш дего, тхан догІмех цхьана бекхамаза шед хьакхо ницкъ цкъа а ца хилла, я хир а бац!

ОьгІазваханчу Хамовс тапчин хумпІарх катуьйхира.

— Меллаша, эпсар! Хууш хилалахь, кхин меттахъхьахь хьайн дегІах са къаьстарг хилар! — элира Іелас, шаьлтана тІе ка а диллина, пурстоьпана тІе гІулч а тесна.

Кхин ша хІун дийр ду а ца хиъна, СаьІадана тІевирзира Хамов.

— Ткъа хьо хІун деш лаьтта кхузахь вегош, кІилло! Салте схьа а кхайкхий, дІалаца иза!

Оцу минотехь гІовгІанаш евлира. Корах арахьаьжначу Іелина гира, юьйлина топ карахь уьйтІахь говрахь хьийза Доша а, цуьнца масех стаг а.

— Гучудала, СаьІад боху гІизби! — хезара цуьнан мохь..— Нагахь аш Іелин коьрта тІера чо хьабахь, молла Хьуьса буха а виллина, оха сийначу цІарах дагор ду шу!

Тахана шаьш цІахь доцуш кхаж теснийла а хиъна, кхаш тІера цІа хьаьлхина говрашкахь а, гІаш а герзех боьттина цхьацца-шишша схьалилхинчу наха оцу минотехь юьзира керт. ТІехула тІе, юьртан туркхо Мовлас гучу мел волучуьнга пурстоьпо Іела чувоьллина олура.

— Ахь тІаьхьахьехна хир бу уьш? — ара пІелг хьажийра бос бехьначу пурстоьпо.

— ХІан-хІа, — курра жоп делира Іелас,—Со цхьангге а вист ца хилла. Нахе орцах кхайккхал боккха болх ца хета суна суо.

— Кху делан сохьта ахь уьш цигара дIа ца бахахь, ас ирх уллуьйтур ву хьо!

— Ас уьш дIабохур бу, амма сайн дуьхьа доцуш, церан дуьхьа.

Iела аравелира. Керта хьийзачу нахана тIе тоьпаш а ерзийна, шаьш хIун дан деза ца хууш, боьхна лаьттара учара салтий.

— Бераш, охьаяхийта тоьпаш, — элира Iелас салташка эсала. — Вай-м дерриг цхьа адамаш дай.

Наха, шаьш детта маьхьарий а совцийна, ладуьйгIира Iела учахь гучуваьлча.

— Вежарий, хIунда гулделла шу кхуза? Шу хIун дан гIерта?

— Ямартхойх биэкхам эца!

— Тхуна хаьа, уьш хьо лаца баьхкина!

— Вайна тешнабехк бина оцу жIаьлеша!

— Iабдис къаьркъа мийлийна царна!

— Арадовла оцу чуьра кхахьпанаш!

— Iела, оха хьо вуьгуьйтур вац хьуна!

Iелас шен керара Iаса хьалалецира. Карзахдаьлла адам юха а дIатийра.

— ХIан-хIа, Хьомсаркъа, къанвелла со вац царна оьшург. Шаьш къайлах дагалаьцнарг тахана тешнабехкаца чекхдаьккхина цара. Амма хилла даьлларг девнаца нислур дац. Собар ду коьртаниг. Бакъдерг тоьлур ду шуна. Дуьло шайн-шайн цIа. Сих ца луш, вовшех дага а девлла, цхьа нийса некъ къастор бу вай.

Массарал карзахваьлла хьийзачу Янаркъас, ундечига тIе а гIортийна, шен говр тIехьарчу когаш тIе хIоттийра.

— Iела, тхо тедан гIерта хьо? Уьш хьо а, оха юьртан Iедале хаьржина пхи стаг а лаца баьхкина! ХIай, СаьIад, дIахоуьйту хьоьга, хIара Iела ах сахьт далале пурстоьпо цIа ца хецахь, иза а, кху юьртара иттех цIа а до-

гург хилар!

— Янаркъа! — бIогIамах Iаса туьйхира Iелас. — Лецахь лоьцур ду-кх, тхо лецарх шу дуьсу. Ерриг юрт, ерриг Нохчичоь, Россера дерриг халкъаш набахте дохкалур дац! Сан дехар ду шуьга, ас бохург де. ДIасадовла кхузара! Аш лелочун хан яц хIара!

Иза а аьлла, Iела, кхин вист ца хуьлуш, чувахара.

— Уьш дIа хIунда ца боьлху, — оьгIазе хаьттира, кхеравеллачуьра хIинца а меттавазачу пурстоьпо.

— ХIинца гIур бу.

— Цара лелочо гойту, хьо церан баьчча хилар. Амма хаалахь, кху юьртарчу Iедална новкъа хIума хилахь, хьан дегI тагIалкхех кхозург хилар я хьуо схьаеъанчу вуха гIуриг хилар.

— Со кхеро а, цецваккха а хIума ца дисна дуьненахь. Со кхеро а ца гIерташ, хьайн гIуллакх схьадийца.

— Адамашна юкъа питанаш хIунда туьйсу ахь?

— Иштаниг соьгара даьлла дац.

— Аьшпаш ма битта, воккхастаг. Цхьа кIира хьалха майданарчу адамашлахь нохчий стражникашка бовларна дуьхьал вийлларг хьо вацара? Цига ваханчу Домбиевна наьIалт кхайкхадайтанарг хьо вацара? Ахьа-х цигахь цуьнан Императорски Воккхаллина дуьхьал къамел дина. Кху юьртахь хьовха, ерриг Ведана округехь нах Iедална дуьхьал боху ахь.

— ХIаъ, нохчий стражникаш бахарна со дуьхьал лийна. Цунна къера ву со. Амма нах Iедална дуьхьал бовларна бехке вац. Цунна бехке шуй, шун порядкаш, къизаллий, нийсо яцар ду.

— И мотт дукха шера бу хьан, ларлуш хила. Сибирски каторгашкара ахьий, эскарера Солтхановссий деана ун ду кхуза даьржарг. Оьрсийн мотт-м дика хаьара хьуна, ткъа йоза?

— Цхьа таро яло.

— И хьан Iамийна хьуна?

— Каторгехь, бакъболчу оьрсаша.

— Муьлхарш бу и «бакъболу» оьрсий? — ца вешаш хаьттира пурстоьпо.

Iелас, шен дегI къона долуш санна, нис а дина, корта лаккха хьала а айъина, курра жоп делира:

— Аш сибирски каторгашка хьийсочу, амма дуьненан цхьана а ницкъо халкъах дIахербен боцу Российски белхалойн социал-демократически партин членаша, оьрсийн халкъан тешамечу кIенташа!

— Сацае хьайн муцIар! — хьалаиккхира Хамов. Ткъа шен дагахь ойла йора цо: «Тамашийна адамаш ду-кх и эсдекаш. ХIара акха нохчо а шайгахьа ваьккхина, уьш баккъал дан а ду кхераме адамаш».

— СаьIад, схьадал кехат, къолам. Таханчул тIаьхьа герзаца а, дашца а, цхьана а тайпана цкъа а айхьа Iедална дуьхьало йийр яц але, подписка лол суна... Я, хьашт дац. Цул къорIа да. Дуй боуьйтур вай.

ГIуллакх дан кечвелла СаьIад, вахана цхьа минот ялале, къорIа а керахь чувелира.

— Дуй баал, ас ма-аллара.

— ХIан-хIа, ишта дуй буур бац ас.

— Ас баор-м бу хьуна!

Iелас корта хьовзийра.

— Иза хуьлийла дац, господин пурстоп. Сайн халкъана хиллачу бохамашна бехкечех биэкхам эца, сайн дегIах са дIакъастталц маршонехьа къийса дуй биъна ас цкъа. Иза кхочушбийр бу.

Пурстоп ойла ян хIоьттира: «ХIун дан деза хIинца?— хаьттира цо ша шега. — Биснарш лоьцур бохург хьехочохь а, я хIара дIавуьгийла а дац. Оцу шиннех цхьаъ ас дахь, тхо кху юьртара дийна арадевр дац. Собар де ахь, къена жIаьла, юха со, ван а хууш, вогIур ву кхуза!..»

— ХIун дийр ду ткъа, тхо къинхетаме ду. ХIинца цкъа

вуьту оха хьо. Амма ас хьоьга хьалххе дIахоуьйту, нагахь суна таханчул тIаьхьа цхьанхьа хьан цIе вонна йоккхуш хазахь, ас хIара юрт лаьттаца дIашарйийриг хилар! Сихха велла дIавалар гIоли ю хьуна иштаниг долуьйтучул. ХIинца яхийта хьайн алаша!

Iела, церан Iодика а ца еш, аравелира. ТIаьхьаваьлла СаьIад хьеставала хIоьттира:

— Хьуна ма мотталахь, Iела, хIара гIуллакх ас цхьаъ аьлла меттахъхьадина. Мичара! Цхьана мотт сацаро миччахула делахь а дIахазийна, ткъа наха суна тIе тоьтту. Декъаза адам дай со-м...

Iела, дIа а ца хьожуш, иза луьйчохь а витина, дIавахара.

12-гIа корта

Цхьацца адамаш оьздангаллеха доха тарло, амма халкъ — цкъа а ца духу.
Ю. Фучик.

Гуьмсе станцера меттахъяьлла цIерпошт, цIогIане мохь а тоьхна, Соьлжа-гIала юьйлира. Иза УстаргIардойн-эвлах тIех тилчахьана товарни вагонийн неIаршка а гулбелла, вовшашна тIеттIа а теIаш, арахьуьйсура нах. И масех вагон йоьттина ши бIе нохчо, цхьа бутт хьалха цхьаммо шу Россех хьовха, Соьлжа-гIала гIур ду аьлча а цецбевр бара. Юьртахь цхьана эшшара дIаоьхура церан дахар. Дийнахь болх, суьйранна пхьоьха, тIаккха белахь синкъерам. Я лула-кулахь сакъерар, цул тIаьхьа охьабийшар. ХIор дийнахь а цхьаъ. Наггахь луларчу ярташкара дика-воне а боьлхура. Юьртара цхьаъ Соьлжа-гIала, ГIизларе вахана веъча, цунах тамаша беш, цуьнга хеттарш деш, цо дуьйцучуьнга ладоьгIуш Iара. Царех цхьанне а ца моьттура шена цIерпошт гур ю, оцу тIе ша хуур ву, хиъча а иштта гена, ца бевзачу махка гIур ву. Амма и декъаза ши бIе стаг доьзалех а, яртех а, махках а ваькхинера къинхетам боцчу эшамо.

Топ буйнахь неIарехь лаьттачу салтичунна улло а хIоьттина, вогIура Мудар. Цхьа сахьт хьалха Гуьмсехь

меллачу портвейно бохбина корта шелбаларе терра, дIаоьхура цо даькккхина самукъа, ткъа цунах яссалу меттиг дIалоцура цхьа, цкъа а цунна ца хаабеллачу башхачу сингаттамо. ЦIахь буьсучу доьзална сагатдалар а дацара иза. Вагонийн чкъургаша «даркх-даркх, даркх-даркккхехь» дечу цхьана эшарчу татанаша дог огура цуьнан. Генна тIаьхьа еха аса юьтуш, яйно туьйсучу Iаьржачу кIуьро а, агIор еттачу Iаьнаро а шен садукъдеш хеталора. Ткъа, сингаттам тIеттIа алсамбуьйлура чкъургаша мел боккхучу гонаца. Мел иза ца хьажа гIортарх, цуьнан ши бIаьрг хьаьвззий тIебоьрзура къилба-малхбалехьа тIаьхьаюьсчу лаьмнийн Iаьржачу раьгIнашна.

«ЦIахь Iийнехь тоьллерий техьа? — дагаиккхира Мударна, — сайца новкъа бевллачу нехан санна, боккха доьзал а ма бац сан. Сох хIун хир ду техьа? Суна-х оьрсийн мотт а, йоза а ца хаьа. Шайн дена неIалт хиларш, СаьIадгIар бай хIара гIуллакх суна хаздинарш-м».

ХIаъа, цара хаздина Мударна стражникашка язвалар. Цхьа шо даьлча шортта ахча а, пурстоьпан, Хамовн доллу чин а дохьуш, шерра оьрсийн мотт а Iемина цIа вогIур ву хьо, бехира цуьнга. ТIаккха? ТIаккха, Веданан гIоперчу нохчийн эпсаршца я пурстоп болх бийр бу бохура. Царна хIун хуьлура Мудар Россех хьажорах. Округан начальникана Ханжаловс царна тIе ма диллинера стражникашка ваккха шиннал лахара воцуш стаг карор.

«Амма, хIуй а кхайкхийна, юьртахоша эвлах-м хадий со... Далахьеха, кисанахь шортта ахча а долуш, дика вуха а велла, аьрхачу динахь со вухавеъча, тIаккха ша ваьхьарг ваьра-кх уьш суна дуьхьал. ТIаккха-м ас СаьIадгIарна а хоуьйтур дец! Тоьар ду, ялхо санна, цара сан вацор...»

ЦIехьана сецначу цIерпошто иза юкъахваькккхира оцу ойланех. Дерриг некъаш а, вокзалан хьалхе а юьзна адам дара. ТIеяздина даккхий йозанаш а долуш, ехачу

гIожамашна тIе лецна кIадийнаш, дуткъий аннаш. Мударна ца хаьара цигахь яздинарг деша. Амма цунна тIехьа лаьтта цхьаъ уьш меллаша деша хIоьттира:

— Вежарий, ла-ман-хой... шу Iехийна. Ду-ха-дер-за шайн яр-ташка...

И дерриг адам массо агIорхьара схьа вагонашна тIе гIоьртира. Уьш сецо гIерта полицейскеш ницкъ эшна кIел бисина кIегарбуьйлура.

— ТIечIагIа вагонийн неIарш! — вагонийн неIарш-карчу салташка мохь беттара царех цхьаммо, схьахетарехь, церан коьртачо, МударгIеран цIерпоштан йохалла дIаса а уьдуш.

ЦIерпошт цIеххьана кIегарйолаелира. Шаьш Гуьмсе кIегар дига-х ца бохкий техьа хIорш аьлла, цецвелира Мудар. Амма цIерпошт, гуттар юьстахарчу цхьана некъа тIе а яьлла, сецира. ТIаккха хьалхара яй, лаьллина цхьана агIор дIа а бигна, хIорш шаьш болччохь битира. НеIарш тIе а къевлина, готтачу корехула бен чу мох кхетийла йоцчу вагонашна чохь бисина нах, оцу бурконе а хевшина, хуьлуш долчух ца кхеташ, тийна Iара. Царна хезара арахь оьрсийн а, нохчийн а маттахь детта оьгIазе маьхьарий. Амма оцу хьолехь дукха ца лаьттира. Арахь тIегIертачу наха, уьш ларбеш лаьтта салтий-хехой дIа а баьхна, дIайиллира вагонийн неIарш. ТIаккха Мударна хьалха охьахIоьттира масех бIе стагах лаьтта къорза тоба. Юкъ-юкъара гора нохчийн куйнаш, чоьэш. Эххар а и гIовгIанаш дIатийра, вагонашна хьалхха, тIе-кIел йоьттинчу яьшканашна тIе а ваьлла, цхьана оьрсичо куьг хьалалаьцча. Тахана керл-керла хуьлучу а, гучу а инзаречу гIуллакхаша цецвоху Мудар, уьш дерриге а дицделла, акъваьлла висира, оцу оьрсечунна тIаьххье хьала а ваьлла, цунна улло дIахIоьттина шен юьртахо Iела гича. Шен бIаьргех ца тешна, уьш хьакха а дина, юха а дIахьаьжира Мудар. Шек хуьлийла яцара.

Лекха, векъана, хьаьжа тIехь бехо муо. Кура, майра хьажар. Iела ву-кх.

«Ванах, хIара мичхьахула кхаьчча кхуза, хIоккхо хIун леладо? — хоьттура Мудара шега. — Тхуна тIаьхьарвала ойла ян а юй техьа кхуьнан?..»

— Вежарий-ламанхой! — къамел долийра цунна хьалха хьалаваьллачу оьрсичо, — масех бIе шо ду оьрсийн паччахьан а, хьоладайн а Iазап кIел халкъо узарш ден. Тхох Iуьйдучу цIийх Iаба а ца Iаьбна, цIарца, туьрца цо шен кога кIел доьхкина кхин долу кегий къаьмнаш а. Шун дайша бIе шарахь гергга турпал дуьхьало йира паччахьан колонизаторшна, цуьнан Iазапан дукъа кIел шайн маьрша корта ца бахийта гIерташ. Нуьцкъала а, Iехош а, церан бертаза а шун ярташка лоьхкура оьрсийн салтий. Цаьрга хIаллакдойтура шун халкъ, сийначу цIарах ягайора ярташ. Шун жимчу халкъан ницкъ ца кхечира шайн махка гIерта дуьненахь йоккха, къизчарлахь къиза Российски импери юхатоха, сацо. Шуьгара уггар дика мохк дIа а баькхина, шу дерзанчу лаьмнашка доьхкина оьрсийн паччахьо. Амма, ма мотталаш, и латта оьрсийн къинхьегамхошна делла. ХIанхIа, иза тхан а, шун а инарлашна, эпсаршна, элашна, шу а, тхо а дацо шена гIо дечу йовссаршна совгIатана декъна цо. Хьовсал, гIали чу бIаьрг тохий. Шуна гучу хазчу, дикачу цIеношна чохь хьолахой беха, ткъа царна и цIенош дина, царна и хьал Iаiош долу тхо тIекхетта йохкучу тIуьнчу лаппагIаш чохь я набахтел тоьлаш йоцчу баракаш чохь деха. ДIахьовсал, Суьйра-коьрте. Шу дIа а даьхна, нефтан вышканаш йоьгIна цига. Английский, французский, бельгийский хьолахошна доьхкина пачачахьо шун мехкан хьал. Ткъа шу, хIокху дашочу мехкан дай, сагIадоьхургийн хьолехь далладо. Господинаш АхвердовгIар, КиреевгIар бу цунах берсташ. Тхан, оьрсийн халкъан долахь хIара къерсигдевлла белхан бер-

че куьйгаш доцург хIумма а дац. Амма, тхо белхалойл а холчохь бу ахархой. Тхо тхаьш а ду селханлера ахархой. Ярташкахь олалла дечу помещикийн къизаллой, цара хIоттийнчу мацаллой арадаьхна, болх, баьпкан юьхк лаха гIала даьхкина тхо. Вежарий ламанхой! Паччахьан а, капиталистийн а, помещикийн а Iазапа кIел детта са а, собар а кхачийна гIевттина оьрсийн белхалой а, ахархой а. Революцин цIе кхерста Россехь. Сийначу цIарах богу помещикийн бахамаш. Халкъо биэкхам оьцу шегахь Iазападлорхойх. Оьрсийн халкъ маршадала гIерта бIешерийн Iазапах. Амма мостагIа вайн юкъара ву. Тхуна а, шуна а, Россерчу дерриг халкъашна а тIехь хIара Iазап латториг оьрсийн паччахь, хьоладай бу. Шайна дуьхьал вай, массо къаьмнийн къинхьегамхой барт хилла цхьаьна ца кхетийта, вай чIагI ца далийта, вайна юккъе питанаш тийса, мостагIалла латто гIерта паччахьан Iедал. ХIинццалц шуна тIе лоьхкура оьрсийн, гуьржийн, кхечу къаьмнийн салтий. ХIинца Iедална дуьхьал гIевттинчу церан цIий Iено дуьгу шу...

Вагонан корехула арахьоьжучу Мударна гира, ира цхьамзанаш а буьххьехь хьалалецначу тоьпашца адамийн тобанна тIе йогIу салтийн отряд. ХьалхавогIучу эпсаро, саца а сецна, нахана тIе а вирзина, мосазза а цхьа омра деш мохь туьйхира. Наха ша тергал ца вича, салташакахьа вирзина, цаьрга омра дира цо. Тобанах къаьстина, салташна тIе а вахана, цхьана белхалочо масех дош элира. Салташка куьйгаш а лестош, цхьаъ-м бохуш маьхьарий деттара бисинчара. Эпсаро, тIе а вахана, чехабора салтий, амма вуьш, шайн тоьпийн баххаш лаьтта а хIиттийна, меттах ца хьовш, тIулгех бича санна, лаьттара.

— Гой шуна и дIо лаьтта салтий? — цаьргахьа пIелг хьажийра къамелхочо. — Тхо кхузара дIасалахка, тху-

на тоьпаш тохийта балийна уьш. Амма салташа массанхьа а дуьхьало йо шайн вежарийн цIий Iано. Цундела дуьгу шу Россехь, церан декхар шуьга дала. Аш къинхьегаман халкъана тоьпаш тухург, эхье гIуллакх кхочушдийриг делла шуна Iедало шортта ахча. Вежарий, ламанхой! Аш кхочушдеи долчу эхьечу гIуллакхо боьха томмагIа дийр ду шун майрачу халкъан цIенчу гIиллакхашна! Шун халкъах цкъа а ца бевлла шаьлтачаш! Ахчанах Iехалой, шайн халкъ ма бехде! Цул мацалла далар гIоли ю шуна! ГIалин пролетарис, бохамехь шун вежарша, оха доьху шуьга шайн ярташка духадерзар! Декъала хуьлда революци!

Адамийн тобано тоьхначу тIараший, маьхьарший лергийн само къарйира Мударан.

— Декъала хуьлда революци!

— Декъала хуьлда халкъийн доттагIалла!

— ДIабаха хьоладай!

— Декъала хуьлда маршо!

Адамийн гIовгIанаш дIатийра оьрсичо куьг хьалалаьцча. ТIаккха вистхилира Iела.

— Вежарий! ХIокху, суна уллохь лаьттачу оьрсийн белхалочо шуьга дина къамел шеггара дац. ХIокхо и къамел дина кхуза гулбеллачу а, кхуза бахказа бисинчу а гIаларчу белхалоша тIедилларца. ХIокхуьнан къамел ас шуна гочдийр ду цхьа дош тIе ца тухуш, кIел ца дуьтуш...

Кхуза гулделлачу хIоккхул дукхачу адамаша шайна юкъара къастийна оцу лакха тIе ваькхинчу шина стагах — оьрсичух, нохчичух — цхьаъ шен юьртахо, Iела хиларо даг чу куралла йоссийра Мударан. ХьуьсагIара, IабдигIара шаьшлахь иза мел сийсазвеш хиллехь а, уьш гена бу Iелега кхача. Хьекъалца а, майраллица а, оьздангаллица а, къонахаллица а стигланий, латтаний юккъехь йоллучул юккъа-м дер ю.

«ХIун ю СаьIадгIар, IабдигIар IелIина хьалха? — бохура цо шега. — Марцарш! КуоIанаш! ХIокху адамашна юкъа яхка а яьхьар яцара и кIиллош! ХIетте а, цара бохург а деш, IелагIарний, АхьмадагIарний, СолтагIарний, ДошагIарний кIел ор доккхуш лелла со. Докъна маларг, и малар ду со галвохург...»

Ваставелча-м дохковуьйлура иза ша лелийначунна. Амма тIаьхьа хуьлура-кх. Даим санна. ТIаккха оьгIазъоьхуш керл-керла гIалаташ дуьйлуьйтуш, ямартлонна кIорге вуьйжира Мудар. ХIинца цунна шех чекх сагора...

— Тхан эвлара ву иза! — куро кхоссар йира Мудара, шена уллохь лаьттачу лохачу шоточунна муьшка а Iуттуш.

— Ахь баккъал бохий? Ой, даьдиса кхуьнан, и гIазакхийн мотт ма шера буьйцу цо!

— Сибрех ткъе берхIитта шо а даькккхина, хIинцца дукха хан йоцуш цIа веана иза...

Тобанна тIехьа лаьттачу адамийн цIеххьана лоха гIовгIанаш евлира. ДIахаьжинчу Мударна гира гIаш а, говрашкахь а кхаа агIор тIедогIу эскарш.

Стражникаш Росси дIабахийтар сацо кхуза гулбелла гIалин белхалой цигара дIасалахка ялийнчу салтийн взводо царна тIе тоьпаш тоха дуьхьало йича, гIалара керла далош эскарш дара уьш.

— Вежарий! Кху оьрсийн накъоста шуьга аьлларг, цхьа дош тIетоха ца оьшуш, кхачо йолуш ду. — Шен къамел чекхдоккхуш вара Iела тIедогIучу эскаршка дIа а ца хьожуш: — Оьрсийн паччахьо шайгара дIаяькккхина маршо ламанхошка юхаерзалур яц оьрсийн халкъан гIоьнца бен. Цундела, паччахьан Iедало а дисинчу къаьмнашначул тIех бохамаш бинчу, царел тIех доккхачу Iазапехь даллочу нохчийн халкъан декхар ду, нагахь шена маршо езахь, оьрсийн халкъаца, дисинчу дерриг Россин халкъашца доцчуьнца доттагIалла а, гергарло а тасар,

долчуьнца иза чIагIдар, харцонна дуьхьал, маршонехьа бечу тIамехь церан луьйтанах луьйта а тоьхна, хьалха дIадаха. Амма аш Россехь кхочушден долчу эхьечу гIуллакхо нохчашний, оьрсашний юкъара гергарло чIагIдийр дац, иза херадоккхур ду. Вайн халкъана эхь дан доьлху шу. Ярташкара цхьаьнакхеттачу векалша тахана сардалан а, Пачхьалкхан думехь Теркан областерчу халкъийн депутатан Эльдарханан Таьштамаран а цIарах Пачхьалкхан думе телеграммаш яхьийтина. Царна тIехь боху: «Шодмашций, тоьпашций ахархойн кхетам къарбина байа гIертачу, маршонехьа кхузаманан боламан шаьлтачийн цIершна уллохь дуьххьара яха йолийна Теркан областан ламанхойн цIерш а: церан къеллех, бIаьрзаллех пайда а эцна, Iедало йолах баьхна Росси а бигна, помещикийн бахамаш ларбан хIиттийнчу, эшамца а, бакъо яцарца а шайн вежарий болчу цигарчу къечу ахархошна тIехь суд а, ницкъаш а бечу нохчийн, хIирийн. Мотта тарло, цIий цара хазахета Iенадо, оцу халкъийн адамийн цIийга сутаралла ю. И хабарш а, эладитанаш а харцдарца Пачхьалкхан думе оха дIахьедо Кавказан ламанхоша машаречу, паргIатчу дахаре диллина сатуьйсуш хилар, къайлах а, я къулах а церан цхьана а къомаца мостагIаллий, гамой ца хилар а, шайн кхетам бацарна шаьлтачийн декхар кхочушдечу оцу шен цхьа кIеззигчу декъазчу кIенташца, маршо езачу ламанхойн хIумма а догIуш цахилар а. Нохчийн халкъо доьху, нохчийн халкъо тIедожадо шуна, оцу эхьечу гIуллакха юкъа нохчий ийзор сацор а, цига дIабигна декъаза нах шаьш бинчу ярташка бухаберзор а...»

ТIедогIучу эскарех цхьана декъо дIалецира станци чу догIу некъаш къаьста меттиг. ТIаккха цхьана агIор тIетаьIначу пулеметни ротин командой, вукху агIор тIетаьIначу гIалгIазкхийн ах бIе дошлочой тоьпийн баххаш а, шодмаш а етташ, вокзалехьа кIегардаккха долийра адам.

Юкъ-юкъа хазара тоьпийн декъа йийларш, тІеда татанаш дора деттачу тоьпийн баххаша, шакаршца хІаваъ цоьстуш, нехан баккъашна, кортошна, яххьашна етталора гІалгІазкхийн шодмаш. Амма шайн хирг наха а дора дуьхьал. БІаьргаш а цІийдина, хьербевлча санна, тІегІертачу салташний, гІалгІазкхашний цара а деттара тІулгаш а, аьчгаш а, дечгаш — шайн кера йогІ-йогІург.

— Нохчий! Мудар! Хезий шуна! Цхьана махкахь, хІорш санначу цхьана мисканашна иштта етта, бакъдолчуьнгахьа болу церан къийсам хьаша дуьгу шуна шу! Эхь хуьлда шуна цига гІонделахь!— ТІаьххьара а мохь туьйхира Іелас, яьшканашна тІера ша чувоссале.

— Накъостий! ХІара воккхастаг—нохчо церан кера ма вахийталаш! — Іела шена тІехьа а лоьцуш, мохь беттара къамел динчу оьрсийн белхалочо.

Цхьа сахьт хьалха бе́лхалоша вагонашна хьалхара дІа а баькхкхина, депо бигна яй, тІехь а, гонахъяьлла а цхьа рота салтийн ха а долуш, балийна юха а вагонашна хьалха туьйхира. Вагонаш Іаьнарла хьерчош, цІогІане мохь а тоьхна, меттахбаьлла, меллаша малхбузехьа болабелира иза. Бевдда хьала а буьйлуш, тохарлера шайн меттигаш дІалийцира хехой-салташа.

Къен велахь а, оцу къелло оьздангаллех вохийнехь а, амма Мудар ламанхо вара. Цуьнан дагах мІараш туьйсуш гІуьттура ламанхойн уггар оьздачех цхьа гІиллакх: цо доьхкура царна герз доцчу стагана, иза мостагІа велахь а, герз айар.

«ХІета, тІаме ца дуьгу-кх тхо, — хьоьжура Мудар шена хьалха хІоьттинчу оцу ирчачу сурте. — Оцу салташа, оцу гІалгІазкхаша санна, керахь герз доцчу, ян дуьхьало а йоцчу иштачу наханий, зударшний етта дуьгу-кх. Веза дела ма доккха эхь ду оха тІелаьцнарг! Амма хІун дан деза? Цхьана шарна куьг а таІийна, схьаэцна ахча ас дайъина. И суна юха дерзалур ма дац... Ас куьг таІийна

кехат ма ду полконакехь.. ХIинца вадахь, лаьцна Сибрех вохуьйтур ма ву...»

ТIаьххьара а цо бIаьргашца лехира Iела. Мударна гира иза, къамел динчу оьрсичунна улло а хIоьттина, цхьа куьг шаьлтанан макъарна тIе а диллина, вукхуьнца и оьрси шена тIехьа татта а гIерташ, шен майра ши бIаьрг салташна тIера ца боккхуш кIегарвуьйлуш.

Ша шена оьгIазваханчу Мудара, ата санна, цергаш хьакхийра, цо къевлинчу буйнашна кераюккъехь чуйиссийра пIелгийн мIараш. Наха юккъехь ца хиллехь зуда санна воьлхур вара иза.

«Моссазза кIегарваьлла иза, хIетте а къар ца луш хьалхатеIа и болатан стаг, — гIайгIане ойла йора Мудара. — Ткъа сан кийрахь дог ца хилла...»

ХIаъа, Iела хIинца а соцур вац вухаваьлла. Баккъалла а болу къийсам тахана ма болабелла. Тахана кхочушхили цо дукха сатийсинарг,— цуьнан бIаьхаллин накъостий — Аьрзу, Маккхал, Берса, Чора шега мерза сатуьйсуш кхелхинарг: цкъа а церан шеца машар хир боцчу мостагIчунна, оьрсийн паччахьана дуьхьал цара латточу къийсамехь, тахана дуьххьара шена уллохь цунна хаало оьрсийн накъостан тешаме, онда агIо.

13-ГІА КОРТА

Суна хийра бу синтем,
...Со декхар ву
ДІауьдучу Іалашонна тІаьхьавала.
Ф. Шиллер.

Иаьхке дІаяхара Гати-юьрта хІара ду аьлла керла хІума ца дохьуш. Цхьа кІира хьалха регІа баханчу нахана Іаьрчхехь, дуо санна, веста а вистина шен тоьли чохь велла Іуьллуш карийра Мусха. Тапъаьлла иза дІа а воьллина цхьана дийнахь тезет-белхар а лаьттина шолгІачу дийнахь массарна а дицделла дІадирзира и гІуллакх а.

ГІирмера схьа кехат деанера Мударан а. Шаьш могаш ду, бийриг хала къахьоьгуш болх бац, Іелас бийцинчу помещикийн бахамаш ларбичхьана даа-мала а, тІедуха а ду. Амма сагатло. Делахь а, дан хІума дац. ТІелаьцна хан чекх ца яьлча, цІа догІийла яц. Шаьш бертахь я бертаза цІа дало нохчийн ярташна тІера шайна тІаьхьа ваийтина Гермачкара Визи Хьомстха лаьцна цигахь набахте воьллина, бохуш яздора цо.

Іусманца ирзе а вахана, суьйранна чу веанчу Іелина цІахь шега деана кехат карийра.

БІаьрг ма кхийтти хиира цунна, иза шен накъосташкара дуйла.

Кехат Николазера дара.

Цо хIун яздо хьажа сатесначу Iелас, тIера сов бедар дIа а яккхале, туьлуш лаьтта ламаз а дитина охьахиъна, конверт схьайиллира.

«Суна хаьа, со тийна Iарна хьо оьгIазвахана хир вуйла, хьуна ма хаьа тхан хьал, тхо тхешан лаамехь нах цахилар. Бехк ма биллалахь суна.

Оха хьоьга йийцина хан тIехIоьттина. Ерриг Россехь яккхийчу шахьаршкахь белхалой гергаца гIаттамна кечлуш бу. Кху аьхка дуьйна хьолахошца къийсам латтош бу тхан ахархой а. Хьуна уьш дерриге а хууш хила тарло. Революцин байракха кIел, пергIатонехьа латточу къийсамехь цхьаьнакхетта вайн мехкан дерриге а къинхьегаман адамаш. Тхоьца бу оьрсий, гуьржий, эрмалой, азербайджанаш, украинцаш, ламанхой, кхиберш. Церан массеран Iалашо цхьаъ ю: паччахь, хьоладай дIа а баьхна, Iедал халкъан кара далар, дерриг халкъашна ирсе, токхе, нийса дахар кхоллар. Амма хьоладайшкахь хIинца а боккха ницкъ бу. Цара питанаш туьйсу къаьмнашна юкъа. Ямарт а хилла, тхох дIакъаьстина тхан партехь болчу нехан цхьа тоба. Царех меньшевикаш олу. Большевикех бен ма тешалахь, уьш бу хьуна къинхьегамхошна, къаьмнашна пергIато а, нийсо а лоьхуш. Ткъа Ленинах, оцу башхачу стагах ас дуьйцур ду хьуна вай вовшахкхетча.

Хьоьга кхаъ боккху ас: Вайн Петр дукха хан йоцуш лечкъина цIа веана каторгера. Тхойша цхьаьна ву. Доггах мара а вуллуш, хьан майра куьг: лоцун долчу минотах хьаьгна ву тхойша.

Ткъа, хIун деш бу нохчий? Тхуна хезна шун цигахь а гIеххьа девнаш лелха, бохуш. Варийлаш, ларлуш хилалаш, шаьш Iеха ма дайталаш. Миша а, Кирилл а маьрша ву, Россехь шайн гIуллакх деш бохку уьш. Датико хIинца а каторгехь ву.

Тхоьгара довха революционни маршалла луо вайн вежаршка — нохчашка.

Хьан кIентий: Петр, Николаз».

Iелас юх-юха а доьшура и дагна гергара кехат... Цунна дицделира тилла даьлла ламаз а, шен мацвалар а. Ца хааделира кIез-кIезиг долуш малхбузехьа регIал тIехьа де къайладолуш а. Цуьнан ойланаш генарчу Гуьржех, лаьмнашца кхерстара. Хеталора и кехат доьшуш шена и шиъ гуш, царшиннан къамел шена хезаш санна.

«ХIунда ца веа шуьшиъ тхо долчу, тхуна хьехар дала, дан дезарг ала. Цигахь шу доцурш кхин а хир бара...»— дагахь къамел дора Iелас цу шинца.

Коьрте хьийзачу ойланаша лаьцначу цунна, сахуьлучу хенахь, сацам тIеэцначул тIаьхьа бен наб ца кхийтира.

ШолгIачу Iуьйранна хьалххе гIеттина Ахьмад волчу вахара иза.

Де декхна, хаза дара. ХIетта Яьссил дехьарчу регIа тIехула схьакъада гIертачу маьлхан зIаьнарш хIинца а яржа ца кхиънера гонах. Амма цо хIинцале хьоьстура хиллачу стоьмаша даздина бошмашкара дитташ, ша декъалбеш самадаьлла Iалам.

Ахьмад беша хьийзаш карийра Iелина. Цо хIетта яьхна тамехь Iаьржа кемсаш чохь йолу тускар бай тIе охьа а хIоттийна, наг-наггахь уьш кхоллуш, къамел деш Iара и шиъ.

Пурстоп веъча хилларг а, Николазан кехатах лаьцна а дийцина ваьлча, ша хIинца дахьаш веанарг дийца велира Iела.

— Ахьмад, сийсара ехха ойланаш йинчул тIаьхьа, ас сацам бина Гуьржех ваха, — элира Iелас цIеххьана.

Ахьмад цецвелира.

— И хIун ду?

— Бахьанаш дуккха а ду. Хьуна ма-хаъара, дуьнен

чу маршонан цIе кхерста йолаелла. Паччахьан Iедална дуьхьал гIевттина оьрсийн белхалой а, ахархой а. Тийна дац Гуьржех а. Доцца аьлча, паргIатонехьа тIом болабелла. Цхьана дийнахь а цунна юьстах хила ца лаьа суна, амма кхузахь хIума дан ницкъ бац. ХIара тIом ша тайпа бу. Къаьмнийн вовшашца зIе, цхьа барт хила беза, шайн мостагI мила ву а, доттагIа мила ву а хууш. Ткъа кхузахь хIун ду? Ярташна юккъехь хьовха, ура-атталла цхьана юьртарчу нахалахь а бац барт. Цхьана юьрто дуьхьало йича, гондIа ерш ладоьгIуш Iа. Iедало иза хьошу. Изза де хIутту йисинчу ярташка а рогIана. Ткъа Iедало цхьацца кагъеш кегйо ярташ а, церан адамаш а. Оцу дерригенах кхеташ, дерриг а хууш нах коьртехь ца хилча толам баккхалур бац вайга. Кху юьртахь а, гондIа а болчу нахана моьтту шайна сох баьчча хир ву. Iедална а моьтту и нах ас карзабаьхна. Сан хьекъал кхачац нахана хьалхавала. Суна ца лаьа уьш эрна хIаллак хуьлийла. Со тешна ву оьрсаша вайн нийсоне некъ гайтина ца Iаш, и дукха сатийсина паргIато яккха вайна гIо дийриг хиларх. Церан тхьамданашна тIаьхьа а хIиттина ца гIахь, хIинццалц санна, эрна цIий Iанор ду вай.

Iелас шен къамел сацийча, кхин хаттар ца луш, вехха ойла еш Iийра Ахьмад.

— Цига хIунда воьду хьо? ЦIера ваьлла лела хан ю хIара? Цулла а, нахей, Iедалей хьо ца хьехош вита а алий, хьайн чохь Iехьа.

Iелас, гIайгIане вела а къежна, корта ластийра.

— Бакъо яц, Ахьмад, чу а воьлла Iен. Бакъо яц, вайх цхьаннан а. Иштта дехачул, делла дIадовлар гIоли ю. Вай-м декъаза диира хIара дуьне, амма вешан берийн берашна мукъе а ирс кхолла деза! Ас, даима санна, хIинца а боху шуьга, оьрсийн паччахьо вайгара дIаяьккхина паргIато оьрсийн халкъо ерзор ю вайна юха. Амма вай дийшина а Iохкуш хир дац иза. Хийланнан дезар ду дуь-

не дита. Иза хууш хила деза вай. Соьца Сибрех Iийна ши накъост ву Гуьржех. Царех дагавала безам бу сан. Цул тIаьхьа вай дан дезачун сурт ца хIуттур техьа. И шиъ вайна гIоьнна сайца схьаваре дог а доху ас.

— Хьо цIахь а Iийна, кехат яздича хIун дара техьа?

— ХIан-хIа, кехатца дийцалур дац хIорш. Цул сов, царна юххе а хIоьттина, мостагIех лата а лаьа суна. Амма ас цигахь тIамехь дакъалоцур ду аьлла, хьахо мегар дац Iусмане. Сагатдийр ду цо. Дийна висахь, ши бутт балале цIа кхочур ву со. ТIаккха хуур ду вайна ваьш дан дезарг.

Ахьмада, ша бага тесна кемсан буьртиг, Iовша а Iаьвшина дIакхоьссира.

— И сацам бина ваьлла хьо? — хаьттира цо.

— Вухавер воцуш.

— Новкъа маца волу хьо?

— Сайн дерриг гIуллакхаш нислахь, кхана Iуьйранна. Цунах лаьцна дийца веана со. Суна некъана ахча дезар ду, Ахьмад, амма Iусманехь хIумма а яц. Оцу тIехь гIо ца дича вер вац хьо.

— Хьо хьуо вохуьйтур вац вай, Iела, зама кхераме ю. Цхьаьний гIур ву вайша.

— Цунах гIуллакх хир дац, Ахьмад.

— Со воцуш гIур вац хьо цигахула дIа. Беран хенахь цхьаьний герз кера эцна вайша. Я къийсамехь цхьаьний Iожалла тIеоьцур ю, я паргIато а яьккхина, герз гутаренна а дIадуьллур ду вайша. Сарле хир ду, вайшинна оьшург дерриге а. Хьо цIа а гIой паргIатвала.

Ахьмад хьалагIатта тохавелира, амма Iелас, меллаша юха а озийна, сацийра иза.

— Ас шега, ма-дарра, дийцича Iусман тIаьхьа гIертар вуйла хууш, цуьнга хIумма а ца олуш, хьо волчу веана со. Ахь хIара долор дуйла а хаьара суна. Амма хьо кхето атта ду. Ерриг сан дегайовхо цигахь ю, Ахьмад,

Цигахь бу сан доттагIий. Уьш я соьца схьабогIур бу, я цхьа нийса некъ а хIоттийна со цIа хьажор ву цара. Кхечу къаьмнаша дийриг а гур суна. Кестта вухаверза дагахь воьду со цига. Амма хууш дац хиндерг. Iожалла когашна кIел ю. Хьо кхузахь оьшур ву, Ахьмад. ТIом хир бу, буьрса тIом. Оцу тIамехь дакъалоцуш хир ю вайн къона тIаьхье. Буьрса дарц, мох баьлча къоначу диттийн хьун таьIа, царна юккъехь Iаламан ницкъо дахчийна, къена, зоьртала пепнаш ца хилча. Хьо хьалха а волуш, хьо саннарш хила беза къоначу бIаьхошна юккъехь. Царна къонахаллина, майраллина, собарна тIехь масал гойтуш хила деза вай.

— Дика ду. Иза бухабуьсучарна хьоьхур ду вайша, ткъа со хьоьца дIавогIу.

— Ахьмад, эрна хан ма яйа вайша. Кху муьрехь хIора а шен-шен меттехь хила веза. ЦIахь а сецна кхузахь сан лаам кхочушбар доьху ас хьоьга. Суна са ма даа. Маса лийр ву, масане дог Iовжор ду тIебогIучу муьро. Ткъа цунах кхоьрура вай? Цуьнгахьа къуьйсуш хIаллак ма хилла нисса ах нохчий. Тхан доьзалехь ворхI вара тхо, со уггар жиманиг а волуш. Уьш ялх вехьна оцу тIамо. Вехьна шиъ бен воцчу кIантах цхьаъ а. Иштта вон ганза мила висна вайн хенара? Ахьмад ойла ел ахь, вайн дайша, вай шегахьа бIешарахь сов турпал къийсам латтийна маршо герга ю! Маршо я Iожалла! Шиннах цхьаъ!

Гинарг цец а вер волуш, каде хьалаиккхира Iела.

— Гайтахьа, Ахьмад, тур ласто дицделлий техьа хьан куьйгашна? — элира цо, куьгаш хаьн тIе дохкуш, Ахьмадана тIе а хIоьттина.

Ахьмада, хьала а гIаьттина, гонах бIаьрг туьйхира. ТIаккха сихха волавелла дехьо лаьттачу хьочан шалго дитта тIе а вахана, шен юкъахара шаьлта баттара яькхира цо.

— БисмиллахIи-рохьмани-рохьийм!

Малхехь ткъесах къегира болат. Хьочан цхьа ах, аттала егаяла а ца кхиош, хаьдда юьйжира.

Ахьмада шаьлта каде аьрру куьйге тесира. Кхин цкъа а къегира иза хIаваэхь. Охьаюьйжира хьочан йисина ах а.

— Даьдиса хьо кIентан делаI! — тIевахана, Ахьмад маракъевлира Iелас. — ВаллахI, ва биллахь ву кIант-м, хIинцца пхиттара ваьлча санна каде! Амма кху муьрехь тIом ша тайпа хир бу хьуна. ДоттагIий а, мостагIий а къасто хаа деза, тур айале. Хаалахь, вайн мостагIий а, вайн доттагIий а массо къома юккъехь хилар. Хьажал хьо, Панта-Хьаьжий, Хьуьсий, СаьIаддий, Iабдий. Иштта и нах, тIехьаьжча, вай санна, нохчий бу, ткъа кийра хьаьвсича, уьш вайн мостагIий бу.

— Ма кхералахь, мостагIий Iийр бац шайн цергаш егIаза.

— Да вуьсийла кху дуьненан, Ахьмад. Майралла а, оьздангалла а хьашт мадду ю вайнахехь. Амма кхетамна тIаьхьадисина, бодашкахь дахкорна, — элира Iелас, цIехьана гIайгIане хуьлуш. — ОхIвай, ма чIогIа оьшу вайна серло, Iилма. Уггар хьекъале хеташ наха хьалхатуьттучу суна а ца хаьа дан дезарг. Йоза-дешар мукъе хаахьара вайнахана. Iилманца бен баккхалур бац некъ. Ткъа вайн берашна доьшийла яц...

Дагадаьхкира Петрос шега динчу къамелан дешнаш...

«Лаккхара Iилма Iамочу школашка хьолахойн бераш бен ца оьцу. Къинхьегаман халкъ бодане кхиар хьолахошкахьа ду. Кхетам берг Iехо хала ду, цундела лаац царна белхалойн, ахархойн бераша доьшийла...»

— ХIан, Ахьмад, со дIавоьду. Тховса юха гур ву вайшинна. Цигахь со хьелахь, цхьа а суна тIаьхьа ма гIертийта. Пурба дац шуна. КIанте а суна са ма хьийзадайта.

Ши стаг бешара аравелира. Царшиннан къамело

къахкийна цхьана юкъана дIатийна олхазарш а шабарш деш, генаш тIехь кхийсалуш, кемсийн хорханех зIакарш етта дуьйлира. Ахьмадан шаьлтано хадийна божийна хьач а Iуьллура кхин ирахIуттур боцуш. Амма хийла стаг вара, оцу диттах санна, хеназа дуьне дуьсур долуш.

...Оцу буса массеран Iодика а йина, Iуьйранна са матессинехь новкъа велира Iела.

Ша новкъа ваккха цхьа а ца ваийтира. Шеца цхьаьна регIа ваьлла Ахьмад, Янаркъий, Iусманний цIа а хьовсийна, масех минотехь цигахь сецира иза.

Уггар хьалха цуьнан бIаьрг тIехь сецира Iаьрчхехь массарех къесташ лекха, зоьртала лаьттачу попана. Цуьнан бакъабала боьллачу буьхьан дерзинчу гон тIехь Iара Iаьржа маккхал. Оцу попа кIел ваьлла иза дуьнен чу. И йоккха, юькъа пепнийн хьун хилла цунна дуьххьарлера цIа. Гобаькккхина гуш йолчу хьаннаша, нанас санна, дола деш кхиийна иза ткъеиттех шарахь. Цунна евза оцу регIахь массо меттиг. Дагна хьоме ю хIор кол, гу, ор, Iин... Кхечарел башха, гергара ю кхузара стигал. Даим боьлуш, ша хьоьстуш эсала хьоьжуш хета малх. Ткъа, латта? Маржа даймехкан латта яI! Жимчохь ненан некхах къаьстинчу берах тера хуьлу-кх хьох хаьддарг. Ма дукха деза-кх хьо мискачу Iелина, ма дукха хьегна хIара хьох. Хьан дуьхьа шайн цIий Iанийна, хеназа хьан кийра бирзина цуьнан дай, вежарий, кIант... Хьоьга сатуьйсуш, хьох цхьа буйн латта шен бесни кIел диллина лаьттах вахана Аьрзу. Маса, маса эзар воьжна хьан дуьхьа, маса эзар вужур ву шайн бераш маьрша, машаре хьуна тIехь дахийтаран дуьхьа!

Iела, ша волччу бертал а воьжна, лаьтте шабаршца къамел дан вуьйлира:

— Со вина сан нана, со кхиийна сан да, тхан цIийца хьандина даймехкан латта! ХIинца кхозлагIа букъ туху-кх ас хьуна, хIинца кхозлагIа воьду-кх со хьуна чохь

са а дитина. Амма со вухавоьрзур ву, хьан маршонехьа къийса. Вухавоьрзур ву дийна ца верзахь, велла а. Хьан кийрахь бен карор бац суна синтем, хьан кийрахь бен хетар вац суна со ирсе. Нагахь вайна юха ган ца доьгIнехь, марша Iойла шу, хьоме латта, хьаннаш, Iаннаш, ас декъаза бералла текхна меттигаш!

Iелас лаьттана барт белира. ТIаккха схьаэцна цхьа буйн латта шен чоьин бустамийн патарми чу а доьхкина, хьалагIеттина иза кхин цкъа гонах бIаьрг а тоьхна, чоьин ши тIам доьхкарх а боьллина, волавелира.

Иза воьдура дIаса а ца хьоьжуш, чехка. Саца а ца соцуш, цо наггахь нисбора шен гира гатанан пIаьлдиг. Иза бара ша Сибрехара цIа вогIуш Iаьнан оцу шийлачу буса цо юьрта беанарг.

Некъ хьуьнах буллучохь саца а сецна, кхин цкъа а регIе бIаьрг а тоьхна, волавелла иза къайлавелира.

Попан бухь тIехь Iен маккхал, дIаса а хьаьжна, шозза-ккузза сингаттаме мохь а тоьхна, гIаьттина хьала а яьлла, хьаннашна тIехула хьийза елира.

ЦIеххьана баьллачу чехкачу мохо тахкийра къена хьун. Цо идо диттийн можа гIаш хIаваэхь керчаш лаьтта а оьгий, оьрнашна чуй, коьллашна кIеллий лелхаш соьцура.

Стиглахь цIеххьана Iаьржа морхаш гулъелира. Геннахь мосаззе а ткъес къегира. Дуьне къардан санна, къевкъира стигал. Лаьтта эга доьллачу догIанан даккхийчу тIадамашна новкъахь чан гIаттийра.

Оцу сохьта хийцаделла дIахIоьттира Iалам.

Ткъа воккхастаг дIавоьдура. Цунна тIехула мохо сеттош, вовшех хьекхош цIийзаш, тийжаш техкара къена хьун. Юьхьа дуьхьал деттара догIанан дарц. ТIаьхь-тIаьхьа хотто дIалоьцура когаш. Амма цо болар ца лагIдора. Мохо ловзадора башлакхан тIемаш. Мотталора иза Iаламан ницкъо айъина вуьгу.

Иза дIавоьдура. Цунна хеталора шена Петр Егорови, Николаз Беридзен, Михаил Осиповичан, Кирилл Алексеевн кхайкхаман аз хезаш санна...

Моьттура церан дахар кхерамехь ду, царна шегара гIо оьшу, цара шега сихха тIекхача боху.

Дуьхьал хIуьттура тIеман ялхийтта шеран буьрса денош. Лерехь декара Аьрзун весетан дешнаш.

ХIан-хIа, Iожалло бен сацор вац дуьненан халонашний, кхерамашний вахчийна, декъаза, къена, амма хIинца а лааман пицкъах вуьзна Iела.

Иза тIекхочур ву шен накъосташна,
Цо хIинца а къуьйсур ду маршонехьа

14-ГІА КОРТА

Ша-ша вай кІезиг а, гІорасиз ду,
Ткъа бертахь катохахь, лам ластор бу.

К. Хетагуров.

Дерриге а доладелира докъан пхьор хиларшна Инарлин говрашна тІехула. Буьйсанна дІахоьцу уьш Хьомсаркъин жимчу ирзо тІерачу хьаьжкІашна юкъа йоьлхура. Цара оцу юккъехь хІоттийнарг дийр дацара хьакхарчаша а. Цкъа а, шозза а, кхузза а элира Хьомсаркъас Инарле и говраш ма лехка цига, шен еа йоцу хьаьжкІаш хІаллакйо цара. Амма Инарла дуьхьал жоп дала а ца вешира. Ткъа цхьана Іуьйранна лехча Инарлин йиъ говр ца карийра. ТІепаза яйра уьш яхана а, евлла а лар йоцуш. Къолина бехке а вина, Хьомсаркъа Іедале дІакховдийра Инарлас. Оцу тІехула даьллачу девнехь Инарла а вийна, Хьовсаркъа Зеламханах дІакхийтира.

Амма оцу тІехь чекх ца делира Инарлин говрийн беркат дацар. Шеца салтийн отряд а ялош, юьрта веанчу пурстоьпо лецна бигна Сибрех хьовсийра Хьомсаркъин гергарчу нахах масех боьрша стаг. Герз лаха цІийнах хьовсу аьлла бахьана а дина, талораш ян боьллачу салташца даьллачу девно обарг ваькхира Доша а. Шен йоІаца забар ян гІоьртинчу салтичунна, герз схьа а даьк-

кхина, гIиба валлалц йиттинера цо. Оцу тIехула ша лаца хьовзийча доьзалца цIера аравелира иза а.

ХIетахь Гати-юьрта веана Хамов хIумма а юьхькIам хилла ца вирзира дIа. Кхуза вогIуш цо чIагIо йинера Абубакаран Iела а, Солтаханан Солта а лаца. Амма и шиъ лар йоцуш тIепаза вайнера. ЦIийнах хьаьжча карийпарг хIун ю? Итт патармица цхьа берданг, азиатски кхо топ а, тиша бархI шаьлта а, ши тур а. Берданган да лаьцна Ведана дIавигира цо. Амма цунах кхачо ца хилира округан керлачу начальникана полковникана Галаевна. ДIадаханчу Iай шозза УстаргIардойн эвла гуламе гулвеллачу масех эзар стага сацам боллуш дIахьедарца областан начальникан инарлин Колюбакинан дийзира къизалла цIе яхана Ханжалов мукъаваккха. Бакъду, дукха болх бан кхиале Зеламханан керах Iожалла хила хьаьхна кхуза нисвелла Галаев а вацара цуьрриг дог кIеда.

Къаьмнашна юккъехь хаддаза мостагIалла латтор Россин чоьхьарчу шен политикан коьртачу Iалашонех цхьаъ йинчу паччахьан правительствос къаьсттана лерана дIакхоьхьура иза Нохчичохь. Кхузахь шен къиза тIеман-колониальни урхалла латтадора цо гуьржийн а, эрмалойн а, кавказски кхечу къаьмнех болчу нехан куьйгашца. Ткъа оцу къизчу администраторшка нохчийн болу цабезам а, мостагIалла а уьш схьабевллачу къаьмнашна тIе даьржара. Дукха хан йоццуш кхузара дIаваькхинчу дагестанцан Ханжаловн метта ваийтина хIара Галаев а вара хIири.

Хамов тешна вара цуьнгара ша выговор оьцург хиларх. Иза кийчча долуш дара. Хамовн дог дохийнера кхечу гIуллакхо. Ша бохург ца хуьлуш шен отрядаца цхьаьна Гати-юьртара дIавоьдучу Галаевна тIе тIулгаш кхийсира Самби-кIотарарчу бахархоша. Царех цхьаъ пханарех кхетта, букъ лозуш вара пурстоп ша.

Мятежни Гати-юьртана таIзар дарехь доггах гIуллакх ца дарна а, кхузара коьрта ши бунтар кIелхьарвалийтарна а Хамовна выговор а делла, и гIуллакх шен кара лецира Галаевс.

Стомара юха юьрта веанчу Хамовс, нах майдана а гулбина, царна дийшира керлачу хьаькаман приказ:

«...Цуьнан Воккхаллин ерриг Россин... императорна, цуьнан цIенна дуьхьал, цуьнан Iедална, цо хIиттийнчу порядкашна дуьхьал яьллачу мятежни Гати-юьртана тIе дожадо:

§ 1

Нисса итт де далале 100 топ а, царна ши эзар патарма а, 500 шаьлта а, 50 тур а Веданан гIопе охьадиллар.

§ 2

Яланза йисинчу хIор тоьпа тIера 50 сом, тур-шаьлтанна тIера 10 сом, патарми тIера 50 кепек ахча далар.

§ 3

Герз дIаделлачул тIаьхьа цIийнах хьаьвсича нагахь кертахь я керахь герз карадахь, и дIадаккхарал сов бехкечуьнгара гIуда даккха:

3-линейни тоьпана 300 сом
Японски тоьпана 200 сом
Бердангина 100 сом
Нохчийн тоьпана 50 сом
Тапчина 50 сом
Туьрна, шаьлтанна 20 сом
Патармина 50 кепекана тIера 3 соьме кхаччалц.

§ 4

Юьртана тIехь долу 5104 сом пачхьалкхан а, Iедалан а декхар итт де далале охьадиллар.

§ 5

Нисса итт де далале, Абубакаров Iела а, Солтаханов Солта а, Султхьаьжиев Доша а, Сулиманов Хьомсаркъа а лаьцна Iедале схьавалар.

§ 6

Тоьхначу хенахь хIара приказ кхочуш ца дахь, Гатиюрт йохийна лаьттаца шаръян.

Веданан округан начальник.

Полковник (*Галаев*)

Юьртахь хиллачу оцу хьовр-зIовро Соьлжа-гIала базара валийна Янаркъа, ша деанчу пхеа вертанах диъ бархI-бархI соьмах дIа а доьхкина, диснарг белша тIе а кхоьллина, оьцуш стаг валаре хьоьжуш вертанаш духкучийн могIарехь лаьттара.

Селхана делкъал тIаьхьа Гати-юьртара схьа гIаш пхийтта чаккхарма некъ бина Гезлойн станце а веана, цигахь хьешашкахь буьйса а яькккхина, сатоссуш йогIучу цIерпоштахь, малх лакха баьллачу хена схьаькхаьччера Янаркъа. Ша цIера ара ваьлчахьана вогуш веара иза гIала. Некъах цуьнан догдаькккхинарг, иза кех ма велли дуьхьлкхетта Маидатан еса кIудал яра. Хих юьзна гехь шийтта кIудал хилча а иза ша тоьар яра стеган некъ эгIо. Кхин тIе а догдохийра цуьнан сийсара гинчу вочу гIено. Дукха адам, цара буьйцу и цаккхета мотт, дов, цIий. ГIенах цIий гар-м дика ду бохура, делахь а, Янаркъа реза вацара оцу гIанна.

Схьакхаьчча кхузахь цунна хезна хабар а дацара хIумма а дагна там беш. Базара баьхкинчу наха дуьйцура салт баьхначу гIалгIазкхаша ши-кхо де хьалха шаьш тIехь долу цIерпошт Несарехь сецча, цунна гондIара гIалгIайн ярташ талийна, цигахь баьллачу тIамехь дикка гIалгIай а, гIалгIазкхий а байъина бохуш. Амма, дийцарехь, кхерам тIеттIа герга гIертара. Сийсара шаьш Соьлжа-гIала ма-кхоччура, тIе мел нисбеллачу ламанхошна етта буьйлабеллачу цара цхьана чIебарлочунна чIогIа чов а йина, гIалахь муьйлуш, талораш еш лелаш а бу бохура уьш.

Янаркъин ойла дукха ца лаьттира оцу эладитанна тIехь. Цуьнан кийрахь кхин, беза бала бара.

Янаркъина тIехь а дара Iедалан, пачхьалкхан тоъал декхар. Налогаш, гIуданаш дерриг цхьана тоьхча, ялх туьман диъ сом ах сом ахча. Iалелай, мел дукха ахча ду-кх иза Янаркина! Мел дика а цхьа етт. Ткъа Янаркъин кертахь-х дац цхьа аьттан цIоьллик йоцург беа коган хьайба. Янаркъа а, йоккхастаг а хене доккхург цаьршиннен къена куьйгаш ду. Тохара, цхьа итт-пхийтта шо хьалха-м шарахь ткъе пхиъ верта дора царшиммо, хIоранна мах туьма а болуш. Амма хIинца дегIехь пицкъ бац. Иттанал тIех верта далац. TIехула тIе, хьалха цара уьш шайн тIергIах дора, хIинца уьстагIий а дац шайн. ХIара карахь долу верта дохкалахь диъ туьма хуьлу цунна. Цхьа туьма мукъана а шеший, йоккхастаганий Iаьнна духарна ца дайъича ца долу. Миска, кIиниж йолу коьртали далахь бохуш йисина йоккхастаг. Шена хIума ца эцна а, цунна кортали дахьа деза. Цхьа кхо туьма мукъа а цIа кхачалур дац техьа. Ах декхар тIерадоккхур дара цо. Амма и ялх туьман диъ сом ах сом дIаделча а хилац гIуллакх. Герз а, ахча а доьху. Янаркъин яц атталла нохчийн топ а, я тапча а, еккъа цхьа тиша шаьлта йоцург. Иза дIаяларх вуьтур ма вац. Юьртана бIе топ а,

пхи бIе шаьлта а, шовзткъе итт тур а, ши эзар патарма а тоьхна. Янаркъина шера хаьа шайн юьртахь итт стеган бен оьрсийн, японский топ йоцийла. Царех шиъ Дошиций, Хьомсаркъиций хьуьнах яхана. ХIан, йолчу дайша важа бархI дIаелча а ма юьсу юьртана тIехь езткъе шийтта. Уьш эцна яла еза, я церан метта хIоранна тIера пхиппа туьма ахча дала деза. Мел хуьлу иза? Хьанна хаьа иза лара! Цул сов шаьлтанаш, тарраш, патармаш ду. Лаххарчу хьесапехь а исс-итт туьма дужу Янаркъина тIе. Дерриг лерича—ялхийтта туьма. Иза такха долахь, дууш-молуш а, духа-оьцуш а доцуш, шина шарахь къахьега деза царшиммо...

Амма гатиюьртахоша лур дац Iедална я и декхарш а, я герз а. Йохаяхь йохонда шена церан юрт. Амма цара дуьхьало ца еш-м доккхур дац салташа ур-атталла кертах чIеш а. Иштта бу церан юьртан гуламан сацам.

— Иэткаш хьанна еза! Дика иэткаш! ЧIогIа иэткаш! Иэткаш езарг схьавола! — сих-сиха мохь тухура Янаркъина уллохь лаьттачу векъана, бесачу оьрсичо, шина иэткан бертигашна чу куьйгаш а доьхкина, церан айраш вовшах а детташ.

Стигала кхолайоьлча сагатделира Янаркъин. Нагахь и дисина верта хьалхехьо дохкалахь, оьцург а эцна, цIа ваха ойла яра цуьнан. Амма оцу дисинчух цхьаммо а ялх соьмал тIех ца лора. Муха лур дара иза цу мехах. Йоккхастага буьззинчу баттахь хьегна къа. Вукхарел ледара-м дер ду хIара. ВорхI ах делча-м лур дара цо иза.

— Вон ду вайшиннан гIуллакхаш, ваша, — элира иэткаш юхкучу оьрсичо. — Вайшиннан товар дорах деза массарна а. Ткъа, сан цIерачу, хIорш йохкаре хьоьжучу бархI къамкъарган бала бац цхьанна а. Иэткаш езарг вала! Йорах дIало шуна!

ХIетталц паргIат мах беш хилла базар, йохийнчу зингатийн туьйлигах тарлуш меттахъхьайра. Янаркъина

гора нах шайн хIуманаш дIа а лоьIуш, уьш пхьаьрса кIел юьхкуш, ги а етташ базарара дIауьдуш. Дехьо, ялташ духкучу могIарехь гIовгIанаш евлира. Цигахь ялташ духкурш дукхахберш нохчий хуьлу дела хIун хилла техьа аьлла, сагатделира цуьнан.

— Хьажал хьо, ваша, и схьагIерта бехна гIалгIазкхий,—муьшка йира Янаркъина иэткаш юхкучо. — Тхан станичникаш бу уьш. Слепцовскера. Хьалдолчех. ЦIахь а, арахь а синтем бац-кх цаьргахьара. Хьажахьа, хьажахьа! Со велла волийла царна хьалха ваьлла вогIург жулик яцахь! Суна сайн шина бIаьрга ма гина, цкъа къоланна тIехула иза лаьцна вуьгуш! Диканна ца гIерта уьш схьа. ДIавалий вайша кхузара?

Оьрсийн мотт ца хаахь а, Янаркъа кхийтира, шен лулахочо дуьйцург, нах дIаса а туьттуш, воьлуш, терсаш, базара юкъахула шайна схьа тIегIертачу пхеа стагана реза воцуш дуьйцуш хиларх. Ламанхойн духарца вухавелла, коча тийсинчу тарраШца волу виъ гIалгIазкхи вуйла хиира Янаркъина бIаьрг ма-кхийтта. Ткъа царна хьалха иккхина вогIу лекха, зоьртала стаг гIалархойх вухавелла вара. Янаркъина а ца везавелира, бехна хьерабевллачу нехачех тера бIаьргаш цIийделла, догIмаш ца лелалуш, техкаш, кхийсалуш вогIу цунна тIаьхьара виъ гIалгIазкхи. Царех бIаьрг ма-кхийтта Янаркъина дагадеара ши-кхо де хьалха Несарехь а, сийсара вокзалехь а хилла дов.

— ХIан, дед, верта духкуш ду хьан? — Янаркъин белшах кхозучу вертанна пIелг Іоьттира хьалхавогIучо. — ХIун доьху ахь?

— Один чарвон. Цхьа туьма.

— Іовдал, хIокху истангах туьма хьан ло? Иштанехьа схьало. ХIа, дIаэца, кIентий, шуьгахь товш хир ду хIара.

Янаркъин белша тIера верта озийна схьа а даькккхи-

на, гIалгIазкхичун кара тесира лекхачо. Уьш шегара верта эца гIерта моьттуш, цара дуьйцучух ца кхеташ Iийна Янаркъа, уьш верта а эцна дIабуьйлабелча, кхийтира дерригенах а. ТIаьхьа а хьаьдда, хьаьрса стомма, лохачу гIалгIазкхичун пхьарса кIелхьара шен верта катоьхна схьа а даьккхина, маракъевлира цо. Амма схьавирзинчу гIалгIазкхичо, эрабугIано санна, ворта а саттийна, чухьаьдда чоьже буй тоьхна, кхоьссина аркъал вахийтира иза.

— Аш хIун до, станичникаш! Мича бехкенна етта аш оцу мисканна! Делах мукъа а кхера... — мохь оьхура иэткаш юхкучу гIалгIазкхичун, амма лекхачо тоьхна аркъал вахийтира иза а.

— Вежарий! Етта нохчашна!

— Етта ордина!

— Уьш бахьанехь дуьгу вай эскаре!

— Етта аккхарошна!

ШолгIа тоьхначо синкхетамах ваькккхина Iуьллучу Янаркъина ца хезира, гIалгIазкхаша хьоькху акха маьхьарий, ца хаалора уьш шайна тIехь халхабуьйлуш а...

* * *

Синкхетаме веъча, ша цхьана ца евзачу хIусамехь карийра Янаркъина. ОхьатаIIош шен хьаьжа тIе диллина хица шелдина гата дIа а теттина, чухула дIаса бIаьрг туьйхира цо. Кху чохь дерг цунна цкъа а ца гинчу кепара башха дара: стол, гIант, иза тIехь Iуьллу лекха гIовлеш йолу сетта маьнга а, сонехь тIехула гата а тесна кхозу икона а. Уллорчу гIанта тIехь лаьтта хи чохь доккха, йоьзан зока. НеIарехь кхозучу бедаршна юккъехь шен чоа а, куйн а, цIенкъахь неIармачаш а гира цунна. «Ванах, со мичхьа ву? ГIенах ду хIара я сомах ду техьа?» — ойла йора цо шех хиллачух ца кхеташ. Корах чу

кхеттачу маьлхан асано цхьа тамехь бохбинера цуьнан аьтту агIо. ЦIа чохь хIоьттинчу оьрсийн чомечу мекхан бепиган хьожа чуузуш мерах са а даьIна, богу кийра тебан хи мала дагахь ха харца гIоьртира иза. ТIаккхий бен ца хиира цунна шен дегIера хьал. ДIаметтах мел хьайинчу межено инзаре чIогIа лазар кхерстадора дерриге дегIе. Деккъа цхьа аьтту куьг дара хIума кхетаза пергIат лелаш.

КIез-кIезиг хIуттуш цуьнан кхетамехь меттахIоьттира селханлерчу дийнан сурт. Амма, муха кхаьчна техьа иза хIокху хIусаме. Хьаьнгахь ву техьа иза. Цуьнан верта а дац гуш. Цунах хIун хилла техьа. Ванах, даьхьи техьа иза гIалгIазкхаша? Иза-м дайча а хIун дара, ахча мукъа хилахьара кхуо диллинчохь. Хьала а гIеттина хьожур вара. Амма, хьожийла дац. Цкъа делахь дегI лозу, шолгIа делахь хьаьнгахь, мичхьа ву а ца хууш бакъхьа ма дац чухула дIасалела.

Дукха хан ялале неIарх чоьхьа елира ткъе пхийтта шо хенара, безамехь зуда. Самаваьлла Янаркъа гича, шен да гича санна, хазахетта тIехьаьдда цунна улло гIанта охьахиира иза.

— Хьо-м синкхетаме веъна! Муха ду хьан дегI? Дукха лозий?

— Харшо. Якши. Дика ду, — цо хоьттучух кхетта, шена ма-хуъу жоп луш, цергаш йоцу бага йоккха гIатта а йина, дог цIена велакъежира Янаркъа.

— Далла бу хастам, хьуна гIоли хилла, — елха озийра зуда. Сой, сан майрий тIекхаьчча халла хаалуш садоьIуш, велча санна, Iуьллура хьо. Суна-м хьо велла моьттура. Верриге цIийший, чевнаший а вуьзна, Iаржвелла... Кхераелла маьхьарца кIегар иккхира со. Федяс шена гIо дар дийхира. ТIаккха, цуьнан доттагIчой — оха кхааммо айбина юьстах ваькккхина, цIан а вина, извозчик а лаьцна, цIа валийра хьо. Снйсара хан яллалц харц луьйш ва-

ра хьо, тIаккха буьйсанна юккъехь набарна дIатийра. Оцу сий доцчу акхароша шуна тIехь хIоттийнарг ирча гIуллакх ду. Хьо-м дийна висина. Байъинарш бу.

Зудчо къамел дора цкъа елха озош, тIаккха екхалуш, шен ховха куьг сих-сиха Янаркъин хьаьжа тIе дуьллуш, тIера юргIа нисдеш. Ткъа Янаркъас, цо дуьйцучух ша ца кхетташехь, леррана ладоьгIура цуьнга, иза елаелча велакъежаш, елха озийча кхоьлаш.

— Сан цIе София ю. София Ивановна, — бохура зудчо шен некха тIе куьг а детташ.

— Сопи, Сепият. Нохчий цIе ю хьан, — воьлура Янаркъа, юх-юха цуьнан цIе а йохуш.

— Ткъа, хьо мичхьара ву, дедушка?

Дуккха а къахьегначул тIаьхьа Софиян хаттарх кхийтира Янаркъа.

— Гати-юьртара ву со.

— Юьйцу ца хезна суна. Схьахетарехь, кху гонах яц и юрт. Гена хир ю иза. Лаьмнашкахь.

— Гена ю. Далико.

— ХIумма а дац, дедушка. Карор ю вайна хьан юрт а. Федяс шеца балхахь волу цхьа нохчо валор ву, ша цIа вогIуш. Хьамзат ю цуьнан цIе. Тхан доттагIа ву иза. Дика кIант ву, оьзда. Шера оьрсийн мотт а хаьа. ХIинца митингехь ву и шиъ. Базаран майданахь. Цига гулбелла гIалара белхалой а, ярташкара баьхкина нохчий а. Суна а лиира Федица цига яха. Хьоьга хьожуш цIахь йити. Тхойша гIала деана а ма яц дукха хан. Червленерчу гIалгIазкхех ду тхойша. Латта а дацара, йожа хIума а яцара. Ткъа, доьзал хене баккха дезара. Пхиъ бер ду тхойшиннан. ХIетахь-м кхоъ бен дацара. Диъ шо ду тхойша схьакхелхина. Федяс промыслехь нефть доккхучохь болх бо, ткъа ас бедарш юьтту. Алапа кIезиг ду. Иза а чомахь кара ца кхочуьйту. Мацалла ца дала, сагIа а ца

деха гIерташ цхьацца лол бетта. Таронашна-м хIун дендара, берашка дешийталахьара. Воккхах волчу кIентан итт шо ду, доьшуш вац. Школехь доьшуьйтург мах боккху. Ткъа, алапа тхуна юхучунна хьовха, мегарг юучунна а ца тоьу. Массо хIума деза ду. Чудуьйла, Митя, дедушка, самаваьлла. Хьуна гIовгIа ца яйта, лула ловза бахийтинера ас хIорш. ХIара воккхачул жиманиг ву тхан. Ма кхера, схьа чувола. Урамехь дуьйцуш хезна нохчий къиза адамаш ду, цара нах бойу бохуш. Бераш цецдаьхна вочу адамийн меттанаша.

ТIеюьйхина тиша, амма лерана летийна боьзан цIена, ехо коч, йоца хеча а тIехь, коьртта Iуьйра, хьаьрса жима кIант, неIарх чоьхьа а ваьлла, корта а таIийна, кIелдIахула Янаркъе а хьоьжуш, неIарехь сецира. Цунна тIаьххье неIарехула гучубелира жимчу йоьIан хьаьрса корта.

— Чуйола хьо а, Марина. Дедушкас-м хIумма а дийр даций. ХIара дика стаг ма ву. Нохчий вон нах бу бохучара дуьйцурш бакъ доцийла хIинца хуур ду шуна. Шун папа а, дядя Хьамзат а санна, дика адамаш дай хIорш-м. Дуьло, маршалла хатта дедушкига.

ТIе а деана дIахIоьттинчу шина берана ша хIун там бийр бу ца хууш, царшиннан коьртах куьг а хьаькхна, хIусамнене шен гIовтал схьайийхира Янаркъас. Йоккхастага базарна аьлла, машин йоккха йома а латош динчу гIовталан чухуларчу кисана куьг Iоьттира цо. Ахча меттах ца хьадинера. Лерана шед беш бехчалга юкъа хьарчийна цIера деана цхьа сом кегийра ахча схьа а даьстина, берашка дIакховдийра цо.

— ХIун до ахь! — мохь белира иза дан гIертачух кхеттачу ненан.

— Кампет кушайт.

— Ца оьшу! Мегар дац! — Янаркъин куьг юхатеттира Софияс, амма дехарица а, сацам болуш а шега хьаьж-

начу воккхастеган дог цIенчу, сийначу бIаьргаша иза сацийра.

— Веза дела! Оццул ахча берашна! Муха мегар ду иза. Иттех кепек елча а цхьа хIума дара. Дийнна сом! Хьанна хаьа, иштта гIиллакх хила а там бу церан. ТIаккха, иза дохадойла яц. Ой, со а ю хаза! Лазархочунна чай дала а дицделла, хIоккхуза бага етташ Iа!

Дукха хан ялале цIа веара хIусамда Федор Тимофеевич. Дезочу дегIара, горга юьхь, дукъа Iаьржа мекхаш, жухара бIаьргаш, метта буьххьехь лер долуш волчу цуьнга бIаьрг ма-кхийтти безам бахара Янаркъин. Цуьнца вара кегийчу нахах нохчо а, кхин цхьа оьрсий а.

— О, сан хьаша-м хьаха то ма велла! — тIехьаьдира иза Янаркъина. — Ткъа, ас лор валийна хьуна дарбанаш леладайта. Охьаховшал, Василий Степанович, Хьамзат, хьо тхуна уллохьо хаахьа, талмажалла дан. ТIаккха, воккхастаг, муха ю хьан могашалла? Василий Степанович, хьажахьа цуьнга, къамел дечу хьолехь вуй техьа иза.

Хаза еакIов тойина хьаьрса маж йолу воккхастаг-лор шен бIаьргех куьзганаш а доьхкина, Янаркъина улло охьа а лахвелла, цуьнан бекъана пхьарс кара а лаьцна, пульс ягаръян хIоьттира. ТIаккха цуьнан садаIаре ла а доьгIна, хьалагIеттира иза.

— Кхераме хIума дац. Цхьана кIиранах Iиллича, товелла цIа гIур ву.

Хьамзата Янаркъина дийцира селхана мел хилларг. Бехна хьербевлла лела гIалгIазкхий совцо далийнчу салтийн эскарша уьш совца-м муххале а ца бира, мелхо шаьш тоьпаш етта буьйлира нохчийн туьканашний, петаршний. ВуьрхIитта стаг вийна, ткъа Янаркъа санна, йиттина кIелбитинарш дуккха а бу. Царех цхьаберш ба-

ларна кхерам болуш бу. Дерриге кораш, неIарш отуш талийна нохчийн туьканаш, петарш.

— Далла бу хастам. Дуьххьал дIа са чIогIа а хилла лечуьраваьлла. Селхана тхо тIекхаьчначу хена гинехь, кхуьнан къина воьлхур вара хьо. Хьанна моьттура хIара вуьсур ву. Хьамзат, дийцахьа воккхастагана митингехь вайн хилла къамелаш. Ала, цига гулбеллачу оьрсийн а, нохчийн а, гIалгIайн а къинхьегамхоша нажжаз до Iедалан и Iаьржа гIуллакхаш. Оьрсийн къинхьегамхойн, со санначу, къечу гIалгIазкхийн цхьа а тайна мостагIалла дац ламанхоша. Мелхо а, тхуна лаьа, царна улло а хIиттина, паччахьан Iедална дуьхьал къийсам латто, иза дохийна дIадаккха, шуна а, тхайна а маршо яккха, дика лулахой, цхьа вежарий хилла даха. Амма Iедална хаьа къийсамехь цхьаьнакхетча, иза шайна дуьхьал мел боккха ницкъ хир бу. Цундела, шайн ма-хуьллу къаьмнашна юккъехь мостагIалла латто гIерта Iедал. И шуна йиттина гIалгIазкхий а ишта Iехийна. Царна юккъехь къайлах эладитанаш лелийна, махкахь адам карзахдаьккхинарш ламанхой, эрмалой, жуьгтий бу, уьш оьрсашна, къаьсттана гIалгIазкхашна дуьхьал бевлла, уьш бахьанехь шу, шайн бахамашна тIера а даьхна, эскаре кхайкхина бохуш. Иза бакъ дац, иза хьолахоша, черносотенцаша дуьххьал дIа шайна аьттонна вайна юкъа туьйсу питана ду. Вай мостагIий дац, ткъа доттагIий, цхьа бартахой ду. Мила ву вайн мостагIа? Хьолахо ву-кх. Массо къоман хьолахой вайн массеран а мостагIий бу, массо къоман къинхьегамхо вайн массеран а доттагIа ву. Оьрсийн паччахьо а, цуьнан Iедало а тхан бертаза лелочу иэхьечу гIуллакхашна тхо къинхьегамхой юьхьIаьржа ду. Амма тешалахь, догIур ду сирла де, и вешан мостагIий вай аьтта дIа а баьхна, цхьана ден-ненан доьзал, цхьа вежарий хилла бертахь, ирсе вай дехаш!

Хьамзата нохчийн маттахь гочдинчу оцу къамеле

лерана ла а доьгIна, Федор Тимофеевичан, лоьран куьйгаш схьалецира Янаркъас.

— Хьамзат, ала цуьнга, тхо нохчий дерригенах а кхета. Оха цхьана а хIуманна бехке ца до оьрсийн халкъ. Масийтта шарахь тхо хIаллакдарна, тхоьгара маршо дIаяккхарна, хIинца тхуна тIехь хIара къиза Iазап латтарна, селханлерчу иэхьечу гIуллакхана бехке Iедал, хьолахой бу. Паччахь, хьолахой, уьш ма дац оьрсийн халкъ. Оьрсийн халкъ — иза шуьшиъ, селхана суна уллохь иэткаш юхкуш хилла оьрсий, шу саннарш ду. Иштта дийцира суна сан доттагIчо Iелас. Амма со дика ца кхетара. ХIинца кхийти. Со кхетий селханлерчу дийно. Баркалла шуна. Со Iожаллех кIелхьараваккхарна ца боху ас и баркалла, ткъа аш лелийнчу гIиллакхана, шаьш сына довзийтарна, сан даг тIера шеко, хьагI дIайоккхуш, аш сан дог цIандарна. Суна дика хета селхана сайна еттар. И де ца хиллехь, сан аьтто хир бацара иштта шу довза. Баркалла шуна...

Берахь дуьйна велхаран чикъ ца баьлла Янаркъин ши бIаьрг тIунбелира. КIез-кIезиг Iийдалуш гулбелла царна чуьра арабаьлла боккха ши тIадам хебаршка ихначу бесни тIехула хьийзаш, керчина бахана гIайби тIе буьйжира, важа меран агIонца шершина мекхашна юккъехь байра.

15-ГІА КОРТА

Мацалло хьовзадахь,
Орамаш дуур ду,
Хьогалло тхаьш бІарздахь,
Бецан тхи мийра ду,
Ду лаьмнийн хьехашкахь
Шах цІераш летор ю,
Тхайн таррийн юьхьгаццца
Уьш марса йохур ю...

Нохчийн халкъан илли.

Ху шарахь къаьсттана хьалхе а, шийла а дуьйлира Іа. Аз кхолха дохуш, кеглуш охьадетталора хьаннашкахь дукках долу дитташ, дерзана довла а кхиале тІедиллинчу лайн дозалло юьхьар сеттийна генаш а, баххьаш а. Дикка ханна дукъделлера некъаш. Амма, шеца гІашсалтан отряд а, гІалгІазкхийн масех бІо а, ламанан артиллерий а йолуш нохчийн мятежни ярташна экзекуци ян походан маршехь аравелира кхин дІа Іен йиш йоцу полковник Галаев. Цо шен приказаца елла хан чекхйолуш ма яра. Цо, хІор юьрта а хІуттуш, уьлтиматумна дІахьедора хІинца: Іедало шена тІедиллинарг юьрто ткъе деа сахьтехь кхочуш ца дахь ша иза лаьттаца дІанисйо олий. Ша дуьйцург моттаргІина доцийла хаийта, цхьацца долчу цІеношна улло хІоьънаш а дийшош, ярташна тІехула масехазза йоккха топ а тухура.

Веданан округера, ерриг бохург санна, ярташ цІий Іанор доцуш муьтІахь хилла кІелсевцира цунна. Шайна тІера Іедалан а, пачхьалкхан а декхаршший, мятеж ярна таІзар деш тІейиллина контрибуций текхна ца Іеш, цара

Галаевна гIо дора цуьпан тIеман ницкъаш луларчу юьрта кхалхо. И гIо-м цара дукхахдерг уьш шайн кочара дIабахархьама дора. Галаевн приказан ерриге а пункташ кхочушйора массо юьрто, цхьаъ йоцург — цо боьху нах дIа ца лора.

Шен отрядашца Галаев чекхваьллачу яртийн хIусамашкахь сингаттаме тийналла хIуттура, чуьра хIетта дакъа арадаькхича санна. ХIетте а, вер-ваккхар ца иккхичхьана, важдерг лалора нахе. Амма гIоли цхьаъ валар яра, берриг доьзале хIара Iаьржа де хIуттучул.

Полковника нуй хьаькхина дIабаьхна церан миска бахамаш. Даьсса лаьтта рагIош, божалш, гIотанаш, кIареш. Сатосуш кхайкха нIаьна а ца йисина эвлашкахь. ГIалгIазкхаша, къамкъаргаш хьийзош кортош а дохуш, йиъна котамаш. Ткъа маса доьзал бисина да воцуш. Лецна бигна церан дай, наггахьниг бен юха ца вогIучу гена, шийлачу Сибрех.

ХIаъа, да дIа а воьллина, сарахь чубирзинчу доьзалах тера ю тховса Нохчмахкара хIора хIусам. Юха а къурд бин цара шаьш сийсаздарна. Амма, хIара де цара цкъа а дицдийр дац. Царна цкъа а дицлац шайна дина я дика а, я вон а. Цкъа а декхарийлахь ца буьсу оцу шина а гIуллакхана. Аьтто нисбаллалц а Iай, дика диканца, вон вонца доькху.

Ерриг ярташ къаръелла кIелсевцича а Iедална дуьхьало йо цхьана Гати-юьрто а, цунах ун даьллачу луларчу Саьмби-кIотаро а, Шал-дукъо а. ТIаьхьарчу шиммо-м шайна тIехула шозза-ккузза йоккха топ тоьхча, Галаевна тIе векалш бахкийтира шаьш цо бохург до аьлла. Амма Гати-Юрт... Логехь дисинчу чIеран кIохцало санна, сагатдо цо Галаевн. Сийсара дуьйна ву иза Яьссел сехьара цунна яккхий тоьпаш етташ. ХIинцале ткъа хIоъ тоьхна цо цунна тIехула. Амма гатиюьртахоша Iедал цIоганах а ца хьокху. Баккъал юьртда хилла, Iедал шен ка-

ра а лаьцна Iийриг Аккболатан Ахьмад ву цигахь. Юьрто иза векал вина Iедалца дийцарш дан. Ткъа цо тахана Iуьйранна юьртан цIарах сацам боллуш дош делла, Iедало шайна тIетеIо харцо къобал ца еш шаьш дерриге а летта лийр ду аьлла.

Саьмби-кIотарарчу юьртден хIусаман хьешан цIа чохь, корера беша бIаьрг а бетташ, хIоьттинчу хьолан ойла йора Галаевс. Массарна а марш хилла лаьттачу кху Нохчичохь декъаза кхаж баьлла ша цхьаъ лорура цо. Массо зуламан хьоста кхузахь ду. Кхузахь бу обаргийн бен а. Зеламханах кхоьруш а доллу цхьана агIор са дала. Зеламхана хаам бина цуьнга, нагахь цо и къизалла ца сацаяхь, кхин адаман цIий Iанадахь, ша и вуьйр ву аьлла. Ткъа Зеламхана цкъа а эрна бага ца еттта. Цуьнан дош дош ду. Ши бутт хьалха Къеда-юьртан станцехь цо динарг...

...Соьлжа-гIаларчу базарахь нохчийн цIий Iанор шена ма-хетта дийкхира Зеламхана. Цул тIаьхьа нисса итт де даьлча, вуьрхIитталгIачу октябрехь, Къеда-юьртан станцехь пассажирски цIерпошт а сацийна, оцу тIера уггар дика вухавелла, хьолахойн бос болу, амма ша бекхам оьцучу гIуллакхана мискъалазарратал бехке воцу, вуьрхIитта оьрси охьа а воссийна, Зеламхас царна тоьпаш туьйхира. Иза ма дара оьрсийн, къаьсттана гIалгIазкхийн а, нохчийн а, гIалгIайн а бахархошна юккъехь машар ца хилийтарна монархисташний, черносотенцашний дезарг. Иза лаьара нохчийн къоначу буржуазина а, цуьнан гIоьнчашна,—динадайшна а. Шайн политически Iалашонаш кхочушъярехь цара нийцкъ ма-кхоччу пайдаоьцура шайн къомерчу бохамех, Iедалца йолчу цуьнан галморзахаллех. Цкъацкъа церан аьтто хуьлура Зеламха Iехо а, цуьнга цхьацца террористически акташ леладайта а. Цара лерехь цхьа зурма лекхаза ца динера Зеламхас ша Къеда-юьртахь динарг а. РСДРП-н Соьлжа-гIалара

группа дукха гIиртира нохчашка чIир йоьккхуш цIий ца Iенадайта, шина а агIорхьара халкъаш бакъдолчух кхето, амма ницкъ ца кхечира.

«ХIаъа, кхузахь лерг сема хила веза,— ойла йора Галаевс. — Нагахь юкъара гIаттам хилахь, сахьт далале хIаллакйийр ю сан ерриге гарнизон. Ас корта а биттина ялийна гIалгIазкхийн пхи сотни хIара гIуллакх чекх ма-делли дIаюьгур ю. ТIаккха беккъа сайн гарнизонан ницкъаца вуьсу со. Ирс дера ду отделан начальникашкахь. Правительствос лучу тIеман ницкъал сов виллина церан лаамехь ву масийтта эзар гIалгIазкхи. ХIа-хIаний, ма-эллинехь, нохчийн ярташна тIе хаккавала кийчча. ХIинцца, дукха хан йоцуш, Кавказски эскарийн Коьртачу штабан бакъонца Георгиевски тIеман складера итт эзар берданга а, масех миллион патарма а белла гIалгIазкхашна, инарла-губернаторан Колюбакинан дехарица. Герз делла а Iай ткъа! Уьш герзаца кечбеш хецца дойуш пачхьалкхан ахча ду. Ткъа сан округехь чоьхьарчу гIоьне-м догдохийла а яцара, атталла суна хьакъ долу гIо а ца ло...»

— Господин полковник, Гати-юьртара делегаци ю еана, хьоьга ша тIеэцар доьхуш лаьтташ, — элира чувеанчу дежурни эпсаро.

— ХIун боху цара?

— Хаац. Хьан цIарах яздина хIара дехар а дохьуш баьххина.

— ХIун ду оцу тIехь?

— Хаац, Iаьрба йозанца шайн маттахь яздина.

— Гуттар сиха поручике Сейталиевга гоч а дайти схьадахьа иза.

— Ткъа, нохчашка хIун олу ас?

— Маса ву уьш?

— Кхоъ.

— Схьа чу бахкийта. Цхьана сохьтехь арахь а латтабай.

«Суна хаьара, мацца баьхкина а уьш цкъа сайга дехаре богIур буйла, — кIоршаме велакъежира Галаев дежурни эпсар араваьлча. — Виран амалш. Иза хуьлу-кх шена йиттача бен берта ца йогIуш, цхьа вон амалш йолуш. И виран амалш-м юьтуьйтур яра ас шуьга».

Цхьа сахьт даьлча Хьуьса хьалха а волуш неIарх чоьхьавелира СаьIад, Iабдий. Церан болар, хьажар меттахъхьер Галаевна чIогIа тарделира шен хIусамдена хьесталучу канцIар жIаьличух. Кхузахь оьшуш а дацара къамел. Кхааннен а яххьашна тIехь шера дешалора цара деана дехар. Амма Галаевс ладоьгIурш хIара векалш бацара. ХIорш ма бац Гати-юьртан мукъ буйнахь латтораш, шен отрядашца Галаев юьрта ца вуьтурш. Галаевна оьшурш кхин дехархой бу, Акхболатан Ахьмад коьртехь волу.

— Стенна даьхкина шу? — хаьттира цо, бен доцуш церан куьйгаш а лаьцна.

Арахь лаьттина шелвелла вегочу оцу кхааннах Iабди хьалхавелира.

— Дехар дохьуш даьхкина тхо, хьан сийлалла.

— ХIун дехар? Къинхетам боьху шун хьербевллачу юьртахоша?

— Хьан сийлалло бакъ боху! — хьаставелла, качвелла ша лаьттачохь дIасатехкира Iабди. — Бан а бу тхан юьртахой хьерабевлла нах. Бацахьара Iедална дуьхьало йийр яцара, йича а, кхинберш санна, шаьш лелийначунна дохко а бевлла, ахь аьллачунна тIе бирзина хир бара...

— Доцца дийцал ахь, реза буй уьш сан приказ кхочушдан? Ас шуна тоьхна хан тховса суьйранна чекх йолу.

— Бац хьан сийлалла, иза кхочушдан ницкъ бац

шайн боху цара. Баккъал аьлча, таронаш яц нехан. Такхалур дац цаьрга оццул ахча...

Іабдин къамел юкъахдаьккхира чувеанчу, арахь цаьргара кехат дІаэцначу эпсаро. Галаев цо шега делла кехат деша вуьйлира Іабдис дуьйцург тергал а ца деш.

«Веданан округан начальнике полковнике Галаевга. Гати-юьртахь бехачу наха гуламехь дийшира хьан омра. Оцу тІехь яздинчо карзахдехира тхо. Амма сихалха тІеэцначу сацамо дукха хьолахь тІаьхьа дохковоккху дела, оха барт бира, кхаа дийнахь-бусий хІораммо ойла а йина, тІаккха юха майдана а гулделла, шена-шена хетарг ала. Гати-юьртарчу наха дика ойла а йина, хьоьга а, хьол лакхарчу Іедале а хІара ала сацам бина.

Тхо миска нах ду. Тхайн доларчу ардашна тІера даьллачу ялтица Іаьнера ца довлало тхо. Юьртан хьаьрам яц тхан. Мехкан цани тІера яьккхина йол болчун шуьста Іаьнера баккха а ца тоьа. Бераш ду тхан Іай чуьра арадовла йиш йоцуш дерзана, тхаьш ду тхо тІелхигаш а охкийна лелаш. Хьалха, шун Іедал тІедале хІор шарахь юьртан мохк боькъура оха кІуьран цІарах. Оьшу мохк, хьун а хьокхий, тІе боккхура. ХІинца иза дан а йиш яц тхан. Юьртан мохк бекъна хІор цІенна тІечІагІбарца, аш дІадаьккхина иза кхожаца юхабекъар. Хьун аш пачхьалкхан дола яьккхина, тхан бакъо яц ирзош даха хьовха, цу юкъара ураттала коьчална гІирс баккха а. Тхан юьртан нисса ах мохк, Іедалан гІоьнца шайн дола баьккхина кхузарчу масех стага. Цхьацца аьтто боьхна нах хІинццалц Теркайисте а боьлхий, цигахь цхьана ханна лело мехах латта а оьций, сискал яккха гІуртура. Иза а аш тхуна дихкина. ГІалахь даха ховшаре-м тхан догдохийла а яцара, кертахь оьшучунна цхьацца йохка-эцар ян базара даха йиш мукъа елара тхан аш сийсаз ца деш.

Тхан юьртана го бина лаьтташ эскар, тIехула етташ яккхий тоьпаш ю. Оха нийса ца лору харц лар тхешан махка тIе а еъна, къоланна бехке дина тхайна тоьхна гIуда. Тхан дац шуна дала герз. Герз дацарна тIера гIуда оха лур дац.

Тхан герз дан а дац, тхуна иза цкъа хьашт а хир дацара шун кху харцонаша карзах ца дахахьара. Дитийша тхо Iуьйранна тхешан кхаш тIе а доьлхуш, суьйранна цIа а догIуш даха. ТIаккха оха шаьлтанаш а лелор яц шуна.

Ткъа аш боьху нах тхоьга лецалур бац. Абубакаран Iела ваьлла агIо йоцуш вайна, Солтаханан Солта туркойн махка вахана боху, висина шиъ Зеламханца ву. Аш тхуна тIе дожийна ялхийтта бIе туьма ахча мичара каро деза, вуьшта а сагIа доьхучу хьол тIе а девлла Iечу оха? Гати-юрт кхузза йоьхкича а вовшахкхетар дац оццул ахча.

Зударшна а, берашна а лазам ца баккхархьама, оха хIуъу дина а дIатокхур ю хьалха тхаьшна тIехь хилла пачхьалкхан налог, кхин цхьацца декхарш. Иза дан реза ду тхо. Амма къоланна бехке деш тоьхна харц гIудий, доцчу герзана доьху ахчий, Iедална дуьхьало йина аьлла тоьхнарггий — уьш такха тхан ницкъ бац. Оха, къобал а дина, тIелоцур дац аш хаьржина тхан юьртан Iедал. Оха хаьржина нах бита юьртан коьртехь. Нагахь оцу тIехь тхоьца барт ца тайча шаьш йохор йолуш елахь, Гати-юрт йохае, доьзалшца цхьаьна тхо дагаде, амма тхо дийна а долуш юьрта ког ловзур бац аш...»

Кехат дешна ваьлча, шен нилха хьаьрсачу мекхех куьг а хьаькхна, хьаьжа юкъ юьззина белхи а гулбина, цIийбелла къорза ши бIаьрг; нур эца санна, роггIана цхьанна тIера вукхунна тIе а хIиттош, царна тIе вогIавелла дIахIоьттира Галаев.

— ХIара дохьуш даьхкина шу? Массо юьрто сан приказ кхочушдина, массо юьрто Iедална хьалха шайн

декхарш кхочушдина, ткъа аш... ХIара хьенан бехк бу? Шун бехк бу-кх, юкъарлонна девлла лелачу! Шу кIилло долу дела юьртахь сий дац шун! Шу Iовдалех нах дан гIиртира тхо, амма шух хиланц! Ас кху делан сохьта лаьцна Сибрех дIахьажор ву шу кхоъ! ХIан-хIа, цул шу кхоъ юкъахь а волуш, Гати-юьртах чим бийр бу. Тахана! Сарале!

ТIаьхь-тIаьхьа чуьравуьйлучу полковникана хьалха кортош а охкийна, бист ца хуьлуш лаьттара гатнюьртахой. Оьрсийн мотт хаар ца оьшура цо дуьйцучух кхета. Иштта ма ца дуьйцу диканиг, кIарул-Iаржвелла, багах чопаш а туьйсуш. Амма мел ца лаахь а, тахана юьртехьа гIодаккха деза оцу кхаанхен. Нехан дуьхьа доцуш, шайн дуьхьа. Нагахь юьрта яккхий тоьпаш етта йолаяхь, нехачаьрца цхьаьна церан цIенош а догур ду. Нагахь шаьш юрт тало болахь, гIалгIазкхаша церан бахамаш хIурпака бохур бу. И ду хIокху цIемзачу дийнахь уьш кхоъ схьавалийнарг.

Хьалххе дуьйна цара къамелана кечвинчу Хьуьсас, шен юткъа еха, кIайн маж буйнах а яькккхина, йовхарш тоьхна йиш а тойина, меллаша цхьа-ши гIулч хьалхатесира.

— Ницкъ бац тхан, полковник, и еза ясакх такха, — гIийла балхам болийра цо. — Оха къорIанна тIехь дуй буур бу-кх хьуна, тхайн юьртахь цхьа а топ яц аьлла. Мичара лур ду паха шайн доцу герз? Къинхетам бехьа юьртах, дала цхьана йоле дуьллур ду хьан иза...

— ХIун юьйцу ахь, къена гIаз? — човхийра иза Галаевс.

Iабдис масех дашца гочдира декъазчу Хьуьсин юкъахдаьлла къамел.

— Кхечу ярташа ма ца яздина соьга ишта кехат? — цара деана юьртан дехар Хьуьсин мера кIел Iуьттура

Галаевс. — Царна мичара даьлла ахча а, герз а?

— Гуьржех а, Хонкара а оьхуш, цигара эцна деана делла кхечу ярташа шаьш делла герз. Ца делла хьуна цара иза шайн долахь а хилла-м...

— Эца аша а. Шуна ца карабо цига боьду некъ?

— ХIинца хала ду герз эца. Кара а ца до. Даздина.

— Ахча ло! Ахча! Хезий шуна? Иштанехьа хIумма а дац!

— Шайн дена неIалт хиларийн, Iелин, Солтин бехк бу шаберг. Царех даьлла ун ду, — дуьххьара вистхилира СаьIад.

— Хир дацара ахь шен хеннахь лаьцна и шиъ Iедале схьаеллехь? Шу Iеш ду, тевна хевшина котамаш санна, шай эвлара нах тIемашна кIел бохбеш, Iалашбеш. Шу-м ас дохдийр ду шуна! Хаалаш, нисса бархI сахьт далале ялхийтта эзар цхьа бIе диъ сом ахча аш кхуза схьа ца дахьахь, ас шайн юьртах чим бийриг хилар!

— Хьан сийлалла, тхан бахамех, цIеноЙх, доьзалех хIун хир ду тIаккха... — мохь белира СаьIадан.

— Кхечарех хирриг хир ду шух а.

— Господин полковник, иштта нийса ма хир дац! Тхо цхьадерш тешаме а, дог цIена а хилла шуна...

— Цхьаннех цхьа а тайпа къинхетам хир бац! Тешаме хилла! ХIун дина аш тешаме хилла? Тхуна тIе къайлах мотт бохьуш-м догIура шу. Амма вуй ткъа аш шаьш лаьцна тхоьга схьавелла стаг? Вац. ХIунда ца велира аш уьш виъ стаг тхоьга схьа? Шаьш кIиллош долу дела. ДIаэца шайна хIинца! Кхечу ярташка оха шаьш санна хIиттийначу нахах масал эца ца хин шуна, амма кхечарна масална таIзар ас шу веанна дийр ду!

— Господин полковник, оха кхааммо дехар до хьоьга кхаа дийнахь юрт ца йохош йитар. Оцу кхаа дийнахь хIуъу дина а нах бертабало хьовсур ду тхо. Оха, юьртарчу цхьа иттех цIийно хIара совгIат дIаэцар а доьху

хьоьга, хьан сийлалла,— четара схьаяькккхина кIайчу кисин цIенчу йовлакха юкъа хьарчийна ахчанан йоккха бог стоьла тIе охьайиллира Iабдис.

СовгIатах бIаьрг кхетча Галаевн юьхьо, цIеххьана кIадъелла, бос хийцира, тохаделира дог. Амма и шен хазахетар къайладаккха гIоьртира иза.

— ХIун ду аш лелориг? — ирхъиккхира Галаев.— Со эца гIерта шу? Довла ара! Ас кху делан сохьта лоьцуьйту шу. ДIабаккха суна гучуьра и шад!

Галаевс хIоттийнчу кепо кхерийна СаьIад, Хьуьсий неIарехьа кIегарвелира, амма мекара Iабди Iехой, кхерой хала дара. Цунна шера хаьара, полковника лелориг моттаргIа юйла а, иза гена ер йоцийла а. Ахчанан шадах бIаьрг кхетча, Iабдина а гуш, бос хуьйцуш, кIадъелира цуьнан юьхь.

— Хьан сийлалла, тхо-м хьо эца а, хьоьга закон талхадайта а ца гIертий. Закон хьо ду-кх. Ахь динарг хилла ма ду кху Веданан округехь. Оха хьоьга йоьхург кхо де хан ю. И омра кхочушдар кхо де тIаьхьадахарх хьан галдала хIума дац. Мелхо а нислур ду. Кхо де даьлча, хьайна луъург дер ахь. Амма оха цхьаъ доьху. Якхийчу тоьпашца болу хьан салтий дика иччархой бу... Хьуна хIара совгIат вовшахтоьхначу итт стеган цIенош кхечу цIенойх кIаьсташ ду юьртахь. Даккхий, тхевнаш тIе гериг йиллина я эчиг гоьхна, гонаха якккхий бошмаш йолуш. Шаьш кхуссу йоккха топ царех ларъеш тоха алий хьайн салташка омра дехьа. ТIехула тIе, хьан сийлалла, юрт тало болахь, вайн керташка ма кхийдийтахьа уьш. Баркалла хьуна, господин полковник!

— Iодика йойла хьан!

— Дала аьтто бойла хьан! Дала дукха вахавойла хьо!

Полковник ветталучуьра сецча, шайн дехар кхочушхиллийла а хиъна, векалш снхха арабевлира. Уьш учех

чубисса а кхиале хьаьдда ваханчу Галаевс, неIарна гIуй а боьллина, катоьхна схьаэцна баьстира цара битина чIогIа нафталинан хьожа йогIу стомма шад.

Оцу юккъехь цунна карийра гуттар лерана хьажош дIанисдина ши бIе туьма ахча...

«Чам бац-кх ас къаръян езарг хIара тIаьххьара а юрт хиларна — ахча кисанашка теIадора полковника, — ХIара Нохчичоь-м етт бай, хьуна вакха хиъчхьана, биллана дIа шура луш. Амма хIара тIара массар а ийзийна жIормак хиллачу хенахь кхаьчна сан бага. ХIумма а дац, иштта дика озийча суна тоъал хIума ер ю кхуьнах. Коьртаниг — кхеран барт хила ца битар, юкъа питанаш тийсар ду. Сайна яккхалург схьа а яьккхана, кху жIуганийн бенчуьра дIавала веза со. ХIинца сан таро ю ХIиричохь уггар тоьллачуьра цхьа-ши бIе десятин латта, я Владикавказехь уггар хаза особняк эца...»

Амма и шен мерза ойланаш кхочушъян ца дуьйгIира Галаевн: цул тIаьхьа ши шо даьлча, 1908 шеран аьхка, Зеламханан биэкхамечу куьйго цхьа-ши квадратни метр латтех тоам хир болчу, цхьа а особняк ца оьшучу дIахьажийра иза...

16-гIа корта

Бакъволу доттагIа бохамехь вевза.
Эзоп.

Доттагlий уьш бу-кх...
Вайн гlоьмаш шайн коча эцнарш.
Хисроу.

Чекхъелира гуьйре. Iа а деара тIе. Кхо бутт баьллера Iела цIера ваьлла. Амма цуьнгара хезаш цхьа а тайпа хабар дацара. СаьIадгIеран баккхийберан доза дацара изий, Солтий Гати-юьртара дIаваьлча. Амма йисинчу ерриг юьрто сагатдора. Сагатдора луларчу ярташа а. Цара сатуьйсура иза цIа кхачаре. Уьш тешара цуьнан хьекъалах, кхетамах, кхечу къоман нахаца долчу цуьнан гергарлонийн пицкъах. Иза царна оьшура тахана, хIара хала киртиг тIехIоьттинчу дийнахь хьалхавала, цуьнан хьехаме ладогIа.

Амма Iела цIа ца вогIу. Аттала хабар а дац. Вахана агIо а хаац, Гуьржех вахана бахар бен.

Синтем байна хьийзара Iусман. Халла карийна да юха а керара волуш воллу цуьнан. Цхьа шо хьалха ду, тхох хьо къасто ницкъ кху дуьненахь бац бохуш, ден кера корта а биллина кIант вилхина. Ма атта дара тохара, иза вевзана а, гина а воцуш, дуьненахь воцург лерина Iеш. Иза-м да хилла а ца Iарий цуьнан... Оцу юьртарчу, Яьссин тогIица болчу берриг пахана санна, цунна-м иза

шен баьчча хетарий. Ша цигахь хьелур ву, амма вухавогIур ву, шена тIаьхьа ма гIерта аьлла вахана. ХIетте а, сингаттамо эккхийна вигна Iусман, цунах хилларг хаар̆е догдохуш, Соьлжа-гIалахула, БуритIахула кхирстина веана. Вац. Вац цуьнан къена дада, лар а яц. Шена тIаьхьавар цо мел дихкинехь а, хIара хьовр-зIовр дIаяьлча-м Гуьржех воьду Iусман. ГIур а ву, дада карор а ву, иза воцуш цIа а вогIур вац, кхин цкъа а цунах цакъастархьама.

Сийсара чомахь наб ца йина цуьнан доьзало. Я юьртарчу цхьаммо а. Сахьт мосазза дели Яьссил дехьахь йоккха топ йолура. Ткъа наноша бераш мара а къуьйлуш, ладоьгIура, шакарца угIуш богIу хIоъ мичхьа кхета хаа. ХIора а Iара иза шайн хIусамна тIе богIу моьттуш егош, деле, эвлаяашка орцах кхойкхуш. Амма хIинца цкъа уьш юьртана юьстах оьгура. Цара калда яьккхинера Iусманан деден бIарийн къена беш...

Тховса зударий а, бераш а дийшина Iахкахь а, амма юьртара къонахий сема бара. Цара сема ха латтадора юьртана гонах. Цара дуйнца чIагIо йинера, шаьш дийна а долуш шен эскаршца полковник Галаев юьрта ца вайта.

Тховса охьавижа рагI яра Iусманехь. Амма цунна наб ца кхетара мел кхетийта гIертарх. Бодашкахь бIаьргаш а бетташ Iуьллура иза, сих-сиха ха а хорцуш. Сема велахь а цунна ца хезара арахь шок етташ дорцан шийла цIийзар а, ха дечу нахана летачу жIаьлийн гIовгIа а. Бен ца хетара яккхий тоьпаш тоьхна хIара цIа а, юрт а тIе-кIел даккхарх. Цуьнан ойланаш генахула лелара. Ца бевзачу махкахула. Гуьржийн лаьмнашкахула.

— Iусман!

Цхьа гIенах санна, цхьаммо шен цIе йоккхуш хезна, ладуьйгIира Iусмана. Цхьаммо меллаша кор деттара.

Хьала а гIаьттина, бодашкахь катоьхча карадоггIе

вуьжуш охьадаллина шен барзакъ схьаэцна сиха тIе а дуьйхина, шаьлта юкъах а йихкина, тапча доьхкарх а йоьллина, патармех юьзина ши гIап некха тIехь морзах йохуш коча а тесна, юьйлина японски топ кера а лаьцна, араиккхира иза.

КетIахь лаьтташ кхо стаг гича, уьш хIун адамаш ду ца хиъча тIе ца воьдуш, сецира Iусман.

— Муьлаш ду шу? — мохь туьйхира цо.

— ХIара-м со вара, Iусман.

— Доша, хьо ву иза. Схьа чудуьйла.

Шеца волу ши накъост кетIахь а витина, Iусманна тIе веара Доша.

— Соьца берш хийра хьеший бу, Iусман. Вайнах бац уьш.

ТIе диллинчу лоно кIайвинчу шина хьеше маршалла а хаьттина, уьш чубийхира Iусмана.

— Цкъа хьалха чугIой, чиркх латабай, хIорш чубига цIа кечдехьа, Iусман, — элира Дошас. — Оха арахь собар дийр ду.

— Мох ца кхетий, уча мукъа довлийша, Доша. Ас хIокху делан сахьта чудуьгу шу.

Сихха гIаьттинчу Мединас, баьхкинарш бегабала, мегарг паргIатбовла кхиале хьешан цIа чуьра товха цIарах юьйлира. Iаьнан оцу шийлачу денца ца догIучу дуткъачу духарца волу ши хьаша цIарна гонах хьаьвзира. ЦIеран серлонгахь бIаьрг ма-кхийтти хиира Iусманна уьш цхьаъ оьрси, важа гуьржи хилар.

Хьешашка хаттар ца дора Iусмана. Цхьана хIуманах дог кхиъна, чу алу йоьхкича санна, кийра богура цуьнан.

— ХIара шиъ хьой, Ахьмад хьаштхилла веана Нохчичу, — сагатделлачу Iусмане шена хуург дийца вуьйлира Доша. — Ма боггIара Соьлжа-гIала баьхкина хIорш. Мухха нисбеллехь а, Зеламхин цигара хьаша волчу цхьана оьрсичунна тIенисвелла хIара шиъ. Оцу оьрсичо ше-

ний, Зеламхиний юккъе лелаш волчу стагах а тоьхна, Зеламханна тІе валавайтина. Цо, сох а тоьхна, схьахьажийна. Шаьш деанчу гІуллакхах лаьцна дечу хаттарна жоп а ца ло. Шаьшшиннан гІуллакх хьоьгий, Ахьмадей бен дийца йиш яц боху.

— Ванах, тхан дадин хьешех ши стаг ву техьа хІара шиъ, — шен дагахь дерг схьаэлира Іусмана. — Цо бийцинчу нахах тера ду кху шиннан аматаш.

— Іелин хабар дац-кх хІинца а? — хаьттира Дошас.

— Дер дац. Нагахь кху шиммо ца деанехь, цуьнан хабар ма дац.

— Цхьацца гІуллакхашна хьевелла хир ву. Я накъосташа цІа ца хоьцуш Іа. ТІехула тІе, лаьмнашкахь ло диллина некъаш дукъделла висина хила а тарло. Масане хуьлу бахьанаш. Сагатдан ца оьшу. Даламукъалахь цІа вогІур ву.

Даима санна, ша сихалха лун кхача-сискал, йовха шурий чохь хьешашна шун хІоттийра Меданас. Шуьнна тховса тІекхеттарг гІалмакхан чай дара, шура а тоьхна, тІе даьтта а диллина тодина. Бохбелла, буьзна хьеший паргІатбевлча, юьрте хІоьттинчу хьолах лаьцна жимма къамелаш деш а Іийна, шегара кхин гІо ца оьшийла хиъча, Доша дІавахара. Хьешашка шен са дуу хаттар дира Іусмана, шаьш кхоъ цхьаьна висча.

— ТІаккха, мехкан воцу ши хьаша, шуьшиъ мичхьара веана, стен валийна сан мискачу хІусаме. Шаьшшиннe оьшург аш схьадийцахь, иза делан гІоьца кхочушдийр ду-кх вай.

— Тхойша Гуьржехара вогІуш ву, — элира гуьржичо. — Хьан да Іела Сибарех вевзина тхойшинна. Кху гурахь иза Гуьржех дІавеъча, цигахь юха а цхьаьнакхийтира тхо кхоъ. Тхойша Нохчичухула а ваьлла, цхьана гІуллакхана Россех воьдийла хиъча, кхуза а верзий, хьоьгий, Ахьмад цІе йолчу кху эвларчу цхьана стагей, шуъ-

ишъ цхьаьний волуш дIаала тхойшиннa тIе цхьа кост диллина цо. И декхар тIера даккха вирзина тхойша хьо волчу.

Iусманан кийра цIе ккерстира.

— ЦIерш хIун ю шуьшиннан?

— ХIара Петр Егоров ву, сан цIе Николаз ю. Николаз Беридзе.

— Дадин уггар гергара шн доттагIа ву-кх шуьшиъ.

— ХIаъа, тхан доттагIа хилла ца Iа хьан да. Оха, тхайн да санна, лоьру иза.

Хьеший дIатийра. Уьш кхийтира шаьш дуьйцучух Iусман шек хиларх. Баккъалла а, жимма Iийча Iусмана цIеххьана хаттар дира цаьршинге:

— Со цхьана хIуманах ца ккхета, Николаз. Дада цига вахана кхо бутт кхочуш боллу. Шуьшинца цIа хIунда ца веана иза, цо хIун до цигахь шуьшиъ воцуш, я?..

— Нийса хоьтту ахь, Iусман. Иза цига кхаьчча дукха цхьаьна Iайла ца хилира тхан. Тхойшиннан Росси ваха дийзира, цхьана баттана. ТIаккха Iелас ша Турце воьду элира. Тхойша Росси вахана вогIучу юкъана ша, Турце а вахана, цигарчу вешин коша тIе а хIоьттина, Гуьржех вухавоьрзур ву аьлла, вахара иза. ХIинца дIакхаьча иза бухахь каро декхар ду тхойшинна.

— Россе воьдуш ву шиьшиъ, я вогIуш ву?

— ВогIуш ву.

— Цо даийтина хабар соьга сайгга дийца ца мега аш?

— ХIан-хIа, мегар дац, Iусман, — корта ластийра Беридзес. — Хьой, и Ахьмад цIе йолу стаггий цхьаьна хила веза.

«Везан дела, хIун ду техьа ашшиммо деанарг дан мукъана, — чу бала хьаьвзина, тIаьхь-тIаьхьа чехкадуьйлуш, хьердаьлча санна, детталора Iусманан дог. — Диканиг дохьуш веанехьара, тоххара схьадийцина хир дара...»

— Тховса кхойкху вай Ахьмаде, я кхапенга даккха а

мега вайи иза? — хьаттира цо, хьешашна луург дан.

— Хьайна мел хало хилахь а тховса схьакхайкхахьа цуьнга. Шун кхузахь а машаре дац, тхан цигахь а... хан тешаме яц. Хьанна хаьа кхана хиндерг.

Кхин хан ца йойуш, Ахьмад каро араиккхира Iусман. Цунна хаьара хIокху цхьана-шина дийнахь Ахьмад нагахь бен шен хIусаме ца воьрзийла. Цунна ца луъушехь, наха юьртан баьччалла деллера цуьнга. Уггар карзахечу, уггар хьеречу хенахь. И гIуллакх ша тIе ца лаьцча Iелин кочахь дуьсийла хиъча бен реза ца хилира Ахьмад иза шена тIелаца. Харжамаш хуьлчу хенахь юьртден метте Iела хьалхатуьттура адамаша. ТIеман заманахь а, машаречу хенахь а юьртан дола дан цул хьакъ волуш стаг вацара эвлахь. Юьртан хьовха, мехкан коьрте хIотто а мегар вара иза. Ша майра а, оьзда а, хьекъале хилла ца Iеш, дуьне девзина, шерра оьрсийн мотт а хууш, махкал арахьа дуккха а гергарлонаш лелаш стаг ву бохура иза наха. Цундела ца везара иза ХьуьсагIарна, СаьIадгIарна. Iела Iалашван везара, кхечу доккхачу гIуллакхана. Кег-мерса гIуллакхашна юкъа Iиттарца Iедална гучу а ца вохуш. Цундела ийцира Ахьмада и юьртдолал коча. Моьттура, таханлера де юьртана тIе хIоьттича дагавала уллохь Iела хир ву. Вац иза. Шен накъостех дагавала вахана иза вуха ца вогIуш вуьсуш воллу. Ткъа мостагIа юьрта гIерта. Наха дуьхьало ян чIагIо йина. Ярх тоьий ткъа, ницкъ ца хилча. Ахьмадана-м лаьара цIий ца Iенадойла. Амма наха боху-кх, хIара дуьне иштта къиза дуучул летта, делла дIадовлар гIоли ю. Герзах доьттина долчу паччахьан эскаршна дуьхьал хIорш хIун яккха бохку? Юьртахь яц иттех топ бен. Герз оьшура, герз. ХIокху тIаьххьарчу масех дийнахь цуьнан гIайгIа беш Нохчичухулий, ДегIастанахулий чекхваьлла Ахьмад, кхин масех стаг.

Ахьмад охьавижаза карийра Iусманна. Юьртана го а баькккхина, хIетта цIа вирзина иза, тIера сов бедар дIа а яькккхина, неIармачаш кханенна кечъеш воллура. Хан йоцчу хена ша волчу веанчу Iусманан макхъелла юьхь гича, иза хIумма а диканиг дохьуш ца веанийла хиира хIусамдена.

— Iусман хьо лаа лелий? — хаьттира цо, шен махуьллу паргIат.

— Дадин ши накъост веана Гуьржехара.

Ахьмадан дегIах шийла хьацар туьйхира.

— Iела вуй кхаьрца?

— Вац...

— ХIунда?

— Хаац. Шаьш деана гIуллакх царшиммо дийцац вайша цхьаьна воцуш.

ХIетта ша царна чуьра схьаяькккхина тIеда къаж чу а таIийна, мачаш кога а юьйхина, гIорийнчуьра ясталуш, ладарш Iийдалуш кхаьзна кетар тIе а кхоьллина, месала куйн а тиллина, вист ца хуьлуш хьалхавелира Ахьмад.

Ахьмад неIарх чоьхьаваьлча, каде хьалаиккхира ши хьаша. — Царшиннах цхьаъ Iаьржа корта а, хаза хьовзийна Iаьржа мекхаш а долуш, дукъ тIедаьлла мара а болуш, Iусманан хеннара стаг вара. Ткъа важа цул воккхо ала мегар долуш, хIетта сиръяла йоьлла хьаьрса маж а, хье тIера тила боьлла корта а, къинхетаме сийна ши бIаьрг а болуш, лекхочу дегIара стаг вара. Салам луш тIеваханчу Ахьмада, куьйгаш а лоцуш, роггIана маракъевлира и шиъ.

— ХIара Петр Егоров ву, — элира Iаьржачо. — Ткъа со Николаз Беридзе ву.

— Iаламат дика хета суна шу сайна девзина. Iелас дукха дийцина тхуна шух лаьцна. ДIа дош мосазза олу шун цIерш йохура. Охьаховшал.

Хьешашка хьал-де а хаьттина, тIаккха Iусманна тIе вирзира Ахьмад.

— ХIума йиъний кхара?

— Жимма кхетта.

— Дика ду. Дийцал, хьеший, муха хилира гIуллакх? Ткъа ахь Iусман, со ца кхуьучух кхетор.

Ши хьаша воьхна вовшашка хьаьжира. Цецвелира Iусман а.

— ХIумма а дац, ши кIант, вохий ма хьовза. Суна хаьа шуьшиъ лаа ца веанийла. Схьа ала шаьш деанарг, баланаш Iийша Iемина ду тхо.

«Ахь дийцахьа», — бIаьргашца дехар деш Петрога хьаьжира Николаз. Ткъа Петрон меттиг бацара кхечунна тIе татта.

— Хаьа тхуна, Ахьмад, адамашка ца лабаллал бакхий баланаш аш Iийшиниийла, муьлххачу а бохамана сатоха шуьгахь собар а, къонахалла а дуйла. Цундела, майрра олу ас: Iела воцуш ву...

Оцу кхоана, мухха делахь а, даго кечвеш Iеш хилларехь, Ахьмадан юьхьо бос хийцира, цIоцкъамаш дусаделира. Цунна гира Iусманан бIаьргаш тIунлуш. БIаьргангIар тухучу юкъана ша дIатесна къонахалла юха а ерзийна, гIовталан кочера ветанаш дIа а даьхна, Iусмане вистхилира иза:

— Къонаха хила, Iусман, къонаха. Иштта киртигаш ю дуьненан. Хийланна тIехIиттина уьш. Амма собар хила деза. Хьан ден, цуьнан нийсаройн — тхан дай, вежарий тIамехь эгча, бIаьргех хин тIадам ца баьлла. Ма Iийжара дегнаш, ма хала дара дейтта-пхийтта шераш бен хенаш йоцчу тхуна и вонаш лан. Дан хIума дацара. Царех дисина герз кера а оьций, церан метта дIахIуьттура. Иштта хила деза шу а, Iусман. Дийцал, Петро...

— О, Iусман, тхо кхета хьуна хьан дагах, — бохура Петрос. — Дог Iовжош хIума ду да-нана далар, и къа-

хьо ас а мелла. Амма сан да шозза вели, Iусман. Миска Iела, иза хьан да хилла ца Iара, хьуначул тIех везарий техьа аьлла, дукха везара тхуна иза. Цундела боху ас, сан да шозза велла: со шен цIийх схьаваьлларг санна ас сайн да лийрина, везаш хилла Iела а. Каторгехь цо шен дахаран некъ буьйцуш бIаьргех хиш туьйсуш ладоьгIура накъосташа. Цуьнан хьуьнаро, оьздангалло, собаро ницкъ лора тхуна халонаш эшо, къийсамехь майрра хьалха дIадаха. Иза вуьззина турпал вара. Гуьржех, тхо долчу кхечира иза цигара ахархой гIевттинчу, хIара тахана шуьга хIоьттинарг санначу хьола тIе. Цигахь тIом хилира. ОхI-вай, ма дукха Ниртира-кх тхо оцу тIамехь цуьнга дакъа ца лацийта, тIом болабалале иза цигара цIа хьажо. Амма цо ла ца дуьйгIира цуьнга. Шуна ма хаьа, цуьнан дашна стаге дуьхьало ца ялойла. «Шовзткъа шо ду ас кху дийне сатуьйсу, — бохура цо тхоьга. — Витийша со шайна улло а хIоьттина, вайн мостагIчух бIэкхам эца!» Массо хенахь, массанхьа а тхоьца вара иза. Адам цецдоккхура цуьнан майралло, собаро, тIеман говзалло. Амма майра, собаре, каде хиларх лоцу къизчу дIаьндарго. Лецира цо Iела а. Ши кIира хьалха, тхо лаьмнашка юхадовлуш тхуна тIаьхьабаьхначу гIалгIазкхийн тоьпийн дIаьндарго белшах чIогIа чов йира цунна...

Шен къамел а сацийна, Iусмане хи дийхира Петрос. Шега кховдийнчу йоьзан доккхачу зоки чуьра хи са ца доIуш лаххьийна дIа а мелла, балдех йовлакх а хьаькхна, кхин дIа дуьйцура цо:

— Чов хиллачул тIаьхьа кхаа дийнахь вехира иза. Даима, шен дегIа чуьра са дIадаллалц кхетамчохь вара. Цо тхойшинга дийхира, ша оцу чевнах лахь, шен дакъа винчу юьрта ца хьош, цигарчу лаьмнех уггар лекхачунна тIехь каш а даккхий, дIаволла ша аьлла. Цуьнан дехар охашиммо кхочушдина диъ де хьалха. Шун а, гуьржийн

а, дозанашка дIавоьллира оха иза. Нехан керта дакъа охьа а диллина, шуна тIаьхьаваьлла лела хан а яцара, вон хуьлуш доллура иза. Нахана дегаза хир дара иза шайн хIусамехь. Дуьтийла а яцара. Хан яьллера иза кхелхина. ТIехула тIе, шу дIаса кхайкха шун кхузахь гIуллакхаш синтеме доцийла а хаьара тхуна. Амма шуна ма мотталаш охашиммо иза мухха а дIавоьллина. Цигарчу цхьана юьртан моллех дага а ваьлла, нахе шун динехь дан дезарг дойтуш, хаза дIаволлийтина. ТIулг а, хIоллам а боьгIна шун Iедалехь. Бакъду, тIулган еса йнсина цхьа агIо, тхаьшшинна ма-хетта язйина охашиммо. Тхуна лиъпера иза иштта. ТIаккха, хIара кехат а дитина цо, вай виъ цхьаьна волуш, шен коша тIехь дастий деша аьлла.

Костюман чухаларчу кисанара схьадаьккхина сийна конверт Ахьмаде кховдийра Петрос.

— Баркалла шуна, ши кIант. Дела реза хуьлда. Инзаре доккха гIуллакх ду ашшиммо динарг...

Конверт керахь дIаса а хьийзош, шен ши бIаьрг цунна тIе а боьгIна цIеххьана дIатийра Ахьмад. Николазана гира, чIогIа цергаш тIеттIа а таIийна, цо сихдинна до къурдаш. Амма бIаьргаш декъа лаьттара. Аттала бIаьрнегIарш а ца тухура. Николазана ца хаьра иза ойла еш Iа а, я шаьш беанчу кхоо Iовжийна дог духадерзийта гIерта а.

— Маржа Iела яI, ма къиза дуьне диъна ваха-кх хьо далла дуьхьал, — элира цо эххар а, доккха са а даьккхина. — Ца биси кху дуьненахь хьуна ца гуш а, ахь ца Iовшуш а бала. Дала гечдойла-кх хьуна а, хьуна тIаьхьа дахказа ца довлучу тхуна а. Iусман, делан кхиэл хилла яьлла. Да-нана цкъа бен леш дац. Амма оцу шина дийнан къахьо Iовшаза цхьа а ца волу. Шен ирс дерг царел хьалха дIаволу дуьненчуьра. Iела вухавогIур вац. Вай доха ца деза, вайгахь собар оьшу, къаьсттана кху

чолхечу деношкахь. Ас аьлларг дахь, кху шина-кхаа дийнахь тезет хIоттор дац вай. ХIокху юккъехула хIоттийна тезет юьхькIам болуш хир дац я вайна а, я веллачунна а. Iела вац аьлла хезча, дуккха а ярташкара адам схьагIуртур ду, ткъа тIе яккхий тоьпаш а ерзийна вайн юьртана гуо бина лаьтташ паччахьан эскарш ду. Цара юьрта чу а, ара а стаг ца вуьту. ХIуьу дийцинехь а, тахана Саьмби-кIотара баханчу ХьуьсагIар цхьаъ дийцина, кхаа дийнахь юрт ца йохош йита полконакера дош даьлла. Цара соьга дийцарехь, хIокху кхаа дийнахь юрт йохорна кхерам бац. Вайн велларг дIаволла везаш Iуьллуш а вац, вай сихдала. Суна хетарехь, хIара цхьангге ца хоуьйтуш, кхана Iуьйрре лилхина дахана, цкъа Iелин коша тIе хIиттина дахкар бакъхьа ду вайна. ХIокху весетан кехата тIехь дерг а хуур вайна. Шен коша тIехь бен хIара даста пурба ма ца деллий цо. Ткъа хIинца хIокху шина хьешан декхар а чекхдаьлла. ХIара шиъ Iуьйранна сатоссучу хена кху юьртара дIа а ваьккхина, кхарна луъучу, амма цхьа кхерам боцчу дIавига веза. Хьуна хIун хета, Iусман?

— Иштта бакъхьа ду.

— Делахь хIета, вайшиннан бартах кхетаве и шиъ.

Шаьшшиннан бартах хьеший кхето гIерташ дикка къахьийгира Iусмана. И шиъ сатоссуш юьртара дIавала везийла-м атта ханйтира цо, амма бахьанаш дийца воьлча хьевелира.

— Тхойша кхетта дерригенах а, — сацийра иза Петрос. — Амма шуьца цхьаьна Iелин коша тIе хIоьттина бен дIаваха пурба дац тхойшинна. Иштта бу кхелхинчу тхан доттагIчун лаам.

— Мегар ду. Цигара дIаваха атта хир ду. ХIета, сатоссучу хенахь цхьаьний цIера девр вай.

— ХIан-хIа, Iусман, шуьшиница цигара юхавогIур ву

тхойша. Тезет дIадаллалц кхузахь хила, — элира Николаза.

— Шун юьртана гонах а хьаьрчина, тIехула дIовш туьйсучу оцу исс корта болчу саьрмакца дерг чекхдаллалц дIагIур вац тхойша. Баккхахь толам цхьаьна хир бу вайн, лахь цхьаьний лер. Лахь а, висахь а кху деношкахь шух ца къаста барт бина охашимма, — тIетуьйхира Петрос.

Петрон дешнаша кхерийна Ахьмад, Iусман хьалаикхира, вагийча санна.

— И мегар дац! Дийца а ца оьшу! — чуьравелира Ахьмад. — Шу тхан хьеший ду! Оха дош ло шух!

Ши хьаша дуьхьал вист ца хилира.

Царшиннан ойла яцара хIусамдайшца къийса. Кхузахь дешнаш эрна дара. Шаьшшиннан хьешийн яххьаьна тIера бохалу боцу сацам гина Ахьмад, Iусман, царшиннех бIаьрг буьзна, вист ца хуьлуш охьахиира...

17-гІА КОРТА

ХІоьънаша зарзйина
Тхайн чорда башлакхаш,
Къоначу воІарийн
Белшаш тІе туьйсур ю.
МостагІех летачохь
Іожалло тхаьш лецахь,
Тхайн метта дІахІиттар
Царна тІе дуьллур ду...
Нохчийн халкъан илли.

Кхозлагічу дийнахь нохчийн, гуьржийн мехкийн доза къастош долчу Кавказски дукъан лекхачу лома тІе хьалавелира пхи стаг.

Кхузара дІа бІаьрг тоьхча гора цхьацца агІор, аьрзонийн баннаш санна, лаьмнийн басех кхозаелла йохку нохчийн, гІалгІайн, гуьржийн, суьйлийн, хІирийн ярташ. Гора аренашкахула чІуг етташ доьду буьрса Терк а, цунна дехьа къилбаседехьа, хІорд санна, шуьйра яьржина шера аренаш а.

Кхузахь цхьа лаьттара дукха хан йоццуш дІавоьллинчу стеган каш. Коьрте чуртана боьгІна тІулг гІайракхан а, я говзачу куьйгашца охкуш басаршца кечбина а бацара. Шогачу цуьнан ший а агІо язйина ю. Цхьана агІонна тІехь Іаьрбан йозанца яздина масех дош бен дац:

ІЕЛА ИБН АБУБАКАР
АЛ ГАТИ-ЮРТ
1326

Ткъа важа агІо ерриг оьрсийн маттахь даккхийчу элпашца язйина:

НОХЧИЙН ХАЛКЪАН ТЕШАМЕ КІАНТ ІЕЛА АБУБАКАРОВ. СИЙ А, ХАСТАМ А ХУЬЛДА ПАРГІАТОНАН ТІЕМАЛОЧУННА 1831—1906.

Оцу пхеа стагах шиммо кошан борза тІе хІоьттича коьртара куйнаш дІадехира, важа кхоъ коша улло голашна тІе охьа а лахвелла, чохь Іуьллург самаваларна кхоьруш санна, тийна, меллаша борза тІе куьйгаш хьекха вуьйлира.

Цхьа иттех минот яьлча, хьалагІаьттина, цаьрца волу воккхастаг, шен четара сийна конверт лардеш схьа а даьстина, цу чуьра схьадаьккхинчу шина кехатах цхьаъ, шена ца девзачу оьрсийн маттахь яздинарг, уллохь коьрта-Іуьйра гІайгІане вахна лаьттачу лекхачу, хьаьрсачу оьрсичуьнга а делла, важа, шегахь дисина Іаьрбан йозанехь дерг деша кечвелира.

Ахьмад кехат деша кечвелча, голаш тІе лахвеллачуьра хьалагІаьттира Іусман, Айзас Ахьмадана вина вуьрхийтта шо долу Мохьмад.

Петрога делла кехат, вовшашна тІеттІа а тевжина, дагахь деша вуьйлира Петрой, Николаззий.

Ахьмада хозуьйтуш, юкъ-юкъа тийсалуш деша долийра Іелин кехат:

«Іожалла тІаьхьа а хІоьттина лелаш хиларна, сайх хиндерг ца хаарна, хьалххе хІара весетан кехат яздо ас.

Суна хаьа, нагахь кхузахь сан Іожалла хилахь, сан лаам кхочуш а бина, накъосташа ас цІе тоьххачу со дІаволлахь, сан коша тІе хІитта Ахьмад, Петр, Николаз, Іусман вогІур вуйла, хета, жима Мохьмад шен вешех къаьстина цІахь соцур вац аьлла а.

Шуьга ду хІара весет, сан вежарий, кІентий.

Со Сибрехара цІавеъча ас шуьга дийцинарг хІетталц

хезнарг дара, амма иза дерриге а хIинца сан бIаьргашна ккхузахь гуш ду. Паччахьан Iедало вай санна, хьоьшучу, Iазапехь дахкочу адамаша латта, маршо, нийсо лоьху. Цара дехарш ца до хIинца, царна хаьа дехарш дарх хьолахошкара къинхетам бер боцийла. Уьш герз а буйнахь гIевттина шайн лаам ккхочушбан. Цара пергIатонан байракх айина. Оцу байракха тIехь дац вайн кийрахь цабезам гIиттийна аьрзунан сурт а ,я цхьана а экханан, герзан сурт а. Иза адамийн цIийн басехь цIен байракх ю. Оцу байракха кIел паччахьан Iедална дуьхьал бевлла цуьнан эскарех лета оьрсийн, гуьржийн, эрмалойн, гIажарийн, дуккха а кхечу къаьмнийн, вай санна миска, декъаза нах. Царна юккъе питанаш тийсарца церан барт бохо гIерта паччахьан хьадалчаш. Иштта хьал хIоттийна эрмалошний, гIажаршний юккъехь. Амма бакъ хир дац хьолахошна моьттург. Бакъдолчо толам боккхур бу, ткъа бакъдерг, ницкъ халкъехь бу.

Сан вежарий! Бес-бесар духаршца, бес-бесар маттанашкахь къамелаш деш, цкъа а молханан кIуьран хьожа а яккхаза болу нах цхьаьна а кхетта, вайн юкъарчу мостагIчух, паччахьан эскарех леташ эга боьлча, церан магIаршка ца хIоьттича ца Iевелира со. Iийча эхь дара суна.

Со леташ ву. Лета вайн а, вайн накъостийн а юкъарчу мостагIех, вайн массеран а маршонан дуьхьа. Хаац суна со тховса лер а, кхана лер а. ХIумма а дац дийнахь-бусий со бIозза велча а! Иштачу адамашна юккъехь, иштачу къийсамехь Iожалла тIеэцар ловзар ду!

Ахьмад, сан бераш! Со эвлаяъ вац хиндерг хаа, амма суна цхьаъ хаьа: ирсе зама йогIург хилар. Хаьа, оцу заманахь къаьмнаш цхьаьна доьзалехь санна, вовшашца мерза, цхьа барт болуш дехарг хилар. Ткъа, барт болчу доьзалера иман-беркат, токхо, ирс цкъа а ца хеда. Инша-аллахI, цу даламукъалахь, оцу заманахь дехар ду

вайн бераш, цераш бераш... Иза боху соьга болшевикаша, ткъа уьш догдика, къинхетаме, майра адамаш ду, нехан ирсан дуьхьа муьлхха халонаш лан, шайн синош дIадала чIагIо йина. Уьш ишта хиларх со теша, хIунда аьлча, цаьрца бу сан хьоме кIентий Петр, Николаз, Михаил, Датико, Кирилл, кхин дуккха а.

Паччахьан Iедалла дуьхьал вайн халкъо бIе ткъа шо хьалха болийна къийсам хIинца а сацаза бу. Маса эзар къонаха вихьна цо, маса эзар доьзал хIаллакбина, маса эзар байлахь битина! Вайн жима халкъ ца ларадора шена тIе теIачу инзаречу ницкъаца, вайн барт бацара кхечу халкъашца-м хьовха, атталла ваьшлахь чоьхьа а. Iехошший, нуьцкъалий ваьшна дуьхьалдаьхна кхин долу къаьмнаш вешан мостагIий хетара вайна. Амма иза бакъ ца хиллера. Дерриге а цхьа пекъарш ду вай, хьолахоша дацош. Даккхий а, кегий а — дерриге халкъаш цхьаьнакхетча бен вайга бохалур бац мостагIий, вайга якккхалур яц ваьшна маршо.

Iусман сан кIант ву. Цунах къасталац соьга Мохьмад а. Шуна хаьа, со муьлхачу новкъа веана, со муьлхачу новкъа воьду, иза стенна тIе боьду. Хуур ду шуна со мичхьа сецца а. Iожалло со саццийнчуьра дIа оцу новкъа шуьшиъ гIойла лаьа суна. Лаьа суна, вайн дайн лаьтта тIехь маршо, нийсо хIотталц аш цаьргахьа къийсам латтабойла, оцу къийсамехь шу дерриг дуьненан къинхьегаман халкъийн вежарий хуьлийла.

Хаалаш, оьрсийн паччахьо вайн халкъера дIаяькккхина маршой, нийсой оьрсийн халкъо вайна юхаерзориг хилар. Цунах теша со, делах санна, ишта шу тешийла а лаьа.

Петр, Николаз! Сайн даймахках а, халкъах а хаьдда, цаьрга туьйсу са а кхачийна, царех дог а диллина со генарчу Сибарех кIелвисча, дог дикачу аш верзийра со сайн даймахка, сайн халкъ долчу. Ашшиммо, шуьшин-

нан накъосташа дIаайъира иттаннаш шерашкахь суна хьалха лаьттина Iаьржа бода, аш гайтира суна нийса некъ. Шуна тIе кхаччалц со ма-хиллара, бодане, тиларчохь ду сан жима халкъ. Цуьнан бехк ма бац иза боданне, къен, дера, кхечу къаьмнех ца тешаш хилар. БIе шо сов зама ю иза оьрсийн паччахьо хIаллакде, хьийзо. БIе шо сов зама ю иза хьоладайша, динадайша Iехо. Цара латточу харцоно, къизалло, къелло дардина иза, тешам байъина дерригенах. Иза боданехь ду, цунна бихкина серлоне боьду некъ.

Ас доьху шуьшинга, цо дукха сатийсина, цуьнан дуьхьа цо дукха цIий Iанийна маршо сан халкъо якххалц цунна нийса некъ гойтуш, вошаллин гIо деш цуьнца хилар. Изза дехар ду сан сайна ца гинчу, ца бевзинчу, шуьца цхьа ойла йолчу берриг шун накъосташка а.

Ахьмад, хьуна хаьара-кх сайн каш вайн юьртахь, дайн кешнашкахь хиларе ас мел дукха сатуьйсура. Цундела хьо цецваккха там бу, велча, вайн юьрта а ца вуьгуш, кхуза, гена лекхачу лома тIехь со дIаволла аьлла ас динчу весето. Паччахьан Iедало, хьоладайша, динадайша юкъа питанаш туьйсуш барт хила ца дуьтуш, мостагIий хилла даьхна кхузара дIа гун хIара ламанан къаьмнаш, оьрсийн халкъ, оцу ас юьйцучу заманахь вовшийн хиллачу диканах даккхийдеш, бохамийн дакъа кхочуш, вовшийн дола деш, вовшийн сий-тIалам беш цхьа вежарий, цхьана де-ненан доьзал санна, бертахь дехачу хенахь, ламанан кху лакхенгара цаьрга хьежа, церан ирс даима сайна гойла лаьа суна. Лаьа суна, хьомечу даймехкан лаьтте сатуьйсуш хийрачу Турцехь, генарчу Сибарех беллачу вайн турпалчу доттагIийн, дайн, вежарийн кешнашна тIехула хьийзана мох кху лакхенгахь сайн коша тIе хьийзийла.

Шовзткъе ворхI шо хьалха со лечуьра ваьккхина ахь. БерхIитта шо хьалха сан кIантана да хилла дIахIоьт-

тина хьо. Сан верас хилла вуьсу хьо хIинца сол тIаьхьа а. Хьан лаамана дуьхьало а йина, эхарта суна дуьхьал ван пурба дац Iусманна.

Вайн везчу дала гIо дойла шуна аш бакъонца бечу тIамехь мостагIчунна тIехь толам баккха!

Вайн везчу дала барт цхьаъ бойла шун аш маршонехьа латточу сийлахьчу къийсамехь!

Маршо, я Iожалла! Кхин некъ бац.

ХIара весет яздина Гати-юьртара схьаваьллачу Абубакаран кIанта Iелас, 1326 шарахь, шаввал беттан 20 дийнахь».

Ахьмад кехат дешна ваьлча цхьана ханна тийналла хIоьттира гонах. Iелин кошана гIарол деш санна, хаддаза тIехула хIаваэхь хьийзара ламанан ши аьрзу. Хезара генна бердашна кIел лакхара охьаоьгучу чехкачу хин къора гIовгIа. Кошан гIевланга боьгIначу хIолламан гIуркхаца шок етташ цIийзара шийла мох.

И сингаттаме тийналла йохийра чурта тIе куьг а дилина хIоьттина лаьттачу Петрос.

— МостагIчун къинхетамзачу дIаьндарго тхох къастий хьо, тхан хьоме доттагIа, революцин майра бIаьхо. Амма хьо даима тхан дегнашчохь вехар ву. Хьо санна, дуьнен чуьра дIаваьлларг леш вац цкъа а. Дерриг хьайн дахаран бехачу новкъахь харцонца къийсина, хьайн даймехкан, хьайн халкъан дуьхьа турпала летта, къинхьегаман халкъан дуьхьа хьайн са дIаделла хьо, хьан халкъо дагахь латтор ву бIеннаш шерашкахь. Ахь Iамийна со халонаш эшо, къийсамехь майрра хьалха дIаваха. Иза суна цкъа а дицлур дац. Ахь, хьайн кIентий санна, лийринчу, везначу ас а, Николаза а дуй боу кху хьан коша тIехь, и хьан весет кхочушдан, хьуна дукха дезна хIара хьан декъаза лаьмнаш маршадахарехьа латточу къийсамехь тхьашшиннан берриг ницкъ, эшначохь синош а дIадала. Хьо тешна хилалахь, оцу къийсамехь хьан хал-

къаца Россин берриг тешаме кIентий хирг хиларх!

Малхбузехьара меллаша схьагIертара дорцан Iаьржа, жима морха. Амма стигал екхна яра. ТIе ло а, ша а хьаьхна лаьтта лаьмнаш, дети санна, къегош тIе хьоьжура Iаьнан шийла малх. ХIетте а генна охьа чуьра, къилбаседехьара схьа, лаьмнаш кIез-кIезиг лагIлуш арен тIе хIуьттучуьра схьа, хIорш цецбохуш, стигал къекъарх тера цхьа дур деара. Юккъе цхьа терра юкъ юлуьйтуш карладуьйлура иза. Iаьнан баттахь, тIехула тIе екхна а йолуш, стигла къекъарх цецбевлла хIорш къилбаседехьа дIахьаьвсира. Яьссн аренга доллучохь, дохк санна, сийна тогIи чуьра буькъа кIур гIуьттуш гира царна.

— Гати-юьртана етташ яккхий тоьпаш ю-кх уьш, — элира Ахьмада шортта. — Я ХьуьсагIар со Iехийна, я полконако уьш Iехийна. Цара соьга аьлла хан кхана-сара бен чекх ма ца йолура...

— Хезий хьуна, Iела, хьо вийчу юьртана дийриг? — элира Петрос, Яьссица охьа куьг а хьажийна. — Тхойшиннан аьтту нисбели хьан дехар а, тхаьшшиннан дош а кхочушдан! Нехан махкахь, хьайна гина а, девзина а доцчу адамийн ирсан дуьхьа тхуна улло а хIоьттина леташ хьайн са дIаделла ахь. Хьох масала оьцуш, хьо вина юрт ларъеш, тIаьххьара минот тIе хIоттальц, летар ву тхойша а!

Петрон довхачу къамеле ла а доьгIуш, шен кхехка кийра сецош Iен Iусман, цуьнан къамел чекхдаьлча, кошан гIевланга голанна тIе охьалахвелира.

— Дада, сан миска дада, стенна оьшура весет. Весет дацара ткъа суна, хьан ден, ненан, йижарийн, вежарийн, сайн цхьаъ бен воцчу вешин кхалхар... хьайн дахарехь ахь бина буьрса некъ, маршонехьа латточу къийсамехь ахь тIеэцна къиза Iожалла... Ца хаьара хьуна уьш дицдина со Iийр воцийла. Маршонехьа къийсаман

новкъа, хьо виссинчуьра дIа хьалха гIур ву со... массо халкъийн къинхьегамхошца. Церан ваша ву-кх со тахана дуьйна дIа...

— КIант, гора хIотта турпална хьалха! — шен кIанте буьрса вистхилира Ахьмад, — Iелин весетана хIун жоп ло ахь?

Мохьмад вист ца хуьлуш, кошан гIевланга, шийлачу лай тIе гора вуьйжира.

— Хьайн дейтта шо кхаьчначу хенахь айхьа дуьхьара караэцна герз ахь охьа муха диллина хуьш ву со, дада. Маршо я Iожалла! Кхин некъ бац суна хьалха.

— Ткъа хIинца, сан бераш, шу дIадуьйлало. Цхьана иттех минотехь а сецна, со тIаьхьакхуьу шуна.

Воккхастагана луучух кхетта важа виъ коше тIаьхьара бIаьрг а тоьхна, меллаша ломах охьаволавелира. Уьш бердашлахь къайлабевлича Iелин кошан барз мара а къевлина, ша хIетталц хала сецийначу дагна маршо елира Ахьмада. Цуьнан кийрара баьллачу къаьхьачу маьхьаран аз дIаийра охьа чохь терсачу буьрсачу хин къорчу гIовгIанах.

Ткъа, хIаваэхь маьрша тIам хьоькхуш хьийзара ламанан ши аьрзу. ХIолламаца дера шок еттара шийлачу мохо. Генна Яьссица охьа, сийна кIур туьйсуш къекъара иза винчу юьртана етта яккхий тоьпаш. КIез-кIезиг гуллуш, стиглахь гулъеллачу Iаьржачу мархаша стигал кхолийра. Амма царна юккъехула дог хьаста гIерташ хьоьжура Iаьнан шийла малх.

Дарц дала герга дара.

«ХIан-хIа, Ахьмад, хьо вогIур вац соьца, — дагалоьцура цо Iелин дешнаш. — Хьо кхузахь оьшур ву. ТIом хир бу, буьрса тIом. Оцу тIамехь дакъалоцуш хир ю вайн къона тIаьхье. Буьрса дарц, мох баьлча къоначу диттийн хьун таьIа, царна юккъехь Iаламан пицкъо дахчийна къена, зоьртала пешаш ца хилча. Хьо хьалха а

волуш, хьо саннарш хила беза къоначу бIахьошна юккъехь. Царна къонахаллица, хьуьнарца, майраллица, оьздангаллица, собарца масал гойтуш хила деза вай...»

Каде хаьлагIаьттина къена Ахьмад, шаьлтанан макъара тIе ка а диллина, оьгIазаллех буьзна буьрса ши бIаьрг лаьмнашца а кхарстийна, шуьйра гIулч йоккхуш, дорцана дуьхьал, накъосташна тIаьхьа волавелира...



Max 46 кеп.

ИМЕНЕМ СВОБОДЫ
(на чеченском языке)